84KKd

A-PDF Merger DEMO : Purchase from www.A-PDF.com to remove the watermark



ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ



„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН“ БАСПАСЫ, 1982 жыл.

●

ИЗДАТЕЛЬСТВО „КАРАКАЛПАКСТАН“, 1982 г.

ӨзССР ИЛИМЛЕР АКАДЕМИЯСЫНЫН
ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ФИЛИАЛЫ
НӘЖИМ ДӘЎҚАРАЕВ
АТЫНДАҒЫ ТАРИЙХ, ТИЛ ҲӘМ ӘДЕБИЯТ ИНСТИТУТЫ

ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

КӨПТОМЛЫҚ

XI ТОМ

АЙТЫС

БИРИНШИ КИТАП

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН“ БАСПАСЫ
НӨКИС — 1982

84КК2
К50

КАРАКАЛПАКСКИЙ ФИЛИАЛ АКАДЕМИИ НАУК
УЗБЕКСКОЙ ССР
ИНСТИТУТ ИСТОРИИ, ЯЗЫКА И ЛИТЕРАТУРЫ
ИМЕНИ НАДЖИМА ДАВКАРАЕВА

КАРАКАЛПАКСКИЙ ФОЛЬКЛОР

МНОГОТОМНИК

ТОМ XI

DİZİMGE ALI'NDI'-2010

АЙТЫС

ПЕРВАЯ КНИГА

ИЗДАТЕЛЬСТВО „КАРАКАЛПАКСТАН“
НУКУС — 1982

Редакционная коллегия:

Камалов С. К. (председатель), *Юсупов И. Ю., Жумамуратов Т. К., Сагитов И. Т., Максетов К. М., Тажимуратов А., Байниязов К., Мамбетов К., Кожикбаев А., Хамидов Х., Исмаилов Б.*

Подготовил к печати:

Минажатдийин Низаматдийинов.

Редакциялық коллегия:

Камалов С. К. (председатель), *Юсупов И. Ю., Жумамуратов Т. К., Сагитов И. Т., Максетов Қ. М., Тәжимуратов Ә., Байниязов Қ., Мәмбетов К., Қожықбаев Ә., Хамидов Х., Исмайлов Б.*

Баспаға таярлаған:

Минажатдийин Низаматдийинов.

БИБЛИОТЕКА
НГПИ
Инв. № 6330
24220 19 г.

А 70700—27
М—357(04)—82 4702250000

© „Қарақалпақстан" баспасы, 1982.

АЛҒЫ СӨЗ

Айтыс қарақалпақ халқының фольклорында да, жазба әдебиятында да белгили орны бар, тематикалық жағынан бай, тәрбиялық әҳмийети оғада күшли әдебиятымыздың ең сүйикли қызық жанры. Бул қарақалпақ халқының өткендеги өмир турмысына, әдет-салтына байланыслы келип шыққан.

Айтыс жанры қарақалпақ әдебияттаныў илиминде усы ўақытқа шекем өз алдына бөлип алынып, үлкен жанр қатарында изертленген жоқ. Сонлықтан да, улыўма айтыс ҳаққында елеге дейин дурыслы анықлама айтылмады. Биз қолдағы жыйналған барлық материллярға сүйене отырып, айтыс ҳаққында былай деп анықлама беремиз.

Айтыс ҳаққындағы анықламаны берместен бурын, айтыс жанры бойынша мазмунлық ҳәм формалық жақларынан жүдә жақын ҳәм үлес келетуғын туўысқан қазақ халқының айтыс жанры жөниндеги анықламаларын мысал ушын келтирип өтейик:

Бунда академик, жазыўшы С. Муқанов: «Айтыс» — «айт» пейилинен пайда болған атлық. Өз мағнасы менен алганда, айтыс еки кисиниң сөйлесиўи. Булай сөйлесиў қазақ турмысында қара сөз түринде де болған. «Пәлен шешен менен төлен шешен айтысыпты» деген қазақ арасында көп ушырасады. «Айтыс» гейде, талас мағнасында қолланылып, биреў менен биреў таласса жәнжеллессе, «пәленше менен төленше айтысып қалыпты», — деп те айтады.

Айтыстың мағнасы усындай кең болғаны менен «айтыс» уғымындағы сөзлердиң ишиндеги ең басым қосық пенен айтысыў[1] дейди қазақ халқының белгили илимпазы академик М. О. Әўезов: «Айтыс» деген атаў-айтысыў, тартысыў, даўласыў ямаса жарысыў, сынасыў мағнасында қолланылады Бурын ул

[1] „Айтыс". Биринши том. Сәбит Муқанов, „Айтыслар туўралы", 9-бет. Қазақтың Мәмлекетлик көркем әдебият баспасы. Алматы — 1962.

кенликишили даўлар гезинде шешенлер айтсы болған. Шайырлар айтысы, қосық пенен айтыс, ныгында қосық жарысы, өнер жарысы есабында қолланылады»[1], — деп анықлама береди. Бул анықлама бирин-бири жеңиў мақсетинде айтысқан шайырлар айтысы жөнинде айтылған.

«Айтыс» — ески түрки тилинде өз-ара пикиҥ алмасыў, сөз жарысы дегенди аңлатады»[2] — делинген.

Бул анықламалар менен түсиниклер айтыс ҳаққында жүдә дурыс айтылған. Айтысты бизиң гейпара илимпазларымыз тек жарысыў деп ғана жүдә тар мәниде бир тәреплеме түсинеди. Оның сынасыў, өз-ара пикир алмасыў, өз-ара түсиниси ў, билисиў т. б. сыяқлы кең мәнидеги белгилерин есапқа алмайды.

Ал енди, биз қарақалпақ халқының айтысы деп, бирме бирдеги еки тәрептин ямаса еки тәреп болған коллективтиң өз-ара гезеклесип, диалог формасындағы сөйлесиўлерине, айтысыўларына, таласыўларына, жарысыўларына, сынасыўларына, жалынып-жалбарыныўларына, алдап-арбаўларына, қорқытып-абай етиўлерине, қуўанышлары менен қайғы муңларына, бир-бирине билдирген ой пикирлери менен сезимлерине, ақыл-нәсияты менен муҳаббат сезимлерине, ойын-дәлкек, ҳәзил менен тилек- сораўларына, соның менен бирге, көпшилик жағдайларда еки тәрептин ойлы-ақыллылығын, тапқырлығын, зийреклигин, сөзге дилўарлығын, шеше н жүйриклилигин т. б. билдирип, бир-бирин жеңиў мәнисинде тез ядынан суўырып салып айтыўларына, ямаса жазып шығарыўларына айтамыз.

Шынында да, айтыс усындай жүдә кең мәниде қолланыла беретуғын қарақалпақ халқының әдебиятындағы ең ири қосналы жанрының биринен есапланады. Айтыстың жанрлық өзгешиликлерин сөз етпестен бурын, мынаны айта кетиў керек. Усы мийнетте улыўма айтыс жанрының өзгешеликлерин толық ашып көрсетиў мүмкин емес. Өйткени, айтыстың түрлери жүдә көп. Сол түрлерин айтыс ҳаққындағы соңғы изертлеў жүргизип атырған жумысымызда, олардың ҳәрбириниң идеялық мазмуны, сюжети, композициясы, образлары, сүўретлеў усыллары т. б. қысқасы, айтыстың жанрлық өзгешеликлерин белгилейтуғын буныңдай поэтикалық системаларының жыйынтығы ҳәм булардың ҳәрқыйлы өзгешеликлери толық ашып көрсетиледи. Солай да болса, бул жумыста улыўма айтыстың мына ири баслы жанрлық өзгешеликлерине қысқа тоқтап өтемиз.

[1] Сонда, М. О. Әўезов. „Айтыс, қосықлар", 64-бет.

[2] Древнетюркский словарь. Издательство „Наука", Ленинградское отделение, 1969, стр. 30.

Айтыстың түрлеринен «Бәдик» айтысында еки топарға бөлинип, гезеклесип айтысатуғын жигит ҳәм қызлар топарының екеўи де аўырыўдың денесинен бәдик жарасын қуўып шығарыў мақсетинде айтысады. Бунда басқа айтыслардай бир тәрептиң екинши тәрепке жол берип, сөз өнерин жарыстырыў ҳәм жеңиў-жеңилиў, утыў-утылыў сыяқлы жуўмақлары болмайды. Тек, аўырыўға арнап, хорда өз намасы менен атқарылады.

Ҳәўжар айтысында еки топар өз-ара гезеклесип айтысады. Бунда жигитлер топары узатылатуғын қыздың қайғы-муңын басқа жаққа бурып, жылаған қызды жубатыў мақсетинде айтады. Екинши қызлар топары узатылатуғын қыздың жат журтқа барғандағы өмириниң қандай болатуғынлығына көзи жетпей, оған гуманланыў, исенимсизлик билдирип, жигитлер топарының айқанына қарсы даў айтады. Солай етип, ҳәўжарда даўлы, тартыс элементлери ушырасады. Ҳәўжар бәдик сыяқлы өз алдына белгили бир намасы менен хорда айтылады.

Жуўап айтысы шайырлар айтысындай айтыстың ең көлемли түри. Бунда еки адам бир-бирин жеңиў утыў мақсетинде айтысады. Ол даўысқа салып, нама менен айтылмайды. Еки адамның арасында өз-ара дәсме-дәс аўызеки айтылады.

Жуўап айтысына көпшилик халық массасы дерлик қатнасады. Буған претине қарай жасы үлкен адамларда, жасларда, ҳаял-қызлар менен ерлерде еркин қатнаса береди. Халқымыздың бурыннан жасап киятырған дәстүри бойынша жасы үлкен адамлар менен жаслардың жуўап айтысқанына мынаў не ушын қатары емес адам менен айтысады деп, минлеп, сынап, оларды айыпқа санамайды. Өйткени, халық жуўап айтысында бир-бирин жеңип, жуўабый деген атақ алыўды үлкен мәртебе деп билетуғын болған.

Жуўапты көпшилик адамлар бурынғы ядланды тексти бойынша керекли жеринде айтып пайдаланады. Ал енди айрым шайыршылығы бар, сөзге шебер адамлар ғана өз ядынан сол жағдайға, ўақыяға т. б. байланыслы бирден өз ядына шығарып, суўырып салып айтады. Жуўап, тек той-мереке отырыспа жыйынларда ғана емес, еки адамның басы қосылған жерде айтыла береди. Жуўапта тартысыў, жарысыў, сынасыў сыяқлы т. б. элементлер көп ушырасады.

Шайырлар айтысы айтыс жанрының ишиндеги ең көлемли ири тараўы болып есапланады. Бул көбинесе екиге бөлинген көпшиликтиң ортасында дөретилип айтылады. Гейде айырым жағдайларға байланыслы көпшилик адамлардың қатнасығысыз-ақ еки шайыр арасында айтыстың болып қалатуғын жағдайлары да болады. Бул музыка әсбапларынан қобыз ҳәм дуў-

ғар менен де, қобыз ҳәм дуўтарсыз да атқарыла береди. Қобыз ҳәм дуўтардың жәрдеми менен айтысыў бул тек шайыршылығы бар қәнеге жыраў-бақсылардың арасында ғана болады. Булар өз айтысын белгили бир жағдайларға, орынға байланыслы қобыз ҳәм дуўтардың жәрдемисиз-ақ, намасыз, аўыз еки айтысыўы мүмкин.

Ал енди жыраў ҳәм бақсы емес шайырлар айтысы аўызеки намасыз атқарылады. Әсиресе, үлкен той-мереке жыйынларда, ямаса еки шайырдың шайырлық шеберлигин, ақыллылық тапқырлылығын, билим дәрежесин т. б. билиў мақсетинде шөлкемлестирилген халықлардың еки тәрепли үлкен топары ортасындағы айтысларда айтысыўшы шайырлар өзлериниң түрли усыллардағы шайыршылық өнери менен тынлаўшыларды қызықтырып, ерксиз өзине тартады. Жыйналған тынлаўшы халық еки шайырдың айтысын сыннан өткизип, оған жуўмақ ислейди. Қайсы шайырдың жеңип, қайсы шайырдың қалай жеңилгенлигин айтып, оларға дурыс баҳа береди.

Айтысыўшы еки шайырдың да жақын, туўысқан, урыўласлары ямаса аўылласлары болады. Булардың ҳәрбири өз шайырының жеңип шыққанын тилейди. Буныңдай өзгешелик белгилер жуўап айтысында да гезлеседи.

Айтысыўшы шайырлар бир-биринен сөз таба алмағанлықтан жеңилмейди. Ол қарсы айтысыўшы тәрепинен қайтарып сөз айтыўға болмайтуғын дәрежеде сөздиң логикалық мәнисинен утылып барып жеңиледи.

Айтысқа түскен сөзге уста, атақлы шайырлар бир-бирин жеңиў ушын түрли ҳийле, ҳәмеллерди қолланады. Булар өткир алмастай сөз найзасы менен бир-бирин аямай түйрейди. Жәўҳар қылыштай өткир сөзлери менен бир-бирин кесип таслайды. Қулласы, жеңиске ерисиў ушын түрли усыл менен ҳийлелерди қолланып, қалай болмасын, бир-бирин жеңип шығыўдың жолларын излестиреди.

Усыған байланыслы айрықша айта кететуғын бир нәрсе, айтыста айтысыўшы еки тәреп, бир-бирин жеңип шығыў мақсетинде бир-бириниң минин айтып, кемситсе де, бир-бирине турпайы, ашшы сөзлер айтса да, буларды халық айып деп есапламайды. Егер қайсы тәреп болмасын, бир тәреп буныңдай сөзлерге ашыўланса, сол ашыўланған тәреп халқымыздың өзлери тәрепинен жеңилген қатарында саналатуғын болған. Буннан халқымыздың қалай болмасын жолын таўып, жеңгени есап деп ойланғанлығын, я сол мақсетте айтысыўшыларға не ҳақында болса да, иркилмей, тайынбастан айта бериўине ерк бергенлиги анық көринип турады.

Академик М. О. Әўезов өзиниң «Айтыс қосықлар» деген мийнетинде шайырлар бир-бириниң минин айтыўға ямаса басқа да ҳәр қандай турпайы сөзлер айтыўына иркинишсиз бола беретуғынлығын айта келип, былай дейди: «Айтыс дәстүри бойынша шайырлар бундай сөзлерге де ашыўланыспайды. Тегинде айтыс үстинде шайырлар ашыўланыўға жол жоқ. Ол ашыўланса ең алды менен жеңилгениниң белгиси болып саналады»[1].

Бул пикирди қарақалпақ халқының айтысы жөнинде де айтыўға болады. Сонлықтан да, усы айтылғанларға қарап, биз қарақалпақ халқының айтыс жанры менен қазақ халқының айтыс жанрының мазмунлық ҳәм формалық жақларынан бир-бирине әдеўир жақын, үнлес, уқсас келетуғынлығын жақсы билемиз.

Шешенлик айтыс басқа айтысларға қарағанда әдеўир өзгешеликлерге ийе. Буның басланыўы гейде айтыстың неге байланыслы, ким тәрепинен келип шығып отырғанлығы жөнинде айтылған түсиник сөзлер менен келсе, гейбир шешенлик айтыслар түсиник сөзсиз бирден басланып кете береди. Шешенлик айтыс қара сөз бенен де, қосық пенен де, терме-толғаў менен де айтылады. Шешенлик айтыста терең ақыл, ой, тапқырлық басым орынды ийелейди. Бунда жолсыз жерден жол таўып, қыйсынсыз жерден сөз қыйсынын таўып, дәлилли сөзлер менен қарсыласын қалай болмасын жеңип шығыўы керек.

Шешенлер айтысының қосық пенен, терме-толғаў менен қара сөз бенен айтылған түрлери де нама менен айтылмайды. Жуўап айтысындай аўызеки белгили бир интонация менен ғана айтылады.

Айтыс жанры Уллы Октябрь социалистик революциясынан бурынғы қарақалпақ халқының әдет-салтында, бир тәреп тен айтысыўшының атағын, даңқын шығаратуғын өнер жарысы ролин атқарса, екинши тәреп тен халқымыздың кеўил көтерип, ойнап күлетуғын той-жыйын ҳәм отырыспаларында қызығып тынлап, эстетикалық ләззет алатуғын ойын-заўықлық кешеси ролин атқарып келген.

Бул өзиниң турмысқа ениўи, музыкаға қатнасы ҳәм атқарылыў формасы жақларынан да басқа жанрлардан әдеўир айырылып турады.

Айтыс жанрының тағы бир айта кетерлик өзгешелиги, бунда әдебияттың ең үлкен эпос, лирика ҳәм драма сыяқлы үш тараўларының белгилери анық көринеди. Биз айтыстың усы

[1] Сонда, 30-бет.

белгилерине қарап, турмыс салт-айтысларын әдебияттың лирикалық тараўына жатқарып, сюжетли көлемлилерин эпикалық тараўға жатқарамыз. Соның менен бирге шешенлик айтысларды пүтини менен эпикалық тараўға жатқарыўға болады. Бизиң бул даралаўымыздың тийкарғы себеплери айтыстың ҳәр бир тараўы менен оның түрлерине конкрет тоқтағанда жетерли ашып көрсетиледи.

Айтыс жанры әдебияттың басқа жанрлары менен үлкен органикалық байланысқа ийе екенлиги менен де айрықша көзге түседи. Бул дәстан, поэма, қосық, ертек, нақыл-мақал, жумбақ т. б. жанрлардың сюжетин, идеялық мазмунын, герой ҳәм персонажларының образларын, көркемлигин күшейтиўде ҳәм толықтырыўда, соның менен бирге ол жанрлардың өсип раўажланыўына баҳалы рольди атқарып келгенлигин көремиз. Буған дәлил ретинде көплеген мысалларды келтириўге болады.

Халық үлкен мереке ҳәм той-жыйынлардағы айтысларға ким болса соны қатнастыра бермеген. Буған бурыннан айтысқа уқыбы бар, шайыр, шешен, дилўар, сөзге жүйрик, елге танылған белгили, атақлы адамларды қатнастырған. Өйткени, еки шайырды жарыстырыў арқалы биреўиниң жеңгенлигин билиў мақсетинде шөлкемлестирилген бул айтыста ҳәрбир урыў өз урыўындағы шайырдың, ҳәрбир аўыл, ел, өз аўылының ямаса елиниң шайырының, сондай-ақ ҳәр бир айтысыўшы еки шайырдың жақын туўысқан адамлары өз шайырының жеңип шыққанлығын тәўир көреди. Пәлен урыўдың, я пәлен аўылдың ямаса елдиң шайыры жеңип шығыпты деген жақсы атақты ҳәр бир тәрептиң өзлери алғысы келеди.

Уллы Октябрь социалистик революциясынан бурынғы айтыс жанрында қарақалпақ халқының сиясий-жәмийетлик турмысы, мәдений дәрежеси, адамлардың өз ара қарым-қатнасы, урп-әдети, қайғысы менен қуўанышы, улыўма алғанда, халқымыздың руўхый өмириниң жарқын көриниси кеңнен сүўретленгенин анық көреўге болады.

Айтыс жанры бирнеше әсирлер бойлап, әўладтан-әўладқа өтип, сақланып киятырған халқымыздың ең ҳасыл мийрасы. Бул халқымызды тәрбиялаўда оғада үлкен баҳалы рольди атқарып келген. Бунда халқымыздың «сөз сүйектен өтеди, таяқ еттен өтеди» дегениндей-ақ, өткир сөзлер арқалы небир жөнге түспейтуғын гүдибузарлар, өзин жоқары санайтуғын тәкаббыр менменлер, халықты езиўши үстем класс ийелериниң жаўызлық минезлери, басқа да ҳәрқандай жөнсизликлер устанық темирди тезге салғанындай айтыстың тезине түседи. Сыртта жүрип өзинше «мен» дейтуғынлар той-жыйын ҳәм отырыспадағы

айтысларда жақсы танылады. «Адамның жақсы-жаманын билгиң келсе, сөйлетип көр» деген халқымыздың данышпанлық сөзлери де, усы айтысларға байланыслы дөретилген болыўы керек. Өйткени, адамның жақсы-жаманы сөйлеген сөзинен танылады. Сөйлеген сөзлери оғаш-оғаш болса, ямаса сөзлерин бузып сөйлесе, айтылған сөздиң мәнисине терең түсинип, оның парқын айыра алмаса, т. б. онда ол адамның ақылсыз, ойсыз, шийки адам екенлигин аңсат таный аласаң. Сонлықтан да, адамларды ақыллы, ойлы билимли, әдеп-икрамлы, сабырлы, зейинли, сезгир ҳәм тапқыр болыўға т. б. тәрбиялаўда айтыстың роли оғада үлкен.

Қарақалпақ халқының бурынғы традициялық айтыс жанрының даўамы ретинде бизиң советлик дәўиримизде айтыс жанры жасап, раўажланып атыр ма? — деген сораўға қысқа бир аўыз да болса жуўап берип өтемиз.

Жанр тарийхый категория. Ол өткендеги ҳәм ҳәзирги жәмийетлик турмысымыздың айрылмастай қатып қалған мийрасы емес. Бул ҳәр бир жәмийеттиң талабына ылайық өсип, өзгерип, раўажланып ямаса жасаў мүмкиншилигинен айырылып, жоқ болып кететуғын қубылыс. Сонлықтан да, айтыс жанрының жоқ болып кетпей, үзликсиз жасаўы ушын белгили бир тарийхый жәмийетлик жағдайлар менен халықлық миллий мәдений дәстүрлер керек болады.

Биз усы көзқарастан әдебиятшы илимпаз Б. Рунининиң: «Жанр нызамлары» ҳақыйқат мазмунды анлатады деп шекленген. Шынында, усындай турақлы ҳәм өзгермейтуғын нызамлар жоқ»[1] деген пикирин мақуллаймыз. Бунда ол жанрлар белгили бир нызамға бағынады. Оның турақлы өзгермейтуғын нызамлары болады деп қәте түсинетуғынларға қарама-қарсы жанрлардың өсип өзгерип отыратуғынлығын, олардың турақлы өзгермейтуғын нызамлары болмайтуғынлығын дурыс айтқан.

Айтыс жанры советлик дәўирде ғана өзиниң айрықша раўажланыў жолын тапты. Данышпан партиямыз халқымыздың ең сүйикли қызық жанры есапланған айтыс жанрының еркин өсип раўажланыўына қолайлы жағдайларды туўдырды. Халқымыздың нешше әсирлер бойы әрман етип келген жаңа әдил заманына байланыслы айтыс жанрын раўажландырыўға жәрдем ететуғын жаңа дәстүрлер пайда болды. Жаңа заманның талабына сәйкес айтыс жанры мазмунлық ҳәм формалық жақтан әдеўир өзгерислерге ушырады. Соған қарап, бурынғы

[1] Б. Рунин „Законы", „Кризиси" жанры, „Литературная газета" 26-август, 1965.

айтыс жанры ҳәзир өзиниң жанрлық сыпатлары менен формалық айырмашылықларын жоғалтып жиберди деп ойламаў керек. Ҳәзир айтыс өзиниң айырмашылықларын басқа категориялардан толық сақлап, ол халқымыздың идеялық ҳәм эстетикалық руўхый тилегине жуўап беретуғын жанлы жанр болып жасап раўажланып атыр.

Биз, улыўма айтыс жанрының мазмунлық ҳәм формалық жақларын және басқа да көп санлы өзгешеликлерин есапқа ала отырып, оны ең дәслеп турмыс-салт айтысы, шайырлар айтысы, шешенлик айтысы деп ең үлкен үш тараўға бөлемиз.


Биринши турмыс-салт айтысы тараўы-бәдик айтысы, ҳәўжар айтысы, жуўап айтысы болып үш түрге бөлинеди. Бундағы жуўап айтысының өзи тағы биймәлел руқсат бериў жуўабы, тилек-сораў жуўабы, жумбақ жуўап, ақыл-нәсият жуўап, юмор-сатиралық жуўап, болып беске бөлинеди.

Екинши шайырлар айтысы тараўы-I-тилек, сораў-жуўап мәнисиндеги айтыслар, 2-хошласыў айтыслары. 3-муҳаббат айтысы, 4-жумбақ айтысы, 5-ойын-дәлкек, ҳәзил мәнисиндеги айтыслар, 6-тартысыў, жарысыў мәнисиндеги айтыслар, 7-ҳайўан менен ҳайўанның айтысы, 8-балалар айтысы болып сегизге бөлинеди.

Үшинши шешенлик айтыс тараўы-I-шешенлик жумбақ айтысы, 2-шешенлик даў айтысы, 3-шешенлик тилек, сораў-жуўап айтысы, 4-шешенлик мысал айтысы, 5-шешенлик ҳәзил айтысы, 6-шешенлик юмор-сатиралық айтысы, 7-шешенлик ақыл-нәсият айтысы, ҳәм шешенлик сын-баҳа бериў айтысы болып бөлинеди.

Биз жоқарыдағы классификацияны қолдағы жыйналған бар материалларға сүйене отырып иследик. Енди буннан былай да айтыс бойынша тағы қосымша материаллар жыйналса, бул классификация толықтырылып, белгили бир турақлы дурыс классификацияға айналатуғынлығы сөзсиз.

М. Низаматдийнов —
филология илимлериниң кандидаты.



1-бөлим

ТУРМЫС — САЛТ АЙТЫСЛАРЫ

БӘДИК АЙТЫСЫ

Бәдик айтысы әййемги общиналық жәмийетиндеги адамлардың тәбият қубылысларының ҳәртүрли күшлерине, мифлерине (қыялый, жалған) түсиниклеринен келип шыққан аўыз әдебиятының бир түри. Әййемги жәмийетте адамлардың ақыл-ойы, сана-сезими, дүнья таныўы төменги басқышта болады. Сонлықтан да олар тәбияттың сырларына түсинбейди. Мәселен, күннің шығыўы, айдың туўылыўы, түнде жулдызлардың туўылыўы ҳәм ағыўы (метеор) аспанды қара булт қаплап, күнниң гүркиреўи (гүлдирмама), найзағайлардың жалтылдаўы (жасыл), қатты даўыллар, жердиң силкиниўи, суўдың тасыўы, түнде ай менен жулдызлардың көриниўи, күндиз көринбеўи, аспанды булт қаплаған ўақытта оның жазда жаңбыр, қыста қар болып жаўыўы, қыс пенен жаздың алмасыўы, күн менен түнниң алмасыўы, от, өсимликлер, ҳайўанлар т. б. сыяқлы тәбият қубыслары әйемги адамларды таң қалдырған. Булардың қандай себеплер менен усындай болатуғынлығын түсинбей, олардан қорқатуғын болған. Шынында да, бул қубылысларда кәраматлы әжайып күш бар деп ойлап, сол күшти тәңир ямаса қудай деп түсинген. Тәңирди жарылқайтуғын да, жарататуғын да сол деп ойлаған. Тәңирден жақсылықты тилеп, жәрдем сорап, оған сыйынатуғын болған. Бизиң халқымызда: «Тәңир жарылқасын», Жаңа айды көргенде: «Жаңа ай, жаңа жылларға жеткере бергей!» «От бәлесинен аман сақла!», «жер жутқыр», «жасыл түскир» т. б. тилек ҳәм ғарғыслар сол түсиниклерге байланыста дөреген болыўы керек.

Қарақалпақ халқы отты ҳәртүрли бәле-матерден, қәўип-қәтерден сақлайтуғын күшке ийе деп есаплайды. Айырым ўақытларда сырттан аўырып келген адамды от пенен аласлап, оттан атлатып барып, үйге киргизеди. Бундағы мақсети адамға жа-

бысқан барлық зыянлар оттан қорыққанынан адамның бойынан ажыралып қалады деп ойлайды.

Әйемги дәўирде қарақалпақ халқының түсиниғинде ҳайўанлардың да пирлери болған. Мәселен, сыйырдың пири-Зәңгибаба, жылқының пири-Жылқышы ата, қойдың пири-Шопан ата, ешкиниң пири-Сексеке ата, түйениң пири-Ойсылқара деп түсинген. Ҳайўанлардың бул аталған пирлеринен мал басының ҳәртүрли аўырыўлардан аман болыўын, көбейип, өсип-өниўин сорап жалбарынған.

Адамлар ҳайўанларды сөйлей алады деп ойлаған. Мәселен, қарақалпақ дәстанларындағы баслы қаҳарманлардың атларының адамдай болып сөйлесиўлери, баслы қаҳарманлардың атларын достым, жолдасым деп, олар менен тарыққанда кеңесиўлери,әйемги тәтемлик диний инанымлардың қалдығы екенлигин аңлатып турады.

Белгили совет антропологы проф. Ю. Семенов өзиниң изертлеў жумысында: Дж. Фрезер деген илимпаздың «Тотемизм ҳәм экология» деген төрт томлық мийнетинде жабайы адамлар ҳайўанлар менен өсимликти өзиниң досты, туўысқаны, ағасы, әкеси деп билген»[1],— деп жазғанлығын айтады. Бул пикирлер де, қарақалпақ халықларының әйемги тәтемлик инанымларын тастыйықлай алатуғын қосымша дәлил болады. Қысқартып айта келгенде, ҳәзирги илим әйемги жәмийетте фетитизм-адамлардың жеке затлар менен тәбият қубылысларына сыйыныў, магия-сыйқырлық, тотемизм-ҳайўанлар менен өсимликлерге сыйыныў, анимизм-жан, руўҳқа исениўшилик, шаманизм-порқанлық (формы первобытной религии) сыяқлы диний инанымлардың пайда болғанлығын анықлады. Диниң пайда болыўы ҳаққында-уллы данышпан теоретик Маркс ҳәм Энгельс былай дейди: «Дин дегенимиз ең ертедеги заманларда адам баласының өз баслары менен өзлериниң дөгерегиндеги сыртқы тәбият туўралы нағыз наданлық, қараңғылық, сада түсиниклеринен пайда болған»[2],— деп диндиң неден пайда болғанлығын жүдә дурыс айтып берген.

Әйемги дәўирдеги қарақалпақлар тәбият қубылысларының қудайлары мийирманлық етип жарылқап, жағымлы қубылысларды болдырса, мал-жаның аман болады, тоқшылық болады, егер қырсығын зулымланып, жағымсыз қубылысларды болдырса, өлим-житим, аўырманшылық, ашаршылық т. б. көп болады деп түсинеди. Тәбият қубылысларының көп қудайларынан жағымлы, қолайлы қубылыслардың болыўын тилейди. Олардан жалынып, жалбарынып жәрдемлер сорайды. Солай етип, түрли жоллар менен жағымсыз қубылысларды болдырмаўға ҳәрекет етеди.

[1] Семенов. „Как возникло человечество", М., 1966, стр. 437.
[2] К. Маркс, Ф. Энгельс. Таңламалы шығармалар, II том, 407-бет.

Уллы М. Горькийдиң: «Адам баласы өзине қас жаў тәбият қубылысларына сөз күши менен алдап-арбаў, байлаў тәсили менен тәсир етпекши болған»[1],— деген сөзлери бизге, — қарақалпақ халқының бәдик айтысын еске түсиреди.

Бәдик айтысының ески түринде адамнан аўырыўдың көширилиўин тилейтуғын жалынып-жалбарыныўлар ҳәм сөз күши менен алдап-арбаў, абай етиў тәсиллери ушырайды. Себеби, әйемги адамлар өзлеринде де сыйқырлық әжайып күш бар. Бул күш адамлардың тили менен сөзинде болады деп ойлаған. «Қызыл тил бас жарады, бас жармаса тас жарады», — деген халқымыздың сөзлери, бул әйемги адамлардың сөз күшине исенгенлигин аңлатады. Бәдик ең дәслеп аўырыўдың аты болып түсинилетуғын болған.

Мине жоқарыдағы аталған түсиниклерге байланыслы адамлардағы аўырыўды бәдик қосығын айтып емлеў халқымыздың турмысында әдетке, салтқа айналып кеткен. Бәдик ҳәзирги халықларымыздың түсиниги бойынша адамның дәнесине шығатуғын қотыр ямаса қызылша сыяқлы жаралардың аты. Усындай жараларды халқымыз бәдик деп атаған. Буныңдай жараларды халқымыз бәдик қосығын айтыў арқалы емлей аламыз деп ойлайды. Усы мақсетте аўыл адамлары қотыр ,я жара шыққан баланы қараңғы геўгимнен бурынырақ аўылдан бир шақырым қашықлыққа шығарып, көпшиликтиң ортасына үстине кийим жаўып жатқызып ямаса отырғызып қойып, коллектив болып хор менен намасына салып «Бәдик» қосығын айтады. Ең соңында от жағып, жара шыққан баланы от пенен аласлап, үйине алып келеди. Бәдик айтысының аўыздан-аўызға көшип жүретуғын ядланды текстлери болған. Бәдик айтыўшылар көбинесе, усы ядланды текстлери бойынша айтады. Айырым ўақытларда шайыршылығы бар адамлар ядынан шығарып та бәдик айтқан.

Бәдик айтысының ески түринде бәдиктиң, қыз бенен жигит топары еки бөлинип, өз-ара гезеклесип айтысатуғын болған. Бунда жуўап айтысы менен шайырлар айтысындай бир тәрептиң екинши тәрепке жол берип, сөз өнерин жарыстырыўды ҳәм жеңиў-жеңилиў, утыў-утылыў сыяқлы жуўмақлары көринбейди. Тек, аўырыўға арнап ғана атқарылатуғынлығы байқалады.

[1] М. Горький. Собр. сочинений, т. 27. М., 1953, стр. 339.

Informaciyalı'q resurs worayi'
INVENTAR № 56702
«___»_____20___ jı'l

Туўысқан қазақ халқының белгили илимпазы М. Әўезов өзиниң қазақ әдебияты тарийхының сонғы басылыўындағы жазған айтыс деген тараўында «Бәдик» айтысы туўралы былай деп жазады: «Ескиликли дин инанымынан туўған айтыс — «Бәдик» айтысы болады. Онда адамның аўырыўын, мал иллетин еки топтың айтыс өлеңи менен аласлап қуўады. Гөне түринде бәдикти жигитлер менен қызлар тобы болып, еки жарылып-гезеклесип айтысады»[1].

Ал енди буннан басқа да қазақ халқының көрнекли жазыўшысы, академиги С. Муханов[2], профессорларынан Қ. Жумалиев[3], Е. Исмайылов[4], М. Ғабдуллин[5], жазыўшы С. Сейфуллин[6], филология илимлериниң кандидатларынан Б. Ысқақов, М. Жармухаметов[7], т. б. жазыўшы, илимпазлар өзлериниң айтыс ҳаққындағы изертлеў мийнетлеринде «Бәдик» пенен «Ҳәўжар»ды айтыс жанрына жатқарады. Бизде жыйналған материалларға, информаторлардың сөзлерине ҳәм де жоқарыдағы белгили илимпазлар менен жазыўшылардың пикирлерине сүйене отырып, «Бәдик» пенен «Ҳәўжар»ды айтыс жанрына жатқарамыз.

Бәдик айтысының қысқа идеялық мазмунына келгенде, бунда бәдик айтыўға келген еки жақтың қыз ҳәм жигитлер топары гейде бир-бирине: «Бәдикти айтыўды сизлер баслаң?» — деп дәс салысып отыратуғын да болған. Сонда сыбайлас отырған екинши аўылдың жаслары ягный, жигитлер топары бәдик айтыўды баслағанда, усы жақта бир бәдик бар деген хабарды еситип келгенлигин айтса, аўырыўды көшириўге алып барған

---

[1] М. Әўезов. «Қазақ әдебиятының тарийхы». 1-китап, 1-том, 1960, VIII бөлим, «Айтыс қосықлары», 685-бет. Қазақ ССР Илим Академиясының баспасы. Алматы-1960.

[2] С. Муқанов. «Халық мийрасы», төртинши бөлим, IV. «Айтыслар». 183—184—185—186—187-бетлер. «Қазақстан» баспасы. Алматы-1974.

[3] Қ. Жумалиев «Қазақ әдебияты». 1-бөлим, «Айтыс», 98—99-бетлер. Алматы-1974.

[4] Е. Исмайылов. Ақынлар. «Ақынның айтыслары», 119-бет.

[5] М. Ғабдуллин. Б. Ысқақов. Халық аўыз әдебияты. Алматы, 1976. «Айтыс қосықлар», 117—118-бетлер. «Мектеп» баспасы. Алматы-1974.

[6] С. Сейфуллин. «Қазақ әдебияты», 1-китап, Қызыл Орда, 1932.

[7] М. Жармухамедов. «Айтыстың раўажланыў жоллары». Биринши тараў. «Айтыстың әйемги негизлери». 19—20-бетлер. Қазақ ССР-ның «Илим» баспасы. Алматы-1976.

қызлар топары бәдик айтыўды баслағанында бәдиктиң оң қолынан услап алып келгенлигин хабарлайды.

Бәдик айтысын баслаўдан жигитлер топары аўырыўдың бәдигиниң қайсы жерге шыққанлығын сорайды. Буған аўырыўды алып барған қызлар топары бәдиктиң қайсы жерге шыққанлығын, неше күн бәдик айтып көширетуғынлығын ҳәммесине айтып таныстырады. «Бул үкемниң бәдиги басындағы», «Бул үкемниң бәдиги белиндеги», «Бул үкемниң бәдиги дизесинде», «Бул үкемниң бәдиги табанында» деген қатарлардың барлығы өз алдына төрт қатарлы бир шуўмақтан ибарат қосық болып қурылған. Мәселен:

Жигит:

Ҳәрким еркин болады өз елинде,
Үйрек-ғазлар шад болар өз көлинде,
Сол бәдикти биз қуўып қутылайық,
Бул үкемниң бәдиги қай жеринде?

Қыз:

Бул үкемниң бәдиги басындағы,
Мениң бәдик айтқаным жасымдағы,
Үш күн айтып, бәдигин көширсек,
Аўылым алыс емес, қасындағы т. б.

Бәдик айтысында сөз арқалы жалынып-жалбарыныўлар, әлдеп-арбаўлар ушырасады.

Жигитлер:

Гүл-гүлапсан, гүлапсан, гүл емес пе,
Шешше торғай шеңгелге түнемес пе?!
Үш күн айтып гүлапсанды көшире ғойсақ,
Гүлапсан аяқ уштан жөнемес пе?!

Қызлар:

Гүлапсан саған не болды, бундай болып,
Жаңа тиккен былғары қындай болып,
Үш күн айтып гүлапсанды көшире ғойсақ,
Гүлапсан кетпей ме екен жымдай болып?!

Жоқарыдағы мысалда бәдик «гүлапсан» деп айтылады. Бул екеўиниң бир-биринен айырмашылығы жоқ. Халық арасындағы информаторлардың айтыўы бойынша халқымыз балаға шыға-

туғын сары қотыр менен жараны гейде бәдик десе, гейде гүлапсан деп атайды екен.

Бәдик айтыўшылар бәдикти қорқытып, абай етсек, аўырыўдың денесинен көшеди деп ойлайды.

Жигит:

Көширмеди бул бәдик бийдай берсем,
Бийдай берип, тамағын сыйлай берсем,
Көшпесине бәдикти қоймайман да,
Мойнына қыл жип салып қыйнай берсем.

Қыз:

Арпа берсем,
Аяқ-аяқ арпаны тарта берсем,
Көшпесине бәдикти қояман ба,
Батпақ өткел томарын арта берсем т. б.

Бәдикке ғарғыс та айтылады. Бул аўырыўдың денесиндеги қотыр ҳәм жаралардың жазылмай, қайта көбейип кеткен ўақтында айтылған ашыўлы кеги болыўы керек.

Қыз:

Бәдик қурғыр,
Қай жеринде турады қәдик қурғыр,
Отырайын дегенде омма турғыр,
Гүнгирликке жығылып мойны сынғыр.

Бәдик айтысын жаслар соң келе-келе өзлериниң ойын-күлки, өз-ара ҳәзиллесиў кешесине айналдыра баслаған.

Жигит:

Ҳаў, бәдик, көшер болсаң өзиме көш,
Өзимниң бес-алты аўыз сөзиме көш,
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Қызлардың жаўдыраған көзине көш.

Қыз:

Бәдик көшип баратыр екесине,
Ешки арығын билдирмес текесине,
Және көшер жериңди мен айтайын,
Барда жабыл жигиттиң шекесине.

Бәдик айтыўшылар, әсиресе, бәдик жарасы бар аўылдың жаслары бәдик айтысына көпшилик жаслардың толық қатнасқанлығын жақсы көреди. Соның ушын да келеси күнги бәдик айтысына толық қатнастырыў мақсетинде аўырыўды алып барған тәрептиң жаслары мындай деп бәдик айтады:

Қызлар:

Бәдик деген аўырыў желер болар,
Шақырғанда бәдикке келер болар,
Шақырғанда бәдикке келмегенлер,
Аяқ-қолдан айырылып өлер болар.

Бәдиктиң көбинесе «көш-көш» деп басланып, «көш-көш» деп аяқланыўы бул адамлардың аўырыўды бездирип көшире аламыз деген түсинигиниң тийкарғы дәлили бола алады. «Көш-көш» дегенде «таўларға, қуйынға, шопанға, гөне қыслаўға, гүдиге, шаянға, қоянға, азан менен шақырған ғарғаға, орынсыз шақырған қоразға, суўлық тиймеген тайларға, сары аяқ марқаға, қазан қырған қырғышқа, өтирикши өсекке т. б. көш деп тилек тилейди. Алдаў-арбаў арқалы қайта-қайта бәдикти айта берсе, аўырыў бәдик кеселинен саўлады деп ойлайды. Сонлықтан да бәдиктиң қайта-қайта айтылып, адамды зериктирип жиберетуғынлығына байланыслы халық аўзында «Пай, сен бир бәдик екенсең ғой» деген сөзлер пайда болған. Бул сөз отырыспада, я басқа бир отырған орынларда көп сөйлеп, адамлардың тынышын, мазасын алған адамларға айтылады. Солай етип, оған ашыўланған, жақтырмаған сезим билдиреди.

Уллы Октябрь революциясынан бурын қарақалпақ халқының езиўши үстем класс ийелери болған ханлар, бийлер, байлар т. б. тәрепинен ҳәр тәреплеме езилип келгенлиги белгили. Сонлықтан да езилген халықлар өзлериниң бәдик айтысы қосығында бәдик кеселиниң усы жек көретуғын үстем класс ийелерине көшкенлигин тилейди. Мәселен, бәдик айтысында: «Қара басын ойлаған ханларға көш», «Қалың төсек төсенген байларға көш», «Елге қорлық көрсеткен бийлерге көш», — деген қосық қатарлары бар. Буннан езилиўши халықлардың эксплуатациялаўшы үстем классларға болған жек көриўшилик көзқарасы көринип тур.

Қарақалпақлар ертеде үзликсиз жаўгершиликке ушырап, көп қыйыншылықларды бастан кеширеди. Қалмақларды ата жаўымыз деп атайды. Усы қыйыншылықларда өзлериниң бәдик айтысында өз сүўретлениўин тапқан. Бәдик айтысында қарақалпақ халқының ертедеги турмыс-тиришилиги, кәсиби анық сәўле-

ленеди. Халықтың дийқаншылық кәсиби менен шуғылланғанлығы бәдик айтысының «Көшермеди бул бәдикке бийдай берсем», «Ақ бийдайдан айрылған топанға көш», «Тары писсе, дән қалмас сабанында», «Беререм дийқанларға қосқа қос деп», «Алма жеген жигиттен қалма бәдик» т. б. мал шаруашылығы кәсиби менен шуғылланғанлығы: «Шубар аттың саўрысы тостағандай, «Сары ешкиниң терисин уўалайман», «Отлы-отлы жерлерге жайсаң бәдик», «Қайшы қулақ арғымақ тайларға көш», қол өнерментшилиги менен шуғылланғанлығы: «Басыңа тойтармалап шеге қағар, «Мойнына сырғырлатып қоңыраў тағар» т. б. қосық қатарларынан анық көринеди.

Қарақалпақ халқы Октябрь революциясынан бурынғы турмысында езиўши мийримсиз жаўыз үстем класслар тәрепинен қанша аўыр қыйыншылықлары көрсе де, өмирден безбейди. Қыйыншылықларды жеңиўге ҳәрекет етеди. Буныңдай прогрессивлик идея бәдик айтысында анық сүўретленген, жаслар да өзлериниң муҳаббат сезимин бәдик айтысы арқалы қызларға билдире алатуғын болған.

Биз улыўма бәдик айтысына ой жибергенимизде бунда ең ески көп қудайға сыйыныў инанымларына байланыслы пайда болған алдап арбаў, жалынып-жалбарыныў, абай етип қорқытыўларға қарағанда, жаслардың өз-ара ойын-күлки, ҳәзил кешесине айналдырғанлығы жөниндеги идея басым келеди. Көп қудайға сыйыныў инанымларының қалдығы ислам дини ўақтындағы бир қудайға сыйыныў дәўиринде де жасап келгенликтен, сол ислам динининиң тәсири себепли әдеўир өзгерислерге ушыраған. Халқымыздың бурынғыдай көп қудайларға емес, бир қудайға сыйынатуғынлығы көринип турады.

Бәдик ала, бәдик ала,
Бәдикти көшире гөр аллатала,
Бәдикти көширмесең аллатала,
Изинен жиберемен отлы шала.

Халқымыздың ески мифлик түсиниклеринен келип шыққан бәдик айтысының советлик дәўиримизде өзиниң раўажланыў мүмкиншилигинен айырылып турмыстан шығып қалыўы, Маркс ҳәм Энгельстиң алдын ала болжап айтқан мына данышпанлық сөзине реаль сәйкес келеди. К. Маркс ҳәм Ф. Энгельс: «Мифлик түсиниклер қандай болса да, адамның қыялынан пайда болады, тәбият сырын түсинбеген адамлар, сол сырды ҳәр түрли мифлер арқалы түсингиси келеди. Берман келе адам басы тәбиятты өзине бағындырып алған гезде, оның сырына түсинген ўақта ески мифлик уғымлар жойылады[1] » дейди.

Илимге сүйенген бизиң саўатлы халқымыз тәбиятты өзине бағындырып, оның сырына терең түсине баслады. Қайсы бир дин болмасын, оның тийкары жалған, өтирик екенлигине көзи жетти. Елимизде аўырыў адамларды қәнигелиги, саўатлы совет врачлары емлейди. Сонлықтан да бәдик айтысы узақ жасай алмай, Совет властының дәслепки күнлеринен баслап-ақ, өзинен-өзи турмыстан шығып қалды.

Айта кететуғын бир нәрсе, биз бул жерде бәдик айтысының соңғы қарақалпақ шайырлары айтысларының пайда болыўында ең дәслепки басланғыш үлги болғанлығы ушын бул ҳаққында белгили түсиник берип өттик.

Бәдик айтысында жигитлер менен қызлар еки топқа бөлинип, бири менен бири газеклесип айтысатуғын болған. Еки топ бир-бирине бәдик айтыўды сизлер баслап?—деп тилек билдиреди. Сонда жигитлер топары бәдик айтыўды былай деп баслаған:

Жигитлер топары:

Бәдикти басла десең баслай келдик,
Басына жасыл шекпен таслай келдик,
Усы жақта бир бәдик бар деген соң,
Сол бәдикти қуўыўды хошлай келдик.

Ал қызлар топары баслағанда былай баслаған:

Бәдикти басла десең баслай келдик,
Басына жасыл шекпен таслай келдик,
Бәдиктиң көшпесине қоямыз ба,
Бәдиктиң оң қолынан услай келдик.

Бәдик айтысын баслаған жигит я қыз топарларының айтысында мынадай күлкили түрлери бар:

Жигитлер топары:

Басла десең бәдикти баслағандай,
Шубар аттың саўрысы тостағандай,
Үш күн айтып бәдикти көшире ғойсақ,
Етин алып, сүйегин таслағандай.

[1] К. Маркс, Ф. Энгельс, «Об искусстве», том I. 1957, стр. 135.

Қ ы з л а р т о п а р ы:

Бәдикти басла десең баслай келдик,
Басында жасыл шекпен таслай келдик,
Усы жақта бир бәдик бар деген соң,
Етин алып, сүйегин таслай келдик.

Ж и г и т:

Бәдикти басла десең, мен баслайын,
Ойдан қашқан қояндай ойқаслайын.
Таң атқанша бәдикти тынбай айтып,
Ким жеңер, ким жеңбесин байқаслайын

Қ ы з:

Бәдикти басла десең баслай келдик,
Басына жасыл шекпен таслай келдик.
Бәдикти таң атқанша тынбай айтып,
Жеңиске ерисиўди хошлай келдик!

Гейде жигитлер топары қызлар топарынан бәдиктиң наўқастың қайсы жеринде бар екенлигин сорайды.

Ж и г и т л е р:

Бәдик қурығыр
Қай жеринде турады қәдик қурығыр?
Отырайын дегенде омма турғыр,
Қуўғырданға жығылып мойны сынғыр!

Қызлар топары, бәдиктиң наўқастың қайсы жеринде екенлигин сораған жигитлер топарына, былай деп жуўап қайтарған:

Бул үкемниң бәдиги басындағы,
Мениң бәдик айтқаным жасымдағы,
Үш күн айтып бәдигин көширейик,
Аўылым алыс емес шетиндеди.

Бул үкемниң бәдиги белиндеди,
Менің бәдик айтқаным елимдеди,
Үш күн айтып бәдигин көширейик,
Аўылым алыс емес шелиндеди.

Бул үкемниң бәдиги дизесинде,
Бизлер бәдик айтқанда күлесиз бе,

Үш күн айтып бәдигин көширейик,
Шынында, бәдик айтып билесиз бе?

Бул үкемниң бәдиги табанында,
Тары писсе дән қалмас сабанында,
Үш күн айтып бәдигин көширейик,
Булда бәдик болыпты заманында.

Ж и г и т л е р:

Бәдик кетип қалыпты таўдан асып,
Таўдан асқан бултларға араласып,
Бул аўылда бир бәдик бар деген соң,
Шыға берди жигитлер топарласып.

Қ ы з л а р:

Бәдик кетип барады таўдан асып,
Таўдан асқан бултларға араласып,
Егерде сол бәдикти қолға берсе,
Шығар едик қумардан сабаласып!

Ж и г и т:

Ҳәў бәдик, көшер болсаң өзиме көш,
Өзимниң бес-алты аўыз сөзиме көш,
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Қызлардың жаўдыраған көзине көш.

Қ ы з л а р:

Бәдик көшип баратыр екесине,
Ешки арығын билдирмес текесине,
Және көшер жериңди мен айтайын,
Бар да жабыл жигиттиң шекесине!

Ж и г и т:

Бәдик бас деп
Нешше айтаман жин-шайтан аўлақ қаш деп,
Қудайым бул бәдикти қолға берсе,
Беререм жигитлерге ала қаш деп!

Қ ы з:

Бәдик бас деп,
Жылайды, жесир қатын балам жас деп,
Қудайым, бул бәдикти қолға берсе,
Беререм, кемпирлерге отқа бас деп!

Бәдик бас деп
Жылайды, жесир қатын балам жас деп,
Құдайым, сол бәдикти қолға берсе,
Дийқанларға беререм қосқа қос деп!

Қ ы з л а р:

Бәдик көшип баратыр таўдан асып,
Таўдан асқан бултларға араласып,
Услап берген бәдикке ийе болмай,
Неғып атырсыз жигитлер қара басып?!

Ж и г и т л е р:

Бәдик көшип баратыр таўдан асып,
Таўдан асқан булт пенен араласып,
Услап берген бәдикке ийе болмай,
Қудаша саған не болды қара басып?!..

Ж и г и т:

Көшермеди бул бәдик бийдай берсем,
Бийдай берип тамағын сыйлай берсем,
Көшпесине бәдикти қоймайман да,
Мойнына қылжип салып қыйнай берсем!

Қ ы з:

Арпа берсем
Аяқ-қолға арпаны тарта берсем,
Көшпесине бәдикти қояман ба,
«Батпақ өткел» томарын арта берсем.

Ж и г и т:

Көш-көш бәдик, көш бәдик көшер ойға,
Қос шашбаўлар жарасар, талма бойға,
Мен өзим бәдик көширип, көргеним жоқ,
Көширейин деп келдим тентек ойға!

Қ ы з:

Ҳаў бәдик, көшер болсан көшиң ойға,
Қос шашбаўлар жарасар, талма бойға,
Мен өзим көзим менен көрип турман,
Бәдик кетип баратыр қаңбақлы ойға.

Ж и г и т:

Көш-көш бәдик, көш бәдик, таўларға көш,
Таўда узын жайласқан сайларға көш,
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Қылышынан қан тамған жаўларға көш!

Қ ы з:

Көшер болсаң ҳаў бәдик, таўларға көш,
Таў бүйирин жайлаған жаўларға көш,
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Семиз-семиз байлардың қарнына көш!

Қ ы з л а р:

Ҳаў бәдик, көшер болсаң атларға көш,
Өзим услап көрмеген затларға көш!
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Шүңгил көз, орақ мурын сартларға көш!

Ж и г и т л е р:

Бәдикшиниң астында суртайы бар,
Көшпейтуғын бәдиктиң бир жайы бар!
Көширмеге көк ылақ айта қойың,
Өз-өзинен бәдик те жолын табар!

Ж и г и т л е р:

Үйлерге көш,
Қазаяқлап тоқыған шийлерге көш,
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Салғырт салып жыйнаған бийлерге көш!

Қ ы з л а р:

Ҳаў бәдик, көшер болсаң үйлерге көш,
Үй жағалай тутылған шийлерге көш!
Енди, көшер жайынды мен айтайын,
Төрге төсек салдырған бийлерге көш!

Ж и г и т л е р:

Көш бәдик, көшер болсаң үйлерге көш,
Қазаяқлап тоқыған шийлерге көш,
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Елге қорлық көрсеткен бийлерге көш!

Қ ы з л а р:
Бурма бәдик,
Бурылып босағада турма бәдик?!
Бурылып босағада турар болсаң,
Ийесиниң кеўлине келер бәдик!

Ж и г и т л е р:
Айсаң бәдик,
Отлы-отлы жерлерге жайсаң бәдик!
Отлайтуғын жерлериңди қызыл суў алып,
Еки ортада сен қалған сарсаң бәдик.

Ж и г и т:
Бәдик ала,
Бәдик ала,
Бәдикти көшире гөр аллатала?
Бәдикти көширмесең аллатала?
Изиңнен жиберемен отлы шала!

Қ ы з:
Бәдик-бәдик, аў бәдик, бәдик қасқыр,
Қасқырдай қан тамызған қара басқыр.
Жолына нан садақа қудайым аў,
Бәдикти темир торға салып тас қыл?!

Ж и г и т:
Көш бәдик, көшер болсаң, сайларға көш,
Сайлардағы малы көп, байларға көш,
Парша тон, зер жағалы ишик кийип,
Ханның қызы отырған жайларға көш!

Қ ы з:
Көш бәдик, көшер болсаң, жайлаўға көш,
Жаў жасырып жатырған таўларға көш,
Қуўға күшиң жетпесе, ғазлара көш,
Ғазға күшиң жетпесе, тазларға көш!

Ж и г и т:
Көш-көш бәдик, көш бәдик, сайларға көш!
Асыў-асыў бийик таўларға көш!
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Қой айдап, жылқы саўған байларға көш!

Қ ы з:
Көшер болсаң, көш бәдик,
Таўларға көш,
Таўдың артын жайлаған,
Байларға көш.
Оннан жайлаў таппасаң,
Мен айтайын.
Қара басын ойлаған,
Ханларға көш.
Көш--көш!

Ж и г и т:
Ҳаў бәдик, көшер болсаң, жүзгенге көш.
Қасын керип, қабағын сүзгенге көш!
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Бул дүньядан гүдерин үзгенге көш!

Ҳаў бәдик, көшер болсаң боянға көш,
Топырақ жалап тоймаған шаянға көш!
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Кишкененің жүйрги қоянға көш!

Қ ы з л а р:
Гүл-гүлапсан—гүлапсан, гүл емес пе,
Шешше торғай шеңгелге түнемес пе,
Көшерине келгенде ҳаў гүлапсан,
Шешесине көрисип жыламас па?!

Ж и г и т л е р:
Ай, Гүлапсан!
Күнде палаў жегениң май гүлапсан,
Бизин менен Хийўаға жүр гүлапсан,
Сары кирпик шапаныңды жамыларсаң.

Қ ы з:
Гүлапсанның атасы бөри аў байлар,
Гүл-гүл жанып гүлапсан таўдай жайнар,
Қазаққа көш, гүлапсан, қалмаққа көш,
Мынаў жатқан мийманнан аўлаққа көш.

Ж и г и т л е р:
Гүл-гүлапсан, гүлапсан гүл емес пе,
Пошша торғай шеңгелге түнемес пе,

Үш күн айтып гүлапсанды көшире ғойсақ,
Гүлапсан аяқ уштан жөнемес пе?!

Қызлар:

Гүлапсан саған не болды бундай болып,
Жаңа тиккен былғары қындай болып,
Үш күн айтып гүлəпсанды көшире ғойсақ,
Гүлапсан кетпей ме екен жымдай болып.

Жигитлер:

Гүл-гүлапсан дегениң гүл емес пе,
Пошша торғай шеңгелге түнемес пе,
Арпа бийдай атыңның жеми емес пе,
Бəдик шыққан балаңның еми емес пе?

Жигитлер:

Ай гүлапсаң, көшер болсаң қалаға көш,
Қаланың еки жағы далаға көш.
Таппасаң оннан жайлаў мен айтайын
Көк көйлек, сылдыр моншақ балаға көш.

Қызлар:

Айтайын, ал айт десең бəдик обар,
Ем болар дəрттиң атын тəўип табар.
Ҳаў бəдик, көшер болсаң бийлерге көш,
Ханнан алған шекпенин саған жабар.

Жигит:

Ҳаў бəдик, көшер болсаң қалаға көш,
Қаладан да армаған далаға көш.
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Зулымлығын өткерген ханларға көш.

Ҳаў бəдик, көшер болсаң үйлерге көш,
Қазаяқлап тоқыған шийлерге көш.
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын
Пуқарадан пул жеген бийлерге көш.

Көш-көш бəдик, көш бəдик таўларға көш.
Таў үстинде қызыл гүл баўларға көш.
Оннан жайлаў таппасаң айтайын,
Қылышынан қан тамған жаўларға көш.

Қыз:

Көш-көш бəдик, көш бəдик арбаға көш,
Азан менен шақырған ғарғаға көш.
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын
Жаяўлардан ҳақы алған дарғаға көш.

Қыз:

Бəдикти биз əкелдик атын таўып,
Үстине көрсетпестен шапан жаўып.
Бас жағынан бəдикти биз айтқанда,
Аяқ уштан кетпейме аттай шаўып.

Жигит:

Көш бəдик, көшер болсаң жыланға көш,
Қуйрығы жоқ жалы жоқ, қуланға көш.
Көшиў жолын билмесең мен айтайын,
Жердиң жүзин қаплаған думанға көш.

Қыз:

Ҳаў, бəдик, көшер болсаң арқаға көш,
Қой ишинде бийик қой марқаға көш.
Енди көшер жайынды мен айтайын,
Жипек пенен жарысқан торқаға көш.

Жигит:

Ҳаў бəдик, көшер болсаң таўларға көш,
Таўлардың жумаланған тасына көш.
Енди көшер жайынды мен айтайын,
Қыйқаш қара сулыўдың шашына көш.

Қыз:

Көш-көш бəдик, көш бəдик, айларға көш,
Ай бүйирин жайлаған байларға көш
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Төрт аяғын тең басқан жорғаға көш.

Жигит:

Бəдик басқа,
Бəдикти таўлап урдық қара тасқа.
Бəдикти қара тасқа урғанымда,
Қара тас қақ айрылды басқа-басқа.

Қыз:

Көш-көш бәдик, көш бәдик,
Жайыңа көш.
Дастыңы бийикке көш,
Төсеги қалыңға көш.

Жигит:

Ҳаў бәдик, көшер болсаң улыўға көш,
Үш ай тоқсан муз қатпас жылыўға көш.
Енди көшер жайыңды мен айтайын,
Қуяшта күн қақпаған сулыўға көш.

Көш-көш бәдик, көш бәдик көшер ойға
Қос шашбаўлар жарасар талма бойға.
Көшпесиңе бул бәдикти қояманба,
Көширейин деп келдим тентек ойға.

Қыз:

Алма бәдик.
Алма жеген жигитлерден қалма бәдик,
Алма жеген жигитлерден қалар болсаң,
Сол жигитлердиң малақайын жалма бәдик!

Жигит:

Бурма бәдик,
Бурылып босағада турма бәдик,
Бурылып босағада турар болсаң,
Қызлардың орамалын алып, зырла бәдик.

Қыз:

Көш-көш бәдик, көш бәдик, таўларға көш,
Таў ишинде қызыл гүл баўларға көш
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Төрге төсек салдырған байларға көш.

Бәдик кетип барады таўдан асып,
Таўдан асқан бултларға араласып.
Қудайым сол бәдикти қолға берсе,
Берер едим моллаларға хатқа басып.

Жигитлер:

Көш-көш бәдик, көш бәдик, сайларға көш,
Көл жағалай отырған байларға көш,
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Қой ишинде көринген марқаға көш.

Қызлар:

Көш-көш бәдик, көш бәдик айларға көш
Ай бүйирин жайлаған байларға көш.
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Мунарланып көринген таўларға көш.

Қыз:

Сары ешкиниң терисин уўалайман,
Бәдикти қуйын атаўға қуўалайман.
Қуйын атаўдың қамысы шийлик қамыс
Ағаш аяқ Мәмбетке барда жабыс.

Жигит:

Бәдиги бар.
Жемангер дәрттиң аты тәўипте бар.
Ҳаў бәдик, көшер болсаң устаға көш,
Басыңа тойтармалып шеге қағар.

Қыз:

Бәдиги бар,
Жемангер дәрттиң аты тәўипте бар.
Ҳаў бәдик, көшер болсаң, зергерге көш,
Мойныңа сыңғырлатып қоныраў тағар.

Жигит:

Көш-көш бәдик, көш бәдик аўлаққа көш,
Мунарланып көринген таўлыққа көш.
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Қара қумнан асырып сырғанатайын.

Жигит:

Бәдик бас деп,
Жылайды жесир қатын балам жас деп,
Егерде усы бәдик көшпей қалса,
Беремиз моллаларға хатқа бас деп.

Қыз:

Бәдик бас деп,
Нешше айтаман жин-шайтан аўлақ қаш деп
Егерде жин-шайтанлар қашпай қалса,
Беремен жигитлерге отқа бас деп.

Жигит:

Келиге көш,
Бәҳәр ескен самалдың желине көш,
Алыс десең Айдостың елине көш,
Жуўық десең қудамның белине көш.

Қыз:

Оқпанға көш,
Ақ бийдайдан айрылған топанға көш,
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Қалада пулы қымбат шапанға көш.

Жигит:

Ҳаў бәдик, көшер болсаң айларға көш,
Ай бүйирди жайлаған байларға көш,
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Қайшы қулақ арғымақ тайларға көш,

Ҳа бәдик, көшер болсаң өзекке көш,
Өзек бойын жағалай терекке көш,
Енди көшер болсаңыз мен айтайын,
Кишкенениң жүйриги гөжекке көш.

Жигит:

Ҳаў бәдик, көшер болсаң гүбиге көш,
Гүбиниң гүмбирлеген түбине көш,
Оннан жайлаў таппасаң мен айтайын,
Байлардың тезек терген көнине көш.

Бәдик қасқа,
Бәдикти таўлап урдым қара тасқа,
Қара тас қақ айрылып басқа-басқа,
Бәдик кетип баратыр шошқа басқа.

Қыз:

Бәдик қурғыр,
Қай жериңде турады,
Кәдик қурғыр,
Отырайын дегенде,
Омма турғыр.
Гүңгирликке жығылып,
Мойны сынғыр.

Ҳаўада айланып ушқан бир қазансаң
Дүньяда жарылқаса бир базарсаң,
Мынаў жатқан мехманнан,
Ата-баба, әўлийе сен жазарсаң?!

Көш-көш бәдик көш бәдик,
Қалмаққа көш,
Мынаў жаңқан мехманнан,
Аўлыққа көш.

Жигит

Ай бәдик, көшер болсаң арғы жаққа,
Қайшыдай қулақлары арғымаққа,
Таппасаң оннан жайлаў мен айтайын,
Жаўлаған ата жаўың сум қалмаққа.

Қыз:

Ай гүлән, көшер болсаң суў сабырға,
Қалады көшкен журтта қуў қабырға,
Таппасаң оннан жайлаў мен айтайын,
Бәдик айтып илиндир бир тамырға.

Қара ешкиниң терисин уўалайын,
Бәдикти қара сайға қуўалайын,
Қара сайдың қамысы шийлик қамыс,
«Ағаш аяқ» қудама барда жабыс.

Жигитлер:

Арқаға көш,
Қублаға көш,
Батысқа көш,

Шығысқа көш,
Ерте көш,
Қазан қырған,
Қырғышқа көш,
Сары аяқ мархаға көш,
Булардан жайлаў таппасаң,
Руўымға көш.
Журынға көш,
Насыбайдың еңбеги
Мурынға көш,
Байларға көш,
Сирә суўлық тиймеген,
Тайларға көш.
Буннан жайлаў таппасаң
Төрдеги төсекке,
Өтирикши-өсекке,
Сандырақлаған
Сылдыр сөз байларға
Мийримсиз залымға көш
Арбаға көш,
Биймезгил үрген,
Күшикке көш,
Азан менен шақырған,
Ғарғаға көш,
Оннан жайлаў таппасаң,
Гөне қыслаўға көш,
Оннан жайлаў таппасаң,
Тағы айтайын,
Орынсыз шақырған.
Қоразға көш.

Қ ы з л а р:

Бәдик деген бул аўырыў желер болар,
Шақырғанда бәдикке келер болар,
Шақырғанда бәдикке келмегенлер,
Аяқ-қолдан майырылып өлер болар!

Ж и г и т л е р:

Ақ терлик, қара терлик, терлик-терлик,
Мусылманға бере гөрме зор ҳәкерилик,
Малдың бәдик болғанын көрип едик,
Адам бәдик болғанын жаңа көрдик.

Қ ы з л а р:

Бул бәдикке не болды бундай болып,
Жаңа тиккен былғары қындай болып,
Бас ушында отырып айтқанымда,
Шықпаймекен аяқ уштан жымдай болып!

Бәдик мында, биз мында, мында-мында,
Бәдиктиң бир атасы Қарақумда,
Егер ол бәдик болып суўға түссе,
Аларем қармақ салып әлҳамдилулла!

Ж и г и т л е р:

Көш бәдик, көшер болсаң көшер ойға,
Қос шашбаў жараспайма талма бойға,
Мен өзим бәдик көширип көргеним жоқ,
Көширейин деп мен келдим тентек ойға.

Қ ы з л а р:

Бәдик көшип баратыр әреп жаққа,
Миңгесип қайшы қулақ арғымаққа,
Көшер болсаң ҳаў, бәдик тезирек көш,
Шоманайдың аржағы шөл — қурғаққа!

ҲӘЎЖАР АЙТЫСЫ

Ҳәўжар қызлардың узатылыў, жигитлердиң үйлениўине байланыслы әдет-салт қосықларының бири. Бул узатылатуғын қудалық тойы басланғанда ҳәм узатыларда айтылады. Бундағы ҳәўжар айтыўдың мақсети — узатылатуғын қыздың турмысқа шығатуғынлығын еситтириў ҳәм буған жылаған қызды ақыл-кеңес айтып жубатыў ҳәм буннан былайғы өмирине қайыл етип мойынлатыў, көнликтириў болып табылады. Өйткени, бурын қарақалпақ халқының әдет-салты бойынша турмысқа шығатуғын қызға оның турмысқа шығатуғынлығы туўралы ҳеш-нерсе айтпайтуғын болған. Оның ерге шығатуғынлығын, тек узатылар тойын берерде ямаса узатыларда ғана ҳәўжар қосығын айтыў арқалы хабарлаған. Бул хабарды еситиўден қыз да өзиниң муңын, қайғысын, ҳәўжар арқалы еркин ашық айтып жылайтуғын болған.

Ҳәўжар тийкарынан еки тәреп болып айтылады. Соның биринши тәрепи күйеў бала менен оның қасындағы барлық жигитлер топары болса, екинши тәрепи узатылатуғын қалыңлық

қыз бенен оның қасындағы ҳаял-қызлар топары болады. Усы еки тәреп өз-ара айтысады.

Жигитлер топары узатылатуғын қыздың жат журтқа барғандағы өткеретуғын өмирининң қандай болатуғынлығына гүманланыў ҳәм ондағы әдил емес әдет-салтқа наразылығын билдирип, жылаған қызды жубатыў мақсетинде айтады. Узатылатуғын қыз өзининң үйин, ата-анасын, туўғанларын т. б. қыймай айтып жылағанда оған; әкенинң орнына — қәйин атаң, ананың орнына — қәйин енең, ағаңның орнына — қайнағаң, иниңниң орнына — қәйин иниң, сиңлиңниң орнына — бийкешиң, үйиңниң орнына — күйеўиңниң сайлап тиктирип қойған ақ отаўы болады деп мақтайды. Қулласы, қыздың қайғы-муңын басқа жаққа бурып, қызды берген жерге жыламай қайыл болып кетиўге үгитлейди.

Қызлар топары болса буларға қарсы даў айтады. Булар ата-ана, туўысқан-туўғанларының мийирманлығын, ойнап-өскен қатар-құрбы досларын, көзге ысық, туўып-өскен жерин, аўылын есине түсирип, қыймай жылайды. Жат журтқа барғандағы өмирининң қандай болатуғынына көзи жетпей, оған гүманланыў, исенимсизлик билдиреди. Жигитлер топарының қосығы қуўанышлы, кеўилли болып келсе, қызлар топарының қосығы көбинесе муңлы, қайғылы болып келеди. Мине, усы еки тәрепли бир-бирине айтылған даўлы-тартыс элементлери айтыстың мазмунын қурайды. Бул ҳәўжардың мазмунлық ҳәм формалық жақтан ҳақыйқат айтыс болатуғынлығына ҳеш қандай гүман туўдырмайды.

Бәдик сыяқлы ҳәўжардың да өз алдына белгили бир намасы бар. Оны айтыўшылар усы намасы менен ең дәслеп хор менен айтатуғын болған. Соң берман келе-келе жәмийеттиң раўжланып өсиўине байланыслы ҳәўжардың мазмуны да раўажланып өзгериске ушырай баслаған. Қыз бенен жигитлер жеке бөлинип шығып, өз-ара ҳәўжар айтысқан. Усы жеккеленген айтыс соңғы жеккеленген айтыслардың раўажланып өсе бериўинде баслама үлги болғанлығы сыпатында көзге түседи.

Қарақалпақ халқы «Ҳәўжар», «Яр-яр» деп те айтады. Халық арасында екеўининң мәниси бир, бир мәниде деп түсинеди. «Ҳәўжар» менен — «Яр-яр» сөзи бул ҳәўжар қосығының нақыраты. Қыз ҳәм жигитлер топары усы нақыратқа қосылып айтады. Нақырат «Ҳәўжар» ямаса «Яр-яр» қосыққа атама етип алынған

Ең соңғы қатарының ақырында қайталанып келе береди.

«Ҳәўжар» айтысы бәдик айтысындай дин инанымынан пайда болмаған. Бул қарақалпақ халқының үйлениўге байланыслы айтылатуғын әдет-салтынан келип шыққан. Қарақалпақ халқының ерте ўақыттан берги руўхый өмир тарийхын көрсетиўде ҳәўжарда белгили орынды ийелейди. Бунда халықтың ертедеги үйлениўге байланыслы әдет-салты, соның менен бирге өткендеги патриархал руўлық ҳәм феодаллық жәмийеттиң әдилсиз көриниси бар. Мәселен, феодализм дәўиринде қарақалпақ ҳаял-қызларының турмысы қатты аўыр болды. Олар өз сүйгенине еркин қосыла алмады. Қәлемеген адамына қалың малға сатылды. Феодаллық дәўирдиң усындай жаман тәртибине ҳаял-қызлар қорықпастан қарсылық билдиреди. Булардың бул қарсылықлары ҳәўжар қосығында жақсы сәўлеленген.

Үстем класс ийелеринен бай, феодаллар т. б. өзлериниң усындай әдил емес назамлықларын зорлап турмысқа асырыў ушын халықтың үйлениўге байланыслы айтылатуғын ҳәўжар салтынан пайдаланады. Оны өзлериниң үгитлеў қуралы етип пайдаланыўға ҳәрекет етеди. Сонлықтан да ҳәўжарда ҳаял-қыз дардың сол ўақыттағы теңсизликлерге қатты наразылық билдирген муңлы, ашшы зары көринип турады. Соңғы жағында жигитлер топары да, ҳаял-қызлар топары тәрепинен айтылатуғын муңлы зарға қосылып ҳәўжар айтатуғын болған.

Ҳәўжардың халық аўзында биреўден-биреўге өтип жүрген илланды тексти болады. Ҳәўжарды айтыўшылар сол ядланды тексти менен шекленип қалмай, иретли жеринде өзиниң шайырлығына салып бурынғы текстке қосып, ямаса өзи ядтан дөретип айта беретуғын болған. Халық арасында айырым кәниге ҳәўжар айтатуғын адамларды халық ҳәўжарпаз деп атаған.

Ҳәўжар қыздың узатылар тойының алдында айтылатуғын болғанлықтан оны халық тойдың басланыўына себепши қатарында есаплаған болыўы керек. Бул жағынан ҳәжар той баслаўға жақындай көринеди.

Ал енди соған қарамастан ҳәўжарда қыздың ата-ана, туўысқан-туўған, құрбы-құрдасларын, туўып-өскен жери менен ойнап-өскен аўылын қыймай, олар менен хошласыўы, қайғылы муңын билдириўи т. б. сыяқлы мазмунлық жақлары сыңсыўға жақын келеди. Ҳәўжар қарақалпақ халқының турмыс тиришилиги менен тилек-әрманын салт-санасы менен үрп-әдетин көрсеткенликтен оны нағыз қалықлық қосық деп атаймыз.

Халық арасындағы айырым информа торлардың айтыўларына қарағанда: «Қыз жеңгеси ең дәслеп узытыла туғын қызға оның узатыла туғынлығын, узатылыў тойының басланайын деп атырғанлығын бирден ашықтан-ашық айтып салмай, астар-

лы мәниде хабарлайды. Соның менен бирге қызды халық арасындағы Юсуп-Зилейха сыяқлы ашықларға теңеп мақтайды. Женгесинен узатыла туғынлығын еситип қыз дәрҳал жылайды»[1], — дейди. Булай етип хабарлаў — қыздың турмысқа шығатуғынлығын еситкенде қатты шоршына туғынлығын билген жағдайда ғана қолланылған әдиси болыўы керек.

Узатылатуғын қызды жубатыўдағы жигитлер менен қызлар топарының айтысы мынадай:

Жигит:
Сәўле түптиң сағасы санда болар,
Қырық кисиниң ақылы ханда болар,
Әкем дейип жылай берме қарындасым,
Әкең ушын—қайын атаң онда болар яр-яр.

Қыз:
Қамыс басы қалында айдаў-сайда,
Базардан алып келген бухар айна,
Әкең ушын—қайын атаң дей бересең,
Меҳирбаным әкемдей болмақ қайда яр-яр.

Усы қосықтың изинде жигитлер топары бир шуўмақ қосық пенен «Анаң ушын — қәйин енең онда болар яр-яр», «Ағаң ушын—қайнағаң онда болар яр-яр», «Иниң ушын—қәйин иниң онда болар яр-яр», «Синлиң ушын—бийкешиң онда болар яр-яр» десе, қызлар топарыда бир шуўмақ қосық пенен «Ақ сүт берген анамдай болмақ қайда яр-яр», «Байтерегим ағамдай болмақ қайда яр-яр», «Баўырманым инимдей болмақ қайда яр-яр», «Жез тырнағым синлимдей болмақ қайда яр-яр», — деп жуўап қайтарады. Жоқарыдағы қосық қатарларынан қыздың күшли гуманистлик сезими көринеди.

Узатылатуғын қыздың мына қосық қатарларындағы патриотлық сезим адамға күшли тәсир етеди.

Қыз:
Саўыры етигим қонышы тар, кийеалмайман яр-яр,
Қолым барып дүньямды жыялмайман яр-яр,
Ғамгүн болып жыламай мен қәйтейин,
Ели-халқым ҳәм журтым бунда болар яр-яр.

[1] Сонда, инв. № 46269, 1965 ж. 6—7-бетлер. Информатор Жарекеева Жийенгүл. Қарақалпақ, он төрт урыў Маңғыт, 75 жаста, Хожели районы, Чапаев көшеси, № 108 жай.

Жигит:
Саўыры етигиниң сабағы сонда болар яр-яр,
Қырық кисиниң ақылы ханда болар яр-яр,
Ғамгүн болып жылама қарындасым,
Ели-халқың ҳәм журтың онда болар яр-яр.

Ҳәўжарды күшли шайырлығы бар адам айтқанда олар бурынғы тайын ядланды текстин айтыў менен ғана шекленип қалмайды. Олар ядынан шығырып, шайырлық жырын төгип айтады. Мәселен, қарақалпақтың ақпа шайырлары Қулмамбет пенен Тынымның ҳәўжар айтысы бар. Бунда Қулмамбет өзиндеги шайырлық сөздиң булағын ағызып, ҳәўжар айта баслаған.Оның айтысы кең мазмунлықларды өз ишине алатуғын төкпе айтыс.

Феодаллық жәмийеттин үрп-әдети бойынша узатылып келин болып келген қыздың турмысы адам ашынарлық аўҳалда еди. Ол келин болып түскенде ата-енеси менен ериниң үйи ишине азан менен турып, сол семьяның барлығы жатқанша хызмет ислейди. Ўақты менен уйқлап, ўақты менен аўқатланып, ўақты менен ойнап-күлип, қыдырып жүре алмайды. Күнде узақ ўақыт аўыр жумыс ислеў менен ўақты өтеди. Сонда да сол түскен семьяның адамлары келининиң түни менен уйқламай дигирман тартып, сол үйдиң кеўилин табайын деп сонша жанын қыйнап хызмет ислеп жүрсе де, оның, қәдирин билмейди. Қайта оның ҳәр бир басқан изи, сөйлеген сөзи минли, өлшеўли болип, аўыр сөзлер айтып азаплайды. Ҳәттеки, өз-ара әйтеўир болмас ислер ушын-ақ урып сабайды. Ериниң үйиндеги усындай аўыр азаплар жүрегине түскен қыз, анық узатылып кетерменге келгенде. өз үйи менен қайнатасының үйин былайынша салыстырады:

Өз әкемниң есиги,
Жипек есик яр-яр,
Кирсем-шықсам шашымды,
Сыйпар есик ҳәўжар.
Қайнатамның есиги,
Шеңгел есик яр-яр,
Кирсем-шықсам шашымды,
Жулар есик ҳәўжар т. б.

Ҳәўжар айтысында қызлардың өзи сүйген қатар жигитине қосыла алмай, сатылып кетейин деп атырғандағы ашшы мунлы зары еситиледи. Айырым ержетпеген жап-жас қызлар зорлыққа ушырап, узатылайын деп атырғанда өзиниң ата-ана, туўысқан-туўғанларына менин жаслығымды айтып, бир жылша

алып қалың деп жалынып жылайды. Айырым қызлар өзи сүймеген адамына қалың малға сатқан әкесине қатты наразылығын билдирип былай дейди:

Қара мылтық, ақ мылтық,
Атқан әкем ҳәўжар.
Мал орнына өз қызын,
Сатқан әкем ҳәўжар.
Бала болар алған малың,
Жаттан әкем ҳәўжар.

Узатылатуғын қыздың туўысқан синлиси де ҳәўжар айтып жылайтуғын болған. Бунда ол апасының жат журтқа түскенлигин айтып қайғырыўшылық сезим билдиреди. Ҳәўжар айтысында қызлар топары да жигитлер топарына ҳәзил айтады. Олар мынадай деп ҳәўжар айтып, жигитлердің тойды баслаўына қозғаў салады:

Қара-қара қозылар,
Қой баслайды яр-яр,
Қәлем қаслы жигитлер,
Той баслайды яр-яр.

Ең соңында улыўма ҳәўжар айтыўшылар узатылатуғын қыздың өнип-өсиўин, бахытлы болыўын тилейди. Оған ақыл-кеңеслер айтады.

Академик М. Әўезов: «Бәдик пенен қатар үйлениўдиң саўық салтынан, әдет-ырымынан туўған «жар-жар» айтысын биз қазақтағы жалпы айтыс атлы жанрдың ең гөне түри және көплик түри деп таныймыз. Берман келе бул түрдиң де жәмийет тиришилигиниң раўажланыўына байланыслы мазмун жағынан раўажланып өзгериўи болған. Ондай үлгилеринде топтан бөлинип жеке жигит жаңаша, өзи шығарған сөзлерди айтады. Қыз да тобынан өзгеленип шығып, жалғыз айтып, жаўапласады. Көбинше әрман-наразылықлар айтылады. Бул ҳал, ески айтыс түриниң жеке шайырларды топлық түрден шығара баслағанын көрсетеди»[1], — деп жазса, филология илимлериниң кандидаты М. Жармуҳамедов: «Айтыс өзиниң тыңнан туўған тапқырлығы менен журтты тез баўрағыш тартымлылық сыпатлары арқалы

[1] М. Әўезов. «Қазақ әдебиятының тарийхы», I-том, Алматы, 1960, 686—687-бетлер.

қазақ өмириниң ҳәр саласы менен-ақ ертеден пите қайнаған жанр. Арғы түби сонаў гөне заманлардан топланып хор менен айтылатуғын «Бәдик», «Жар-жар» сыяқлы турмыс-салт жырларынан басланып, раўажланыўында қайымласыўдың сан қыйлы белеслеринен өткен бул жанр бирте-бирте әдебиятымыздағы кең арналы шайырлар айтысына келип уласқан», — деп жазған.

Бизде сөз етип отырған топар-топар болып, хор менен айтысатуғын ең дәслепки бәдик, ҳәўжар айтысларын, соңғы улыўма қарақалпақ айтысларының ең дәслепки басланғышы болды раўажланыўына белгили дәрежеде тәсир жасады деп исенимли айта аламыз.

«Алпамыс» дәстанындағы Гүлшин сақаў менен Қултайдың, Алпамыс пенен Гүлпаршының ҳәўжар айтыслары.

Гүлпаршын бул жерде үй толы қыз-келиншеклер мене отыра берсин. Ендиги бир сөзди Алпамыс султан менен Қултай бабадан еситесизлер. Булар екеўи көше қыдырып, аўыл аралап, үйме-үй сығалап, есикпе-есик үңилип, ким дос, ким душпан, бәрин билип жүрип, арадан бир қанша ўақыт өтти. Бир гезлери Қултайдың ядына баяғы жолда көрген Гүлшин айымның айтқан сөзлери түсип, Алпамысқа қарап:

— Әй, Алпамыс иним, менің миймим құрысын, қартайған кисиниң несин сорайсаң, ядымнан да шығып баратыр екен, есиме жаңа түсти, айтайын ба, иним? — деди.

— Қултай аға, меннен неге тартынасаң айта бер, — деди.

— Әй, Алпамыс иним, бүгин Гүлпаршын келининиң өлең тойы» деген тойы бар екен, сол тойда билген адамның өлең айтатуғын ойы бар екен, Ултан ханның анасы Гүлшин айым ҳәўжарпаз екен, бүгинги өлең тойда сол Гүлшин айым ҳәўжар айтып, той баслайды екен, бағана жолда ҳәўжар айтайын деп киятырған Гүлшинди көрдим. Маған бүгин кеште жаның болса жетегөр Қултай, ғаррылықтың қарсы келип, жигитликтиң желип өткен ўақтында екеўимиз қосық айтысып, бир қумардан шығайық деп жалынып кетип еди. Маған рухсат берсең сениң дәўлетиниң арқасында қолайын таба ғойсам, Гүлшин менен айтысып, мен де бир қумардан шығып, қайтсам қалай болады? — деди.

— Әй, бабам, сол Гүлшин шорыны «ҳәўжарпаз» деп айтысатуғын еди, ҳәўжар айтып жүрип, Қоңыраттың қаласында адам баласының Гүлшинди жеңген жери жоқ еди, деп есите-

мен. Шорыдан жеңилип қалып, сәл жерде адамға пәс қорлық келтирерсең Құлтай аға, — деди.

— Ой, балам, сенің султан ўақтында менің бий ўақтымда, Байбөри ағамның хан ўақтында, дәўлетлеримиздің жүрген шақтында, Жийдели Байсынның халықларының абат ўақтында, Ултан қой бағып, мен жылқы бағып жүрген ўақтында, Гүлшинниң Ултанды көремен деп келип-кетип жүрген шақтында, баратырғанда да, киятырғанда да, өткенде де, кеткенде де, айтысып жүрген шорым еди. Айқасып жыққан шорым еди, айтысып жеңип, айқасып жығып, үстине де талай шыққан шорым еди. Бабаң бүркит еди, ол түлки еди, құрысам сен кетип, құрып жүрмен ғой шырағым, сен бар да Гүлшин шоры өзимниң ғана мүлким еди. Мениң соннан басқа алатуғын аўым жоқ оны мениң женип шығыўыма ҳешкимниң даўы жоқ. Әўеле құдай деп айтайын. Гүлшинди женсем женемен, бирақ женилмеймен балам, обалыма қалма, мени бүгин жиберип ал, — деп зирилдеп қатып тура берди.

— Сениң Гүлшин шорыны женип жүргениң баяғы жаманжуман кийимниң ўақтыда шығар, ҳәзир оның күни сенде, сениң күниң онда турыпты, хабардар бол аға, — деди.

— Ол жағынан өзимниң де хабарым бар балам, сөйлейтуғын кийим емес, тил менен танлай ғой балам.

— Онда тәўирсең ғой бабам. Гүлшин шорыға бурыннан соңға үстем болып, гүрескенде жығып, айтысқанда женип, таласқанда үстине шығып жүрген болсаң, сени иркип не қылайын, онда бара ғой, — деди.

Құлтай, Алпамыстан рухсат алып, келиншектиң үстине өлең той етпеге кете берсин, ендиги бир сөзди Қоңыраттың қаласы менен даласындағы Ултан ханнан қорлық көрип, қуллардан зорлық көрип жүрген Алпамыстың яранларынан еситесизлер.

Алпамыстың айтыўы бойынша Байбөриниң берген хабары менен қуўанышлары сыймай биринен-бири еситип, еситкенлерден нәрсе қалмай, душпанларға сездирмей, қулларға туйдырмай, астыртын ғана әсте-ақырын келип, найзаларын саплап, ҳәр түрли саўдаларға өзлерин жақсылап сақлап, ертең тойға шабамыз деп, минген атларын баплап, Қоңыраттың қаласында, тойханадағы халықлардың арасында, билгенлерин ишлеринде сақлап, «мал аласы сыртында, адам аласы ишинде» дегендей-ақ булар қашан Алпамыстан хабар болар екен деп сыртан қараўыллап, иштен тың-тыңлап жүре берди. Булардың не қыялда жүргенлигинен қара маңлай дәўлети қайтқан Ултан ханның адамларының ҳеш қандай хабары болмады.

Қоңыраттың бурынғы гөне жигитлери менен Алпамыстың дос-ярлары көптиң бири болып, тойхананың дөгерегинде жүре берсин, ендиги бир сөзди баяғы Гүлшин шоры менен өлең айтысыўға кеткен Құлтайдан еситесизлер.

Ханның тойы әнейи болсын ба, қатарына 300 үй тигиўли турған екен. Алпамыстан қалған ақ орданың ишине, гилең қызлар менен келиншеклер лыққа толған екен. Өлең той келиншектиң үстинде болатуғын шығар деп, Құлтай пақыр да бүгежеңлеп барған екен. Гүлшин шоры гилең ҳәўжар айтатуғын қыз-келиншеклердиң биреўин де қалдырмастан алдына шақырып алған екен. Гүлшин шоры қолына қамшы алып, ортада түргелип турған екен. Тандыйы шыққыйлай. өлең айт! — деп, қызлар менен келиншеклердиң басларына зобаланды салған екен. Ултанның тойына барамыз деп, келиншеклер менен қызлардың басы үлкен бәлеге қалған екен. Сол ўақта Құлтай үйдиң сырт бетинен билдирмей барып, керегениң көзинен қолын суғып, Гүлшин айымның басындағы жипек жегдесин тартып алып, бир бурышын тақымына басып отыра қалды. Ол заманда кимде-ким өлең тойда отырып той баслайтуғын болса. яки ҳәўжар менен еки жақ жарпы болып, қыз бенен жигит айтысатуғын болса, сол адамға келгенлигин билдирип, өзин таныстып, бир кийимине қол салатуғын еди.

Анда Гүлшин айым басындағы шаршысынан биреўдиң келип тартқанын билип, кимде болса меним менен айтысыўға келген биреў ғой деп қызларға қарап, булай баслады:

Гүлшин:

— Таў баймекен дегеним таў баймекен,
Таў ишинде қыжыл гүл баў баймекен,
Шүў дегеннен өленди башлай беймей,
Қыйылғайдың қыжлайы бижиң тойда,
Алдында қойшап туйған жаў баймекен ҳәўжай,

Шәўкелеңе тағылған бой таштайын,
Оқлай тийген қуландай ойқашлайын,
Ултан балам Қоңыятқа хан болғанда,
Шөлемешең тейин шөйлең шийкин қыжлай,
Өжим-ақ ойтаңыжда той башлайын ҳәўжай.

Қуйдым тайтқан шуўдайым тыйылғыйлай,
Отқа күйген тейидей жыйылғыйлай,
Ултан балам Қоңыятқа хан болғанда,
Уялмай анасына той башлатып,
Отыйшыж-аў көжи шыққый қыйылғайлай ҳәўжай

Ала мойнақ шейке қой жол башлайды,
Аяғын аннан-шаннан бий ташлайды,
Қыйылғыйдың қыжлайы үндемеше,
Хан анашы Гүлшиндей айым туйып,
Өленди бижден буйын ким башлайды ҳәўжай?

Қаяў қашлай дегеним, қаяў қашлай,
Кейбеж қатын түймесин ҳайўанқашлай,
Қыйылғыйдың қыжлайы бижин тойда,
Өлең айтшаң болмай ма уйғашылай,
Ойтадағы отыйғанлай шайшы ташлай ҳәўжай.

Тойға келген қыж-жигит ойнап құлей,
Ойнаған бий-бийеўиниң қәдийин билей,
Қыйылғыйдың қыжлайы бижин тойда,
Той башлашаң болмай ма уйғашылай,
Ултан балам шижлейге оямал бейей ҳәўжай

Тойға келеди қатын улы менен,
Улы жылап шығады түни менен,
Қыйылғыйдың қыжлайы той башлашаң,
Тойдағы қыжлай менен жигитлейден,
Оямал, шайшы келей пулы менен ҳәўжай.

Атым Гүлшин дегеним, атын Гүлшин,
Мени шүйген бойдақтың иши күйшин,
Қыйылғыйдың қыжлайы жаныңа байда,
Шыяғымның тойында айтың өлең,
Пейжентимниң тойлайы бық-жық болшын ҳәўжай.

Тойға минип шыққаным ейсиз жайдақ,
Хан атланша қол шығай шан мын бойдақ,
Тойында Ултан атлы шыяғымның,
Айтышқандай баймекен менің менен,
Өмийинде қыж алмаған ҳәўшей бойдақ ҳәўжай.

Қудайым жалғыжыма жүйим бейгей,
Балама не бейше де бүгин бейгей,
Қойыққандай неғып туйшаң үй шыйтында,
Башымнан шайшымды алған өлим бейгей ҳәўжай.

Қ у л т а й:

— Кийдим кибит дегеним, кийдим кибит,
Орыс, ноғай кийгени ешки түбит,
Қатыным өлгенине үш жыл болды-аў,
Ҳәзир тап усы күнде меним өзим,
Жеңгежан қыз алмаған бойдақ жигит ҳәўжар

Әўел айым дегеним, әўел айым,
Жалын салып жорғалар минген тайым,
Таўып айт сөз тазасын Гүлшин айым,
Келискен қутлы болсын сайма-сайың,
Үй сыртынан түсыңа келип отыр,
Баяғы минип түскен жорға тайың ҳәўжар.

Г ү л ш и н:

— Әўел ақбан дегеним, әўел ақбан,
Тойдан қайтқан бойдақлай сыйнай тайтқан,
Қыйылғыйдың қуллайы қутыйыпты-аў,
Ким болады үй шыйтынан тушыма кеп,
Көп ишинде уялмай атымды айтқан ҳәўжай?

Қ у л т а й:

— Әўел айым дегеним, әўел айым,
Қара инген, қуба нар, шөлге қайым,
Таўып айт әңгимеңниң тазасынан,
Үй сыртынан түсыңа келип турған,
Бағана жолда көрген Қултай байың ҳәўжар.

Г ү л ш и н:

— Ояғынан дегеним, ояғынан,
От шығады бедеўдиң туяғынан,
Қыйылғыйдың қуллайы қыйылдың ба,
Қолынан тайтып айман шүйлеп ташлаң,
Шөйлеп туйған шийкинниң шыйлағынан ҳәўжай.

Қултай:

— Отлар шықса бедеўдиң туяғынан,
Суў көринер сулыўдың тамағынан,
Қултай байың геўдене мине ғойса,
Төбемде тикке турып Ултан балаң,
Тартса да мен түспеймен сыйрағымнан ҳәўжар.

Гүлшин:

— Той күни айқа жақтан желлей ешей,
Ышшылаған қыж-жигит ҳай-ҳай дешей,
Қул шийкин жаның байда кет айнаққа,
Аўжыңа келген шөжди айта беймей,
Ултан балам ешитше төбең тешей ҳәўжай.

Қултай:

— Ата ерер болар ма баласына,
Қыз да кейир болар ма анасына,
Сыйрағынан сүйреп тасла дейсең Гүлшин,
Тартып сөйле тилиңди өзиң әдеп,
Хан да тийер болар ма бабасына ҳәўжар.

Гүлшин:

— Шуў келеди иже-иж жайы менен,
Айт өлеңиң қул шийкин жайы менен,
Қыйылғыйдың қуллайы қутыйыпты-аў,
Тилиңди тайтып шөйле Қултай шийкин ҳәўжай.

Қултай:

— Бәрекелла, жеңгежан ойыныңа,
Таққан тумар жарасар мойыныңа,
Тартып сөйле тилиңди өзиң әдеп,
Себеп пенен тойыңа келе қалдым,
Бүгин мени алагөр қойыңына ҳәўжар?!

Гүлшин:

— Тайтылмаған текедей бақылдама,
Қыжыл тилиң таңлайда тақылдама,
Қыйылғыйды қуллайы шүйлеп ташлаң,
Қутыйдың ба Қултай атлы қул шийкин-аў,
Оң жағымда ғайғадай ғақылдама ҳәўжай?!

Қултай:

— Бәрекелла жеңгежан туўысыңа,
Бир қысым боп кирейин уўысыңа,
Аңлап айт әнгимеңди Гүлшин сақаў,
Мен ғарға болсам, сен бир гүжим,
Ғарға уя баспасын қуўысына ҳәўжар.

Гүлшин:

— Ешабын тапқан жигит жатып алай,
Жатып алша қыжыққа батып алай,
Гүжимге уя башып жүйгенинде,
Қоныятта қул мейгенлей атып алай ҳәўжай.

Қултай:

— Қақайтарман хызметте жаттырмастан,
Жатқанға Қоңыраттан дуз таттырмаспан,
Қоңыраттағы қуллардың мергенине,
Аўызына зыңғытарман, аттырмаспан ҳәўжар.

Гүлшин:

— Тойшық байлап бож бийем шидейлейин,
Тежектей отқа қалап күйдийейин,
Қул шийкин көп шөйлемей кет аўлаққа,
Тилиңди жалладлайға тилдийиейин ҳәўжай.

Қултай:

— Бир анадан туўған құрдас едиң.
Биз бенен баяғыда жолдас едиң,
Сен қойды, мен жылқыны баққан ўақта,
Сәрсебиздиң көлинде ойнас едиң ҳәўжар.

Гүлшин:

— Ағам бейген аў мылтық атып едим,
Ақ алмадан қошылып татып едим,
Көп шөйлемей қул шийкин кет аўлаққа,
Шен түўе хан, төйе мен жатып едим ҳәўжай.

Қултай:

— Жоқ жерден өзиң бәле тапқаныңды,
Кел Қултай ойнайық деп айтқаныңды,
Ақ түйениң қәтеби аўған жерде,
Умыттың ба қосылып жатқаныңды ҳәўжар.

Гүлшин:

— Шен жылқы, мен қой бағып жүйгеним жоқ,
Шениңдей қул менен ойнап күлгеним жоқ,
Аўжыңа келген шөжди айта бейме,
Оның түўе түшимде де көйгеним жоқ ҳәўжай

Қултай:

— Ҳаўа булт, қалың қар жаўмады ма,
Нар түйениң қәтеби аўмады ма,
Енди умыт болды ма Гүлшин шоры,
Торсық байлап боз бийе саўмадың ба ҳәўжар?

Гүлшин:

— Ҳаўа булт, қалың қай жаўған жоқтуй,
Най түйениң қәтеби аўған жоқтуй,
Көп шөйлемей қул шийкин кет аўлаққа,
Бийе түўе қойынды саўған жоқтуй ҳәўжай.

Қултай:

— Биз бенен бирге ойнап күлгениңди,
Азғана күн дәўранды сүргениңди,
Умыттың ба султан аўға кеткен күни,
Қой қораның төринде көргениңди ҳәўжар?

Гүлшин:

— Тандыйы шықкый Қултай қышқайғ тилди,
Шөжиң уят болғансоң ҳәмме күлди,
Қыйылғыйдың қуллайы қайда кетти,
Тойдан қуўып жибеймей Қултай қулды ҳәўжай.

Қултай:

— Буннан барып байларға дийқан турсақ,
Бийик жерде керизине шығыр қурсақ,
Сен маған тийермисең Гүлшин шоры,
Аға өлсе, иниге мурад деген,
Қазы әкеп хан алдында неке қыйсақ ҳәўжар.

Гүлшин:

— Шен шийкиниң жажаңды балам бейей
Айтып туйған шөжиңе ишим күйей,
Көп шөйлемей қул шийкин кет аўлаққа,
Шен қушаған ешейге ийтим тийей ҳәўжар.

Қултай:

— Гүлшин сен гәп аныңын айталмадың,
Үндемей үйде тыныш жаталмадың,
Көргениң көз алдында турған шығар,
Айтыўға Ултан қулдан баталмадың ҳәўжар.

Гүлшин:

— Байшыннан ғажлай ушай қатай-қатай,
Қоңыяттың мейгенлейи мылтық атай,
Шийкин-аў Қултай шениң шөжиң дуйыпа,
Шен қушаған қул менен ийтим жатай ҳәўжай.

Қултай:

— Қосық айтып бир тойдан қос ат алдым,
Усының менен тойдан бес ат алдым.
Алпамысым барында бий деўши еди-аў,
Ултан таздың ўағында қул атандым ҳәўжар.

Гүлшин:

— Шен шийкин қайшы тойдан қош ат алдың,
Өшиң байып патшадан уўықшат алдың,
Жүўеймегиң байында да қул деўши еди-аў,
Қай ўақта бий шен шийкин бий атандың
ҳәўжай?

Қултай:

— Бурын сен бундай дәўран сүрип пе един,
Жипек түўе желекти көрип пе едиң,
Байбөри хан, Алпамыс султан ўақта,
Мен бундай жылап-еңиреп жүрип пе едим ҳәўжар?

Гүлшин:

— Ўжақтағын қул шийкин көйгендей-ақ,
Көп шөйлейшең бий найше билгендей-ақ,
Аўжына келген шөжди қайтаймайды-аў,
Бийжақтан шонтық хабай келгендей-ақ ҳәўжай.

Қултай:

Көп сөз айттым мәнисин билмедиң ғой,
Айтқанымды көзиңе илмедиң ғой,
Жаманға өлим бар ма сақаў Гүлшин.
Сонша сөзди еситип өлмедиң ғой ҳәўжар.

Гүлшин:

— Ҳажылай жиятлай Меккшине,
Шөйледи-аў Қултай шийкин кекешине,
Енди өлең айтпайман кетей болды-аў,
Тап Байшын жанның некешине ҳәўжай.

Қултай:

— Батыр болған алыстан пикир ойлар,
Байсынның шарўалары көлди жайлар,
Ултан балам дейсең де ҳеш қоймайсаң,
Ертең песин баланды топқа байлар,
Басына күн туўғанда Гүлшин сақаў,
Жол табалмай көп қулын одағайлар ҳәўжар

Бир нәрсени қәйниңиз билди ҳаўўа,
Билмек туўе көзлери көрди ҳаўўа,
Пышақ ур да өле қал Гүлшин шоры,
Хабар түўе суңқарым келди ҳаўўа.
Жети жылғы ушырған қаршығамыз,
Қуўрап қалған туғырына қонды ҳаўўа ҳәўжар

Ат сүринген майданның хан тасы ғой,
Аққаны көзлериниң сел жасы ғой,
Ултан балам дейсең де сен қоймайсаң,
Той дегениң баланның қарасы ғой.
Инанбасаң көрерсең ертең песин,
Айтқаным әңгимениң ырасы ғой ҳәўжар.

Оқыдым қолға алып мәрттиң хатын,
Қайтаралмас ҳеш адам мениң пәтим,
Аса кетип сөйлеме Гүлшин шоры,
Ақырында боларсаң бизге қатын.
Иншалла деп айтайын Ултан балаң,
Бузалмас Алпамыстың аманатын ҳәўжар.

Сөз баслар көп ишинен кеменгери,
Кеменгерден табылар сөздиң дүри,
Қултай менен Гүлшиниң айтысқанда,
Бабаңның бул шорыны жеңген жери ҳәўжар.

Жети жыл ҳәм жети ай дегенинде,
Алпамыстың аўылына келген жери,

Басынан дәўлет тайып Ултан қулдың,
Батырдың тахтына кеп минген жери ҳәўжар.

Дослар қутылып, душпанның зулымынан,
Байсын елдиң абадан болған жери.
Қорлық көрип, зорлыққа шыдай алмай,
Көшкен халық қыслаўына қонған жери ҳәўжар.

Батырлық Алмамыстың еткен кәри,
Мәс болды Қоңыраттың халықтың бәри,
Сонша жыл азап шегип, қорлық көрген,
Бабаңыздың етинен кетти зәҳәри ҳәўжар.

Бабаңыздың сақалы ҳаррыйып тур,
Мурнында батпан шамал парыйып тур,
Теңгермей сонша қулды лапызына,
Жалғызы келгеннен соң гәрдийип тур ҳәўжар.

Қултай айтысып Гүлшинди жеңип болып, гәрдийнўи менен Алпамыстың қасына барды.

— Қултай баба не қылдың, Гүлшинди жеңдиң бе, я жеңилип қалдың ба? — деди.

— Ой, балам-ай, қудайым сени көзге көрсетер де, мен адам бендеден жеңилермен бе, қурысам Ултанның табанында женшилип, таўдың үстинде түйе бағып қурып жүрмен ғой, жеңгенде Гүлшинди жер менен жексен еттим-ә, — деди.

— Қултай баба, бул жерде еке ўйимиз бирден көп турмайық, ендиги мәсләҳәт не? — деди.

— Ендиги мәсләҳәт буннан ғана дуўры кетсең, тап Баршын келининиң тусына жетсең, қандай аўҳалда о тырғанын билсең, өз көзиң менен ғана көрсең, гүнасын мойнына қойып, оннан қәҳәр етсең, сениң атыңды тутып, үстине қара кийип о тырған болса, өз аўзың менен бир-еки аўыз сөйлесип қайтсаң, қалай деген менен де жүдә жақсы болар еди, балам, — деди. Анда Алпамыссултан Қултайға қарап:

— Ой-ой, Қултай ағай, мен ялғаншыға шығып биреў менен яғлы бәҳәр айтысып көргеним жоқ еди, дилдарым сөз баслай ғойса, мен не деймен? — деди. Анда Қултай Алпамысқа қарап:

— Аман-саў отырмысаң, Гүлпаршыным,
Байы өлип жесир қалған тул Баршыным,

Ханға тийип мақтанып, той бергенше,
Ишине пышақ салып өл Баршыным! — деп

сен әдеп сөз басласаң сөз жулынына тийгеннен кейин ол да саған қарап сөз баслар, гәпине қарап гәп айтпай, сөзине қарап сөз айтпай, жаның жоқ па, әңгимесиниң аяқ алысына қара да айта бер, — деди. Анда Алпамыс әжеп болады бабам деп түнде Гүлпаршыныың тусына барып, үйдиң сыртынан Құлтай болып екеўиниң айтысқаны:

Алпамыс:

— Гүлпаршыным дегеним Гүлпаршыным,
Айтқан сөздиң мәнисин бил Баршыным,
Ултан қулға сен тийип той қылғанша,
Ишине пышақ сал да өл Баршыным ҳәўжар.

Себеп болды бир нәрсе жүрмегиме,
Жақсы болды сөз ашып көрмегиме,
Байшубар байланыпты буйынтыққа,
Қара нарым қанғырып келмегенде,
Жақынлап турып едим өлмегеме ҳәўжар.

Келинжан, ашыўлан ба бизиң сөзге,
Болғаны өтирик пе кеўлиң өзге,
Усы той, аныҡ сениң тойың болса,
Бир мен емес, мәлим ғой барлық көзге ҳәўжай.

Гүлпаршын:

— Не қылайын ашыўланбай ашшы сөзиң,
Ултан да қул, сен де қул шықсын көзиң,
Той сеники деп маған жабысасаң,
Қайнаға-аў қандай ҳалда жүрсең өзиң ҳәўжар.

Батырлар жаўға атланса қурар шатыр,
Қалмаққа кетип еди бизиң батыр,
Көп сөзди сениң менен биз қояйық,
Қой баққан Жәдигержан айда жатыр ҳәўжәў.

Бул үйде отырғанды мен билмесем,
Құлтайды Байсарыдан кем көрмесем,
Үйде отырып не билейин Жәдигерди,
Даланы гезип жүрген сен билмесең ҳәўжар.

Алпамыс:

— Көзиңди ашып Баршын, сен көрмедиң,
Бул тойда мәслик пенен бир күлмедиң,
Ултан қулға тийди деп халық айтады,
Айтпастан бурын неге сен өлмедиң ҳәўжар?

Гүлпаршын:

— Жолаўшы кетип еди қыясына,
Нар түўе дарыйды екен маясына,
Байшубар байлаўлы тур буйынтықта,
Неге өлейин қайнаға-аў мен бул тойда,
Суңқарым қонғаннан соң уясына ҳәўжар.

Алпамыс:

Шашыңды тас төбеңе түйсең бойма,
Тамызықлы отындай күйсең бойма,
Құлдан-құлдың неси артық Гулпаршын-аў,
Ултан қулдың жанында жатқаныңша,
Қайнағаңыз Құлтайға тийсең бойма ҳәўжар?

Гүлпаршын:

— Сен келипсең қайнаға-аў таўдан асып,
Таўдан асқан шаңларға араласып,
Батырдың бабасы деп жүрип едим,
Сен де үмит еттиң бе қара басып ҳәўжар.

Алпамыс:

— Ҳәр нәрсе келе ме екен ойыңызға,
Несип айдап мен келдим тойыңызға,
Елден таўып алыпсаң қатарыңды,
Таўланған тал шыбықтай бойыңызға ҳәўжар.

Гүлпаршын:

— Жолаўшы узақ жолға кетти ме екен,
Душпанның айт қан сөзи питти ме екен,
Жала сөз айтып маған жабысасаң,
Баршынды Ултан қулдың аларына,
Қайнаға-аў көзиң аныҡ жетти ме екен ҳәўжар?

Алпамыс:

— Усы той, сениң аныҡ тойың дейди,
Батырдан бөлек болған ойың дейди,
Ултанға ўәде берип тийемен деп ,
Бурынғыдан көп өскен бойың дейди ҳәўжар.

Гүлпаршын:

— Қайнаға-аў, ермек етип күлме маған,
Мениң де күним келгей күлсең саған,
Бир нышан көрип үйиң қапталында,
Тәўбе еттим тәңириме, қолда жағам ҳәўжар.

Дүньяның неге керек бизге молы,
Үстимнен түсти Ултан қулдың жолы,
Ақордаға кирсеңши келип жаным,
Тиймесин маған қулдың ҳарам қолы ҳәўжар,

Бул гәпти қыз балалар анық билиң,
Көкти таслап, үстиңнен қызыл кийиң,
Қара бултта ашылып күним шықты,
Барлығың шақалақлап ойнап күлиң ҳәўжар.

Ултан қул қуртып еди Байсын бойын,
Қоныратқа мәлим еди мениң жайым,
Қызыл гүлдей жарқырап мәс болыңлар,
Ашылып дәл онтөрттен туўды айым ҳәўжар.

Айланды қараңғыға бурын күним,
Үзиле жазлап қалды мениң белим,
Қыз-келиншек гүл жайнап қызыл кийип,
Абадан болар және Байсын елиң ҳәўжар.

Ойласам басларымда әрманым көп,
Ултан қул түсинбеди қылсам да еп,
Байшубар байланыпты ақырына-аў,
Енди өлсем қайнаға-аў әрманым жоқ ҳәўжар.

Қарақалпақ халық жыраўы Қурбанбай Тәжибаевтың «Алпамыс» дәстанындағы Алпамыс пенен Гүлшин ҳәм Гүлпаршынның ҳәўжар айтыслары.

Әне, Қултай баба адамлардың аралары менен аҳыў-зары Баршынжан той постыны шақырлап, сары жайы қолында, үйлерге сығалап жүз баслы бир отаўға кирсе, Гүлшин шоры кеткен екен семирип, мардыйып ортада мардандай болып, қа-

раталдың қадасынан бир таяқты қолға алып, турған екен, ҳәр қатынға «Хан баламның тойында «Ҳаўжай» — айтатуғын қайсы қатын», — деп лап урып. Бул Гүлшин менен ғарры Қултай курдас екен. Қултай секилли болып, постынды шақырлатып, отаўға кирип келди. «Тең-теңи менен, тезек қабы менен», — деген курдас жан, деп Балдам Шорының билегинен услап алды. Сол ўақытта айтыспаға болмады. «Айт» деген қатынлардың арасынан көп даўыс шыға берди. Буған шыдамай Гүлшин мақтанып айтады, масқаралап айтады:

Гүлшин:

Қыж жасымда мен едим,
Онтөйт ай жасай байқаман,
Балам патша болыпты,
Жоқты менде енди айман.
Сәдағына сат байлап,
Мен айтайын яй-яй.,

Алпамыс:

Таўдың басы далалар,
Онтөртиниң ишинде,
Байдың ешкисин бағып,
Көрмеппедиң қайғы зар,
Дәўлет туўып басыңа,
Саған мен айтайын,
Гүлшин айым яр-яр.

Гүлшин:

Балам мениң Ултан хан,
Алған йайы Байшынжан,
Санйғында той бейип,
Енди жоқты менде әйман.
Қутлығына айтайын
Бүгин енди яй-яй.

Алпамыс:

Күнлик деген бир әрман,
Баяғы қайғы заманың,
Шығып кетти ол ядтан,
Тойлар берип бул күни,
Айттым ҳәўжар тойымда
Гүлшин сақаў яр-яр.

Гүлшин:

Бағымда бай лалазай,
Қыз Байшынды қойыпты,
Ултаныма миясай,
Қан баламның тойында,
Қайылмай айтайын,
Усы бүгин ҳәўжай, яй-яй.

Алпамыс:

Таўдың басы лалазар,
Бир күн дәўлет келгенде,
Бий ақыллар қуўанар,
Баршын ярым Ултанға,
Боларма екен миясар,
Салтантлы тойыңа.
Гүлшин сақаў яр-яр?

Гүлшин:

Алтын бақа қостым ай,
Асмаймедим яй-яй.
Қоллайында дәстегүл,
Шашайын деп яй-яй.
Хан баламның тойында,
Дәйя киби, мен өзим,
Таспашмедим яй-яй.

Алпамыс:

Ҳәрбир, ҳәрбир қумлардан,
Аспасединг яр-яр.
Шағыр көлдиң бойында,
Алты туўған төрт шопан,
Әйне қарлы күнинде,
Баспаймедим яр-яр.
Сол ўақлары Гүлшин-ай,
Қарай берип сөйледи
Қылдым енди Қултайжан,
Паянсыз тойдың азаны,
Душпан келип үстине,
Сарғайтлайын жүзимди,
Бий адамға усаттым.
Қултайман деген сөзинди,

Деген ўақта бий Қултай,
Қатынларды басқылап,
Шығып қайтты далаға,
Сары жайын паналап,
Көп адамды аралап
Ҳәр үйлерге бир кирип.

Алпамыс:

Ашық болған мәс урар,
Күйген жанлар мәдетгәр,
Ултан таздың өзинге,
Сиз болыпсыз миясар,
Мени билсең бий Қултай,
Той баслайын яр-яр.
Қайғысыз болмас тири жан
Тири емеспе мәрт Султан,
Той емести бул зиндан,
Көп қайғыдан яр-яр.
Жан қайнаға ҳаўжар,
Шад болады тири жан,
Дәртинге болар дәрман,
Ханың алса не әрман,
Салтанатлы тойыңа
Айтсам Баршын яр-яр?

Гүлпаршын:

Дәртти көзлер жан,
Нешше жыллардан берли,
Мен шықпадым ғүлпеттен,
Алса менің жанымды,
Бул дүньяда разыман
Кеўлиң ушын қайнаға,
Мен айтайын яр-яр.

Алпамыс:

Тул Баршыным яр-яр,
Ултан тазға тийгенше,
Өл Баршыным яр-яр.
Ғамға кеўлим толтырып,
Ол кесаны толтырып,
Қойды дейди яр-яр.
Жыраўдың ҳәўжары
Алпамыстай башшағардың

Көзи оттай жанады.
Жәмди алып қолына,
Атты бәлент ҳаўаға,
Келип түсти кесаға,
Қыздың ҳақлығына,
Шад болады яр-яр.
Алпамыстай мәрт султан,
Баршын атлы қызлардың,
Мойнына қоллар салады,
Ақ жүзинен арыўдың
Поса алды яр-яр.
Ақ сийненниң үстине,
Қыз Баршындай перийзат,
Оймақ ойды яр-яр.
Еки ашық қосылып
Ақорданың ишине,
Қәдем қойды яр-яр.
Шашты сегиз өреди,
Бағдың гүлин тереди.
Гүлдей болып оралып,
Ақ отаўға киреди.
Екеўлери шақ болып,
Отырады яр-яр.
Дәўран сапа сүрүр болса,
Ғаним душпанның жайы,
Ҳайран болды яр-яр.
Еки ашық қосылып,
Кеўиллери жосылып,
Я бир жылап, я күлип,
Олар ўақтын қошлады.
Басындағы кебенек,
Оны атып таслады.
Үстиндеги постынды,
Басындағы қожалақ,
Буны пинҳәм қояды,
Қыз Баршынның арқасында
Алпамысқа арналған,
Көп кийимлер бар еди,
Мәртти суўға түсирип,
Кийим берип үстине,
Жипек орамал менен
Аўзы басын сылады.
Пәр төсекти төседи.

Ғамға кеўлин толтырып,
Сағынған екен Алпамыс,
Баршындайын сулыўды,
Дизесине миндирип.
Сөзлерге қандай отарды,
Өзи еди орта жас,
Узын бойды қәлем қас,
Женге еди ҳәркимге,
Алты қатын бар еди,
Дүньяда болмаған қуў бас,
Даўыс тынып келди деп,
Ултан залым келди деп,
Мойынына арыўдың,
Енди қолын салды деп,
Пашек гүлдей шырмалып,
Енди Баршын қалды деп,
Әстен басып аяғын,
Үйге салды қулағын,
Керегени көтерип,
Алты қатын қараса,
Душпанға салған қайғызар,
Омыраўы есиктей,
Билеклери тоқпақтай,
Жаўрынлары қақпақтай,
Манлайының ортасы,
Төрте қарыс кере бар,
Аўызлары оймақтай,
Сөйлеген сөзи қаймақтай,
Баршын арыў дизинде,
Отырыпты бир арыслан,
Танып алды қатынлар,
Алпамыстың өзини.

«Ҳәўжар» ямаса «Яр-яр»дың түрлери.

Жигит:

Сәўле түптиң сағасы санда болар,
Ақылы қырық кисиниң ханда болар,
Әкем дейип жылай берме қарындасым,
Әкең ушын қайын атаң онда болар яр-яр.

Қыз:

Қамыс басы қалында айдаў-сайда,
Базардан алып келген бухар айна,
Әкең ушын қайнатаң дей бересең,
Меҳирбаным, әкемдей болмақ қайда яр-яр.

Жигит:

Сәўле түптиң сабағы санда болар,
Ақылы қырық кисиниң ханда болар,
Анам деп жылай берме қарындасым,
Анаң ушын, қәйин енең онда болар яр-яр.

Қыз:

Қамыс басы қалында айдаў-сайда,
Базардан алып келген бухар айна,
Анаң ушын қәйин енең дей бересең,
Ақ сүт берген анамдай болмақ қайда яр-яр.

Жигит:

Сәўле түптиң сабағы санда болар,
Ақылы қырық кисиниң ханда болар,
Ағам дейип жылай берме қарындасым,
Ағаң ушын қайнағаң онда болар яр-яр.

Қыз:

Қамыс басы қалында айдаў-сайда,
Базардан алып келген бухар айна,
Ағаң ушын қайнағаң дей бересең,
Арысланым ағамдай болмақ қайда яр-яр.

Жигит:

Сәўле түптиң сабағы санда болар,
Ақылы қырық кисиниң ханда болар,
Сиңлим дейип жылай берме қарындасым,
Сиңлиң ушын бийкешиң онда болар яр-яр.

Қыз:

Қамыс басы қалында айдаў-сайда,
Базардан алып келген, бухар айна,
Сиңлиң ушын бийкешиң онда болар дей бересең,
Меҳирбаным сиңлимдей, болмақ қайда яр-яр.

Жигит:

Сәўле түптиң сабағы санда болар,
Ақылы қырық кисиниң ханда болар,
Иним дейип жылай берме қарындасым,
Иниң ушын қәйиниң онда болар яр-яр.

Қыз:

Қамыс басы қалында айдаў-сайда,
Базардан алып келген бухар айна,
Иниң ушын қәйиниң онда болар дейбересең,
Меҳирбаным иним дей болмақ қайда яр-яр.

* * *

Жигит:

Саўыр етиктиң сабағы санда болар яр-яр,
Қырық адамның ақылы ханда болар яр-яр,
Ғамгүн болып жылама қарындасым яр-яр,
Атаң ушын қайнатаң анда болар яр-яр.

Қыз:

Жаз күни жаўған жаңбыр жаңға пайда яр-яр,
Ойнайды ақ шабақлар терең сайда яр-яр,
Неше жақсы болса да қайын атам яр-яр.
Асқар таўым атамдай болмақ қайда яр-яр.

Жигит:

Саўыр етиктиң сабағы санда болар яр-яр,
Қырық кисиниң ақылы ханда болар яр-яр,
Ғамгүн болып жылама қарындасым яр-яр,
Анаң ушын қайын енең онда болар яр-яр.

Қыз:

Жаз күни жаўған жаңбыр жаңға пайда яр-яр,
Ойнайды ақ шабақлар терең сайда яр-яр,
Неше жақсы болса да қәйин енемиз яр-яр,
Ақ сүт берген анамдай болмақ қайда яр-яр.

Жигит:

Саўыр етиктиң сабағы санда болар яр-яр,
Қырық кисиниң ақылы ханда болар яр-яр,
Ғамгүн болып жылама қарындасым яр-яр,
Ағаң ушын қайнағаң анда болар яр-яр.

Қыз:

Жаз күни жаўған жаңбыр жанға пайда яр-яр;
Ойнайды ақ шабақлар терең сайда яр-яр,
Неше жақсы болса да қайнағамыз яр-яр,
Байтерегим ағамдай болмақ қайда яр-яр.

Жигит:

Қырық кисиниң ақылы ханда болар яр-яр,
Саўыр етиктиң сабағы санда болар яр-яр,
Ғамгүн болып жылама қарындасым яр-яр,
Синлиң ушын бийкешин анда болар яр-яр.

Қыз:

Жаз күни жаўған жаңбыр жанғай пайда яр-яр,
Ойнайды ақ шабақлар терең сайда яр-яр,
Неше жақсы болса да бийкешимиз яр-яр,
Жез тырнағым синлимдей болмақ қайда яр-яр.

* * *

Сабағы саўыр етиктиң санда болар ҳәўжар,
Ақылы қырық жигиттиң ханда болар ҳәўжар,
Көп жылама қарағым ғамгүн болып
ҳаў Гүлайда,
Анаң ушын қәйин енең онда болар ҳәўжар.

Ҳаў, Гүлайда!
Қолаң қара шашыңның ушы-аў майда ҳәўжар,
Жылай берме қарағым ғамгүн болып ҳәўжар,
Әкең ушын қәйин атаң онда болар ҳәўжар.

Ҳаў, Гүлайда!
Қолаң қара шашыңның ушы-аў майда ҳәўжар,
Жылай берме қарағым ғамгүн болып ҳәўжар,
Аған ушын қайнаған онда болар ҳәўжар.

Ешки сүйер баласын ылағым деп ҳәўжар,
Секирген таў басында шунағым деп ҳәўжар,
Жылай берме қарағым ғамгүн болып ҳәўжар,
Синлиң ушын бийкешиң онда болар ҳәўжар.

Қой сүйеди баласын қозым-аў деп ҳәўжар,
Билмейтуғын ҳешнәрсе назым-аў деп ҳәўжар,
Қарағым жылай берме ғамгүн болып
ҳаў, Гүлайда,
Иниң ушын қәйиниң онда болар ҳәўжар.

* * *

Қыз:

Сәўри етигим қонышы тар, кийе алмайман яр-яр,
Қолым барып дүньямды жыялмайман яр-яр,
Ғамгүн болып жыламай мен нейтейин,
Ел-халқым ҳәм журтымды қыялмайман яр-яр.

Жигит:

Сәўри етигиңниң сабағы санда болар яр-яр,
Қырық кисиниң ақылы ханда болар яр-яр,
Ғамгүн болып жылама қарындасым,
Ел-халқың ҳәм журтың онда болар яр-яр.

Қыз:

Оң қолыма салғаным қола мекен яр-яр,
Қола салсам қолларым талар мекен яр-яр,
Ғамгүн болып жыламай мен қәйтейин,
Барған жерим өз елимдей болар мекен яр-яр.

Сәўри етигим қонышы тар, кийе алмайман яр-яр,
Қолым барып дүньямды жыялмайман яр-яр,
Ғамгүн болып жыламай мен қәйтейин,
Асқар таўдай әкемди қыялмайман яр-яр.

Жигитлер:

Сәўри етигиниң сабағы санда болар яр-яр,
Қырық кисиниң ақылы ханда болар яр-яр,
Ғамгүн болып жылама қарындасым,
Әкең ушын қайын атаң онда болар яр-яр.

Қыз:

Сәўри етигим қонышы тар, кийе алмайман яр-яр,
Қолым барып дүньямды жыялмайман яр-яр,
Ғамгүн болып жыламай мен қәйтейин,
Ақ сүт берген анамды қыялмайман яр-яр.

* * *

Өксип-өксип жылайман,
Қарындасым яр-яр.
Ат баласын сүйеди,
Қулыным деп яр-яр.
Сенің ушын жылайман,
Тулымым деп яр-яр.
Қой баласын сүйеди,
Қозым-ай, деп яр-яр,
Меніц ушын жылама,
Қарындасым яр-яр.
Меніц ушын қайнағаң,
Бул да болар яр-яр.

Қыз (сиңлиси):

Апам отыр қайғылы, ойы ойран яр-яр,
Тез болғандай тойына өзи ҳайран яр-яр,
Киси ели деп жылайды меніц апам яр-яр,
Өз үйимдей бола ма деп енди қайдан яр-яр.

Жигит:

Апаңа айтып, жылатпа қарындасым яр-яр,
Көзиниц жасын сел етип буламасын яр-яр,
Қайнатасының үйи де өз үйиндей яр-яр,
Кетпеймен деп зар жылап туўламасын яр-яр.

Қыз (сиңлиси):

Сылдыр-сылдыр қамысқа сырғам түсти ҳәўжар,
Сырласпаған жат елге апам түсти ҳәўжар,
Апам түскен дәрьяға сал болайын ҳәўжар,
Жездем шеккен шылымға най болайын ҳәўжар,
Қызлар менен қосылып той-тойлайын ҳәўжар,

Жигит:

Апаңа айт қудаша, муңлы кетер яр-яр,
Күйеўи де жақсы адам, күлип өтер яр-яр,
Ата менен енесин қәдирлесе яр-яр,
Бахыт қонып басына сүрип өтер яр-яр.

Қыз (сиңлиси):

Хош бол апа, жылама, ҳарып-талма яр-яр,
Буннан басқа бизлерде илаж бар ма яр-яр,

Қыздың қуны мал екен, заман солай яр-яр,
Мал бергенге кетпеген қызлар бар ма яр-яр.

Қыз:

Төрде турған текиймент талдырсаңа,
Жаным әкем, кеўлимди қалдырмаса?!
Мен ыразы болсын десең жаным иним,
Қызым жас деп быйылша қалдырсаңа яр-яр.

Төрде турған текиймент талдырсаңа,
Жаным анам, кеўлимди қалдырмаса?!
Мен ыразы болсың десең жаным атам,
Қызым жас деп быйылша қалдырсаңа яр-яр.

Төрде турған текиймент талдырсаңа,
Жаным ағам кеўлимди қалтырмаса?!
Мен ыразы болсын десең жаным ағам,
Сиңлим жас деп быйылша қалдырсаңа яр-яр

Төрде турған текиймент талдырсаңа,
Жаным сиңлим кеўлимди қалдырмаса?!
Мен ыразы болсын десең жаным сиңлим,
Апам жас деп быйылша қалдырсаңа яр-яр.

Төрде турған текиймент талдырсаңа,
Жаным иним кеўлимди қалдырмаса?!
Мен ыразы болсын десең жаным иним,
Апам жас деп быйылша қалдырсаңа яр-яр.

Қыз:

Ҳәўжар айтсам кетеди арқам қозып ҳәўжар,
Өңшең жипек ийирдим, жүндей созып ҳәўжар,
Хош аллияр аман бол, аталарым ҳәўжар,
Алып келген базардан кеселерим ҳәўжар.
Кесе менен шай ишкен шешелерим ҳәўжар,
Үзеңгиге аяғым салып турман ҳәўжар.
Хош аллияр аман бол, апаларым ҳәўжар.
Алып келген базардан теңгелерим ҳәўжар,
Теңгениң мен билмедим дөңгелерин ҳәўжар,
Зәңгиге аяғымды салып турман ҳәўжар,
Хош аллияр аман бол, жеңгелерим ҳәўжар.

Шайыр Қулмәмбет пенен Тынымның бир тойдағы ҳәўжар айтысы

Қулмамбет:

Қой сүйеди баласын қозым-аў деп яр-яр,
Ҳешнәрсени көрмеген бозым-аў деп яр-яр,
Узатқанда қыз жылар, өксип-өксип яр-яр,
Қәне мениң қыздағы назым-аў деп яр-яр.

Торғай сүйер баласын толғаным деп яр-яр,
Тобылғының басына қонғаным деп яр-яр,
Узатқанда қыз жылар өксип-өксип яр-яр,
Енди мениң қуўрайдай солғаным деп яр-яр.

Әўел айым яр-яр,
Күнде базар болады
Шымбай жайым яр-яр.
О сөзиңди қоймасаң,
Тыным қатын,
Мынаў турған Қулмәмбет
Сениң байың яр-яр.

Тыным:

Қарабарақ дегениң,
Кепкен болар яр-яр.
Жаман адам ҳаялын,
Тепкен болар яр-яр.

Әллек сақаў сақалын,
Гүзеп алсаң яр-яр,
Алты жасар балаға
Шекпен болар яр-яр.

Қой сүйеди баласын,
Қозым-аў деп яр-яр.
Ҳешнәрсени көрмеген,
Бозым-аў деп ҳәўжар.

Шымылдықтың ишинде,
Үш ғана қыз яр-яр,
Иши-баўырын күйдирген,
Кишкене қыз ҳәўжар.

Жылама үкем, жылама,
Той сеники яр-яр.
Тоқсан баслы ақ орда,
Үй сеники ҳәўжар.

Бағда бедеў киснейди,
Ат болдым деп яр-яр.
Узатқан қыз жылайды,
Жат болдым деп ҳәўжар.

Текшедеги түтени,
Шаң басыпты яр-яр.
Кететуғын ойымды,
Ғам басыпты ҳәўжар.

Узатқанда қыз жылар,
Өксип-өксип яр-яр.
Қәне мениң қыздағы,
Назым-аў деп ҳәўжар.

Торғай сүйер баласын,
Толғаным деп яр-яр.
Тобылғының басына,
Қонғаным деп ҳәўжар.

Төрде турған ғалының,
Бир гүлисең яр-яр.
Атаң менен енеңниң,
Бүлбүлисең ҳәўжар.

Текшедеги қатықты,
Ким төгипти яр-яр.
Шығатуғын синлимди,
Ким сөгипти ҳәўжар.

Қазандағы қатлама,
Қатланады яр-яр.
Қызды алып жеңгелер,
Атланады ҳәўжар.

Төрде турған гилемниң,
Бир қатысаң яр-яр.
Атаң менен енеңниң,
Саўғатысаң ҳәўжар.

Қара мылтық, ақ мылтық,
Атқан әкем яр-яр.
Малға қызып өз қызын,
Сатқан екем ҳәўжар.
Бала болар алған малын,
Жаттан әкем ҳәўжар?!

Узатқанда қыз жылар,
Өксип-өксип яр-яр.
Енди мениң қуўрайдай,
Солғаным деп ҳәўжар.

Өз атамның есиги,
Жипек есик яр-яр.
Кирсем-шықсам шашымды,
Сыйпар есик ҳәўжар.

Қайнатамның есиги,
Шеңгел есик яр-яр.
Кирсем-шықсам шашымды,
Жулар есик ҳәўжар.

* * *

Қызлар;

Бисмилладан баслайық яд етейин ҳәўжар,
Пайғамбарлар руўхыны шад етейин ҳәўжар,
Қубаталды көтерип суўға салды ҳәўжар,
Атаң менен енеңе болма ыразы ҳәўжар.

Жигит:

Көз жетпес, қулақ еситпес жерге салды ҳәўжар,
Минген атым астыма қасқа айғырды ҳәўжар,
Қасқа айғырдың туяғын тас айырдыаў ҳәўжар,
Туўмағырдың баласы қайдан туўды ҳәўжар,
Анасынан баласын басқа айырды-аў ҳәўжар.

Қызлар:

Тахтакөпир үстинен тайып түстим ҳәўжар,
Оң қолыма қайшы алып мақпал пиштим ҳәўжар,

Мақпал пишкен қолларым шаршап еди ҳәўжар,
Юсуп пенен Зилийха бесикте еди ҳәўжар.

Жигит:

Ҳәўжар айтқым келмейди ерингенге,
Бойым байсал табады керилгенге,
Алтын тапқан кисидей алшақлайман,
Ҳаў, гөззалдың бойлары көринигенге ҳәўжар.

Қыз:

Шымылдықты түрсең бойма көрсе әкем,
Идиралды қызыңман билсең әкем!
Жылайсаң өтириктен өксип-өксип,
Бир бәледен қутылдым дерсең әкем яр-яр!

Шымылдықты түрсең бойма, көрсең анам,
Идиралды қызыңман билсең анам!
Жылайсаң өтириктен өксип-өксип,
Үй аўлақ қалдыма, дерсең анам яр-яр!

Шымылдықты түрсең бойма көрсең ағам,
Идиралды сиңлиңмен билсең ағам!
Жылайсаң өтириктен өксип-өксип,
Бир бәледен қутылдымба дерсең ағам яр-яр!

Шымылдықты түрсең бойма, көрсең сиңлим,
Идиралды апаңман билсең сиңлим!
Жылайсаң өтириктен өксип-өксип,
Таза кийим, мениқи дерсең сиңлим яр-яр!

Шымылдықты түрсең бойма көрсең иним,
Идиралды апаңман билсең иним!
Жылайсаң өтириктен өксип-өксип,
Үй аўлақ қалды ма дерсең иним яр-яр!

Бағда бедеў киснейди, ат болдым деп яр-яр,
Узатқан қыз жылайды, жат болдым деп яр-яр,
Ийнем ушы сынды деп, урдың анам яр-яр,
Енди кетип бараман, тындың анам яр-яр.

Қыз:

Зер көйлектиң етегин илер мекен ҳәўжар,
Қәдиримди тексиз қул билер мекен ҳәўжар,

Султан басым ғаррыға қорлар болды ҳәўжар,
Дос жыласып, душпанлар күлер мекен ҳәўжар!

Патша басым мен өзим, билгир едим ҳәўжар,
Жалғыз ағам қолында дилгир едим ҳәўжар,
Тийейин деп жүрмедим бул ғаррыға ҳәўжар,
Сүйген ярым келер деп мен жүр едим ҳәўжар.

Ҳәўжар басын сорасаң булай болар,
Үй көшкенде тыныҡ суў ылай болар,
Жылайды деп айтасаң жаным халҡым,
Ел-халҡынан айрылған қалай болар, ҳәўжар!

Ҳәўжар басын сорасаң,
Былай болар яр-яр,
Дәрья суўын сорасаң,
Ылай болар яр-яр.

Жылайды деп айтасаң,
Жаным халҡым,
Қатар достан айрылған,
Қалай болар яр-яр?!

Қарақалпақлардың турмысында ҳәўжарды узылатуғын қыздың жақынлары ямаса, жеңгелери қыздың шашын сыйпап отырып айтатуғын болған.

Тахтакөпир үстинен той киятыр яр-яр,
Қара қурсақ еллерге ай баратыр яр-яр,

Тахтакөпир үстинен тайып түстим яр-яяр,
Оң қолыма қайшы алып мақпал пиштим яр-яр,
Мақпал пишкен қолларым ҳарыпта тур яр-яр,
Юсип пенен Зилийқа бейиште тур яр-яр,

деп ҳаяллар топары айтқаннан кейин узатылатуғын қыз дослары менен уў-шуў болып жылайды екен.

Қ ы з:
Тахта көпир үстинен тайып түстим,
Оң қолыма қайшы алып мақпал пиштим,
Мақпал пишкен қолымның баўы басқа,
Сапар кеткен ағамның аты қасқа ҳәўжар.

Қасқалығын сорасаң маңлайында,
Шайырлығын сорасаң таңлайында ҳәўжар!

Қ ы з л а р т о п а р ы:

Ақ түйениң өркеши монақ екен яр-яр-аў,
Өз елине қыз бийшара қонақ екен яр-яр-аў,
Қызды қудай жаратқан муңлы қылып яр-яр-аў,
Өз елиниң топырағы буйырмаған яр-яр-аў!

Ҳәўжар айтқым келмейди арқам қозып яр-яр-аў,
Қара жипек ийирдим жүндей созып яр-яр-аў,
Әдира қалғыр ақ жаўлық келдиң озып яр-яр-аў,
. . . . . .

Ж и г и т:

Базарға ешки айдама, пулда болса,
Баланды ерке үйретпе ул да болса,
Баланы еркелетсең қызды еркелет,
Кетеди берген жерге қул да болса яр-яр.

Қ ы з:

Қандай ислер болса да теңшилигим,
Мен билемен үйимниң кеңшилигин,
Жылайды деп айтпаңлар жаным қалқым,
Ҳәўжар емес айтқаным муңшылығым яр-яр.

Узылатуғын қыздың туўысқан синлисиниң айтқан ҳәўжары. (2-варианты).

Апам түскен дәрьяға сал болайын ҳәўжар,
Жездем шеккен шылымға най болайын ҳәўжар,
Басқа түскен бул иске не қылайын ҳәўжар,
Қызлар менен қосылып той-тойлайын ҳәўжар!

Сылдыр-сылдыр қамысқа сырғам түсти,
Сырласпаған жат елге апам түсти ҳәўжар,
Апам ушын қабырғам қайысады,
Қолымдағы қос жүзик майысады ҳәўжар.

Ж и г и т:

Зер көйлектиң етегин илсең бойма ҳәўжар,
Қула дүзде қасқырдай желсең бойма ҳәўжар,

Жаман ерге барғанша қатын болып ҳәўжар,
Пышақ урып ишиңе өлсең бойма ҳәўжар.

Қыз:

Билезигим, жүзигим қола мекен,
Қола жүзик қолыма тола мекен,
Мен жыламай қәйтейин ели-халқым,
Әлпешлеген анамдай боламекен яр-яр.

Жигит:

Алып келген базардан
Ала қашар яр-яр-аў.
Қара мақпал сәўкеле
Шашын басар яр-яр-аў.
Мунда әкем қалды деп
Ғам жемеңиз яр-яр-аў.
Жақсы болса қәйин атаңыз,
Орнын басар ҳәўжар-аў.

Қыз:

Есик алды қара суў,
Майдан болсын яр-яр-аў.
Ақ жүзимди көргендей,
Айнам болсын яр-яр-аў.
Қәйин атамыз бар дейди,
Азарланған яр-яр-аў.
Айналайын әкемдей,
Қайдан болсын яр-яр-аў.

Жигит:

Ақ қоян қашар жоталап яр-яр-аў,
Ақ тайлақ өсер боталап, яр-яр-аў.
Мунша неге жылайсаң яр-яр-аў.
Өзиңниң иниң барар апалап яр-яр-аў.

Қыз:

Текийменттиң шеп баўын,
Оя турсын яр-яр-аў,
Той басына туў бийе,
Соя турсын яр-яр-аў,
Мен шешеме айтайын,
«Әкеме айт» деп яр-яр-аў.

Мени десе быйылша
Қоя турсын яр-яр-аў.

Жигит:

Юсуп пенен Зилийха,
Яр едилер яр-яр.
Бир-бирини көрмеге,
Зар едилер яр-яр.

Қыз:

Юсуп пенен Зилийха,
Көшти бүгин яр-яр.
Мүсәпирлик торына,
Түсти бүгин яр-яр.

Жигит:

Төрде турған ғалыны
Ой торлады яр-яр.
Жеңгелериң салланып
Той баслады яр-яр.

Жылама қыз жылама,
Тойың болды яр-яр.
Жәнеўиттен соғылған,
Үйиң болды яр-яр.

Қыз:

Төрде турған ғалының,
Бир гүлисең яр-яр,
Ағаң менен жеңгеңнин,
Жулдызысаң яр-яр.

Жигит:

Қыз дегениң бийҳазар,
Үй ишинде бир гүлзар,
Ҳәрким болса қарыйдар,
Қымбат болар яр-яр.

Қыз:

Баҳасы жоқ қызлардың,
Ҳәр ким билмес қәдирин,
Бийқәдирге дусласың,
Гириян болар яр-яр.

Жигит:

Яр-яр айтсаң халайық,
Хош деңизлер яр-яр.
Хош бармаекен дегенше,
Дос барма де яр-яр.

Ата-анасын бул жерде,
Қапа етип яр-яр.
Жаңадан барған уйлерин,
Қуўандырар яр-яр.

Қызлар;

Сылдыр-сылдыр ший баққа,
Сырғам түсти яр-яр.
Сыр билмеген жат елге,
Апам кетти яр-яр.

Апам түскен жерлерге,
Ай болайын яр-яр,
Күйеў шеккен шылымға,
Най болайын яр-яр.

Буннан барсаң назыңды,
Ким көтерер яр-яр.
Жақсы болса алғаның,
Сол көтерер яр-яр.

Жаман болса алғаның,
Сөз келтирер яр-яр.

Сылдыр-сылдыр ақ моншақ,
Тағынарсаң яр-яр.
Буннан барып ананды,
Сағынарсаң яр-яр.

Жигитлер:

Қамшы бойы қар жаўса,
Қарсақ жортар яр-яр.
Жаным балам қайда деп,
Әкең жортар яр-яр.

Қызлар;

Дүрсин-дүрсин елелерде,
Дүрсин қалды яр-яр.
Ай жарықта ойнаған,
Досларын қалды яр-яр.

Төрт қулақлы қазанда
Үлесиң қалды яр-яр.
Пәтияласкан жериниз,
Алып кетти яр-яр.

Ата-анасын жылатып,
Апам кетер яр-яр.

Төрде турған гилемнин,
Шашағысаң яр-яр,
Атаң менен анаңның,
Моншағысаң яр-яр.

Қызлар;

Мыс қуманға суў қуйсам,
Жылымайды яр-яр.
Өгеймеди шешениз,
Жыламайды яр-яр?!

Жыламаған анасың,
Жылатыңыз яр-яр.
Сырық пенен бир урып,
Сулайтыңыз яр-яр.

Текшедеги түтени,
Шаң басыпты яр-яр.
Кететуғын апамды,
Ғам басыпты яр-яр.

Жигит:

Бала ғаздай балпаңлап,
Жүрисиң қалды ҳәўжар,
Шағаладай шаңқылдап,
Күлисиң қалды ҳәўжар.

Қызлар;

Қара-қара қозылар,
Қой баслайды яр-яр.

Қәлем қаслы жигитлер,
Той баслайды яр-яр.

Жигит:

Жақсы күн жақсы саат,
Тойың болғай яр-яр.
Қосақ-қосақ қуралған,
Улың болғай ҳәўжар.

Сүбҳат Садық саяда,
Бахтың болғай яр-яр.
Сулаймандай алтыннан,
Тахтың болғай ҳәўжар.

ЖУЎАП АЙТЫСЫ

Жуўап айтысы турмыс-салт айтысларының ишиндеги ең көлемли, ең қызық, халық арасына кеңнен тарап, күшли дәстүрге айналып кеткен баҳалы түри. Бул қарақалпақ халқының шығысынан сөзге үлкен мәни берип қарайтуғын талантлы, сөзге шебер дилўарлығы менен шайыршылығына байланыслы келип шыққан болыўы керек.

Жуўап айтысында бәрҳа жеңиске ерисип, көпшиликке танылған адамды халқымыз: «жуўабый, дилўар» адам деп атайды. Бундай атаққа ерисиў ушын, биринширден, халық аўзындағы жуўап айтысларын көп биліўи, екиншиден, сол жердеги ўақыяға, ҳәрекетке т. б. байланыслы ядынан суўырып салып айта беретуғын-импривизатор болыўы керек. Сонда ғана ол сол жоқары атаққа ерисе алады. Бул жағынан қарағанда жуўап айтысы адамның атағын, даңқын шығаратуғын өнер жарысы ролин атқарып келген.

Жаўап айтысы қарақалпақ халықлары арасында массалық характер алған. Буған барлық адамлар дерлик, актив қатнасады. Бизде жуўап билмейтуғын адам жоқтың қасында. «Небир жуўабый, дилўар қызлар-келиншеклердиң алдынан, өз күшине исенген жуўабый адам болмаса, кесип өте алмайтуғын еди»,— дейди айырым информаторлар. Халықлар арасында гезеклесип, дәсме-дәс айтысып отырмай-ақ, бир шуўмақ қосық пенен табанында отырғызып, жеңип кететуғын жуўабый адамлар көп ушырайды.

Жуўапта лирикалық, драмалық элементлер басым орынды ийелейди. Ол театр өнери раўажланып, қәлиплеспеген ўақытта халқымыздың эстетикалық ләззет алатуғын ойын-заўықлық

кешеси ролин атқарған. Улыўма алғанда жуўап айтысынан қарақалпақ халқының сөзге шебер, дилўар, салған жерден бирден суўырып салып айтыўға уқыплы екенлигин анық көре аламыз.

Жуўап айтысы мазмунына қарай, мына түрлерге бөлинеди:

1. Биймәлел урықсат бериў жуўабы.
2. Жумбақ жуўап.
3. Тилек, сораў жуўап.
4. Юмор-сатиралық жуўап.
5. Нәсият (дидактикалық) жуўап.

а) Биймәлел рухсат бериў жуўабы

Биймәлел рухсат бериў жуўабы деп, отырыспаның ең ақырында қыз-жигитлердиң бир-бирин көп иркпей, тез тарқасыў мәнисинде бериле туғын жуўапқа айтылады. Бул отырыспа, мейлис, зыяпат сыяқлы орынлардың тарқасар алдында айтылып, биймәлел рухсат бериў жуўабы менен отырыспа тарқасады. Отырыспа ҳәр қыйлы себеплер менен өткерилген той-мерекелерде болады. Айырым ўақытлары тойсыз да бақсы-жыраўларды айттырыў кешелери болып отырыспа ететуғын болған. Буны халқымыз отырыспа деп атайды. Бир қатар жигитлер өз-ара шығарыспақ етип отырысатуғын болған. Буны мейлис деп атайды. Қатар жигитлердиң бир-бирин үйлерине мирәт етип, шақырып отырысқан отырыспасын зыяпат деп атайды. Отырыспа, мейлис, зыяпатқа жигитлер тәрепинен қызлар мирәт етилип шақырылады. Қызларсыз отырыспа болмайды. Тойда ең үлкен отырыспа болады. Ал енди мейлис, зыяпатларда онша ондай емес, қыз жигитлердиң белгилеп шақырыўына қарай кишигирим болса да отырыспа бола береди.

Отырыспаның бәринде де жигитлер қара үйдиң оң қапталындағы жапсарда отырса, қызлар қара үйдиң сол қапталындағы жапсарда отырады. Жигитлердиң сөзге шебер, дилўар, жүйрик жуўабый жигит ағасы болады. Сондай-ақ қызлардың да сөзге шебер, жүйрик, дилўар, сәрдар жеңгеси болады. Бирақ, отырыспалардағы қызлардың жеңгеси ең көп дегенде үшеўден аспайды. Қыз жеңгесиниң роли оғада үлкен болады. Егер қыз жеңгеси ақыллы, түсимпаз, дилўар, шешен болып келсе, қызлардың абырайын көтериўге, сөзден жеңилмеўге, қысылмай орны менен сөзин таўып айтыўына үлкен жәрдем етеди. Оларға жол-жобалар силтеп, ақыл берип отырады. Тыңшыдай тың-тыңлап, қызлар ушын жанын пидә етип, қызлардың жырын жырлап, арын арлайды. Қызларға жаман сөз келтирмейди. Қызлар жи-

гитлерге айтатуғын айырым сөзлерин жеңгесине ойласыў арқалы ғана айта алады. Биз қыз жеңгесиниң ролин мына жуўап айтысынан да көре аламыз:

Мейли өтен, мейли өтен, мейли болады,
Жеңге қыздың сейиси болады.
Жеңгеси жақсы болса жыйыннан оздырады,
Жеңгеси жаман болса мерекени буздырады т. б.

Отырыспада бас орынды төре, хожа, қонақ, буннан кейин ири баслы урыўларының жигитлери алып отырады. Усы айтылғанлар бири болмаса бири бас орынды алып отырыўы керек. Отырыспаның бул тәртипте отырылыўы сол ўақыттағы ханлар, бийлер, төре, бий. дин ийелери үстемлик сүрген заманның теңсизлигин көз алдына келтиреди.

Отырыспадағы жигитлер қызлардың жеңгеси арқалы қызлар менен өз-ара кесе берип, кесе алысып чай ишеди. Жигитлер чайды өзиниң алайын деп жүрген сүйген қызына береди. Отырыспада «чайнек айдаспа, қант көпир» деген болады. Тәртип бойынша чайнекти отырыспаның бас орнын алып отырған жигит айдаўы керек. Егер ол айдағысы келмесе, отырыспаның басшысынан рухсат алып, қәлеўшилер чайнек айдай береди. Чайнек айдағанда жигит чайнек пенен бирге қант я набат, ерик, жийдени бир орамалға түйип қосып айдайды. Қызлар да орамалға ақша түйип, чайнек пенен бирге жигитлерге қайтаради.

Егер еки урыўдан еки жигит бир қызға ашық болып айттырып жүрген болса, бул екеўиниң отырыспадағы чайнек айдаспасы жүдә қызық болады. Екеўи бир-биринен озыў ушын жарыспаққа түседи. Биринен бири қант көпирди бәлент айдап, абырайлы боламан деп ойлайды.

Отырыспаның тәртиби бойынша биймәлел рухсат бериў жуўабы и отырыспада бириншi болып отырған жигитлер ямаса чайнекти бириншi болып айдаған жигит бериўи керек. Отырыспада рухсат бериў жуўабын чайнекти бириншi айдаған жигит бермеи, басқа жигит берсе, жуўап алыўшы тәреп, жуўапты ким чайнекти бириншi болып айдаса сол берсин, «алдыңғы арба қайдан жүрсе, соңғы арба да соннан жүреди», —деген деп даўласып тартысады, айырым ўақытларда иретине қарап рухсат бериў жуўабы қонақ жигитке тийисли болған ўақытта: «Тамыр деп келдиң, таныр деп келдиң, қатар заманлас, жуўапты сиз бериң», — деп сорайды. Жуўап бериўде жас айырмашылығына қарамайды. Тек орын тәртибине қарайды.

Отырыспаның ең соңында тарқасыў ушын еки түрли мәнидеги жуўап бериледи. Соның бири биймәлел рухсат бериў жуўабы, екиншиси шешиўди талап ететуғын жумбақ болып табылады. Биз бул жерде биймәлел рухсат бериў жуўабына тоқтаймыз. Шешиўди талап ететуғын жумбақ жуўапқа соң жумбақ жуўапты өз алдына жазғанда тоқтап өтемиз.

Биймәлел рухсат бериў жуўабы былай басланады: Қыз жеңгеси отырыспаның ақырында қызлардың атынан жигитлерден жуўап сорайды.

Аўылымыз елден ерек,
Бардур мийўалы терек,
Отырыспаны аяқладық,
Енди бизге жуўап керек? —

деп жуўап сорайды. Сонда жигитлер:

Қызлар кеўлиңизде жоқдур қыйлы қал,
Қыз жеңгеси айтсақ сизге арзы-ҳал,
Қатар қызлар бизден жуўап сораса,
Ҳәммеңизге жуўап болсын биймәлел, —

деп жуўап қайтарады, Усындай рухсат бериў жуўабынан кейин қызлардан ҳәммеси орынларынан турып тарқаса баслайды. Рухсат бериў жуўабының түрлери жүдә көп. Бунда ойын-күлки, ҳәзил, жигитлердиң қызларға болған сүйиўшилиги, тарқасардағы хошласыўы, қызлардың үйлерине саў-саламат барыўын тилеўи мәнисиндеги жуўаплар айтылады. Мәселен, жигитлер: «Қызлардың жолында бағрымыз кәбап, бизлерден болысын биймәлел жуўап», — деген қосық қатарлары менен өзлериниң қызларды сүйиўшилигин билдирсе, гейде «Хош жигитке болар аҳыў-зарыңыз, ақ сийнеңизде бардур алма нарыңыз», —деген қосық қатарлары менен қызларға ҳәзил айтқанлығы көринеди т. б.

Рухсат бериў жуўабының айырым түриде жигитлер қызлар менен бирге отырысса, өз-ара сөйлесип, жуўап айтысып, бир-бирин билисип отырады, өз-ара кесе берип, кесе алысып чай ишеди, қант көпир айдаспа болады. Усындай ойын-күлки, ҳәзиллер болыўы, оның қызықлы, тамаша болыўы қызларға байланыслы деген пикирди айтады. Рухсат бериў жуўабында бир биреўди сынап, минеў болмайды.

Айырым ўақытларда отырыспадағы қызлардың көпшилиги

бир урыўдан болса, «Кете бериң биймәлел, Қазаяқлының қызларын» ҳәм «Бизден жуўап сорасаң, Бар кете бер қалмақлар», — деп те рухсат бериў жуўабын беретуғын болған.

Рухсат бериў жуўабын көбинесе жигитлер береди. Себеби, отырыспаға жигитлер қызлардан бурын келип отырады. Егер айырым ўақытларда қызлар отырыспаға жигитлерден бурын келип отырса, рухсат бериў жуўабын қызлар береди. Отырыспаның тәртиби бойынша қайсы тәреп отырыспаға бурын келип отырса, сол тәреп рухсат бериў жуўабын бериўи керек. Жигитлерге қызлар тәрепинен берилетуғы рухсат бериў жуўабының бир үлгиси мындай:

Полат пышақтың қыры да өтеди, жүзи де өтеди,
Ҳәр ким кеўлине келгенин етеди.
Заманлас бизди сынап нетеди,
Усы жуўап пенен үйлерине кетеди т. б.

Айырым ўақытларда қызлардан жуўап алған жигитлер де, жигитлерден жуўап алған қызлар да бир-бириниң жуўабынан кейин тым-тырыс кете бермей, жигитлер қызлардан жуўап алғанлығы туўралы, қызлар жигитлердиң жуўабын қалай қабыл етип алғанлығы туўралы жуўап айтып тарқасатуғын болған.

Отырыспада дин ийелериниң ўәкиллерине жуўап бериў ирети келгенде, олар барынша динди пропагандалаў ушын ҳәрекет еткен. Рухсат бериў жуўабы арқалы адамларды моллалардың айтқанларын орынлаўға шақырған. Дүньяны, жанлы мақлуқларды жаратыўшы бир алла деп, соған халықты исендириў ушын гүрес алып барған.

Биймәлел рухсат бериў жуўабынан қыз бенен жигитлердиң арасындағы бир-бирине болған ҳүрмети, сыйласығы, дослық, аўыз биршилиги, күшли муҳаббат сезими, қарақалпақ халқының турмыс тиришилиги, сол ўақыттағы заманның теңсизлиги айқын көринеди. Әсирисе, бул жуўапта отырыспадағы қыз-жигитлердиң эстетикалық ләззет алатуғын ойын-заўықларының қызық картиналары көз алдында елеслеп турады.

* * *

Қарақалпақ халқы бурыннан сөзге шебер, дилўар халық болған, Сөз сөйлесе, жуўапсыз, нақыл-мақалсыз сөйлемейди екен. «Биреўдиң жақсы жаманын билгиң келсе, сөйлетип көр» —

дейди, халқымыз. Өйткени, адамның сөйлеген сөзинен оның ақыллы екенлиги, дилўарлығы байқалады. Буның өзинен-ақ қарақалпақ-халқының сөзге үлкен әҳмийет берип, сөзди жоқары баҳалай-туғынлығы анық көринип турады.

Ҳәттеки, қыз-жигитлердиң отырыспасы тарқасарда қара сөз менен бир-биринен урықсат алып, жөн тарқасып кете бермей, сол жердеги отырыспаның шәртине муўапық урықсат алыўлары да жуўап пенен айтылатуғын болған. Қыз-жигитлердиң отырыспасындағы бир-биринен кетиўге урықсат сораўларына байланыслы «Сәлемсиз келген айып, жуўапсыз кеткен айып», «Сәлемсиз келген уят, жуўапсыз шыққан уят», — деген сөзлер дөреген. Бул сөзлерден қыз-жигитлердиң бир-бирин сыйлаўды, ҳүрметлеўди күшли талап ететуғынлығы көринеди.

Биймәлел урықсат бериў жуўапларының түрлери:

Қызлар кеўлиңизде жоқдур қыйлықал,
Қыз жеңгеси, айтсам сизге арзы-ҳал,
Қатар қызлар бизден жуўап сораса,
Ҳәммеңизге жуўап болсын биймәлел.

Бизиң кеўлимизде жоқдур қыйлықал,
Айтайын сизлерге қызлар арзы-ҳал,
Бул жуўапты ҳәмме бизге силтесе,
Жуўап болсын қызлар сизге биймәлел.

* * *

Жуўап болды көп қызлардан бир дәлел,
Бул жуўапта жоқдур пайдаҳыў, зәлел,
Бул жуўапты ҳәмме бизге силтесе,
Жуўап болсын, қыз жеңгеси биймәлел.

Қийгенимиз алаша,
Отырыспамыз тамаша.
Бизден жуўап сорасаң,
Бара бериң қудаша.

Астымызда алаша
Қызлар менен отырсаң,
Болады екен тамаша.
Бизден жуўап сорасаң,
Кете бериң қудаша.

Қ ы з л а р:

Есиктиң алды таллық,
Таллыққа жайылар жанлық,
Бизлерге жуўап берсеңиз,
Қуллық етип алдық!

Есиктиң алды таллық,
Секирип ойнар жанлық,
Бир кеседен шай ишкен,
Татыўлыққа тағанлық,
Сизлер жуўап берсеңиз
Бизлер қол қаўсырып алдық.

Ж и г и т л е р:

Биримиз қайың, биримиз тал,
Биримиз шекер, биримиз пал,
Қудашадан жуўап болды,
Турың жигитлер, аллияр!

Гейпара ўақытларда қызлар биймәлел руқсат бериў жуўабының бурынғы ядланды текстлерин умытып қалғанда, ямаса бурынғы текстин тақрарлағысы келмей өзиниш жаңадан жол таўып, руқсат бергиси келгенде, мынандай деп жуўап айтқан:

Полат пышақтың қыры да өтеди, жүзиде өтеди,
Ҳәрким өз кеўлине келгенин етеди.
Заманласлар бизлерди сынап нетеди,
Усы жуўап пенен үйлерине кетеди?!

Отырыспаға алысырақ аўылдан келген қыз-келиншеклер қайтқысы келип асыққанда, жигитлерден жуўапты аўызша жай түрде сорамай, жуўап арқалы былай деп сораған:

Аўылымыз елден ерек,
Бардур мийўалы терек,
Отырыспаны аяқладық,
Енди, бизге жуўап керек?!

Отырыспадағы қыз-келиншеклер менен жигитлердиң жеңил-желпи жуўаплар арқаллы мәлелсиз тарқасыўының бир түри:

Ж и г и т л е р:

Шәмеңде гүлдиң лаласы,
Тис аўыздың қаласы,
Сизлер жуўап сорасаң,
Бизлер бердик «ағласын»!

Қ ы з л а р:

Қаздық жаптың салмасын,
Тердик бағдың алмасын.
Сизлер жуўап берсеңиз,
Бизлер де алдық «ағласын»!

Әрмансыз дүньяда дәўран сүрейин,
Достым қызлар менен ойнап күлейин.
Жасы уллы, жасы киши болса биймәлел,
Бул қызларға өзим жуўап берейин?

Суў ағады салмадан,
Узын бойлы талмадан,
Бизден жуўап сорасаң,
Жуўап болсын қызлардан.

Хан қасында болады екен қараша,
Қыз-жигиттиң излегени тамаша,
Жасы үлкенлер жуўап бер деп буйырды,
Хош келипсиз, бизден жуўап қудаша!

Ақылыў парасат
Сабырыў карамат
Бизден жуўап сорасаңыз,
Барыңыз сағыў саламат?

Хан қасында отырады қараша,
Жигитлердиң излегени тамаша,
Ҳәммеңизге биймәлел болса,
Отырыспадан тарқайғойың қудаша!

Ж и г и т:

Жуўап деген сизденди,
Сизден емес, бизденди,
Адамына — азамат,
Бара бериң парахат.

Қыз:

Ҳаўадан ушқан қос қанат,
Аяғында бос қанат,
Хош келипсиз қуда бала,
Қайта бериң жай парахат.

Жигит:

Есиктиң алды салма,
Бойларыңыз талма,
Бизден жуўап сорасаңыз,
Мәплериңизден қалма?

Жигит:

Тердим бағдың алмасын,
Бердим жуўаптың ағласын,
Бизден жуўап сорасаң,
Оразгүлден басқасы,
Жолларынан қалмасын?!

б) Жумбақ жуўап

Жумбақ — жуўап айтысының белгили бир түри. Бул қәлеген жерде айтыла береди. Әсиресе, қыз-жигитлердиң отырыспаларында көбирек айтылады. Отырыспадағы айтылатуғын жумбақ жуўап биймәлел рухсат бериў жуўабындай бул да қыз-жигитлердиң отырыспалар тарқар алдында айтылады. Отырыспаның ең соңындағы берилген жумбақ жуўапты қайсы тәреп болмасын дурыс шешсе, рухсат алып тарқасады. Егер шеше алмаса қашан шешкенше еки тәреп өз-ара тартыс жуўабын айтып отыра береди.

Жумбақ жуўап айтысыў себеби, бул арқалы адамның жақсы-жаман парқын айырады. Адамлардағы ақыллылықты, терең ойлылықты, тапқырлықты, дилўар жүйрикликти биледи. Усындай өнерлерин жарыстырып, жарыста озыў арқалы абырай-атақ алыўды ойлайды. Отырыспада биринши́ден, усы жақларын еске алса, екинши́ден, қыз бенен жигит бир-бирин ойландырып, толғандырып, жумбақ жуўабының шешилиўин күтип, тамаша ойын-күлкиге айналдырып отырыўды көзде тутады. Жумбақ жуўап бир жағынан отырыспадағы рухсат бериў жуўабының екинши бир түри сыпатында көринген менен екеўиниң мәниси, атқаратуғын ўазыйпасы т. б. жақларынан бир-бирине үлкен айырмашылықларға ийе.

Отырыспадағы жумбақ жуўаплар төмендегише болып келеди. Мысалы, отырыспада жигитлер тәрепи:

Бир жуўап бар-бүлбүл,
Бир жуўап бар-дүлдүл,
Бир жуўап бар-қызыл гүл,
Қайсысын алсаң өзиң бил,? —

деп қызларға жумбақ жуўап айтады. Қызлардың жеңгеси бул жумбақ жуўапқа:

Бүлбүлди алып нетейик,
Бүлбүлсиз-ақ кетейик,
Дүлдүлди алып нетейик,
Дүлдүлсиз-ақ жетейик,
Қызға миясары қызыл гүл,
Қызыл гүлиңди алып кетейик,! —

деп жуўап қайтарып, дурыс шешеди. Усындай жуўап айтқан қызлар тәрепин қасақана еле де иркиңкиреп отырыў ушын жигитлер тәрепи: «Бүлбүл менен дүлдүлиң жақсы емес пе, қәлеп аламан деп отырған қызыл гүлиң солып қалса не ислейсең?»,— деген мазмундағы жуўапты айтып, қызлар менен тартысып отыратуғын болған.

Бир отырыспада жигитлер қызлардың ақыл-ойлы, тапқырлығын сынап билиў мақсетинде қызларға:

Қөдирең гүлден гүл бола ма,
Екпе гүллер турғанда,
Сары шымшықтан бүлбүл бола ма,
Бүлбүллер сайрап турғанда,
Қыз бала патша бола ма,
Қасында жигит турғанда? —

деп жумбақ жуўап айтқан. Бул жумбақ жуўапты қыз жеңгеси былай деп шешеди:

Қөдирең гүлден гүл болады,
Басында дәнеси болса.
Сары шымшықтан бүлбүл болады,
Тилинде сәнеси болса.
Қыз бала патша болады,
Басында жығасы болса.

Шынында, бул жуўапта қыз жеңгеси жигитлердиң қызларды өзлеринен төмен санап турғанлығына келисим бергиси келмейди. Ол бар күшин салып қызлардың абырайын, атағын сақлап қалыўға ҳәрекет етеди. Қыз жеңгесиниң ҳаял-қызлар ерлер қатарында барлық жумысларды ислей алады ҳәм қандай бир нәрсе болмасын, ол формасы емес, мазмуны менен белгиленеди деген баҳалы пикирлер айтылады.

Жумбақ жуўап күшли тапқырлықты, ақыллы, зейинлиликти талап етеди. Егер усы өнери болса, берилген жуўапты аңсат, тез шешеди. Егер ақыллы, ойлы, билгир, тапқыр болмаса, жумбақ жуўапты шеше алмай отыра береди. Мысалы, бир жигит отырыспада қызлардың ортасына өзин, өзиниң ойлаған ойын, сөйлейтуғын сөзлерин, мүшелерин:

Сөз сөзден шығады,
Сөз Ҳажыдан шығады,
Ҳажы Кабадан шығады,
Отыз еки мәйектен
Есапсыз шөже шығады, —

деген жумбақ етип қурып, қызлардың ортасына таслайды да, буның мәнисин шешип берип қудашалар дейди. Сол ўақытта сабырлы, ойлы, қатты тапқыр қыз жеңгеси бирден кешикпей:

Сөзден сөз шығады дегениңиз,
Дурыс айтасыз, сөз сөзден шығады.
Сөз Ҳажыдан шығады дегениңиз,
Ҳажы ол сизиң кеўлиңиз болады.
Ҳажы Кабадан шығады дегениңиз,
Ол сизиң өзиңиз боласыз,
Отыз еки мәйек дегениңиз,
Сизиң отыз еки тисиңиз болады.
Отыз еки мәйектен есапсыз шөже шығады
дегениңиз,
Ол сизиң аўзыңыздан шыққан сөзиңиз болады, —

деп шешеди де, тез қызларын изине ертип тарқай баслайды. Бул қыз жеңгесиниң терең ойлы, тапқырлығын көрсетип тур.

Жумбақ жуўабының көрсетейин деген объектисине қарай оның көлеми, қатар саны ҳәр қыйлы болып келеди. Жумбақ жуўаптың соңында жуўмақлаўшы сөзлер бериледи. Бул сөзлер берилген жуўаптың уйқасына қарай ҳәр қыйлы мәнисте қурылады. Мысалы, «Шешкен шешип алады, шеше алмаған жигитлер орнында отырысы менен қалады», «Шешкен адам

алады, шешпеген орнында гүм болып қалады», «Шеше алмаған жигитлер ушын, жуўаптың аўыр зили сол болады» т. б. деген жуўмақлаўшы сөзлер жийи қолланылады.

Жумбақ жуўап отырыспаның тәртибине қарай гә жигитлер, гә қызлар тәрепинен айтыла береди. Мысалы, қызлар отырыспада жигитлерге былай деп жуўап айтқан:

Жуўап деген дүр болады,
Гәп мәниси бир болады,
Жуўаптың он еки қыйлы,
Жигирма төрт тақеллеси болады,
Соны шешкен жигит
Қызлардан жуўап алады,
Егер шеше алмаса,
Алды сыбыр-сыбыр болса,
Кейни гүбир-гүбир болады.

Бул жуўаптың жуўмақлаўшы сөзинен жигитлер тәрепи болсын, я қызлар тәрепи болсын ,ортаға тасланған жумбақ жуўапқа жуўап қайтаратуғын адам өзи шеше алмайтуғын болса, ҳәр тәреп, өз топары менен өз-ара ойласып, кеңесип, билип алғаннан кейин жуўап қайтаратуғынлығы, бул еки тәрептиң ойланып шешип алыўына ўақыт беретуғынлығы, ҳәр бир тәреп өз топарының абырайлы болыўын ойлайтуғынлығы көринеди.

Қыз жеңгеси жуўабый болыў менен қатар ҳәр бир жуўабының дурыс шешилиўин талап ететуғын шаққан да болыўы керек. Егер ол санасып, пайын туўрасып отырмаса, жигитлер тәрепи қызлардың жуўабының шешилиўин ҳәзил күлкиге айналдырып, қасақана надурыс шешип те жиберетуғын ўақытлары болған. Соның менен бирге, жигитлер түрли сумлық ойлап, қулласы, қызларды жеңиўге, олардан басым болып отырыўға ҳәрекет етеди. Сол мақсетте қызларды түрли жоллар менен сынап көриў ушын әпиўайы жуўапларды да берип, отырыспаны тамаша күлкили етип қыздырып отырады. Жигитлер жумбақ жуўабы арқалы қызларға өзлериниң ашықлығын билдириў менен қатар, айттырып жүрген қызының кеўлинде билип алатуғын болған.

Жумбақ жуўап айтысында жуўап айтқан адамды қулыпқа, шешкен адамды гилтке теңейди. Бул теңеўде үлкен мәни жатыр. Өйткени, қулп гилтсиз ашылмайды. Ашылғанда да сол қулптың өзине арнап соғылған гилти менен ашылады. Басқа қулптың гилт пенен ашыла бермейди. Жумбақ жуўап та сол көринген гилт пенен ашыла бермейди. Жумбақ жуўапты айтқан адамның жуўабын мәнисте болады. Жумбақ жуўапты айтқан адамның жуўабын көринген адам бирден иркилмей шешип кете бермейди. Буны

тек терең ойлы, ақыллы, тапқыр адам ғана шеше алады деген пикирлер билдириледи.

Айырым жумбақ жуўапларда жигитлер қызларды сандыққа, өзлерин гилтке теңеп те жуўап айтысқанлығы көринеди. Мысалы, жигит отырыспада қызлардан:

Ай болмаса ақылдан адасады,
Күн болмаса кеўилди кир басады.
Сизлер сандық, бизлер гилт,
Гилт болмаса сандықты ким ашады? —

деп сорағанда буған сөзге жүйрик, ақыллы, тапқыр қыз жеңеси:

Адамның тили гилт, кеўили сандық,
Сөйлессе еки адам сонда ашады.
Мақуллап бир-бирине сырласады.
Жақсының сандығында ҳасыл зат көп,
Сөйлесе аўзынан дүр шашады.
Жаманның даўысы жаман, деми сасық,
Сөйлесе аўзынан жин шашады, —

деген баҳалы сөзлер менен шешип береди. Бул жуўапта күшли муҳаббатлық сезим сүўретленген. Әсиресе, жақсы адамның жақсы сөзди, жаман адамның жаман сөзди сөйлейтуғынлығы айтылып, ҳар бир адамның терең мәнили, мәдениятлы сөзлерди сөйлеўине тәрбиялаўға баҳалы пикирлер айтылады.

Дин ийелери халықтың дәстүр-салтынан пайдаланып, сол дәстүр-салты арқалы динди халыққа пропагандалап келген. Мәселен, жумбақ жуўапта олар дүньяны, дүньядағы барлық жанлы, жансыз затлар менен мақлуқларды жаратыўшы бир әжайып кәраматлы күш бар. Ол жубайсыз бир аллатала болып табылады, — деп халықты буған пүтинлей исендириўге ҳәрекет седи.

Жигитлер отырыспада қызлардан жуўаптың қайдан келип шыққанлығын аллегориялық мәнистеги жумбақ жуўап арқалы сорайды. Жуўап қызлар тәрепинен ақыллы, дурыс шешиледи. Жуўаптағы «ата-енеси» сөзиниң аллегориялық екинши мәниси «ақыл-тил» деп алынған. Халықтың өзиниң жуўаптың атасы — ақыл, енеси — тил, — деп данышпанлық пенен шеше билиўи бул бизге жуўап айтысының анықламасын айта билиўге үлкен жәрдем етеди. Шынында да, қандай мәнисте болмасын, жуўап айтыў ушын ең дәслеп ақылға салып терең ойланыў керек. Ақыл менен ойланған, ойдан жуўмақланған пикир пайда болады. Сол пикир тил арқалы айтылып жуўапты пайда етеди. Егер ақыл менен ой болмаса, ақыл, ой болған менен ақыл менен ойдың тапқан пикирин айтып түсиндире алатуғын тил болмаса, жуўаптың келип шықпайтуғынлығы турған гәп. Усы мазмунның қысқа бир-еки сөз бенен-ақ берилиўи жуўаптың жүдә көркем екенлигин анықлап тур.

Буннан адамның ақыллы болыў менен бирге соған ылайық, шебер сөзиниң де болыў керек екенлиги, егер ақыллы, ойлы болған менен сол ақыллылық пенен табылған пикирди шебер сөзиң арқалы көркем сулыў етип көрсете билмесең пайдасыз болатуғынлығы, сонлықтан да, ақыл, ой менен сөзди бирликте шебер пайдалана билиўдиң жүдә кереклиги, сонда ғана кимниң болмасын сөзге шебер, жүйрик, жуўабый, дилўар ата-алатуғынлығы байқалады. Мысалы мынадай:

Жигит:

Қыс болады, жаз болады,
Күн болады, түн болады,
Жуўапты бизлер сизден сорап турмыз,
Жуўаптың ата-енеси ким болады?

Қыз:

Қыс болады, жаз болады,
Күн болады, түн болады,
Жуўапты сизлер бизден сорасаңыз,
Жуўаптың атасы — ақыл, енеси — тил болады.

Айырым ўақытларда жигитлер тәрепи, я қызлар тәрепи жуўапты шеше алмаса, соның менен бирге жуўапты шешиў ушын басқа да қолайлы жағдайларды таба алмаса, үйлерине қарыз етип алатуғын болған. Буның мәниси қызлар үйлеринде ойланып шешип, келеси болатуғын отырыспада шешкенин айтып береди. Шеше алмаған жуўабын үйлерине қарыз етип алыў жүдә сийрек ушырасады. Үйлерине қарыз етип бериў еки жақтың келисими бойынша ғана рухсат етиледи. Отырыспада булардан басқа да ўақыялар менен ҳәрекетлерге байланыслы айтылған жумбақ жуўаплары көплеп табылады. Булардың мазмунында да айырым тәбият қубылыслары менен класслық қарама-қарсылықлар ҳәм басқа да көплеген турмыслық ўақыялар кеңнен сүўретленген.

Ал енди отырыспадан басқа иретине қарай қәлеген жерде айтылған жумбақ жуўаплары жүдә көп. Бул жуўапларда белгили бир ўақыя менен ҳәрекетке, исленип атырған иске, адамнинине, минезиндеги кемшиликлерине, ҳаял-қызлар теңсизли-

гине т. б. байланыслы айтылып, терең мәнидеги идеялар кеңнен ашып бериледи. Жеңиў мақсетинде бир-бириниң сын-сымбатындағы мини ямаса басқа да ҳәрекетлери туўралы турпайы сөзлер айтыў бул жуўапта да көплеп ушырасады. Бирақ, айтыстың дәстүри бойынша жеңиў мақсетинде қолланылатуғын бул әдислер жуўап айтысында айыпқа саналмайды. Жумбақ жуўабы жуўап айтысының халық арасында оғада күшли дәстүрге айналғанлығын, қарақалпақ халқының массалық дерлик сөзге шебер, шешен, жүйрик, дилўар халық екенлигин танытыўда айрықша көзге түседи. Жумбақ жуўап адамларды, әсиресе, жасларды терең ойлы, сабырлы, тапқыр болыўға, олардың ой-өрисин кеңейтиўге т. б. тәрбиялаўда үлкен әҳмийетке ийе.

* * *

Жигит:

Бир жуўап бар, бүлбил,
Бир жуўап бар, дүлдил,
Бир жуўап бар, қызыл гүл,
Бизлерден жуўап сораған қудашалар,
Қайсысын алсаңызда өзиң бил?!

Қыз:

Бүлбилди алып нетейик,
Бүлбилсиз-ақ кетейик.
Дүлдилди алып нетейик,
Дүлдилсиз-ақ жетейик.
Қызға миясары қызыл гүл,
Қызыл гүлинди алып кетейик?!

Бүлбилиңди сайраталмаспыз,
Дүлдилиңди атлаталмаспыз.
Қызға ылайығы қызыл гүл,
Қызыл гүлинди алып қайтармыз.

Жигит:

Бүлбилди алсаң кетерсең,
Дүлдилди алсаң жетерсең.
Қәлеп алған, қызыл гүлиң,
Солып қалса нетерсең?!

Жигит:

Қөдирең гүлден гүл болама,
Екпе гүллер турғанда?

Сары шымшықтан бүлбил болама,
Бүлбиллер сайрап турғанда?
Қыз бала патша бола ма,
Қасында жигит турғанда?!

Қыз:

Қөдирең гүлден гүл болады,
Басында дәнеси болса,
Сары шымшықтан бүлбил болады,
Тилинде сәнеси болса,
Қыз бала, патша болады,
Басында жығасы болса

Жигит:

Сөз-сөзден шығады,
Сөз — ҳажыдан шығады.
Ҳажы кабадан шығады.
Отызеки мәйектен,
Есапсыз шөже шығады?
Буның мәнисин айтып берсеңиз,
Қудашалар, қалай болады?

Қыз:

Сөзден сөз шығады дегениңиз,
Дурыс айтасыз, сөзден сөз шығады.
Сөз ҳажыдан шығады дегениңиз
Ҳажы — ол сизиң кеўлиңиз болады.
Ҳажы — кабадан шығады дегениңиз
Ол — сизиң өзиңиз болады.
Отызеки мәйектен дегениңиз
Ол сизиң аўызыңыздағы отызеки гәўҳар
тисиңиз болады.

Есапсыз шөже шығады дегениңиз,
Ол сизиң аўызыңыздан шыққан сөзиңиз болады.
Бизиң усы шешиўимиз қуда-баллар,
Нағыз дурысы болады.

* * *

Ашамайлының сақыў елатында хийўалы қыз деген атақлы жуўабый қыз болады. Ўсы қыз бенен Қарақум ийшанның сыртындағы Көксуўдың бойында туратуғын Данияр шәўжейли деген жуўабый жигит, бир отырысқада екеўи мынадай деп жуўап айтысқан:

Жигит:

Сөз-сөзден шығады,
Сөйлемесең неден шығады?
Өлең ойдан шығады,
Қийиз қойдан шығады.
Ажырық деген ел дейди,
Ажырық неден шығады?
Ажырық кабадилладан шығады.
Отыз мәйектен, отыз еки шөже шығады.
Буның мәниси не болады?

Хийўалы қыз:

Аўа, аға, айтқанынызы дурыс,
Сөз-сөзден шығады,
Өлең ойдан шығады.
Қийиз қойдан шығады.
Ажырық деген ел болады.
Ажырық неден шығады.
Ажырық кабадилладан шығады.
Отызеки тақеллеси болады.
Буның мәнисиси сол болады,—

деп жигитти жуўаптан жеңип қояды.

Қыз:

Жуўап деген түр болады,
Гәп мәниси бир болады.
Жуўаптың онеки қыйлы,
Отызеки тақеллеси болады.
Соны шешкен жигит,
Қызлардан жуўап алады,
Егер шеше алмаса,
Алды сыбыр-сыбыр болса,
Кейни гүбир-гүбир болады.

Жигит:

Жуўап деген түр болады,
Ақыр түби бир болады,
Онеки қыйлы болады,
Отызеки тәкеллеси болады,
Алпыс алты гилти болады.
Сексенбес бәнти болады,
Бул жуўапты шешкен адам
Бизлерден жуўап алады.

Қыз:

Жуўап деген түр болса,
Қыйлы-қыйлы болады.
Илим түби бир болса,
Түрли-түрли болады.
Онеки қыйлы болса,
Адамның онеки мүшеси болады.
Отызеки тәқәллеси болса,
Ол адамның отызеки тиси болады,
Алпыс алты гилти болса,
Алпыс алты исти орынлаған адамға,
Сол жуўаптың сексенбес бәнти ашылады.

Берилиўи:

Жуўап деген ҳүр болады,
Ҳүрдиң түби бир болады,
Тоғыз тәкеллеси болады.
Онеки мәҳрежи болады.
Бир ушы шашақлы болады,
Бир ушы моншақлы болады.
Тапқан жуўап алады.
Таппаған қарап қалады.

Шешилиўи:

Жуўап деген көп болады,
Көпшилиги лап болады.
Сағасы дәрья болады.
Ақыры жап болады...

Қыз:

Жуўап деген гәп болады,
Бармақ буўынға бәнт болады,
Шешкен шешип алады.
Шеше алмаған жигитлер
Орнында отырысы менен қалады.

Берилиўи:

Бир жуўап бар, астарлы,
Бир жуўап бар, үстерли,
Бир жуўап бар, гүўенли,
Бир жуўап бар, жүўенли.

Жуўап деген дүр болады,
Дүрдиң изи гүл болады,

Гүл аралап көрсеңиз,
Шақасында бүлбил болады.

Жуўап деген гүл болады,
Гүлдиң түби бир болади,
Отыз алты қыйлы болады,
Отыз алтының бир тәқәллеси болады.
Мыңын сайлаған бирин алады.
Басқасы өзимизде қалады.

Шешилиўи:

Астарлысын анда қойдық,
Үстерлисин мында қойдық,
Гүўенлисин қойға қойдық,
Жүўенлисин атқа қойдық.
Бул жуўапты усындай етип,
Шешип қойдық.

Шешилиўиниң екинши түри:

Астарлысы үйдики
Үстерлиси бийдики.
Жүўенлиси — жигиттики.
Гүўенлиси — қыздики.

Берилиўи:

Бир жуўап бар, астарлы,
Бир жуўап бар, үстерли.
Астарлысы — қыздики,
Үстерлиси — жигиттики.

Шешилиўи:

Астарлысы — опақ болады,
Үстерлиси — сопақ болады.
Опағы — бизге дәркар.
Сопағы — сизге дәркар.

Бир жуўап бар, ат жуўап,
Бир жуўап бар, тай жуўап,
Түрли-түрли жуўап бар,
Сорағаныңыз қай жуўап?

Шешилиўи:

Қәлесеңиз атыңызды бериң,
Қәлемесеңиз тайыңызды бериң,
Усы жуўабында ҳәрне бөлип,
Пайымызды бериң?

Бир жуўап бар, андай,
Бир жуўап бар, сондай.
Бир жуўап бар, мундай,
Бир жуўап бар, қандай,
Соның қайсысын аласаң қудаша?!

Берилиўи:

Нил болады,
Нилдиң суўы бир болады,
Ҳәр гәптиң онеки аўыз имкамы болады,
Қайсысын алсаңыз ҳәм қуда бала, сол болады.

Шешилиўи:

Нил болса,
Нилдиң суўы бир болса,
Ҳәр гәптиң онеки аўыз имкамы болса,
Қайсысын миясар көрсек, сол болады.

Берилиўи:

Бир жуўап бар, «пей» жуўап,
Бир жуўап бар, «тей» жуўап,
Бир жуўап бар, «сей» жуўап,
Қайсысын қәлесеңиз сол жуўап?

Берилиўи:

Бир жуўап бар, ақтан,
Бир жуўап бар, бақтан,
Бир жуўап бар, гүўенли,
Бир жуўап бар, жүўенли.

Шешилиўи:

Ақтағысын аққа қой,
Бақтағысын баққа қой.
Гүўенлисин өзиң ал.
Жүўенлисин бере ғой?!

Берилиўи:
Бир жуўап бар, кеўил хошы,
Бир жуўап бар, тилдиң ушы,
Бир жуўап бар, гүўенли,
Бир жуўап бар, жуўенли...

Шешилиўи:
Бир жуўап болса, кеўил хошы,
Бир жуўап болса, тилдиң ушы,
Гүўенлисинен атлап өтемиз,
Жүўенлисин алып кетемиз.

Берилиўи:
Бир жуўап бар, арайы,
Бир жуўап бар, дарайы,
Бир жуўап бар, тилдиң ушы,
Бир жуўап бар, кеўил хошы,

Шешилиўи:
Арайыңа арпа ектим,
Дарайыңа тары ектим,
Тилдиң ушын қойып кеттим.
Кеўил хошын алып кеттим.

Жигит:
Хан жақсы ма, бий жақсы ма?
Ой жақсы ма, дөң жақсы ма?
Жуўап берген, биз жақсы ма?
Биймәлел шешкен қыз жақсы ма?

Қыз:
Әдил болса, хан жақсы,
Биймәлел болса, бий жақсы,
Отлақлы болса, ой жақсы,
Сәўирли болса дөң жақсы.
Жигит берген жуўапты
Шешип алса, қыз жақсы.

Шешилиўиниң екинши түри:

Отлақлы болса, ой жақсы,
Салқын болса, дөң жақсы,
Әдил болса хан жақсы,
Даўсыз болса бий жақсы.

Бир азаматтың тапқанын
Бәржай етсеңиз — сиз жақсы.

Жигит:
Әлип, бе, те, се,
Буның мәниси не?

Қыз:
Әлип деген хат болады,
Берген адам қулып болады,
Шешкен адам гилт болады.
Бул жуўаптың мәниси сол болады.

Исмиңиздиң аты кешше,
Бармақ, буўын бәнти нешше.
Заманласларға жуўап бердик,
Бул жуўаптың мәнисин шешсе?!

Берилиўи:
Гүл — гүлге ашық.
Гүл — Сәнеўәр патшаға ашық,
Еки ашық бир-бирине
Не себепли қашық?!

Берилиўи:
Аспанда дарақ,
Жанып турған шамшырақ.
Ол дарақта дейдилер,
Еки қызыл алма бар.
Ол алманы жесеңлер,
Бири шекер, бири пал,
Бул жуўапты шешшеңлер,
Бирин алма бирин ал?!

Шешилиўи:
Ай болмаса, ақылдан адасады дейди екен,
Күн болмаса кеўилди, кир басады дейди екен.
Қыз бенен жигит отырса, шад болады дейди екен.
Бул жуўаптың мәниси, сол болады дейди екен.

Ай болмаса, адамзат адасады,
Күн болмаса, кеўилди кир басады,
Сизлер сандық, бизлер гилт —
Гилт болмаса, сандықты не ашады?!

Берилиўи:
Жуўап деген ҳүр болады,
Ҳәр шақасы дүр болады,
Онеки тәкеллеси болады,
Шешкен адам жуўап алады.
Шешпеген орнында, гүм болып қалады.

Жигит:
Ҳаўада ай болмаса, адам дегбирден сасар,
Ҳаўа булт болса, кеўилди гирбиң басар.
Қыз қулып болса, жигит гилт болар,
Жуўап шешпектиң мәниси сол болар.

Адамзат ай болмаса адасады,
Кеўилди сөйлемесе, кир басады.
Көкирек сандық, аўыз қулып,
Оның гилти болмаса, ким ашады.

Күн болмаса, кеўилди кир басады,
Ай болмаса, адамзат адасады,
Адамның ҳәрқайсысы қулыплы сандық,
Қулыпты гилт болмаса ким ашады?!

Ай дегениң қарындасым, ағаң шығар,
Гилт дегениң қарындасым, жеңгең шығар,
Айланып келгенде қарындасым,
Сизиң кеўилиңиздеги болған шығар.

Шешилиўи:
Аўыз деген қулып, тил деген гилт,
Айдан сулыў нәрсе жоқ,
Ақшам барда күндиз жоқ,
Күннен сулыў, нәрсе жоқ,
Күндиз барда, түнде жоқ,
Мусылманшылық кимде жоқ,
Тилде барда, динде жоқ.

Адамның тили гилт, кеўили сандық,
Сөйлессе еки адам, сонда ашады.
Иштеги барын-жоғын шығарысып,
Мақуллап бир-бирине сырласады.

Жақсының сандығында, ҳасыл зат көп,
Сөйлесе аўызынан дүр шашады.

Жаманның даўысы жаман, деми сасық,
Сөйлесе аўызынан жин шашады.

Қыз:
Қыс болады, жаз болады,
Күн болады, түн болады,
Жуўапты бизлер сизден сорап турмыз
Жуўаптың ата-енеси ким болады?!

Жигит:
Қыс болады, жаз болады.
Күн болады, түн болады,
Жуўапты сизлер бизден сорасаңыз
Жуўаптың атасы— ақыл, енеси — тил болады.

Шаш жаўырынныз саласы,
Тис аўыздың қаласы,
Бул жуўаптың мәниси сорасаңыз,
Ҳәмме жуўаптың ағласы!

Қыйқаш қара, қасыңыз,
Қолаң қара, шашыңыз,
Жуўабыңызды биз шештик,
Дәрўазаңызды ашыңыз?!

Есиктиң алды қаратал,
Бириң шекер, бириң пал,
Бизден жуўап сорасаң,
Өзиң шешип, өзиң ал?!

Үйдиң көрки — сандық,
Даланың көрки — жанлық,
Сизиң айтқан жуўабыңызды,
Биз ўақтында шеше алмай,
Қарыз етип алдық.

Сизден әдеп, бизден жуўап,
Тил қайрыўын бериң жуўап?
Заманлас мәптен қалмасын
Бир айланып келсин жуўап?

Жигит:
Жансыз жанлы жутады,
Қол-аяғы жоқ, белинен тутады.

Қалың қабырғасы, жез бенен қола,
Өзи гүмис, қуда ҳәмири менен ләппәләмиш
Буны шешкен заманласларға,
Өзлеримиз жуўап беремиз.

Қыз:
Жансыз жаратыпты, жанлы жутпаға,
Шайыр шығарыпты, гәптен утпаға,
Бул жигит дегениң алтының басы,
Бул жуўап дегенин жүзиктин қасы.

Берилиўи:
Созады түйе мойнын, узын талға,
Қудайым қуўат бергей, шыбын жанға,
Сизден мен ахун болсаң, сөз сорайын,
Ақорда, үстиндеги неше тулға?!

Шешилиўи:
Зәңги қайыс, қара сағалдырық,
Маңлайша, қос босаға, табалдырық,
Кереге, алты қанат, алпыс уўық,
Шаңарақ гүлдиреўиш, оған жуўық,
Еки үзик, бир түңлик.
Төрт туўырлық, белинен белбеў,
Арқан менен мықлап буўдық.

Ҳәр гүлдиң ийси бар,
Ҳәр сөздиң мәниси бар.
Алмадан болған шақанын.
Алпысеки былғаўы бар.
Түрме буўған жигиттиң,
Мақпалдан шылғаўы бар.

Жасы уллыша, болады екен,
Қошшы қаршыға болады екен.
Бар десе, барады екен,
Ал десе, алады екен.
Алалмаса, қалады екен.

Жигит:
Суў сағасы — не болар?
Сөз сағасы — не болар?
Жол сағасы — не болар?
Буның мәниси шешилсе,
Қудашалар қалай болар?!

Қыз:
Суў сағасы — булақ болар,
Сөз сағасы — қулақ болар?
Жол сағасы — туяқ болар?
Бул жуўаптың мәниси,
Түсинсеңиз қудабаллар, усы болар.

Жигит:
Бул әлемде, бир дарақ бар.
Онсегиз мың мийўасы бар.
Барлығыда нур төгеди.
Бирақ, пайдасы жоқ нурының,
Ишинде қос анары бар.
Онсегиз мыңның жақтысы,
Биреўиндей болмас буның,
Жуўап сораған қызлар,
Мәнисин шешин онын?!

Қызлар:
Бул әлемде бир дарақ бар —
Дегениңиз жер менен аспан болар.
Онсегиз мың мийўасы бар —
Дегениңиз, оның жулдызы болар,
Барлығы да нур төгеди —
Дегениңиз оның жулдызы болар,
Ишинде қос анары бар —
Дегениңиз ай менен күн болар.
Онсегиз мыңның жақтысы
Биреўиндей болмас оның.
Бул жуўаптың мәниси сол болар.

Бир таўдың баўрайында,
Ысқырады бир жылан.
Ол жыланның аўызында,
Уай-ўай салады, он қулан.
Аҳдарийха-ай ақыл болсаңыз,
Бул сөзимди, тап қудам?!

Жигит:
Ат жақсысы — яўмыты,
Тон жақсысы — маўыты.
Отыз еки нөкер, бир солдат,
Бул не болар мәниси?!

Қыз:

Ат жақсысы — яўмыты,
Тон жақсысы — маўыты,
Отызеки нөкер — отызеки тис.
Солдат деген тилиң дур.
Усы болар мәниси.

Қыз:

Қайырға шөккен қарт буўра,
Оны тапшы, таз Кебен?
Қарны жарық, сары инген,
Оны тапшы, таз Кебен?
Жез буйдалы наўшан нар,
Оны тапшы, таз Кебен?
Қарағай ағаш, путақсыз,
Оны тапшы, таз Кебен?
Егиз қозы сүйексиз,
Оны тапшы таз Кебен?
Қула дүзде, қуў бураў,
Оны тапшы, таз Кебен?
Қула дүзде, қуў тоқбақ,
Оны тапшы таз Кебен?
Қула дүзде, тақыр шақ,
Айналасы қабыршақ,
Оны тапшы, таз Кебен?

Жигит:

Қайырға шөккен қарт буўра
Әкең сениң болмасын!
Қарны жарық сары инген
Шешең сениң болмасын.
Жез буйдалы наўшан нар,
Өзиң сениң болмасын?
Қарағай ағаш путақсыз
Қара шашың болмасын?
Егиз қозы сүйексиз,
Еки емшегиң болмасын?
Қула дүзде, қуў бураў,
Қуўдың мойны болмасын?
Қула дүзде, қуў тоқбақ,
Ақ қояның болмасын?
Қула дүзде тақыршақ,
Айналасы қабыршақ
Биз пақырдың басы болмасын?

Берилиўи:

Узын-узын, узын жар,
Қызыл жар астында қара жар,
Қаражар астында жылтылдақ,
Жылтылдақ астында пысылдақ,
Пысылдақ астында тақылдақ.
Тақылдақ пенен бирге, шақылдақ

Берилиўи:

Узын-узын, узын жар,
Қызыл жар астында қаражар.
Қаражар астында жылтылдақ.
Жылтылдақ астында пысылдақ,
Пысылдақ астында тықылдақ,
Тақылдақ пенен бирге, шақылдақ
Усылардың мәнисин
Айтып бериң ҳәзир-ақ.

Шешилиўи:

Узын-узын, узын жар дегениңиз — шаш,
Қызыл жар астында қаражар дегениңиз — қас.
Қаражар астында, жылтылдақ дегениңиз — көз
Жылтылдақ астында, пысылдақ дегениңиз — мурын.
Пысылдақ астында тақылдақ дегениңиз — тил.
Тақылдақ пенен бирге, шақылдақ дегениңиз — тис.

Бозжер гүрпең болмайма,
Аққан суўлар жайылмайма?
Шеки сәрбаз болмайма,
Сәрбазы өзине урмайма?

Қыз:

Арық аттың арқасына, қаўын ектик.
Туқымын салмай, қарығын жардық.
Туқымы жоқарыда, түйнеги жерде,
Усыны жигитлер ойланып шешиң?!

Аўылды көрсе әдетқор,
Суўды көрсе дәретқор,
Түске шекем, ҳалқа жорға,
Түстен кейин, салҳа жорға,
Алында қайырын көриң?!

Адамға ақыл керек, ҳийле керек,
Ақылсыз ақ тереклер, өссе керек,
Жол үстинде бай терек,
Дағазасы әлемди тутса керек!

* * *

Жигитлер ямаса қызлар тәрепи бир — бириниң тапқырлылығын билиў, я жуўаптан тез жеңиў мәқсетинде, жумбақ жуўап айтысына көшетуғында болған. Буған мына қыз бенен жигиттиң жумбақ жуўабын мысал етип көрсетиўге болады:

Қыз:

Аспанда бир дарақ,
Шақасы өнеки, жапырақ,
Жанып турған шамшырақ,
Ағып турған бир булақ.
Ол булаққа миясар,
Отызеки гәўҳары бар.
Ол гәўҳарға миясар.
Еки қызыл анары бар.
Аўа, жигит, бизге айтып берин,
Бул жуўаптың мәниси не болар?

Жигит:

Аспанда бир дарақ,
Ол — өзиңиз болады,
Шақасы онеки жапырақ, —
Онеки мүшеңиз болады,
Жанып турған шамшырақ, —
Еки көзиңиз болады,
Ағып турған бир булақ
Ол — ақылыңыз болады.
Отызеки гәўҳарың —
Отызеки тисиң болады.
Еки қызыл анарың —
Еки бетиң болады.
Бул жуўабың шешилди.
Тағы да жуўап берсеңиз не қылады? —

деп қызды жуўаптан жеңеди.

* * *

Бурынлары аўылдың қыз-жигитлери, өз-ара шығарыспақ етип, мейлис қурып отыратуғын болған. Усындай шөлкемлести-

рилген бир мейлисте, палаў жеп отырған бир жигиттиң муртына, бир түйир гүриштиң жабысып турғанын, бир жуўабый қыз көреди. Бул жигит, сол отырыспадағы жигитлердиң ең абырайлысы, басы екен. Жуўабый қыз былайынша жуўап айтыпты:

Мейлисте отырған, жигиттиң ханы,
Бир аўыз гәп айтсам, тыңлаңыз оны,
Сарҳаўыз[1] бойында қалды бир жаяў[2],
Бес атлы[3] жиберип, алдырың оны?!

Жигит бул астарлы мәнистеги жуўапқа түсинип, тез жабысқан түришти түсирипти.

* * *

Бир жигит бир қызды алып қашып киятырып, шаршап, азмаз дем алыў ушын, бир таўдың үстине келип отырыпты. Сонда жигит қызды сынап көриў ушын, былай деп жуўап айтыпты.

Қыял алып қашады,
Бәлент таўдан асады,
Ярың сеннен сөз сорайды,
Мына таў неше жасады?

Жигиттиң сынаў мәнисинде айтып отырған жуўабын сезген ақыллы қыз, иркилместен мына жуўапты жигитке қайтарып, жигитти жеңип қойыпты:

Бул дүньяның ишин көр,
Пәлектиң гәрдишин көр,
Меннен несин сорайсаң,
Аўызын ашта тисин көр?!

Бир жигит атлы киятырып, артына қызын миндирип киятыр екен. Келте ойлылаў бир жигит, буларды көриўден: «Мына қызды алып қашып киятырғаның жоқ па?» — деп сорайды. Сонда ағасының артындағы қыз:

Ҳай, ҳай, жигит, ҳай жигит,
Абайлап сөйле сен жигит?

---

1 Сарҳаўыз — аўыз мәнисинде.
2 Жаяў — гүриш мәнисинде.
3 Бесатлы — бессаўсақ мәнисинде.

Бул жигиттиң қайын енеси,
Мениң енемниң қайын енеси? —

деп жуўап айтады. Жигит абайсыз ойланыңқырамай сөйлейтуғынлығына пәнт жеп уялып қалады.

* * *

Қыз:

Алатана ҳарлап бас,
Аяғыңды барлап бас,
Бул жигиттиң енеси,
Бизиң енемиздиң қайыненеси?!

* * *

Қарақалпақ халқында жуўап айтысының күшли ен жайдырылғанлығы сонлықтан, бир жигит базардан базарлап киятырып, адайы, бир үйге қайрылады. Бундағы оның мәқсети, қызкелиншек болса, қалай болмасын, соның менен жуўап айтысыў еди. Үйде еки қабат, жүкли бир келиншекти көреди. Келиншек ҳә дегеннен, жигиттиң жуўап айтысқысы келип турғанын сезип, оннан бурын сөзди баслайды. Жигиттиң бир көзи соқыр екен.

Келиншек:

Аға, базарда соқыр өгиз қанша пул болады екен? —

деп сорайды.

Сонда жигит:

Соқыр өгиз аспанға ушыпты,
Буўаз сыйырға, ийт тышыпты, —

деп келиншекти ҳа дегенде ақ сөйлеттирмей жеңип кетеди.

* * *

Бир адам базардан базарлап киятырып, жолындағы бир үйге кирген екен. Кирсе бир ҳаял, еки қыздың отырғанын көреди. Буларға: «саламатсызларма қудаша? — деп сәлем береди.

Сонда отырғанлар: «аға, қайдан киятырсаң? — деп сорайды.

Жигит: «Базардан базарлап киятырман» — деп жуўап береди.

Сол ўақытта, олар жигитти қалай болмасын уялтып сөйлеттирмеў ушын: «Базарда не арзан, не қымбат екен аға, бизиң бир көзи гөр өгизимиз бар еди. Ол базарда пул болар ма екен?» — деп сорайды. Жигиттиң бир көзи соқыр екен. Бул астарлы сөзге жигит түсинип, қызлардың сораўына былай деп жуўап береди.

Ҳей, яранлар, мушырманлар тәкәси,
Еки қашар, бир сыйыр, гөр өгиздиң бәҳәси.
Базарда мал қымбатпа деймен.
Гөр өгиз ҳәм арзан емес екен базарда!.

деп жигит, қызларды жеңип қояды.

* * *

Бир аўылда айтыўлы, сулыў бир жақсы қыз болады. Бул қызды усы аўылдың бир жигити өлермен ашық болып, айттырып жүреди. Бир күни қыз ата-анасының сөзине ерип, бир шопан жигитке турмысқа шығып кетеди. Қыздан әрманда қалып қойған жигит, бир күни: «Сол қыздың тийген күйеўин көрип қайтайын. Ол меннен де жақсы мекен»? — деген ой менен қасына еки жигитти ертип, қыздың қашып кеткен аўылына барады. Қыздың үйине барса, қыздың күйеўи үйинде жоқ екен. Жигитлер қыздан күйеўиниң қайда кеткенлигин сорайды. Қыз күйеўим кеште келеди деп, күйеўиниң шопан екенлигин жасырады.

Жигитлер кеште далаға шығып турса, алыстан бир шанды көреди. Шаң кем — кем аўылға жақынлай береди. Бир ўақытта шаңның соңында аяғында жаман шарық, бетлери быдым-быдым бир жигитти көреди. Жигитлер қыздан бул жигит ким? — деп сорайды. Қыз күйеўин жигитлерде қалай жасырыўдың есабын таба алмай, бул бизиң күйеўимиз болады, — деп таныстырады. Сол ўақытта бурынғы ашық болып жүрген жигит:

— Сөз бенен сөздиң ҳәм мәниси бар,
Биймәни сөздиң не мәниси бар?
«Жапалақ», «Суқсыр» илипти,
Буның не мәниси бар? —

деп қызға жуўап айтыпты.

Қыз жуўаптан жеңилмеў ушын, ҳәм тийген күйеўиниң абырайын жоқары көтериў ушын, жигитке былай деп жуўап қайтарыпты.

— Сөз бенен сөздиң ҳәм мәниси бар.
Биймәни сөздиң не мәниси бар.
Қудайым қәлеп мал берсе,
Бизденде зыят суқсырдан дәмеси бар!

* * *

Ертеде қартайған, аўзында тиси жоқ, бир ғарры базарлап киятырып шаршайды. Шөллеп шай ишкиси келеди. Шай ишиў ушын, жолындағы бир үйге барады. Бул үйде жаңа түскен бир келиншек ҳәм еки қыз отыр екен.

Ғарры: «Шырақларым! Мен бир қатты шөллеп киятырман. Маған бир шәйнек шай демлеп бериң? — деп сорайды. Қызлар ғаррыға бир шәйнек шай демлеп береди. Үйиндеги қатық-қыраған бар нанын ғаррының алдына қояды.

Ғарры нанды ыссы шайға басып жейди. Сонда да, аўзында тиси жоқ адамның қызыл ийек пенен нан шайнағаны қызық ғой. Ғаррының нан шайнағанын қызық көрип, қызлар бир — бирине қарасып күледи.

Оның үстине өзи тамсанып, нанын шайнай алмай отырған ғаррыдан: — Ата, қайдан киятырсыз? — деп сорайды.

Ғарры: — Базардан киятырман.

Қызлар: — Базарда нелер арзан, нелер қымбат екен? — деп сораған ўақытта ғаррының қатты ашыўы келеди. Бул қызлар мени қоймады ғой. Буларға бир пәнт берейин деп ойлап, былай дейди:—«Мен базарға барсам, бир жерде көп адамлар үймелесип атыр екен. Бул не екен деп барсам, бир ғарры өгиз, бир баў жоңышқаны бурап салып, иркилмей жеп атыр екен. Халық бул өгизди неге бересең?—деп сорады. Сонда ийеси: «Бул өгизди бир қашып кеткен қашар менен еки қашпаған қашарға беремен—деди»,—деп айтқан ўақытта қызлар ғаррының қызларға тийдирип айтып отырған астарлы мәнистеги сөзине түсинеди. Бирақ, қызлар ғаррыға ҳешнәрсе қайтарып айта алмай, оны сыйлап қайтарады.

* * *

Бир жигит базардан базарлап киятыр екен. Жолдағы бир қара үйдиң алдында, бир жас келиншектиң ақбасқур тоқып отырғанын көреди. Келиншектиң көйлегиниң еки қолтығындағы үшкили ақ таўардан қойылған екен. Басқурдың қалағын ҳәр қаққанында келиншектиң еки қолтығындағы ақ үшкил жигитке көринеди. Жигитте тегине қарап кете бермей, келиншекке былай деп жуўап айтады:

Ассалаўма әлейкум, саўдашылар,
Сәўдагер саўда қылса, жол ашылар.
Бизден бир, ақ қолтық, ақ қашар жоқ,
Оны да, көрдиңизбе қудашалар?!

Сонда келиншек жигиттен жеңилип қалмай, оның жуўабына жуўап қайтарыў ушын, жигитке қараса, жигиттиң мурны пушық, толықлаўдан келген орта бойлы екен. Келиншек: жигиттиң түр-түси бойынша тез ой жуўыртып, оған былайынша жуўап қайтарады:

Ўәлийкум мүссәлам! Саўдашылар,
Саўдагер саўда етсе, жол ашылар?
Бизден де мурны пушық, бир буға жоқ,
Оны да көрдиңиз бе жолаўшылар?!

деп жигитти жеңип қояды.

Жигит:

Аўа, рас шығар қарындасым!
Олай болса, қудайдың салғанына көне бериң,
Не айтсада, күйеўиңниң сөзине ере бериң.
Үстиңизге тағы бир суқсырды қосып алса,
Тоқал болда мәс болып жүре бериң?!

деп үшеўи ўаҳаҳаласып күлип, сол жерден аўылына қайтып кетеди.

* * *

Илгери заманда, бурынғы Нәўпир болысының Қайрақ деген жеринде туратуғын Ҳийдай деген суўпының Ақмамық деген сулыў қызы болады. Усы қызды мал берип айттырып қойған жигити бир күни жанына бир жигитти ертип, қыздың үйине қыдырып келеди. Сонда қолдаўлы урыўының жигити Жәримбет күйеў баланың үстине аўылдың қыз-келиншеклери менен келип, отырыспақ ислейди. Шынында да, Жәримбеттиң қызда ойы бар еди. Мамық қызды күйеўлеп келген жигиттиң

бир көзи қыйсықлаў ҳәм жыпылық екен. Сулыў Мамық қыздың бул жигитке қалай тийетўғынлығына ҳайран болған Жәримбет қызға былай деп жуўап айтады:

Мәниниң мәниси бар.
Биймәниниң не мәниси бар?
Өзи «жапалақтан»[1] келип,
Бир «суқсырдан»[2] дәмеси бар?

Қыз Жәримбеттиң күйеўлеп келген жигитин астарлы мәнисте кемситип турғанлығын сезиўден, күйеўиниң абырайын көтериў ушын, мына жуўапты айтқан:

Мәниниң мәниси бар,
Бий мәниниң не мәниси бар,
Жапалақ суқсырды илсе,
Тағы бир Суқсырдан дәмеси бар шығар, депти.—

Отырыспа усындай қуўып қашпа сөзлер менен даўам ете берген.

* * *

Берилиўи

Қырым—деген шәҳәрдиң,
Ортасында қырқ булақ.
Отыз еки қасқыр бар,
Оның қасты қой қырмақ.
Буғалық салмай қур-қурлап.
Тамға таяқ сүйедим,
Бестен-бестен сыр-сырлап.
Бәйбишени байға үйреттим,
Ҳийле менен тур-турлап.
Алпыс үйрек, тоқсан ғаз,
Айланып ушар, пыр-пырлап,
Еки лашын, бир суңқар
Тынбастан ушар сыңқылдап
Буны тапқан жигитке,
Ақ төсимнен жай берип,

[1] Жапалақ — бул жерде қыпылық көз, деген мәнисте.
[2] Суқсыр — сулыў, жақсы мәнисинде.

Мен отырман былқылдап.
Таба алмаған жаманлар
Мазамады алма қыңқылдап.

Шешилиўи:

Қырым — деген шәҳәриң
Бул адамның басы дур.
Ортасында қырқ булақ
Бул адамның мийи дур.
Отызеки қасқыр бар,
Оның қасты қой қырмақ
Бул адамның тиси дур.
Көлден асаў усладым.
Буғалық салмай, қур-қурлап,
Бул адамның жаны дур
Тамға таяқ сүйедим.
Бестен-бестен сыр-сырлап
Бул адамның қолыдур,
Бәйбишени байға үйреттим,
Ҳийле менен тур-турлап.
Бул адамның суўпысы дур.
Алпыс үйрек, тоқсан ғаз,
Айналып ушар, пыр-пырлап
Бул адамның тамыры дур.
Еки ылашын, бир суңкар
Тынбастан ушар сыңқылдап
Адамның көзи менен тилидур.

Буны шешкен жигитке,
Ақ төсимнен жай берип,
Мен отырман былқылдап
Бул сөзиңниң уйқасыдур.

Берилиўи:

Бир жуўабым бар еди,
Изи барда, көзи жоқ,
Бир жуўабым бар еди.
Көзи барда, изи жоқ,
Буны шешкен жигитке,
Рахмет барда, өлим жоқ?

Шешилиўи:

Изи бар деген жуўабың,
Үлкен гүзар, жол екен,
Көзи бар деген жуўабың,
Айдын шалқар көл екен.
Буны айтқан заманлас
Бул жуўаптың мәниси
Ойлап көрсек усы екен.

Қыз:

Тамға таяқ сүйедим,
Оннан, бестен сыр-сырлап
Тулпардан жүйрик усладым,
Қурық салмай тур-турлап
Отыз бес аққуў, бир суңқар
Ушады олар, пыр-пырлап
Бул жуўапты шешкен жигитке
Өзим тигип қойыппан
Орамал-шаршы тор-торлап

Жигит:

Оннан бестен сыр емес,
Тулпар услаў жыр емес,
Отыз бес, аққуў, бир суңқар
Перийзаттан кем емес.
Бул жуўапты шешкен жигиттиң,
Орамал-шаршы теңи емес.

Берилиўи:

Бир жуўап бар, аты жулдыз
Қуралай услап, баққан қундыз
Еки қыз дигирман басында,
Отырады бир пулсыз.
Мың батпаннан дәнин төгип,
Өнип — өскен, бир туқымсыз.
Бул жуўаптың мәнисин шешиң,
Төрде отырған аққуба қыз

Шешилиўи:

Бир жуўап бар, аты жулдыз
Ол адамның жаны дур.

Қуралай услап баққан қундыз
Ол адамның көзидур.
Мың батпаннан дәнин төккен,
Ол адамның шашыдур.
Бул жуўаптың мәниси
Төрде отырған төре жигит,
Биймәҳәл болса, усыдур.

Берилиўи:

Ҳаўалап өскен ағаш бар,
Биреўи қарағай, биреўи тал
Аўызыңызда ләбиңиз,
Бири шекер, бири пал.
Бул гәпимниң мәнисин,
Өзиң шеште өзиң ал?!

Шешилиўи:

Қараман ағаш, қатты болады,
Тал жапырағы ашшы болады,
Жигит — деген шекер болады,
Қыз деген пал болады.
Сол мерекениң рәўиши,
Ҳәммемизге тең болады.

Бир жуўап бар, орайы,
Бир жуўап бар, сарайы,
Бир жуўап бар, қудайы,
Қайсысын аласыз, қудашалар?

Қыз:

Ай жақсыма, күн жақсы ма,
Ой жақсыма, дөң жақсы ма,
Хан жақсыма, бий жақсы ма,
Жуўап берген биз жақсы ма.

Жигит:

Шешип алған сиз жақсы ма?
Ақшамында ай жақсы,
Күндизинде күн жақсы,
Сүйирли болса, дөң жақсы,
Үй исине сиз жақсы.
Дүз исине биз жақсы.

Бир жуўап бар, гүўенли,
Бир жуўап бар, жүўенли,
Бир жуўап бар, ақтан,
Бир жуўап бар, бақтан.

Бир жуўап бар, бүлбил,
Бир жуўап бар, дүлбил.
Бир жуўап бар, қызыл гүл.
Қайсысын қәлесеңиз өзиң бил?

Шешилиўи:

Гуўенлисин қораға қой,
Жүўенлисин мине ғой.
Ақтағысын баққа қой.
Қызыл гүлин ала ғой.
Бүлбиллерин бере ғой.

Берилиўи:

Бир жуўап бар, «пей» жуўап,
Бир жуўап бар, «тез» жуўап.
Сорап отырғаныңыз қай жуўап.

Шешилиўи:

«Пей» жуўабынды қоя ғой,
«Тез» жуўабынды бере ғой?

Берилиўи:

Бир жуўап бар, тилдиң ушы,
Бир жуўап бар, кеўил хошы,
Бир жуўап бар, усы заманның рәўиши.

Шешилиўи:

Тилдиң ушын, қоя ғой,
Кеўил қошын бере ғой?
Усы заманның рәўишин,
Ҳәммемизге ала ғой?!

Жигит:

Билимлиге бәри өлшеў,
Билимсизге бәри мешеў,

Топарына бир жуўап,
Шешип беринг қудашалар.
Алатайдың қуйрығы нешеў?

Қыз:

Әкең шешек қотыр,
Кемпириң қурт қайнатып отыр.
Кемпириңниң қайнатқан қуртына,
Қойнынды толтыр.
Алатайдың қуйрығын билгиң келсе,
Зигиригин услап, сана да отыр.

Берилиўи:

Ҳаўадан ун түсти,
Сынбайын пүтин түсти.
Бир пәлекте бес түйнек,
Еккисине күн түсти.
Үшиншисине түн түсти.

Шешилиўи:

Ҳаўадан ун түсти,
Сынбайын пүтин түсти
Дегениң күнниң нуры болады.
Бир пәлек дегениң
Бир күн болады.
Бир пәлекте бес түйнек
Дегениң бес ўақлы намаз болады.
Екеўи — күн болады.
Үшеўи — түн болады.

Берилиўи:

Бир жуўап бар гүўенли,
Бир жуўап бар жүўенли,
Бир жуўап бар ақта,
Бир жуўап бар бағда,
Бир жуўап бар бүлбил.
Бир жуўап бар дүлдил,
Бир жуўап бар қызыл гүл.
Қайсысын қәлесеңиз өзиң бил?

в) Нәсият (дидактилалық) жуўап

Нәсият жуўап терең философиялық ой-пикирлерге ийе. Бунда адамға ақыл беретуғын тәрбиялық әҳмийети күшли ең баҳалы сөзлер айтылады. Адамды киши пейил, әдепли, икрамлы, ойлы, ақыллы, сабырлы, турақлы, дос, аўыз биршиликли, адамгершиликли болыўға тәрбиялайды. Жуўапта айтысыўшы еки тәрептиң ақыл, ой, данышпанлықты, шеберликти жарыстырыўы айрықша көзге түседи.

Қарақалпақ халқында еки адам бир-бириеў менен көрискенде сәлемлесиў, әсиресе, өзинен үлкен адамларға сәлем бериў және сырттан үйге келгенде биринши рет сәлем берип кириў халқымыздың бурыннан киятырған миннетли дәстүри. Бул бир-бириеўди сыйлап, ҳүрметлеўди, дослық, аўыз биршиликти көрсетеди. Халықтың усындай баҳаға ийе болған миннетли дәстүрин орынламаған адамлар өз ўақтында нәсият жуўабының қармағына илиниген. Мысалы, бир жигит бир қыздың үйине айттырып барғанда сәлем берип, аманлық-есенлик сораспастан, үйге кирип барыўы менен отыра береди. Сонда қыз жигитке:

Көйлекшели бедеў ат,
Бек жигиттиң нышанасы,
Жалаң аяқ-жалаң бас,
Жаз айының нышанасы.
Аманлық-есенлик сорасқан,
Адамгершиликтиң нышанасы, —

деп жаўап айтады. Уялшақ, ынжық, пәми аз жигит қызға ҳеш нәрсе қайтарып айта алмай сөзден жеңиледи.

Нәсият жуўапта: «Адам болсаң бир сөзли, турақлы бол, ел-халқыңды сүйип, оған ҳадал хызмет исле, өзиңди жоқары санап, менмен болма» деген баҳалы идеялар жыр етиледи. Бул идеялар ҳәзирги дәўиримиздиң жаңа адамларын тәрбиялап шығарыўда да үлкен жәмийетлик әҳмийетке ийе екенлигин көрсете алады.

Адамның жақсы-жаманын билгиң келсе, сөйлетип көр дейди халқымыз. Сөз арқалы адамның жақсы-жаман парқын айырасаң. Жақсы адам менен сөйлессең адамға пайдалы нәсият айтады. Қеўлиңди көтерип адамға қуўаныш, йош береди. Қеўлиңде әрман қалдырмайды. Усындай идеялар мына нәсият жуўабынан да анық көринеди. Отырыспада көпти көрген кең, кишипейил, ақыллы, дилўар жигитке қыз жеңгеси:

Арқадан келеди арқар,
Жақсы адам менен сөйлессең,
Қумарың тарқар, —

деп жуўап айтады. Сонда жигит те қыз жеңгесине:

Арқадан келеди кийик,
Жаман адам менен сөйлессең,
Ол да адамға бир күйик, —

деп жуўап қайтарады. Бунда жигит қыз жеңгесин жаман деп турған жоқ. Қыз жеңгесиниң сөзин мақуллаў менен бирге, жаман адам менен сөйлесиўдиң парқын түсиндирип тур.

Адамның бийлигине байланыслы айтылған:

Сөз сөзден шығар,
Сөйлемесең неден шығар,
Сөз пияздың қабығы,
Сөйлессең зейниң ашылар.
Көргенсизге дус болсаң,
Шалғайына асылар, —

деген нәсият жуўабы бар. Усы жуўаптың жоқары төрт қатары өз алдына айырым айтылғанда да нәсият мәнисиндеги жуўап. Соған: «Қарап отырғанша, сөйлесип отырайық қызлар?! деген еки қатарды қосып, тилек, сораў мәнисиндеги жуўапқа да айналдырыўға болады ямаса тағы нәсият мәнисиндеги еки қатарды қосып, алты қатарлы нәсият жуўабы етип қурыўға болатуғынлығын жоқарыдағыдан көрип отырмыз. Жуўаптың «Көргенсизге дус болсаң, шалғайыңа асылар» деген ең соңғы қатары бирден «Жақсыдан шарапат, жаманнан касапат», «Жақсыға жантас, жаманнан қаш» деген нәсият нақылларын адамның есине түсиреди. Өйткени, булар нағыз халқымыздың басынан өткерген турмысынан пайда болған. Булардың мәнислери бир-бирине жүдә жақын. Жақсының барлық ўақытта да пайдасы тийеди. Жаманның зыяны тийеди. Сонлықтан да жақсыныц өзине ер, жаманнан қаш деп нәсият етеди. Көргенсиз адамның ҳәми аз, билимсиз ақылы кем болады деген идеяны да аңлатады.

Айырым жаман адамлар сөздиң мәнисине терең түсинбей, ақыллы адамды өзинше жеңдим деп ойлайды. Сөйлер сөзин билмей, өзине сөз келтиреди. Пәтиўасыз көп сөйлеп, өзиниң қәдирин кетиреди. Өз-ара қатты бақырысып, урысып, сөйлес-

кеннен жай аўыз биршиликли татыў сөйлескен артық деген нәсият жуўаплары айтылады.

Отырыспада айырым адамлардың жуўаптан утылып, қысылып, шыдай алмағанлықтан шығып кеткени ҳәм бир адамға еки адамның жабылып гәп айтқаны қатты айып болады. Бундай адамлар жаман адам болып есапланады деп ескертеди.

Жөнсиз, мәниси жоқ көп сөзлерди халқымыз жақсы көрмейди. Сонлықтан да, аз, саз сөйле, — дейди халқымыз. Халық ҳәр бир сөздиң өткир, салмақлы, терең мәнили болыўын талап етеди. Буныңдай талаплар халқымыздың нәсият жуўабында да тийисли сүўретлениўин тапқан.

Жаўдың шаңы шықпас,
Жалғыздың үни шықпас,
Жөнсиз босқа көп сөйлеме,
Мылжың сөз қулаққа жақпас.

Бул жаўаптың жоқарғы еки қатары нақыл. Жуўап айтыўшы соңғы қатарды жоқарғы еки қатар нақылдың уйқасына қарай өзинше қосып жуўапқа айналдырған.

Бир жигит қыз жеңгесиниң айтқан жуўабын басқа сөзлер менен алаң болып еситпей қалады. Айтылған жуўаптан хабары болмаған жигит жуўабына-жуўап күткен қыз жеңгесине мәған жуўап айтпадыңыз деп оның менен даўласады. Сонда қыз жеңгеси:

Жаманлама халықты,
Көмилместен қаларсаң.
Бийкар деме аныкты,
Қатардан шығып қаларсаң, —

деп жуўап айтып, жигитке қатты тийдиреди. Бунда да «Көпти жаманлаған көмиўсиз қалады» деген нақылдың мазмунын төрт қатарлы бир шуўмақ жуўаптың жоқарғы еки қатарына өзинше өзгертип қурып, оған тағы еки қатарды қосыў арқалы терең мәнили нәсият жуўабына айналдыра алған.

Нәсият жуўабындағы ҳаял-қызларды менсинигиси келмеген менмен, тақаббир жигитлерге: «Ҳаял-қызларды ҳүрметлеў, сыйлаў керек» — деп айтылған прогрессив пикирлер адамға жүдә унайды. Адамларда турақлы мухаббат болыўды, өмирлик ярының көзине шөп салмаўды нәсият етеди.

Қыран бүркит ушады аспан менен,
Әмиўдәрья төгилмейди тасқан менен,
Киси яры — яр болмайды,
Қаншама баўырыңа басқан менен.

Булардан басқа да айтылған нәсият жуўапларында ҳәр бир адамның өз өмирин саз-сәўбетли, ойын-күлки менен кеўилли өткериўин, адамгершилиги аз, қәсийети кем, турақсыз, тайғақ болмаўын, мухаббат еркинлигиниң болыўын т. б. нәсиятлайды.

Нәсият жуўабында басқа жуўаплардың түрлериндей еки тәрептиң дәме-дәс айтысы бола бермейди. Жуўапты көбирек бир тәрепи айтады. Бул жуўаптың нәсиятқа байланыслы айтылғанлығынан болыўы керек.

Жоқарыдағы анализ етип пикир айтып отырған нәсият жуўапларының барлығы нақыл-мақалға айналып кеткен. Буларды халқымыз нақыл-мақал орнына да қолланып жүр. Бирақ, айырым қосық қатарларының ямаса пүтин шуўмағы менен нақыл-мақалға айналғанындай, булардың да нақыл-мақалға айналып кеткенлигин естен шығармаў керек. Нәсият жуўапларының нақыл-мақалға айналыў себеби, биринширден, нағыз турмысқа байланыслы актуаль мәселелерди сөз етиўинен, екиншиден, идеялық мазмунының терең философиялық мәнисине ийе болыўынан, үшиншиден, көркемлик өзгешглигиниң жақсылығынан деп айта аламыз.

Нәсият мәнисиндеги жуўаплар

Кенликке кең етсең, камалға жолығарсан,
Менменлик етсең, бир бәлеге жолығарсаң,
Өзинди жоқары санап, қасындағыны мисе тутпасаң,
Басыңа аўыр ис түскенде тарығарсаң.

Көйлекшели бедеў ат,
Бег жигиттиң нышанасы.
Жалаң аяқ, жалаң бас,
Жаз айының нышанасы.
Аманлық-есенлик сорасқан,
Адамгершиликтиң нышанасы.

Қ ы з:

Арқадан келеди арқар,
Жақсы адам менен сөйлессең,
Қумарын тарқар.

Жигит:

Арқадан келеди кийик,
Жаман адам менен сөйлессең,
Олда адамға бир күйик.
Құбладан келеди пил,
Ендигисин құдаша өзиң бил,
Ҳәр гәптиң бир жайы бар,
Құлақшының төрт сайы бар.
Жақсы адам менен отырсаң,
Жәннетке киргендей боласаң,
Заманласлар менен отырсаң,
Дәўранды сүргендей боласаң.

Қыз:

Көргенсизди мақтасаң, қозып кетер,
Орынсыз жерде ҳәўлирип, қызып кетер,
Сөйлер сөзин табалмай, жағаласып,
Мерекениң бир жағын бузып кетер.
Ақыллыны ақмақ жендим дер,
Сөзинде болмас итибар.
Жеңген жеңилгенин билмес,
Мәнили сөзден бийқабар.
Индемесең нетеди,
Индесең баҳаң кетеди.
Қатты сөздиң орнына,
Әсте сөзде жетеди.
Үйдин көрки — сандық,
Дүздиң көрки — жанлық,
Жуўап сорамай турып кеткен,
Ол жаманға аталғанлық.

Түби жуўан қараман,
Еки айрылса, тал болар,
Бир адамға еки адам гәп айтса,
Ақылы ҳайран лал болар.

***

Жас едик қуўшал болдық.
Кен жерде өсип, тар жерде дуўшар болдық,
Түби жуўан қараман,

Еки айрылса тал болар,
Бир адамға еки адам жабылса,
Ақылы ҳайран лал болар.

Сөз-сөзден шығар,
Сөйлемесең неден шығар,
Сөз пияздың қабығы,
Сөйлесең зейниң ашылар.
Көргенсизге дус болсаң,
Шалғайыңа асылар.

Жаяўдың шаңы шықпас,
Жалғыздың үни шықпас,
Жөнсиз босқа көп сөйлеме,
Мылжың сөз қулаққа жақпас.

Ағаштың көрки жемисте,
Даланың көрки егисте.
Қыстың көрки қар менен,
Жигиттиң көрки яр менен.

Бийик-бийик таў болса да,
Жылғасында жол болады,
Ҳаслы зады бек болса да,
Перийзаттың қулы болады.

Еңбек етсең емерсең,
Муратыңа жетерсең.
Туўры жолдан жүрсеңиз,
Адаспай-ақ кетерсең.

Бир жуўап бар еситиң,
Айталы сизге нәўбаҳал,
Сәўбет ҳәм отырыспақ,
Көп ғанийбет, бар камал.

Бүлбил минәсип, гүл билән,
Қарўан минәсип, жол билән,
Бес-алты күн тиришилик дүньяда,
Сәўбет минәсип қыз билән.

Сүринди деп жолдасым,
Таслап қашпа жолыңнан,

Егер ертең жығылсаң,
Ол да тартар қолыңнан.

Жаманлама халайықты
Көмилместен қаларсаң,
Бийкар деме анықты,
Қатардан шығып қаларсаң.

Алтында тас, таста тас,
Алтындай болмас, басқа тас,
Адам алтын табады.
Алтын адам табалмас.

Жақсылыққа жаманлық қылыў,
Ҳәркимниң қолынан келеди.
Жаманлыққа жақсылық қылыў,
Ер адамның қолынан келеди.

Бир көрген билис,
Еки көрген таныс,
Үшинши рет көргенде,
Аттан түсип, қол алыс!

Жаманға ерме,
Тойғанға мәсирме,
Пәтиўасыз көп сөйлеп,
Бостан-босқа көпирме?!

Бағ ишинде қыдырып,
Сегиз өлшеп бир кес.
Сонда саған дурыс болар,
Өлшемесең кейин урыс болар.

Бир тилесең май тиле,
Ҳәргиз жүректи талдырмас,
Жақсы менен жолдас болсаң,
Кеўлинде әрман қалдырмас!

Сөз мәнисин билмеген,
Сөзди өзине келтирер.
Көш мәнисин билмеген,
Көшкенде көлик өлтирер.

Арғымақ аттың белгиси,
Гейде буўдан, гейде көк.
Азамат ердиң белгиси,
Гейде жипек, гейде жип,

Тәўекел деген жел қайық,
Минесенде өтесең,
Уўайым деген терең суў,
Батасаңда кетесең.
Замана деген ол түлки
Тазы боп қуўсаң жетесең.

Әрўана болдың, не болдың,
Көш келгенде тартпасаң,
Азамат болдың, не болдың,
Сөз келгенде айтпасаң.

Сөз-сөзден ашылар,
Аўыздан дүрлер шашылар,
Жақсы адам сөз сөйлесе,
Адамның зейни ашылар.

Сүймурық деген қус болар,
Сийнелери гүмис болар,
Еки адам бир-бирине ашық болса,
Ақыры бир күн дус болар.

Сүймурық деген қус болар,
Сийнелери гүмис болар,
Заманластан гәп еситип,
Уақтым мениң хош болар.

Жақсыдан жаман туўады,
Бир табақ асқа алғысыз.
Жаманнан жақсы туўады,
Адам айтса нанғысыз.

Ябыны жаўға минбе, жаллы екен деп,
Жаман менен дос болма, маллы екен деп,
Баласы туйғын қустың илмей қалмас,
Жақсыдан қолынды үзбе, жарлы екен деп?!
Ерме болма, еркек бол,
Кейин қалмай, алда бол?!

Жаманға исенбе,
Сырынды ашар.
Жақсылық етсеңде,
Ол сеннен қашар.

Аспанда айдан не пайда,
Созсам қолым жетпейди.
Хийўада ханнан не пайда,
Айтсам арзым питпейди.

Көз қумарға тоймайды,
Кеўил дийдарға тоймайды.
Заманлас пенен отырсаң,
Ҳәргиз мийриң қанбайды.

Өзи сынған пышақтың,
Жетесин сорап нетесең,
Қатты да барған жериңе,
Әсте де жүрсең жетесең?!

Қардан ақ нәрсе жоқ,
Усласаң қолың, тоңдырар.
Қазаннан қара нәрсе жоқ,
Ишсең қарның тойдырар.

Қара тери хан басында,
Ақ тери аяқ астында,
Қаратақанды бир жемесе, хан жемейди,
Хан қасында қараша, не демейди?!

Ақ адамның қара адамдай, ҳуўышы болмайды,
Ақ гүлдиң қызыл гүлдей, заўқы болмайды,
Ақ сыйырдың қара сыйырдай сүти болмайды,
Сыйыр бас өгиздиң, қара өгиздей күши болмайды

Арпа бийдай ақ болады,
Сары қаўын қақ болады.
Сары майға былғаған,
Сөктиң дәми жоқ болады.

Өсер елдиң баласы,
Бирин-бири батыр дейди.

Өспес елдиң баласы,
Бирин-бири қатын дейди.

Бир соқыр, бир соқырды жетелейди,
Сулыў соқыр ортасынан төтелейди.
Билмес, қуданы билмес,
Көрмес, түйени көрмес.

Ҳаслы полат, алмас қылыш,
Суўға салса, тот баспайды.
Әўелинде ийманлы қул,
Өлгенде де саспайды.

Таў таўшансыз болмас,
Ел раўшансыз болмас.
Таўдың таўшаны тас болады,
Елдиң раўшаны қыз болады.

Әребекти соққан зергер,
Ҳәм бузарлар ҳәм дүзерлер.
Қыз излеген жақсы жигит,
Сабыр етип, ел гезерлер.

Аттан аттың неси артық,
Өзи тарлан көк болса,
Ерден ердиң неси артық,
Үәдесине берик болса.

Жаман адам жақсы болмас,
Нешше жақсы дарысада,
Әмиўдәрья ҳарам болмас,
Қанша ийтлер сарысада.

Жақсыны жаманлаў менен қуны кетпес,
Жақсыға мың жаманның қуны жетпес,
Ақсақ ийт көкке қарай, үрген менен,
Аспанда алтын айдың нуры кетпес.

Көргенсиздиң қолы қысқа,
Барын жоқ деп жасырар,
Алтын басқа, гүмис басқа,
Барлығын ҳалық айырар.

Запыранның зәҳәри өтер,
Кем-кем сарғайған сайын,
Бийҳасылдың қылығы өтер,
Барымына барған сайын.

* * *

Запыранның зақмы артар,
Зәҳәри сарғайған сайын,
Қатарластың кеўли артар,
Ырайына барған сайын.

Билмесең айтпа,
Жетпесең қуўма,

Қазандағы қатлама,
Қайнасада писпейди.
Ладан болса жолдасың,
Ымласаңда түспейди.[1]

Аспанда айлар аласар,
Жерде гүллер лалазар.
Гәпке түсинбеген ладанлар,
Ҳәрнәрсе деп таталар.

Сөз мәнисин билмегенлер,
Өзине сөз келтирер.
Гүл мәнисин билмегенлер,
Шақасына зил келтирер.

Мыс шәйнектиң қасына,
Гәўҳарды қойсам, ләң урар.
Өзинше менменсинген ақмақлар,
Айтқан гәпке түсинбей гүм болар,

Үйдиң жыллы, суўығын,
Қыз түскенде билерсең,
Кимниң жақсы жаманын,
Ис түскенде билерсең.

Ҳешўақта пышық дос болмайды тышқан менен.
Тар дүнья молаймайды қысқан менен.

[1] Түспейди — түсинбейди мәнисинде.

Өзиниң ақ некели ярың болмаса,
Паяны жоқ, журт жақсысын қушқан менен.

Сиз болайық,
Биз болайық.
Екеўимиз қосылып,
Қыз болайық?!

Майдандағы қудаша,
Қудасының атының қызығы.
Үйдеги қудаша,
Қудасының азығы.

Жигит:

Бәлент-бәлент, таў болады,
Таўдың үсти, жол болады,
Нешше бәлент, қызыл гүл болсада,
Бир досақ жигиттиң, қулы болады.

Қыз қайтарып жуўап айталмай жеңиледи. Жуўаптан жеңилген қыз жигитке бир кесе шай апарып береди. Бирақ, кесени жигиттен алып киятырып қыз жығылып қалады. Жигит қыздың жығылып қалғаны ушын, оған тағы мынадай деп жуўап айтады.

Әне, әндам, әне сыяқ,
Саған миясар, бир саяқ,
Қулаш бөзде қарыс шашақ,
Қуры сән, бар баз екенсең.

Қыз:

Көлге бир қамыс шығыпты,
Жарасығы жапырақ.
Таўға бир жемис шығыпты,
Бир-биринен ҳаўырақ.
Жигит болсаң хошқылықлы,
Парық еместе қуры ақ?!

Қумнан қоян қашса керек,
Жүйрикти тазы илсе керек,
Жаңағы айтқан жуўабына,
Ақылы жетик киси керек?!

Есик алды, әлўан терек,
Өсер, кетер ырайына.
Саясы қырық қәдем жерге түссе,
Ким келмейди панайына?!

Аўызы епли кисиге,
Арба-өгизде жуўап,

Мурның пушық болмай, ҳанана қайда,
Жанынды қыйнамай, жанана қайда?
Талабын ислемей жатқан бендеге,
Бинай өмиринде болмайды пайда.

Шаш адамның панасы,
Тис аўыздың қаласы,
Тыңламасқа гәп айтсаң,
Ол ҳәм бир қусшының ҳалаласы,

Сабыр түби — сары алтын,
Сарғайған жетер муратқа,
Бийсабыр шыбыжынлаған —
Шыдамсыз қалар уятқа.

Көп жасағаны қурысын,
Өткенди билмеген соң,
Ерте турғаны қурысын,
Өткен-кеткенди көрмеген соң.

Жемис бағында,
Ҳәр ис өзиниң ўағында,
Сөз-сөзден шығар,
Сөйлемесең неден шығар.

Ҳаслы тәўир алмас қылыш,
Суўға салса тат баспайды.

Жақсының жаты болмайды,
Жаманның уяты болмайды.
Жақсы өзин пәске тартар.
Жаман өзин мәсиртер.

Дәрттиң даўасы болмаса,
Сөйлеспеў керек инсан менен,

Ҳәр гүлдиң бир ийиси бар.
Ҳәр гәптиң бир мәниси бар.

Айдын шалқар көллер бар,
Сол көллердиң ишинде,
Набаттан татлы суўлар бар.
Суў қәдирин қуў билмес,
Ел ишинде ерлер бар.
Ер қәдирин ел билмес.

Ас сақлаған ҳаялды,
Қатыным десе, болмас па?
Ис питирген қосшыны,
Жаным десе болмас па?

Ҳеш пуш болмас жөнлиниң,
Қолын тут, қара таллының.
Дәрти болса, бир муңлының,
Ертерек бар, кеш болмасын?!

Қыз деген кепсер болар,
Жигит кеўлин алмаға,
Алдыңғы арба қайдан жүрсе,
Соңғы арба соннан жүреди.
Қыз қартайса қазы болады.
Ийт қартайса тазы болады.

Билген таўып айтады.
Билмеген қаўып айтады.

Ғаррылық сени қәйтейин,
Айрылмасым жат еттиң.
Жалғызлық сени қәйтейин,
Айтар сөзим мат еттиң.

Ақтеректен узын нәрсе жоқ,
Қәнекей, оның мийўасы?
Пақал, терек мийўалы,
Пақырларға пайдалы.

Дабылпаз деген қус болады.
Дабылы жер жарады.
Өлерине келгенде,
Тақ ултанлық тери алады.

Булдырық деген қус болар,
Буғып барсаң аттырмас.
Адамлардың жаманы,
Ишкен асынан таттырмас.

Көгершин деген қус болар,
Ийнеликтең жем етер.
Адамлардың жаманы,
Дузсыз астан дәметер.

Елинен қашқан бир тұлки,
Елге келгенше дем алмас,
Өзи жүйрик болған соң,
Оны ҳешким тута алмас.

Бир жаптың сағасы,
Қырқ жап болады.
Қырқ жигиттиң ағасы,
Бир жигит болады.

Сөз әлемге шашылар,
Қара қой ишинен тынар,
Ағаш буўынан сынар.
Деген екен қуда бала!

Ақыллы өзин пәс тутар,
Ақымақ өзин мәс тутар.
Сумлықлы ишинен тынар,
Ағаш буўынан сынар.

Жақсылығынды жайына қыл,
Жақсылығың ҳеш болмасын?
Қуры сымбатқа қарама,
Дәнеси жоқ, пуш болмасын?!

* * *

Қарақалпақ халқының бурынғы дәстүринде, жигит қыз бенен тиккелей сөйлесе алмайтуғын болған. Жигит қызға ашықлығын билдирип, турмыс қуратуғын болса, ямаса басқа да қандай бир жумыс пенен сөйлесетуғын болса, тек, қыздың жеңгеси арқалы ғана сөйлесе алатуғын болған. Жеңгесиз қыз жигит пенен сөйлеспейди екен.

Ол ўақытлары жеңгениң роли оғада күшли болады. Қыздың жеңгеси де қуры атағы бар жеңге емес: ол қыздың барлық абырайын көтеретуғын, бақытлы болыўына себепши болатуғын жуўапкерли адам қатарында саналған. Қыз анық өзиниң сүйгенине узатыларда ҳәм узатылғанда жеңгесиниң мийнетлерин ақлайтуғын болған. Усынлай дәстүрге байланыслы қызлардың жигитлерге айтқан:

Темеки тегин келмейди,
Теңгеге келеди,
Жигит қызға келмейди,
Жеңгеге келеди, —

деген жуўабы нақылға айналып кеткен. Усындай нақыл-мақалға айналып кеткен, жуўаплар оғада көп ушырасады.

Бир жигит жеңгесиз-ақ қыздың өзи менен сөйлесип келисермен деп ойлап бир қызға сөз айтып қоймайды. Сонда қыз жигитке былай деп жуўап айтқан:

Пәр-пәр дайым, пәр дайым,
Бизге айтасыз ҳәрдайым,
Бизге айтқанша жеңгеме айт,
Жеңгем биледи жағдайын.

Қыз жеңгеси қыздың абырайлы болыўына ата-анасындай шерик болғанлықтан, жигиттиң жеңгеси арқалы қыз бенен сөйлесиўи күшли дәстүрге айналып кеткен. Ол заманларда қызлардың жеңгесиз жигит пенен сөйлесиўи жүдә уят, айып саналатуғын болған.

* * *

Қызлардың женгесине байланыслы дөреген мынандай да жуўап айтыслары бар:

Жигит:

Қырқ жапқа бир жап, саға болады,
Қырқ жигитке бир жигит аға болады.
Суў—сағасыз болмайды.
Жигит—ағасыз болмайды.
Қыз—жеңгесиз болмайды.

Мейли өтең, мейли өтең, мейли болады,
Жеңге қыздың сейиси болады.

Женгеси жақсы болса, жыйында оздырады.
Женгеси жаман болса, мерекени буздырады.

Жылан жыласар болар ма,
Жылқы гүйсер болар ма?
Женгеси жоқ қызлардан
Жуўап сорар болар ма?!

Қыз дегениң қызыл гүл,
Жигит дегениң бүлбил.
Айтыўшы ақыл тынлаўшы дана,
Ай болмаса ақылдан адасады,
Күн болмаса, кеўилди кир басады,

Қыз — қулып, женге—гилт,
Гилт—болмаса, қулыпты ким ашады?

Жуўап деген бир дәс,
Уттық не, утпадық не?
Гүрес деген бир дәс,
Жықтық не, жықпадық не?

Шаш дур шәменниң лаласы,
Тис дур аўызыңның қаласы.
Жуўап деген бир-еки аўыз сөз болады.
Сол дур жуўаптың ағласы.

Жуўап деген қудай емес,
Ағып турған суўдай емес,
Етеклеп берер буўдай емес,
Жуўап деген ҳешнәрсе емес,

Жекен жеринде,
Бақа көлинде,
Ҳәрким өз елинде

Жылағанды сора ма,
Күлгенди сора?
Жылағанды сорасаң,
Өлгени болады.
Күлгенди сорасаң,
Билгени болады.

Жаман ҳаял менен қас болсаң,
Жағаңнан алады, сәл жерде,
Жақсы ҳаял менен дос болсаң,
Пайдасы тийеди ҳәр жерде.

Шекшек келеди шел билән,
Зулпын таўлайсаң гүл билән,
Байлап алсаң, бир қыл билән,
Сексен талпынса үзе алмас,
Әлҳаўаға ушып турса,
Сүттиң қаймағын бузаалмас.

Шықтым таўдың басына,
Отырдым таўдың тасына,
Нелер келип, не кетпейди.
Адамзаттың басына.

Аўырыўда шаншыў жаман,
Әңгимеде қаңғыў жаман.
Төрели бийде туўған жоқ,
Төрессиз бийде ийман жоқ.
Шөлине қарай қуланы,
Жерине қарай жыланы.

Еки жақсы бас қосса,
Бирин-бири қыймайды.
Еки жаман бас қосса,
От басына сыймайды.

Арғымақ аттың белгиси
Аз ғана отлап, көп жуўсар,
Азамат ердиң белгиси,
Аз ғана сөйлеп көп тынлар.

Көз қараўға тоймас,
Қеўил дийдарға тоймас.
Қатар заманласлар менен
Отырған отырыспаның,
Баҳасы болмас.

Жоқ табылмайды емес,
Қараўы жетпейди,

Адам бермейди емес,
Сораўы жетпейди.

Баҕ мәнисин билмеген,
Шақасына зил келтирер.
Гәп мәнисин билмеген
Адамға намыс келтирер.

Қара тал өсер ырайына,
Өссе кетер, ҳәр жайына.
Саясы жуз қәдем жерге түсер,
Ҳәрким келер панайына.

Адасқанның айыбы жоқ,
Қайтып жолын тапқан соң.
Ашылғанның айыбы жоқ,
Өзи көрип жапқан соң.

Сәлемсиз кирген айып,
Жуўап сыз шыққан айып.
Өгиз жеккенниң булқыны қурыйды.
Адам адам менен сөйлеспесе,
Ынтығы қурыйды.

Соймасаң қан шықпайды.
Тегиликте жан шықпайды.
Қуры жағдай айтқан менен
Қызыл тилден май шықпайды.

Мылтықта үш тыныс бар,
Атқанда көшти ме, көшпедиме?
Көшкенде тийди ме, тиймедиме?
Тийгенде өлди ме, өлмедиме?

Қаршыға қустың баласы,
Қанатын жайып жем жемес.
Қарақалпақ байдың баласы,
Бир-биринен кем емес.

Шай дегениң сары суў,
Ишсең синер қарынға,
Жаманға ис тапсырсаң,
Қаратады жарынға.

Қумыры деген қус болады.
Пәрли порсаңбас болады.
Себеби менен заманлас,
Бир-биреўге дус болады.

Ҳәр гүлдиң ийиси бар,
Ҳәр гәптиң мәниси бар.
Базарда мың киси бар.
Биреў менен биреўдиң не иси бар?!

Көлдиң сәни ғаз болады.
Ғаздың сәни жаз болады.
Елдиң сәни қыз болады.
Қыздың сәни наз болады.

Киси болар баланың,
Киси менен, иси бар.
Киси болмас, кисиниң
Киси менен не иси бар?

Тил ушы менен сөйлеме,
Өзиңе соң сөз келер.

Ҳалыңды билмей, ырғыма,
Ортасына түсерсең.
Мәниссиз сөз сөйлесең,
Көп ишинде писерсең.

Ат, тоны бар кисиниң,
Той жыйынға барысы бар,
Ул-қызы бар кисиниң,
Қудалыққа барысы бар.

Буғаның өзи қартайсада,
Мүйизи қартаймайды.
Жақсының өзи қартайсада,
Сөзи қартаймайды.

Борай-борай қар жаўса,
Боран атты өлтирер.
Көп адам бир адамға жабылса,
Үлкен ойға шүмдирер.

Ақылы көп дәўда алдырмайды,
Досты көп, жәўда алдырмайды.

Бир көрген билис,
Еки көрген таныс
Үшиншиде аттан түсип,
Қол алыс?

Ай түнде керек,
Ақыл күнде керек.

Кимнен алсаң аманат,
Берсең жақсы саламат.
Егер етсең қыянат,
Саған да келер, жаман ат.

Көрмеген жат болады.
Көриспеген уят болады.
Қадирданың ким болса,
Ағайининң сол болады.

Жақсының барсаң қасына,
Бери кел, — деп шақырар.
Жаманның барсаң қасына,
Аш жолбарыстай ақырар.

Жақсыға айтсаң бир гәпти,
Алдына басын ийеди.
Жаманға бир ис тапсырсаң,
Питкенше ишиң күйеди.

Адамның парқын билмесең,
Сөйлетип көр, сынап көр.
Парқы сонда билинер,
Сөзине қарап баҳа бер?!

Сабыр түби сары алтын,
Сарғайған жетер муратқа.
Алды-артына қарамай,
Асыққан қалар уятқа.

Қаўметине исенген,
Қәддин бүгип өтеди.

Көпшиликке исенген,
Муратына жетеди.

Бир аўыз сөздин,
Еки аўыз лийкини болады.

Шымшыған өтпейди.
Қымтыған өтеди.

Шешен сөзшил келеди.
Аңшы изшил келеди.

Боларында болып өт,
Боз жорға аттай сүрип өт.
Болмасында билген соң,
Болған ердиң қосын жек.

Батырлық байлық кимде жоқ,
Ашықлық жөни бир басқа,

Ас мазасын татқан билер,
Гәп мазасын айтқан билер.

Кишкене екен бойы деп,
Сорағанын бермей кетпе.
Кишкене екен үйи деп,
Иретинде кирмей кетпе?

Жақсы жерде уйықласаң,
Жақсы-жақсы түс көресең.
Жаман жерде уйықласаң,
Әжептәўир ис көресең.

Ақ саўыттың жағасы бар, жеңи жоқ,
Шын жақсының ашыўы бар, кеги жоқ,

Шай ишпеге ҳал керек.
Ҳалқасына нан керек.

Бас кеспек болса да,
Тил кеспек жоқ.

Дос деп сыр айтпа,
Достыңның да досты бар.
Үй мениқи демеңиз,
Үй артында киси бар.

Достыңды еглеме,
Мәптен қалмасын.
Душпанды еглеме,
Сырынды алмасын!
Асық ойнаған азар,
Топ ойнаған тозар,
Бәринен де қой бағып,
Қуйрық жеген озар,

Жатқан—бойра,
Жүрген—дәрья
Қыз патша—жигит ўәзир.

Ат киснескенше,
Адам сөйлескенше,

Адамның жүзине қарама,
Сөзине қара.

Гилт қулпында белли,
Сөз парқында белли,
Жигит қырқында белли.

Арғымақ аттың белгиси,
Азғана отлап, көп жуўсар.
Азамат ердиң белгиси,
Азғана сөйлеп, көп тыңлар.

Дәме қылма биреўден,
Жасайын десең азапсыз.
Шақырмай барған жериңнен,
Қайтпағың керек жуўапсыз.
Өзим паспанда болсам да,
Кеўилим әл-аспанда.

Жақсылар дусласпаға келеди,
Шешенлер айтыспаға келеди,
Мереке жайғастыра алмаған,
Көпшиликти мүшластырмаға келеди.

Сизде маңлайсыз,
Менде маңлайсыз,
Әлле аңлайсыз,
Әлле аңламайсыз?

Қыс деп айтпаў керек,
Жерде қары болмаса.
Қыз деп айтпаў керек,
Хош қылық, назы болмаса.

Гүл — гүлге ашық,
Гүл-бүлбилге ашық,
Отырыспа сөзге ашык,
Жигит қызға ашық.

Қарақалпақ байдың баласы едик,
Теңликке көнсекте, кемликке көнбеймиз.

Жарлының жүдеп сасқаны,
Жалғызын қояр гиреўге.
Жигиттиң қара басқаны,
Айыбын жабар биреўге.

Алақайыслап ат миниў,
Қыдырыспаның нышаны.
Жалаң аяқ, жалаң бас,
Пуқарашылықтың нышаны.
Пуқарашылыққа күлген,
Көргенсизликтиң нышаны.

Жийен еркин болады, дайысына,
Даыйсы бармайма екен майысына.

Айтыссаң гәп болады,
Айтыспасаң дәрт болады.

Отырғаным ылашық,
Кеўилинди кел ашып?

Қыз жеңге ушын,
Жеңге теңге ушын.

Жақсы менен отырсаң
Жәннетке киргендей боларсаң.

Заманласлар менен отырсаң,
Дәўранди сүргендей боларсаң

Бар барын айтады,
Жоқ, жоғын айтады.
Бақа путын тарбайтады.
Хәрким өз елине қайтады.

Қоңырат келсе, сөз баслар,
Қытай келсе, жанбаслар.

Майдың тортасы болады.
Ойынның жортасы болады.

Сыйласаңыз, сый кисимен,
Сыйламасаң бир кисимен.
Сыйлағанды сыйыр билмес,
Сыйпағанды ешек билмес.

Кеўилли сөз—жүйесин табады.
Кеўилсиз сөз — ийесин табады.

Журттың аўызы ҳаўалы.
Шешенниң аўызы дуўалы,
Жақсының сөзи жетеди.
Жаманның сөзи өтеди.

Аўызы епли кисиге,
Арба, өгизде жуўап.

Гәп жақсысын—қулақ биледи.
Жол жақсысын—туяқ биледи.

Әўелги сөзиң ырас болса,
Соңғы сөзиниң өтими жақсы.

Албыраған аўыздан
Салбыраған сөз шығады.

Шешен адам нақыл айтады.
Нақыл сөзди молайтады.
Нақылсыз айтқан қуры сөз,
Тынық сөзди ылайтады.

Сағасы жоқ, көл жетим,
Ағасы жоқ, ел жетим,
Жасы алпыстан өткен ата-ананың
Бири өлсе, сол жетим,
Жуўапсыз қалса, сөз жетим.

Дуўасы қашқан аўыздан,
Суўдырлаған сөз қалады.
Бахты қайтқан геўдеден,
Бадырайған көз қалады.

Келешексиз адамнан,
Кескинсиз сөз шығады.
Жаман сөз, жақсы сөзге кес болады.
Адамның алдын орап гәп айтқан,
Бара-бара сөз таппай пәс болады.

Қараман ағаш, қатты ағаш,
Қабығын алсаң, тал болар.
Түсинбеске гәп айтсаң,
Түсине алмай, лал болар.

Ол не деген партақ,
Басында бир өрим қағың жоқ,
Бул не деген шартақ?

Мейилли ат суў ишеди.
Киш-кишлеген нәмәрттиң иси!

Жүйриктен-жүйрик шықса,
Төрт аяғы тыпыр-тыпыр.
Шешеннен шешен шықса,
Аўызы жыбыр-жыбыр.

Шаўып жүрген жүйригиң
Шапқан сайын шабады.
Шаппай жүрген жүйрикти,
Шапса томар қағады.

Әўеле ғаз аттың да,
Қуў қалды ма?
Қуў аталмай жүрип,
Туў қалды ма?

Барып едим, лап пенен
Қайта бердим, жап пенен.
Жибитпестен алдырдық,
Шашымызды гәп пенен.

Емен деген ағаштың,
Ийилгени сынғаны,
Қызыл жүзли жигиттиң,
Уялғаны өлгени.
Жасанған жаўдан,
Қайтпаған жүрегим,
Бир салым, майдан қайтама?

Аяғы жаман, төрди былғайды,
Аўызы жаман елди былғайды.

Жаманның аяғы сегиз,
Бири тиймесе, бири тийеди.

Сен қылғанға мен қылдым,
Сеннен артық не қылдым.

Шын атаның улы,
Теңликке көнседе,
Кемликке көнбейди.

Елдиң сәни қыз болар,
Көлдиң сәни ғаз болар.
Қыздың сәни наз болар,
Отырыспаның сәни саз болар.

Жақсы болғаны қайсы,
Жаманды көрмеген соң,
Батыр болғаны қайсы,
Жаўды жеңбеген соң.

Мен қайдағы
Сен қайдағы,
Сен де мендей биреўдиң
Сербойдағы.

Жигиттиң кирип келип, үйде отырған қызларды көзге илмей сөйлегендеги жуўап айтысының бир түри:

Жигит:

— Ҳаў, ким екен десем, қызлар екен ғой...

1-қыз:

— Ҳә, қыз адамның қорыма,
Көзге илинбес тарыма?

2-қыз:

— Көзиңе майда темеки аз көринеме?

Жигит:

— Ҳәр таўдың жырасы бар,
Ҳәр сөздиң мәниси бар.

Келиншек:

— Мәниниң мәниси бар,
Биймәниниң не мәниси бар?
Жортақ ат жапқа жағылса,
Оның да не мәниси бар?

Қыз:

— Аманбысаң қуда бала?

Жигит:

— «Тентектиң ақылы түстен кейин енеди, — деген.

Келиншек:

— Жерине қарай жыланы,
Таўына қарай қуланы.
Ғарға ғарқылдап ғаз болмас,
Кемпир сынсып қыз болмас.

Қыз:

— Саўир болмай тәўир болмас.
Сыйыр болмай саўын болмас.
Тамшы тамып жаўын болмас.
Ийт түйнектен қаўын болмас

Жигит:

— Баспалатып жибердиңлер ғой.
. . . . . .

Қыз:

— Жаңылмас жақ болмас,
Сүринбес туяқ болмас.

Жигит:

— Адасқанның айыбы жоқ,
Қайтып елин тапқан соң.
Орны питпес жараның
Уўлы жылан шаққан соң.

Келиншек:

— Сөйлемесең нетеди,
Сөйлесең қәдириң кетеди.

Жигит:

— Қәдирли жигит отырмас
Қәдирсиз жерден кетеди.

Қыз:

— Келемен десең ылашық,
Кетемен десең жол ашық!

г) Тилек, сораў жуўап

Тилек, сораў жуўап деп, тилек сораў мәнисин билдиретуғын жуўапқа айтылады. Бул отырыспада, басқа да қәлеген орынларда айтыла береди. Тилек сораў жуўабы оғада көп ўақыялар ҳәрекетке байланыслы айтылып, көп мазмунлықларды өз ишине алады. Биз тилек, сораў жуўабының отырыспадағы қандай ўақыялар менен ҳәрекетлерге байланыслы айтылатуғынлығына төмендегише тоқтап өтемиз: «Айырым ўақытларда отырыспада отырған қыз-жигитлер отырыўдан өзинен-өзи бирден сөзди сөйлеп баслай бермейди. Олар бир-бирине қарасып, сөз басланыўын күтип отырады. Усындай ўақытларда қыз-жигитлердиң отырыспадағы жуўап айтысын қыздырып жибериў ушын отырыспаның басында жуўап айтысының басланыўына қозғаў салатуғын көп ғана нақыл-мақаллар менен бирликте жуўап айтылады. Мысалы, «Сөз жанның дәрманы әўелинде сөз болмаса, ақырында үн болмайды» т. б. Ал енди жуўаплардан жигитлер тәрепи:

Сөзден сөз шығар,
Сөйлемесең неден шығар,

Сөз пияздың қабығы,
Сөйлесең зейниң ашылар,
Қарап отырғанша
Сөйлесип отырайық қызлар? —

деп сорағанда қызлар тәрепи:

Билдириўши билимдар,
Жаратыўшы Жаббар,
Ҳаслымыз бизиң нашар,
Сөзди жигитлер тапсын,
Бизлерде не гәп бар? —

деп жуўап қайтарып, сөз баслаўды жигитлерге силтейди.

Отырыспадағы қызлардың сөйлеп отырыўына қозғаў салатутуғын жигитлердиң усындай тилек, сораў мәнисиндеги жуўаплары жүдә көп. Бул мәнидеги жуўаплар жигитлер қызларға адам менен адамның арасындағы дослық, татыўлық, сыйласық, хүрмет, танысыў булардың барлығы адам менен адамның өз-ара сөйлесип, бир-бирин билисиўине байланыслы келип шығады, деген баҳалы сөзлерди айтады. Буннан кейин отырыспаның тәртиби бойынша жигитлер менен қызлар өз-ара сөйлесип, жақсы-жаман билисип, сынасып, сөз жарыстырып отырады. Бундағы мақсети жуўаптан бир-бирин утып, ҳәр бир қыз-жигит өзин ақыллы, дилўар, шешен, шебер, жүйрик, жақсы адам қатарында танытыў болып табылады. Сонлықтан да, отырыспаның қызығы оның «бес-алты аўыз сөзи менен» деген пикирди билдиреди. Қызлардың сөйлеп отырыўына қозғаў салатуғын усындай тилек, сораў мәнисиндеги жуўаплар арқалы сөзге жүйрик, дилўар, йошлы жигитлер қызларды сөз сөйлеп, кеўилли ойнап-күлип отырыўға рухландырып жибереди.

Отырыспаның бәринде сөзди тек жигитлер тәрепи баслап, қызлар тәрепи қарап отыра бермейди. Айырым ўақытларда қызлар тәрепи үстем болып, жигитлердиң сөйлеп отырыўына қозғаў салып отырады. Бул қыз жеңгесиниң атақлы жуўабый болыўына байланыслы болса керек. Сөйлемей отырған жигитлерге Жумагүл деген қыз жеңгеси: «Дегишпели жигитлер дегишпеге келеди, дегишпесиз жигитлер гөже ишпеге келеди», — деген, қәне, сөйлесип, дегишип, бир-биреўди билисип отырайық жигитлер, деў менен бирге былай деп жуўап айтады:

Мениң атым Жумагүл мәс,
Гәп айтаман дәсме-дес,

Сизлер бийик, бизлер пәс,
Сөйлеп отыр заманлас [1].

Отырыспаның басламасы усындай сөзлер менен басланып, кейни қызғын даўам етип кете береди.

Қыз-жигитлердиң отырыспадағы кесе берип, кесе алысыўы да белгили ўақыялардың бири. Усы ўақыяға байланыслы көп жуўап айтыслары бар. Мысалы, бир жигит бир кесе чайын бир қызға мынадай жуўап айтып береди:

Жүзиңизде қалыңыз,
Тилиңизде палыңыз,
Бир кесе шайымыз бар,
Биймәлеле келип алыңыз?[2]

Жигитлердиң қызларға шай бериўи қыз жеңгеси арқалы ғана болады. Жигит ең дәслеп чай кесесин қызлардың жеңгесине береди. Жеңгеси жигиттиң тәўир көрип айттырып жүрген қызына апарып береди. Егер жигит кесени сол тәўир көрген қызының өзине алдырғысы келсе, кесени алыўға келген қызлардың жеңгесине кесени бермей жибереди. Буған қыз жеңгеси түсинип, кесени қыздың өзи барып алыўы керек екенлигин ым менен түсиндиреди. Буған түсинген қыз кесени өзи барып алады. Гейде жигитлердиң кесесин қызлардың түргелип келип алмайтуғын ўақытлары да болады. Бундай жағдайда жигит қыздан пәнт жеп қалмаў ушын мынадай деп жуўап айтып, қызды күлкиге алады:

Бизиң усынған кесемиз тынып турма,
Тынғанын ол заманлас билип турма,
Бир кесе берген чайды алалмастай,
Қарындастың диңкеси қурып тур ма?

Айырым ўақытлары қыздың жаманлығынан алған кесесин әкелип бермейтуғын да ўақытлары болған. Бундай ўақытларда жигит пенен қыз отырыспаның өзинде-ақ аўыр, турпайы жуўап айтыў дәрежесине шекем барып, бир-бирин жеңиседи.

Гейде жигитлер өзлери кесесин жуўап айтып, кесени алыўын өтинеш етип сорайды. Жигиттиң сораўы бойынша қыз да кесени жуўап урып алады. Мысалы:

[1] Сонда, инв. № 36806, 1960-жыл, 9-бет.

[2] Бул да сонда, инв. № 50410, 1962-жыл, 17-бет.

Жигит:

Шекеңизде қалыңыз,
Ләбиңизде палыңыз,
Бир кесе чай беремен,
Жуўап урып алыңыз?

Қыз:

Сары шымшық болайын,
Бир ўәдеде турайын,
Сизден бизге чай келгенде,
Жуўап урып алайын т. б.

Бунда жигитлердиң қызды қатты сынға алып отырғанлығы көринеди. Адамның бир сөзинде турыўы оның ең жақсы, баҳалы қәсийети болып табылады. Усындай бир сөзлиликке тәрбиялайтуғын идея айтыста айрықша сөз етиледи.

Айырым ўақытларда рухсат бериўге рухсат сорайды. Буған қарағанда рухсат бериў жуўабының ким тәрепинен берилиўи керек екенлиги туўралы тәртиптиң қызлар тәрепинен қатаң сақланатуғынлығы байқалады. Егер жигитлер я қызлар тәрепи ҳәр қыйлы себеплер менен айтылған жуўапты еситпей қалған жағдайда сол айтылған жуўапты анық билип алыў ушын жуўап арқалы қайтарып айт деп сорайды. Гейде қызлар тәрепи ертерек қайтқысы келсе, жигитлерден кетиўге рухсат сорайды. Сонда жигитлер тәрепи қызлар менен еле де ойнап-күлип, жуўап айтысып отырыў ушын жорта түсинбеген болып, сораганыңыз қай жуўап?, «ат жуўап па, тай жуўап па?» — деп, оларды ҳәзил-күлкиге алып иркеди. Бундай жағдайда қыз жеңгеси пәтли болса жигитлерден ҳақыйқат шын жуўабын бериўди талап етеди.

Қаладан алдық ақ балық,
Ақ балықты қақлалық,
Көп сыбырласпа бола берди,
Биз мәнисин таппадық.

Қарақалпақ халқында жуўап айтысының күшли дәстүр болғанлығы соншелли, жуўап билмейтуғын адамды ақылсыз, ладан адам деп есаплаған. Жуўап билмейтуғын ондай адамның отырыспаға келмеўи керек...

Булардан басқа да жигитлердиң жуўап арқалы отырыспадағы айтқан ҳәр бир жуўабына жуўап қайтарыўды талап етиўи, ашыў менен орынсыз көргенсиз деп ямаса басқа да турпайы сөзлер айтқан қызларға тәмбисин бериўи, жас нәўше

қыздың жаслығына байланыслы жуўап айтыўыды билмейтуғынлығы, жигитлерден қысқыға ушыраған қыз жеңгесиниң өкпелеп кетемен деген пикирлери т. б. сыяқлы ўақыялар жуўап болып айтылады.

Тилек, сораў жуўабы отырыспадан басқа гез келген орынларда ҳәр қыйлы ўақыяларға байланыслы айтыла берилетуғынлығын көремиз. Мысалы, бир үйге қыз айттырып қыдырып барған бир жигит уялыңқырап отырғанда қыз жеңгеси оған:

Аўыл басқа болса да тилек бир,
Бармақ басқа болса да билек бир,
Қырманы бирдиң шамалы бир,
Отыз кемениң азнасы бир,
Сөз қуданың қазнасы,
Сөйлеп отыр қуда бала, — деп жуўап айтады.

Буған жигит:

Ат дегендей атымыз жоқ,
Мингенимиз тай ғана.
Сөз дегендей сөзимиз жоқ,
Айтар сөзим азғана, —

деп жуўап қайтарады. Усы жуўапта езилиўши жарлы халықлардың ойлаған ойы менен тилегиниң бир екенлиги, олардың арасындағы дослық байланыс, қарақалпақ халқының дийқаншылық, балықшылық, мал шаруашылық кәсиплери менен шуғылланатуғынлығы айқын көринип тур.

Бир жигит бир қызды айттырып барғанда қыз жигитти жаратпағанлықтан оның менен дым индемей, сөйлеспей отыра береди. Сонда жигит қызға: «Сизиң аўзыңызды биреў жаўып қойып па, сиз неге бизиң менен сөйлеспейсиз» деген мазмундағы жуўабын айтқанда қыз оған сөйлеспей отырғанлығының себебин астарлы мәниде жуўап етип билдиреди. Бул жерде қыздың қатты ақыллы, ойлы екенлиги көринеди. Егер ол жигиттиң жуўабына жүрегине дүрс еткизип урғандай етип, мен сизди тәўир көрмегенликтен сөйлеским келмей тур деп айтқанда, бул қатты қолайсыз болар еди. Қыз астарлы мәниде: «Ҳәр бир дәрттиң даўасы болса, сөйлесер едим жан билен», — деп жүдә биймәлел, жумсақ сезимде пикирин билдире алған.

Қарақалпақ халқында айырым адамлар Октябрь революциясынан бурын жер шылым, ағаш шылым, қабақ шылым шегетуғын болған. Усы шылымға байланыслы айтылған көплеген тилек, сораў жуўаплары бар. Биз буған мына бир мысалды келтирип өтемиз. Бир жигит атлы киятырып, жолдың қасына қонған бир үйге қайырылады. Сол үйдиң далаға шығып турған ҳаялы менен аманлық есенлик сорасып болғаннан кейин аттың үстинде отырыў менен оннан: «Бизиң шылым шекимиз келип тур. Мүмкин болса үйиңиздеги шылымды отлап берип жибериң?» — деп сорайды. Сонда қайта-қайта жолаўшыға шылым отлап берип, зериккен ҳаял жигитке:

Бир адамға шек-шек,
Еки адамға шек-шек,
Шылым таяр от таяр,
Керек болса түсип шек!...

деп жуўап айтады. Жигит те келиншектиң бул жуўабына:

Үйиңди жолға тигесең,
Өзиң сақый боласаң,
Өткен менен кеткенге,
Шылым отлап бергенинди,
Кимге миллет қыласаң?, —

деп жуўап айтып, жеңип қояды.

* * *

Жети түйесин алдына салып айдап киятырған бир жигит алдынан бир өзек шығып қалғанда өзектиң аржағында турған бир қыздан:

Жети түйем қатар-қатар
Ийрсем қумлақта жатар,
Бирден туўра келип қалдық,
Бул өзектиң қәйеринен өтер? — деп

сорайды. Сонда қыз:

Жети түйең қатар, — қатар
Ийирсең қумлақта жатар,
Сексенде бир қатар,
Тоқсанда тарса қатар,
Соннан кейин бул өзектиң
Қәйер болса сол жеринен өтер, —

деп жуўап қайтарып, жигитти логикалық жақтан утып, тырп еткизбей жеңип таслайды.

Усы жуўапта қыздың жигитти қалайынша логикалық жақтан жеңип таслағанына көз жиберип қарап көрейик. Жуўап-

та жигит қыздан шыны менен өзектиң өтетуғын жерин сорап турған жоқ. Ол тек қызды сынап көриў ушын ғана сорап тур. Ақыллы, сезгир, терең ойлы, жуўабый қыз жигиттиң қандай мақсет менен жуўап айтып турғанын бирден тез түсинеди. Сонлықтан, ол да өзи турған жерден баслап, өзектиң я өрин, я ығын, я өзиниң турған тусын силтеп, сол жерден өте ғой деп жигиттиң сораўына дурыс жуўап берип турған жоқ. Бунда қыз қыс болғаннан кейин муздың тас болып қатқанында өзектиң қай жер болса сол жеринен өтесең деп, керисинше жигитке қатты пәнт берип тур. Буған жигит қайтарып айтқандай ҳеш дәлил таба алмай, қыздан жеңиледи. Дурысында жигит сөз таўып айтқан менен де қызды жеңген болып есапланбайды. Керисинше, ол гүресте палўаннан жығылып турып, тағы оған қайта асылғандай болып көринеди.

Шайырлығы бар жуўабый адамлар болып атырған жағдайға ямаса ҳәрәкетке байланыслы сол ўақтында жуўап айтып, жеңиске ерисип отырған. Мысалы, бир жигит қозақ тоқып отырған қыздың үйине кирип барады. Қыз қозақтың сартылдысы менен есиги түриўли турған үйге бир жигиттиң келип отырғанлығын байқамай қалады. Қыз мәкидеги найша таўысылып, жипти салайын деп атырса, көзиниң қыйығы төрдеги отырған жигитке түседи. Қыз төрге қараса бир жигиттиң төрде отырғаныи көреди. Қыз жигитке ҳаў жигит, қашаннан бери отырсыз? — дейди. Сонда жигит:

Саз бенен сазғапты ялған деменлер,
Гүледен өткерип алғанда барды.
Басқышын басып, атқышын атып,
Қағып енликшени урғанда барды, —

деп жуўап айтады. Жуўаптан жеңилген қыз жумысын қойып, жигитке хызмет ислей баслайды. Мине, бул жуўаптан да жигиттиң күшли жуўабый, ақыллы, дилўар екенлигин анық байқаўға болады. Жигит тоқылып атырған қозақ арқалы қайсы ўақыттан баслап отырғанлығын қызға жүдә жақсы түсиндире алған. Жүдә шеберлик пенен таўып айтылған жуўапқа қыз қайтарып айтқандай ҳеш себеп таба алмай, жуўаптан жеңилип қалады.

Уллы Октябрь революциясынан бурынғы қарақалпақ халқының дәстүри бойынша жигитлер тиккелей қыз бенен сөйлесе алмайтуғын болған. Жигитлер қыз бенен тек қыздың жеңгеси арқалы ғана сөйлескен. Бул айтылған пикирлерди мына жуўап айтыслары тастыйықлап турады:

Пәр-пәр дайым, пәрдайым,
Бизге айтасаң ҳәрдайым,
Бизге айтқанша жеңгеме айт,
Жеңгем биледи жағдайын т. б.

Қыз, жигитлердиң отырыспасында ҳәр қыйлы себеплер менен қызлардың жеңгеси болмаған жағдайда, жуўап сораған жигитлерге қызлар жеңгеси жоқ қызлардан жуўап сораўға бола ма? — деген мазмундағы жуўабын айтып, жигитлер менен тартысады. Бул мазмундағы жуўаплар қарақалпақ ҳалқының дәстүри бойынша жигитлердиң жол баслар ағасы, қызлардың сәрдар жеңгеси болғанлығын еске түсиреди.

Тилек, сораў жуўабында Октябрьден бурынғы дәўирдиң социаллық жағдайлар, халықтың кәсиби, үрп-әдети, дәстүри көринеди. Бул жуўапта ҳәр бир адам өзиниң ойлаған ойы менен тилегин тез билдире алады. Улыўма алғанда бул атама бойынша жыйналған жуўапларда менмен, мақтаншақ, суўқуйды тайғақ, жеңил минезли ушқалақ, пәмсиз, мылжың сөзли болмаўға, жөнсиз сөлемеўге, соның менен бирге дос, татыў, аўыз биршиликли, адамгершиликли, миймандос, кишипейил, әдеп-икрамлы, әлпайым, мийирман, бир сөзли болыўға тилек билдириледи. Бул ҳәр бир совет адамын, әсиресе, жасларды тәрбиялаўда әҳмийетли қурал бола алады.

* * *

Қыз-жигиттиң отырыспасы халықтың талабы бойынша, әлбетте, кеўилли, қызықлы болыўы керек. Егер отырыспа ондай болмаса, оның кереги болмай қалады. Сонлықтан да «Отырыспақ жалғаншының мурады, ойнамақ, күлмек, кеўилдиң шады,» — дейди халкымыз айтысында. Отырыспаның қызықлы болыўы ушын, отырған қыз-жигитлердиң арасына сөз жарысы, ақыл, билим жарысы, сөз тартысы т. б. қызғын ен жайдырылады. Қыз-жигитлер бирин-бири сынап, өлшестирип отырады. Отырыспада жуўап, сол жердеги жағдайға ҳәрекетке т. б. байланыслы, айтылады. Айырым ўақытларда қызлар тәрепи, сөзди жигитлер тәрепи басласын деп, үндемей отырған ўақытта:

Сөз-сөзден шығар,
Сөйлемесең қайдан шығар,
Сөз пияздың қабығы,
Сөйлесең зейниң ашылар.
Сөйлесип отырайық қызлар? —

деп қызларға қозғаў салады. Сонда қызлардың жеңгеси:

Ҳаслымыз нашар,
Жаратыўшы жаббар.
Сөзди жигитлер тапсын,
Бизлерде не гәп бар, —

деп сөзди жигитлерге силтейди.

Жигитлер:

Сизлер бир гүлдиң нәўшеси,
Бизлер бир журттың ғарғасы,
Ушып едик, Жайықтан,
Ушырастық ғайыптан, —

сөйлесип отырайық деп жуўапты баслаўға киреседи. Усылайынша сөз басланып, отырыспа қызықлы даўам етип кете береди.

Жигитлер:

— Көлден үйрек ушады, араласып ғаз бенен,
Саўқы сапа сүреди, гүзиў бәҳәр жаз бенен,
Саўқы сапа сүреди, гүзиў бәҳәр жаз бенен,
Қыз-жигит отырса, мәўжиреди деп еситемиз,
Мүнәсибди сөз бенен.

* * *

— Жаз кийерим жалаң тон,
Қыс кийерим постын,
Отырғаннан не пайда,
Сөйлеп отыр достым?!

— Қалада бар, арша,
Байларда бар, парша,
Татыўлыққа тағанлық,
Сөйлеп отыр қудаша?!

— Шымшық аттым гез бенен,
Қәбап еттим дүз бенен,
Мерекениң қызығы
Бес-алты аўыз сөз бенен.

— Астымызға төседик,
Гилем емес, алаша,
Қудашалар сөйлеңиз,
Бир майдан болсын тамаша?!

Ат дегендей, атымыз жоқ,
Мингенимиз тай ғана,
Сөз дегендей, сөзимиз жоқ,
Айтар сөзим аз ғана!

Отырғаннан сөз жақсы,
Хош жигитке қыз жақсы.
Суўық мәжилис, мерекеден,
Нама шерткен саз жақсы.

* * *

Қыз-келиншеклер:

— Дегишпели жигитлер, дегишпеге келеди,
Дегишпесиз жигитлер, гөже ишпеге келеди.

Мениң атым Жумагүл мәс,
Гәп айтаман дәсме-дәс,
Сизлер бийик, бизлер пәс,
Сөйлеп отыр заманлас?!

Аўыл басқа болса да, тилек бир,
Бармақ басқа болса да, билек бир,
Қырманы бирдиң шамалы бир,
Заманы бирдиң, ҳамалы бир.
Отыз кемениң азнасы бир,
Сөз деген үлкен ғәзийне,
Сөйлеп отыр қуда бала?!

Сөз-сөзден шығады,
Сөйлемесең неден шығады,
Сөз пияздың қабығы,
Сөйлесең зейниң ашылады,
Сөйлеп отыр қуда бала?!

Билдириўши билимдар,
Айттырыўшы я жаппар,
Ҳаслымыз бизиң нашар,
Бизлерде ҳәм не гәп бар?!

Булбил мүнәсип гүллерге,
Кәрўан мүнәсип жолларға.
Бес күн опасыз дүньяда,
Сөз мүнәсип, жигит пенен қызларға.

Нашар деген жатқан бойра болады,
Жигит деген — аққан дәрья болады,
Жатқан бойра не билсин,
Аққан дәрья болмаса?!

Сөз билгенлер сөйлесин,
Сөз билмегенлер не десин?
Сизлердей адам отырғанда,
Бизлердей адам не десин?!

Биреў, Қабадан қайтады,
Биреў, Үргеништен қайтады,
Биреў айтады, биреў айтпады.
Ҳәрким тапқанын айтады.

Гәп айтсаңыз ашып айт,
Ший түбинен қашып айт,
Өз-өзиңнен ҳаўлықпай,
Жүрегиңди басып айт?!

Ақылың болса ҳәр жерде,
Әнгименди таўып айт,
Табалмасаң сөзиңди,
Аўызыңды жаўып айт?!

Сары шымшық болайын,
Ҳәр шақаға қонайын,
Өйдейсеңде, бүйдейсең,
Қай сөзиңе нанайын?!

Қыз дегениң қызыл гүл,
Жигит дегениң бир бүлбил.
Алдыңызға келиппиз,
Ҳәрне қылсаң өзиң бил?!

Жигит:

— Үйден шықтым бадам менен,
Бир дәсте гүл, қәдем менен.
Аўызыңызды ким жаўып тур,
Сөйлеспейсиз адам менен?!

Жигитлер:

Жүзиңизде қалыңыз,
Ләбиңизде палыңыз,

Бир кесе шайымыз бар,
Биймәлел келип алыңыз?!

Жүзиңизде қалыңыз,
Аўызыңызда палыңыз.
Бир кесе шай беремен,
Жуўап урып алыңыз?!

Себеп пенен серик болады,
Кегейли бойында ерик болады,
Себеп пенен жыйылдық қошшым,
Қатарың сизге шай усынады?!

Әўелги кесе, пал кесе,
Соңғы кесе, ақмақ кесе,
Ақмақ адамға не десе,
Түргелип кесенди ал десе?!

Бизиң усынған кесемиз, тынып турма,
Тынғанын ол заманлас, билип турма?
Бир кесе берген шайды алалмастай,
Қарындастың диңкеси қурып турма?!

Жигиттиң нәшеси болар,
Алдында шәйнек, кесеси болар,
Сизлердей ғарры қыз,
Бизлердей жас жигиттиң, шешеси болар!

Қыз:

Сары шымшық болайын,
Бир ўәдеде турайын,
Сизден бизге шай келсе,
Жуўап урып алайын!

Кесе берсең, толы бер,
Орта кеседен бийзарман.
Ҳәрне берсең, ҳәзир бер,
Несийеден бийзарман.

Көлде де бар, бул сары суў,
Шөлде де бар, бул сары суў,
Қанты-наны болмаса,
Неге керек, бул сары суў?!

* * *

Көпшиликтен түрли минездеги адамлар табылады. Небир меңмен ҳөккиллер өзлериниң жөнсиз тили менен ҳәрекетлери себепли, мерекеде дәкки жейди. Есинен шықпастай сазайын алады. Мәселен, бурынғы ўақытлары бир жуўабый жигит қыз-жигитлердиң отырыспасында бир қызға шай береди. Қыз жигиттиң кесесин алғысы келмегенликтен, орнынан түргелип алыўдың орнына, отырып алады. Шайын ишип болғаннан кейинде түргелип, жигитке апарып бермей, ысырып жерге қояды. Буған жигиттиң қатты ашыўы келеди.

Өйткени, отырыспаның тәртиби бойынша қыз-жигиттиң жақсы көрсе де, жаман көрсе де, алған кесесин орнынан турып, жигитке әкелип бериўи керек. Қыздың жөнсиз ҳәрекетин сезген жигит те жердеги кесесин әдеўир ўақытқа шекем алмайды. Ол кесесин қалай болмасын қыздың қолынан алыў мәқсетинде қызға былай деп жуўап айтады:

Әдепки кесе, пал кесе,
Ақмақ адамға не десе,
Алған кесеңди әкеп бер,
Делбе болды ғой, ол кесе?!

Сонда қыз, жигитти бирден сөйлеттирмей жеңип қойыў мақсетинде, оған былай деп жуўап қайтарады:

Балық баҳасын алар,
Ет есесин алар,
Шай берген жигит, кесесин алар,
Кесесин алмаса, шешесин алар!

Қыздың жуўабына қатты ашыўы келген жигит:

Жем бериппединг текене,
Берип жиберейинбе шекене.
Көргенсиз заңғардың қызы
Тийип көриппединг экене?! —

деп жуўап айтып, қызды жеңип таслайды.

* * *

Ертеде бир жигит, бир қыздың үйине қыдырып барады. Барса қыз үйинде жатыр екен. Жигит қасақана билседе, я билмесе де қызға «амансыз ба жеңге», — деп сәлем береди. Жи-

гиттиң жеңге деген сөзине ашыўы келген қыз жигитке былай деп жуўап айтады.

Балық баҳасын алады,
Ет есесин алады.
Сыпайы кесесин алады,
Сениндей албыраған —
Алжыған жигит,
Қыз аламан деп жүрип
Шешесин алады?!

деген ўақытта, жигит дурыс айтасыз қудаша!

Балық баҳасын алады,
Ет есесин алады,
Сыпайы кесесин алады.
Қатар жигитлер келгенде,
Түргелип төсек салмаған қыз,
Жигиттиң шешеси болады —

деп, қызды жуўаптан иркеди.

* * *

1938-жылы бир тойда Дәрибай деген жигит бир қыз бенен жуўап айтысады. Жигит әдеўир жасқа шекем үйленбеген есерсоқлаў еди. Ол қолайсыз сөзлерди айтып, қызлардың ашыўынэ тийе береди. Сонда қыз:

Балық баҳасын алады,
Ет есесин алады.
Сениндей жигитлер
Қартайғанша үйленбесе,
Ақырында шешесин алады?

деп жигитке жуўап айтады. Сонда Дәрибай:

Жем бериппединг текене,
Салып кетейинбе шекене,
Қыз ўағында тийиппединг әкене,
Жуўабын болса, айтып отыр дәкене?

дейди. Буннан кейин қызлар қайтарып жуўап айта алмай қалады.

* * *

Бир жигит бир қыздың үйине қыдырып барса, балық асып отыр екен. Қыз писип турған балықты өзгертпей, балықты да жигиттиң алдына қойайын, кейнинен арнап басқа аўқат асып берермен деп ойлайды. Солай етип, пискен балықты жигиттиң алдына қоярда, былай деп жуўап айтқан:

Қаратақан ханның асы,
Жийде тақан шөптиң басы,
Балық деген бейиш асы,
Буны да, жеп отырың қуда бала?!

* * *

Бир жигит бир күнлери қәлеп жүрген қызының аўылына барады. Онда қыздың жеңгеси жигиттиң қолындағы шаршы орамалын көрип, оған былай деп жуўап айтады.

Мен сөзимди баслайын,
Қулағыңнан услайын,
Куда бала шаршыңды бер,
Бетимди сүртип таслайын?

Жигит:

Шатыраш көйлек кийипсиз үстиңизге,
Ақ орамал жарасқан бетиңизге,
Орамалда шаншыўлы ийнем бар ғой,
Кирип кетсе қәйтесиз етиңизге?!

деп, қыздың жеңгесин жуўаптан жеңеди.

Жигит:

Жүзиңизде қалыңыз,
Аўызыңызда палыңыз,
Быйыл питик тарымыз,
Аўылымызға барыңыз?!

Қаўынның жаманы атызда қалады,
Жақсысын адам алады,
Жуўап билмеген жигит-қызлар,
Сол жерде отырып қалады.

Жигитлер:

Үстимизге кийгенимиз алаша,
Қыз-жигиттиң излегени тамаша,

Бүгинги отырыспаның жуўабын,
Мақул көрсең, биз берейик қудаша?!

Әрмансыз дүньяда дәўран сүрейин,
Мудам қызлар менен ойнап күлейин.
Жасы үлкен, жасы киши болса биймәлел,
Бул қызларға өзим жуўап берейин?!

* * *

Бурынғы ўақытларда қыз-келиншеклер үстине жасы үлкен ҳәм қатар-қурбы заманласлары келгенде орынларынан турып, сәлемлесип отыратуғын болған. Ҳәттеки, сәлемлесип болыўдан орынларында отырмай келген адамларға жаңадан төсек салып, шай ҳәм аўқат таярлаўға кирисе баслайды. Егер бул дәстүрди ислемесе, айрым жуўабый адамлар сол ўақытта жуўап айтып ескертиў жасаған. Мысалы:

Арыў гүллер солмай ма екен,
Парандоз көйлек тозбайма екен?
Қатар заманласлары келгенде,
Қызлар отырып, турмайма екен?!

Бурәнсыз көйлек киймеймекен,
Кийсе ҳәм тозбай ма екен?
Үстине адамлар келгенде,
Отырып ҳәм турмай ма екен?!

Қыз:

Бир жуўап бар, ат жуўап,
Бир жуўап бар, тай жуўап,
Түрли-түрли жуўап бар,
Сорағаныңыз қай жуўап?

Жигит:

Қәлесеңиз атыңызды берің,
Қәлемесеңиз тайыңызды берің?
Усы жуўаптан бөлип,
Ҳәрне пайымызды берің?

Ат жуўабыңды ары қой,
Тай жуўабынды тусап қой,
Бизге кереги жөн жуўап,
Шын жуўабыңды бере ғой?!

Жигит.

Аўылдан шықтық аўысып,
Шай-темеки таўысып,
Бизди яқшы көрсеңиз,
Насыбай таўып берсеңиз?!

Қыз:

Алақаның өз жанына қалады,
Сизде темеки болса, бизде күл бар,
Соның менен насыбай болады,
Шийшеңиз насыбайға толады.

Қаладан алдық ақ балық,
Ақ балықты қақладық.
Самбырлаған көп сөздиң,
Ҳеш мәнисин таппадық!

Кемеден шыққан ақ балық,
Ақ балықты қақладық.
Көп сыбырласпа бола берди,
Биз мәнисин таппадық?!

Ғаўаша гүлдиң паясы,
Екпе гүлдиң саясы,
Айтқан гәпке түсинбеген,
Қандай адамның баласы?!

Боянда да сары бар,
Сары көйлек жеңи тар,
Сөз мәнисин билмегенге,
Жуўап бериў неге дәркар?!

Қыз:

Өзим сақыўдың қызыман,
Сақыўлықтан гәп ураман.
Қасыма шақшамды қойып,
Шаңғытып насыбай ураман!

Жигит:

Өзиң сақыўдың қызысаң,
Сақыўлықтан гәп урасаң,
Аяғыңды керип таслап,
Ҳәр шақаға бир қонасаң!

Жигитлер:

Сениң атың Минайхан мәс,
Гәп айтамыз дәсме-дәс.
Сизлер бәлент, бизлер пәс,
Бағанағы айтқан гәптен,
Хабар бериң заманлас?!

Бойларымыз аласа,
Кийгенимиз алаша,
Отыраман десеңлер,
Ойын-күлки тамаша,
Отырмайман десеңлер,
Өзлериң бил қудаша?!

Жуўап деген дәсме-дәс,
Сизлер бәлент, бизлер пәс,
Жаңағы айтқан жуўабыңды,
Қайтарып айт заманлас?!

Жигит:

Жуўап деген дәсме-дәс,
Сизлер бийик, бизлер пәс,
Бағанағы жуўаптан,
Хабар бериң замаслас?!

Бир байдың қызының бир жарлы жигитке айтқан жуўабы:

Есиктеги «е» дейсең,
Еситпеймен не дейсең.
Шахмақы қураш киисенде,
Кешеги жүрген гедейсең!

Жаўын жаўар ўәлейсең,
Еситпеймен не дейсең?
Аяғында тыштабан,
Неғып жүрген гедейсең?!

Шай жарлының теңи емес,
Шай кеселдиң еми емес,
Шалап ишкен шаруалар,
Шайхорлардан кем емес.

Қыз:

Аяғында тыштабаның,
Бағқа сейил етесең,
Кисенде бир пулын жоқ,
Кой гөшинен дәме етесең?!

Жигит:

Ҳәркимнин бир жайы бар,
Кененин де ғайы бар,
Жалғыз ешки саўғанның,
Ылақа қарын майы бар.

Шай ишпеге ҳал керек,
Ҳалқасына нан керек,
Базарда бар, он шөрек,
Оны да алмаға, пул керек?

* * *

Қыз:

Шылым шек-аў, шылым шек,
От болмаса, күлин шек,
Анаў шылым, анаў от,
Өзин баста, өзин шек?

Жигит:

Асқабақ ҳәм суў қабақ,
Еккенлерден болармыз.
Оны бизлер шылым етип.
Шеккенлерден болармыз.

Шылым-шылымға уқсайды,
Шылымның найы қақсайды,
Хийўада хан шегеди,
Қалада баққал шегеди,
Жигиттин нары шегеди,
Қатынның ғары шегеди.

Жигит:

Тең-теңи менен дус болар,
Ағаш басына қус қонар,
Көргенсиз деп гәп айтпақ,
Миясарма қудашалар?!

Қыз:

Астыңызда атыңыз,
Қолыңызда хатыңыз,
Сөзиниз бизге батып тур,
Сөзинизди тартыңыз?!

Жигит:

Қызылқала, қызылқала дегенге келип едик,
Шаңғытып жатқан төбе екен,
Рустемнин атынан да даңқы
Зор дегендей
Даңқынды еситип келип едик,
Қуры порым суў қабақ екенсең ғой?!

Қыз:

Аспанда бир айлар бар,
Созсам қолым жетпейди,
Хийўада бир ханлар бар,
Барсам арзым питпейди,
Сен қусаған жигитке
Сирәде кеўлим питпейди.

Қыз:

Шыбын-шыбын шубарды,
Шыбын шағып шығарды,
Усыншаның ишинде,
Мамықшының жигити,
Бизди шетке шығарды.

Менин өзим метермен,
Айтқан ўәдеме жетермен.
Ол жуўабыңызды қоймасаңыз қуда бала,
Сизге өкпелеп кетермен!

Астымызда атыңыз.
Қолымызда хатымыз.
Сөзимиз сизге батса,
Атыңызды айтыңыз?

Метер кетти өкпелеп,
Кетсе кетсин өкпелеп,
Бизлер отыра берейик!
Өзи-ақ келер еркелеп!

Бийик пен деп, таўда жоқсаң,
Жантақпан деп, баўда жоқсаң,
Адамман деп, гәп айтасаң,
Тири болып санда жоқсаң!

Бизиң аўыл қаўында,
Нең бар, бизиң аўылда?
Аўырсамда келмединь,
Кет садаға саўымда.

Қонақ қонар боларма, үшке дейин,
Жайсыз қонақ жатарма, түске дейин,
Астындағы төсегинди өзиме бер,
Маған десең жата бер, кешке дейин?!

Жигит:

Келип едик лап пенен
Кете алмадық жап пенен,

Гүнасыз келген адамды,
Салып қалдың сап пенен.

Бир дегеним шек-шек,
Еки дегеним шек-шек.

Сөйлесе қыз сөйлесин,
Тыныш отыр келиншек?

Қыз:

Сыйқың не, сыяқың не,
Сыйпәрде сениң не теңиң?!

Биреўдиң мейли алады,
Биреўдиң мейли алмайды

Буреў аманбысаңды алады,
Биреў аманбысаңды алмайды.

Оның менен сенің,
Не жумысың болады?!

Қашар сыйыр саттықта.
Мылтық алдық.
Қыстайтуғын болеге
Қала қалдық.

* *

Бир жигит ҳаялына қатал болыпты. Сонда ҳаялы күйеўиниң кеўлин алыў ушын, бир күни оған былай деп жуўап айтыпты:

Ул тап десең, ул таптым,
Қыз тап десең, қыз таптым.
Аппақ қыздың ағасы-аў,
Қайеримнен мин таптың?!

Мәлелли гәптен не итибар,
Биймәлел гәптен бийқабар,
Ақыллыны ақмақ жендим дер,
Сөзинде болмас итибар.

Шаразым орнында турса,
Қарамас дейди мутабар.
Шаразымды нешше гезбе,
Бийақмаққа не ҳәсер?!

Қыз жеңгеси:

Одеминди, бул деминди, дем деме,
Бул адамларды өзлериңнен кем деме?
Қуры сүўрет болған менен биз билемиз,
Бул адамды ҳеш ўақытта адам деме?!

Ҳаў, ықлас пуўға,
Ықлас пуўға.
Тентек туўға,
Ийт ийтаршы болады,
Аққан суўға.

Адам болған адам, сондай боламекен,
Сондай болса, кеўили тола мекен?
Күшиген қанша мақтанып шоштыйсада
Сулыўлығы суңқардай бола мекен?!

Ғәрип-ғәсер жүрместей,
Қадаған беди елиңиз?
Телеген арба жүрместей,
Диңгелекпеди жериңиз?

Тартыўлының жигитлери,
Талма ғана келеди,

Тал шыбықтай буралып,
Қыдырмаға келеди.

Ҳәрким уста болар сазға,
Нама жақсы қумарпазға,
Бирге отырған жигитлер,
Кәйип етиң қатар қызға?!

Қ ы з:

Жаз кийиўге, шекпен керек,
Керилип урыўға кетпен керек,
Бир аўыз жуўап билмеген жигитке,
Есиктен шығып кет деў керек?!

Етик кийдик пәтеклеп,
Гүллер тердик етеклеп,
Жуўап билмеген жигитлерди,
Ким әкелди жетеклеп?!

Отырыспамыз питкен жақсы,
Тезирек үйге жеткен жақсы.
Жуўап билмейтуғынлар менен отырғаннан,
Жүриң қызлар, кеткен жақсы?

* * *

Бир жолаўшы жигит жолынан адасып, жолындағы бир үйден жол сораўға қайрылады. Үйде тек, қызлар отыр екен. Қызлар жигитке үйинде отырып жол силтейди. Жигит қызларды далаға шығарып, жол силтеттириў мәқсетинде қызларға былай деп жуўап айтады.

Есиктиң алдынан жол өтеди.
Жолдан жолаўшы өтеди.
Жолаўшыны жолға салып жиберсең,
Оның саўабына не жетеди?!

Жигит жуўапты айтпағанда өзиниң әдети ме, я қызлардан қысылыңқырады ма, жан — жағына бурылып сөйлейди екен. Қызлар дәрҳал жигиттиң бул ҳәрекетин жуўапқа қосып, жигитке былай деп жуўап қайтарады.

Сыпайылар жол жүрер,
Пута шөпке урынбай.
Куда-бала жуўап айт,
Жан-жағына бурылмай?!

* * *

Қ ы з:

Алма бағқа киргеним жоқ,
Бағдан гүллер тергеним жоқ.
Өзим болсам, нәўше қызбан.
Жуўап урып көргеним жоқ.

Ақ түйениң қәтеби,
Артыўлы да, тартыўлы.
Қоңыратлының қызымыз,
Жуўап билмеймиз жартыўлы.

Нашарлықтың белгиси
Қуйрығы узын саўысқан,
Напақасын таўысқан,
Бир еллерди таўысып,
Және бир елге аўысқан.

Ж и г и т:

Көлге питкен жекенсең,
Келбетиң келген екенсең,
Аққуба қыз екенсең,
Азамат сыйлайды екенсең!

Сыйыр-сыйыр, сыйырды,
Сыйыр мурнын жыйырды,
Шай сораған мен емес,
Жас үлкенлер буйырды.

* * *

Қарақала деген жерде туратуғын Алламурат деген шайыр жигит, жуўап айтпай, үндемей отырған бир қызға былай деп жуўап айтқан:

Арғымақ ат шабады, бабына түссе гүйинде,
Шешен жигит сөз сөйлейди, мерекеде, жыйында,
Қыз бала жуўап урар,
Патша болып әкесиниң ғана үйинде.

Бир жарлының бай қудасына айтқан жуўабы.

Астыңа мингениң қасқа тай,
Көк шапаның оған сай.

Биреў-жарлы, биреў-бай.
Аўа, дағы, қудам-ай!

Аўыл алыс, жер шалғай,
Жете алмадық, жаяўлап,
Дәрья толқын, күн самал,
Өте алмадық таяўлап.

* * *

Ертеде бир жуўабый жигит болған. Бул жигитти жуўап айтысынан жеңемен деп ойлаған бир жуўабый келиншек бир отырыспада оның менен жуўап айтысқан. Жигит келиншекке жеңислик бермеген. Келиншек жигиттен анық жеңилетуғынын билгеннен кейин алдын-ала, оны былай деп мақтап жуўап айтқан:

Көл ишинде көп қамыс,
Ҳаслы бирде, нәсли бир.
Ким салары хантия,
Ким салары бөрия,
Сизге ҳешкимниң дады жоқ,
Сиз бир жүрген тотия!

Буннан кейин келиншек өзиниң жеңилгенин мойнына алып, оған бир кесе шай апарып берипти.

* * *

Қарақалпақ халқында атақлы жуўабый жигитлер, жуўабый қызларды излеп жүрип айтысатуғын болған. Мәселен: Ажар мәс деген жуўабый қызды жуўабый жигиттиң излеп барғандағы жигитке айтқан Ажардың жуўабы:

Атым мениң Ажар мәс,
Сизлер бәлент, бизлер пәс,
Мени излеп келсеңиз,
Айтысайық дәсме-дәс?!

* * *

Бир күни Нурен жуўабый кемпақалдың үйине бир себеплер менен дус болып қалыпты. Нуреннің бул сапарғы дүзге шыққанында қусы менен ат арбасы үйинде қалған екен. Кемпақал Нуреннің қусы менен ат арбасыз шыққанлығын себеп етип, оған былай деп айтыпты:

Ат басып өлтирди ме қусынды,
Қудай қурттыма, пысынды.

Үйренген әдет қала ма,
Көтерип отыр мушынды?!

Бул сораўға Нурен жуўап қайтармай, жеңилип қалыпты.

* * *

Бир күни Кемпақалдың үйине жайдақ тай минип қудасы келген екен. Оған Кемпақал мынадай жуўап айтыпты:

Астыңа минипсең, ала тай,
Шыға қалыпсаң, сайма-сай,
Қолға түскен қулдай болып,
Қайдан келдиң қудам-ай?!

Жуўабый жигитлер сөйлесе жуўапсыз сөйлемейтуғын болған. Бир күни аўылдың абырайлы, жуўабый жигити бир аўылға қыдырып бармақшы болып, дәрьядағы кемешиге барады. Кемешиниң кемеси суўлы болса керек. Кемеши қайығының олай пулайларын жыйнастырып жүргенде, жуўабый жигит қарап турғанша кемешиге жәрдем берейин деген ой менен, төккишти алып, кемениң суўын төге береди. Сол ўақытта сол аўылдың бир адамы келеди. Ол аўылдың ханындай абырайға ийе болған, атақлы жуўабый жигиттиң қайықтың суўын төгип атырғанын көреди. Буған ҳайран болған адам: Ҳаў, аға, не ислеп атырсан? — деп сорайды. Сонда жуўабый жигит.

Кемеши хан болды,
Биз нөкер болдық.
Қуданың ҳәмири менен,
Суў төкер болдық, —

деп жуўап айтады. Буған уялған жигитлер кемениң суўын өзлеримиз төгемиз аға деп, қолынан төккишти алып, суўды өзлери төгиўге кирисе баслайды.

* * *

Омар деген бир жигит бир отырыспада Гүлай деген қызды (бойы кишилеў екен) менсинбей оған ҳәртүрли сөзлерди айта берген. Сонда қыз жигитке мына жуўапларды айтып, өзин танытпақшы болады.

Қус жибердим бәлент таўдан,
Қылыш силтедим лаўдан.
Нашар ҳәм болсам бағ берсе,
Журт тутажақпан Шаржаўдан.

* * *

Қызлардың жеңгеси арба айдаған қәйнисине сыйлап орамал берерде мынандай жуўап айтып берген:

Ҳа, алмасын, алмасын,
Алла деген қуллардың,
Алды-артынан шалмасын.
Орамалды бергендей,
Жағдайы сирә жоқ еди.
Арба айдаған қәйнимниң
Оның бир кеўли қалмасын?!

* * *

Бир қыз, бир отырыспада өзи молла, өзи қайқы Қәдели деген жигитти, мына жуўапты айтып жеңип қойған:

Моллалығыңа қайттым,
Көзиңе қарай айттым,
Бир көзиңниң сәўлеси бир көзинде,
Не қыламан десеңде ерик өзинде?!

Жигит:

Жети түйем, қатар-қатар,
Ийирсем қумлақта жатар.
Бирден туўра келип қалдық,
Бул өзектиң қәйеринен өтер?

Қыз:

Жети түйең қатар-қатар,
Ийирсең қумлақта жатар.
Сексен де бир қатар.
Тоқсан да тарса қатар.
Соннан кейин бул өзектиң
Қайер болса, сол жеринен өтер!

Жүриң қызлар қайтқан жақсы,
Ерте елге жеткен жақсы,
Оны айтқан моллалардан,
Жорға, жүрмел ешек жақсы.

Мен, айт десең айта беремен,
Ешегим жүрмесе, қайта беремен.

Қалаға барып па едиң,
Баққалға дарып па едиң.
Үш шайы қара теңге таппастай,
Қуда бала, ғәрип пе едиң?!

* * *

Қалаға барыппа едиң,
Дүканға дарыппа едиң?
Бир манатқа кәмпит алмай,
Сондай-ақ, ғәриппе едиң?!

Сен қалаға барыппа едиң,
Баққалға дарыппа едиң?
Бир пилтени ала алмастай,
Елиндеги ғәриппе едиң?

* * *

Шар базарға барып па едиңиз,
Айна-тарақ алып па едиңиз?
Еки аўыз сөзге, бир аўыз сөз таба алмастай,
Заманласлар сондай-ақ ғәрип пе едиңиз?!

Бизлер кегей, сизлер тоғын,
Тоғын басар, ийттиң боғын,
Боқты басып үйге кирген,
Жаңа билдик, пәминиң жоғын!

Ҳаўадан ушқан ләпле қар,
Бояма көйлек жеңи тар.
Пәәмлиге сөз айтсаң,
Ҳәрбир сөзи миясар.
Бий пәмлиге сөз айтсаң,
Бир-бирине қарасар.

Бурын жас ағаш едим,
Енди қуўшал болдым,
Кең жерден шығып едим,
Енди, тар жерге дуушар болдым.

Жигит:

Есиктиң алды майда тал,
Майда талдың ушын шал,

Түбин алып нетесең,
Ең кереги ушын ал?

Қыз:

Есиктиң алды майда тал,
Майда талдың ушын шал,
Ушын шалып нетейин,
Түбин алып кетейин?

Жигит:

Қарақалпақ деген ҳалық болады,
Қалаға барып, шабақ алады,
Қайтып келип, отының басына дем салады.
Усыншама аяғындағы тыштабаны менен
Паңшылықты не қылады?

Қыз:

Аўа, қошшым!
Қарақалпақ деген, халық болады,
Қалаға барып, шабақ алады,
Қайтып келип, отының басына дем салады,
Аспанның асты кең
Ҳәрким кеўлине келгенин қылады.

Биреўдиң мейли алады,
Биреўдиң мейли алмайды.
Бунша тежей берип,
Сендей урғашы,
Жайына қаран,
Отыра бергенде не қылады?

Көрининсиз көзге,
Шығыпсыз жүзге,
Қырқ ағары шай,
Өнсери темеки,
Инам етемиз сизге,
Мәўлет беринг гүзге?!

Жол үстинде бай терек,
Шақасы сынса керек,
Сениң менен сөйлеспеге қуда бала,
Әндийшели тил керек.
Мәҳәллиге мәҳәл керек,
Биймәҳәлге не ҳал керек.

Бир мәҳәлден өткен соң,
Енди сизге не ҳал керек?

Бир жуўап бар, бүлбил,
Бир жуўап бар, дүлдил,
Бүлбил қашса кетеди,
Дүлдил қуўса жетеди.

Яқшы кетип, яман қалды,
Дәни кетип, сабан қалды,
Ақбийдайда берекет жоқ,
Куры абай, ҳәрекет жоқ!

Сиз екен, қаршыға салған киси,
Биз қашан қаршығадан қалған киси.

Мәҳәллиге, мәҳәлим бар,
Биймәҳәлге не мәҳәлим бар.
Бир мәҳәлден өтсемде
Еледе сенлик мәҳәлим бар!

Сары шымшық болайын дейсең,
Ҳәр шақаға қонайын дейсең.
Гәп мәнисин билмейсең,
Гәптиң изинен қуўайын дейсең?!

Қыз:

Шатыраш солмас,
Қыйсық Жамбас,
Қуда бала, айтқанын
Сирә болмас!

Жигит:

Шатыраш солмас
Қыйсық жамбас,
Қуда балаң тек өлгенше
Изиңнен қалмас!

* * *

Ушар өрдек пенен ғазлар
Кемип баратыр, сәўбет сазлар,
Сизлерге сөз жақсы
Қысылғанда не тартыўлар.

Шек-шек келеди жел менен,
Зулпын тарайды күн менен,
Басқа жигитик ўәде берип,
Бизди алдайды тил менен.

Жигит:

Жығылды жаптың көпири,
Келди сөздиң нәўпири.
Саў-саламат отырмысаң,
Ақсақалдың кемпири?

Бери кел мен ашайын бетиң келин,
Нар буўраның сүтиндей етиң келин.
Мин тағып, менсинбесе не илаж бар,
Сендей бир шешеси өлген жетим келин?

Жығылды жаптың көпири,
Келди сөздиң нәўпири.
Саў-саламат жүрмисең,
Аталықтың шомпыры.

Есиктин алды Ҳәмиў дәрья,
Бүлбил болсаң, бағда сайра?
Бул гәпимниң мәнисин ойла,
Кимге зәлел, кимге пайда?

Сенде турсаң, тикейип,
Менде турман, тикейип,
Жерге түскен қамшыны,
Ким алады еңкейип?

Сен де отырсаң кейкейип,
Мен де отырман кейкейип,
Ол да отыр кейкейип,
Отты ким ысырар еңкейип?!

Тартыўлының жигитлери,
Талма ғана келеди,
Тал шыбықтай буралып,
Қыдырмаға ғана келеди.
Табылса таныс болады.
Табылмаса не қылады.
Тартыўлының жигитлерисиз бе?

Ол ҳәўли болмаса, бул ҳәўли,
Қаршыға болмаса, шәўли,
Бермесе турың жигитлер,
Үйге барып ақ, шай ишемиз.

Қыз:

Қишкене шарбақ ишинен,
Түрли жемис жермедиң?
Өзиңди үлкен билип,
Бизди киши дермедиң?
Киши болса, бойым киши,
Ақылым мениң данадур.
Сизлердей жас жигит
Басыма пәрмана дур.

* * *

Жигит:

Бағ ишине кириппедиңиз,
Бағдан жемис териппедиңиз?!
Өзиңизди уллы тутып,
Бизди киши деппедиңиз?

Киши болса, бойым киши
Ақылым өзиме сәрдар.
Сениндей ғошшақлардың
Нешшеси басымызға қарыйдар!

Ақ теректен узын нәрсе жоқ,
Қәнекей, оның мийўеси?
Пақал терек мийўалы,
Пақырларға пайдалы.

Есиктиң алды таллық,
Таллыққа жайылар жанлық.
Бизлерге жуўап берсеңиз,
Қуллық етип алдық.

Көк өзекке нәрете салатуғын едик,
Түскен күни бес бөргесин алатуғын едик,
Түспеген күни ҳеш илаж ете алмай,
Аўызымыз борлаттай қызарып қалатуғын едик.

Жуўап деген ат емес, атан емес,
Жылтыратып жапқандай шапан емес.
Хош келдиң, хош мирәҳат, сөзиң болса,
Заманлас жуўап деген, ҳеш гәп емес.

Баяғылар бағда қалды.
Бағ жығылып суўда қалды.
Бағдың гүлин тереалмаған,
Әрманлы болып, булда қалды.

Ҳәрким уста болар сөзге,
Ҳәмме жақсы қумар көзге,
Бирге отырған жигитлер
Кәсип етиң қатар қызға?

Жигит:

Айма Мүңсыз
Томпайған ақ төсинде майма Мүңсыз,
Жумыс пенен сапар шегип киятырмыз,
Өткели Кегейлиниң сайма Мүңсыз?!

Қыз:

Оразжан қашан шықтың аўылыңнан,
Қутылмадық Маңғыттың саўырынан.
Жумыс пенен сапар шегип киятырсаң,
Кегейлиниң өткели атыңның баўырынан.

Ақ түйениң қәтеби,
Артыўлыда, тартыўлы,
Жаңа өспирим нәўше қызбан,
Жуўап билмеймен жартыўлы.

Биз, биз едик, биз едик,
Бизде бир бойдақ қыз едик,
Жийде терип жүргенде,
Бир жигит келди қасыма,
Асаў тайын үйретип,
Тал шыбығын сүйретип.
Бир жүзигим бар еди,
Қолыма сыймас тар еди,
Сол жүгизим сынғанда,
Ана жигит бар еди.

Урылып турған жуўап жоқ,
Шегилип турған шылым жоқ.
Үйге кирип көриң, не гәп бар?

Қызлар айтты: — орныңыздан турыңлар,
Ақыл менен ойды ойлап билиңлер!
Бурын мерекеде отырып көрсеңиз,
Қызлар менен бирге ойнап күлиңлер?!

Жигит:

Өзиң бир кишкене қызсаң,
Гүби арқалап, не қыласаң?!

Қыз:

Аласа болса, бойым аласа,
Ақылым өзиме дана дур.

Сендей-сендей жигитлер,
Басымыздан пәрмана дур.

Сөйлесе қыз сөйлесин,
Тыныш отыр келиншек?!

Есиктиң алды тал ма,
Қатарда ағар салма,
Бир-еки саўыр шығар десек,
Көтере саўыр бар ма?

Бояма көйлек жеңи тар,
Бояма деген ағаш бар.
Өзи билген жигитке,
Еки сораў не дәркар?!

Көз қумарға тоймайды,
Кеўил дийдарға тоймайды,
Заманлас пенен отырсаң,
Өмириң өткенше мийриң қанбайды.

Ағын суўда ақ балық,
Ақ балықты қақладық.
Самбырлаған сөзиниң,
Биз мәнисин таппадық.

Алдыңғы кеменің азнасы,
Кейінгі кеменің ғазнасы.
Көп сөйлеме қуда бала,
Кетті ғой сөзіңнің мазасы.

Қумыры деген қус болады,
Пәрин тартсаң бос болады.
Себеп пенен заманлас,
Бир-биреўге дус болады.

Бир аўыз әңгименің
Он аўыз лийкини болады.
Өнсери шортанның
Сийсери гүртиги болады.
Әңгимени аңламаған,
Қыздың да қыйқымы болады.
Үш қулаш арыстың да
Үш қарыс булқыны болады.

Ат дегендей атымыз жоқ,
Жаман ғана тайымыз бар.
Ишкенимиз қара сулы,
Сондай ғана жайымыз бар.

Қызыл жыңғыл дегенниң
Түбинде болар томары.
Отырыспа дегенниң,
Кейнинде болар қумары.

Қыз:

Жуўап айтсаң ашып айт,
Ший түбинен қашып айт.
Жуўсан жеген жылқыдай,
Жүрегинди басып айт?!

Жигит:

Арқаңызда шашыңыз,
Қыйылған қәлем қасыңыз,
Ҳаўа, заманласлар,
Дарўазаның аўызын таппай,
Сергиздан болды басымыз.
Келген жигитлер шықсын десең,
Дарўазаңызды ашыңыз?!

Алдыңғының мазасын,
Кейінги берер сазасын.

Үйимиз жоқ, ақ отаўда жатамыз,
Асқатығымыз жоқ, сүт қатамыз.
Нақылға шебермиз, жуўапқа шорқатпыз.

Жигит:

Қыянатшының көзи қыйықта,
Зыяратшының көзи шыйықта.
Қасқырды қайдан билейин,
Жолбарыстың күши ыйықта.

Ай болмаса, адамзат, ақылдан адасады.
Күн болмаса, кеўилде кир басады.
Көкирек сандық, аўыз қулып,
Гилт болмаса, қулыпты ким ашады?

Бизде батыр болармыз,
Атқа кисең салармыз.
Бүгин жарлы болсақта,
Бир күн иске жарармыз.

Үш ай — саўыным,
Үш ай — қаўыным,
Үш ай — шабағым,
Үш ай — қабағым,

Мен көрейин деппедим Даўқараны,
Күн көрейин деп отырған аўымды алды.

Айтсаң сөзди дурыс айт,
Сөзиңе адам инанғандай,
Жаман сөздиң орнына, жақсы сөз айт,
Еситкен адам қуўанғандай?

Арғымақ сайлап ат миндим,
Садағасы кетейин, буўданның.
Урыў сайлап, дос туттым,
Садағасы кетейин, туўғанның!

От таяр, шылым таяр,
Жердеги шылымды,
Еңкейип ким алар?

Жаўды жарақ алады,
Атағы бараққа қалады.
Я, күлиң шықсын,
Я, үниң шықсын?

Қәте бизден,
Кеширим сизден.

Жаманда болса ағамыз,
Жақсыны қайдан табамыз?

Бир теңге берип айттырып,
Мың теңге берип қойдыра алмадық.

Сөк берген кисимнен көрейин бе,
Жей алмаған тисимнен көрейинбе?!

Тыңламасқа айтылған ҳасыл сөзим,
Жыламасқа жылаған ессиз көзим!

Ҳәмме, мениң менен сендей болғанда,
Бул қалаға дәрўазаның не кереги бар?

Айтыста ўәдеңе жет,
Мингесте үйиңе кет.

Барын ишесең,
Жоғын күтесең,
Асықсаң кете бересең.

* * *

Қызлар:

Бириңиз үлкен, бириңиз қурдас,
Бириңиз киши, бириңиз жас,
Таңның атыўына да жақынлады,
Жуўап күтемиз заманлас?

Жигит:

Аўзыңызда палыңыз,
Жүзиңизде қалыңыз,
Бизиң берген кесени,
Тәжим етип алыңыз?

Қыз:

Алма бағқа киргеним жоқ,
Бағдан гүллер тергеним жоқ,
Өзим болсам нәўше қызбан,
Кесе алысып көргеним жоқ.

Жигит:

Аўзыңызда палыңыз,
Жүзиңизде қалыңыз,
Бир кесе шай усындық,
Түргелип келип алыңыз?

Қыз:

Аўзымызда болса палыңыз,
Жүзимизде болса қалымыз,
Усы усынған кесеңизге,
Еки шақмақ қант салыңыз?

Теўип жиберип ояғын,
Жеп жүрме оның таяғын,
Сымбаты сол, сыны сол,
Сынаймыз буның қаяғын?

Қара қус деген қус болар,
Пәрин жулсаң бос болар,
Сендей достым шай берсе,
Кеўлим мениң хош болар.

Қыз:

Аўзымызда палымыз жоқ,
Жүзимизде қалымыз жоқ,
Сизиң берген шайыңыз ушын,
Жуўап урар ҳалымыз жоқ.

Жигит:

Бир қолымда қызыл гүл,
Бир қолымда сары гүл
Қайсысын қәлесең өзиң бил?

Қыз:

Сары гүлинди нетейин,
Қыздың теңи қызыл гүл
Қызыл гүлинди алып кетейин.

Сарайыға сарпай керек,
Әнайыға ат керек,
Бизлерге бир аўыз,
Биймәлел жуўап керек?

* * *

Сыдық шайыр отырыспада бир қызға кесе усынады. Усынған кесени қыз орнынан түргелип келип алмайды. Сонда Сыдық қызға мына жуўапты айтқан:

Бир кесе шай бердим, турып алмады,
Нәзерим қайтты деп жаным қалмады,
Қозғалмастан отырысын бузған жоқ,
Қыял еттим маған нәзер салмады.

* * *

Ертеде бир қыз бенен бир жигит екеўи аўқатты жер алдында айтысады. Жигит қызға аўқатты жеўди сиз баслаң, — деп сорайды. Сонда қыз оннан: «Бизлер шайтан, сиз султан, аўқатты жеўди сиз баслаң?! — деп телейди.

Жигит: — «Қыз әкесиниң үйинде патша болса, жигит ўәзир», — деген. Патша турғанда, ўәзир оннан бурын қалай баслайды. Сиз баслап жей бериң?! — дейди.

Жигиттиң қасақана қызға аўқатты жеўди баслаң деп бунша зорлаўының мәниси, оны сөйлесиў арқалы сынаў ҳәм сөзден утыў.

* * *

Ертеде бир жуўабый жигит жуўап айтысыўда атағы шығып атырған бир қыз бенен жуўап айтысыў ушын, оның үйине қыдырып барады. Бундағы жигиттиң мәқсети қызды жуўап айтысынан жеңип өзин елге кеңнен танытыў еди. Жигит қызлардың үйине кирип барған ўақытта жигиттиң келбети қызларға жағы қуўсыйыңқыраған, аўызы ийегинен озыңқылаўдай көринеди.

Жигиттиң не мәқсет пенен келгенлигин билген қызлар онын усы келбетин бетине айтып, оны табанда сөзден жеңемиз деп ойлайды. Усы мәқсетте қызлар жигитке: —

— Келиң сүймен аўыз? — дейди.

Сонда жигитте иркилмей: — Аўа, қудашалар, дурыс айтасызлар. Бул сүймен аўыз болса да, сизлердей бир нешше қызлардың аўзынан сүйген аўыз, — деп қызларға жуўап қайтарады.

Жигиттиң бул жуўабына қызлар ҳешнәрсе дей алмай, керисинше, өзлери табанда жеңилиске ушырайды. Жуўап айтысынан жеңилген қызлар жигитке хызмет ислеп, оны елине сыйлап қайтарады.

д) Юмор ҳәм сатиралық жуўап

Юмор ҳәм сатиралық жуўап, жуўап айтысының ең көлемли, қызық түринен есапланады. Бул отырыспада ҳәм басқа да қәлеген жерлерде айтыла береди. Юмор-сатиралық жуўап болып атырған ҳәркетке, адамның минине, минезине, жүрис-турысына, дене кемшилигине, пәмсизлигине, кийген үсти кийимине, биймәни сөйлеўлерине, менменлигине, сыйласығына, ҳүрмет ете билиўине, адамгершилигине, дәстүрине, т. б. көплеген ўақыялар менен ҳәрекетлерине байланыслы айтылып, көп мазмунлықларды өз ишине алады. Бизиң бул айтқан пикиримиз төмендеги жуўаплар арқалы тастыйықланады.

Қоңырат қаласы аймағында ең атақлы жуўабый хийўалы қыз деген болған. Оны жуўап айтысынан ҳешким жене алмаған. Бир күни Мәтмурат деген жуўабый жигит қыз бенен айтысыў ушын үстине жаманлаў тозған бир тонды кийип, қыздың үйине барады. Мәтмурат есиктен жаңа үйге кирген ўақта хийўалы қыз оған: «Келиң адам жабайысы?» — дейди. Сонда Мәтмурат:

Қум аўзыңа!
Биз адамның сыпайысы,
Сиз адамның турпайысы,
Келмей атырып ийттей қапқан,
Ийтпеди бул қыздың дайысы,
Төрде отырған төрт қатының,
Қайсысы екен хийўалысы? —

деп хийўалы қыздың сөзине жуўап қайтарады. Сол ўақытта төрде шарық ийирип отырған төрт қыздың биреўи еле мереке көрмеген жас нәўше қыз екен. «Өйбей аға, мен де кеттим бе?» — депти. Жигит: «Қуў ишинде жас та жанады» деген бар, сиз ҳәм кеттиңиз қошшым, — дейди. Хешкимнен жеңилип көрмеген хийўалы қыз жигитти үйине бир ақшам мийман етип, мал сойып хызмет етеди. Азанда жигитке шекпен жаўып, сарпайлап елине қайтарады.

Бул жерде қыз: «Келиң адам жабайысы» дегенде мәдениятсызлықтан, көргенсизликтен айтып турған жоқ. Бул жерде бирден жигитти тырп еткизбей албыратып, састырып жеңип

таслаў мақсетинде айтқан. Бирақ, қыз нағыз жуўабый адамына тап болғанлықтан жеңилип қалады. Жигиттиң жуўабы — сатиралық жуўап. Бунда өткир ашыўлы күлки бар. Егер жигит қыздың сөзине ылайық қызларды қатын деп атамағанда, я басқа бир усындай сөзлер менен жолын таппағанда, жеңе алмай, сөзсиз жеңилип қайтар еди. Алғыр, сөзге жүйрик, жуўабый жигит өзиниң жүйриклигин ислеп, жеңиске ерисе алған. Бул айтыстан еки тәрепте де бир-бирин жеңиўдеги қолланған усылы ҳәм айтыстың дәстүри бойынша қандай сөзлер болмасын, иркилмей, тартынбай айта алатуғынлығы, бул халыққа айып, уят болып есапланбай туғынлығы көринип турады.

Усы жуўаптың екинши вариантында қарақалпақ халқының атақлы классик шайыры Бердақ хийўалы қыз менен айтысыў ушын үш жигит болып барғанында хийўалы қыз Бердақтың кийген кийимине қарап:

Берги жигиттиң арғысы,
Арғы жигиттиң бергиси,
Жақсы болатуғын тәзының
Мойнында болады қарғысы,
Қутлы болсын жигитлер,
Ортаңғы жигиттиң қарғысы, —

деп жуўап айтқанда, Бердақ жоқарыдағы хийўалы қызға айтылған жуўапты айтып жеңген делинеди. Мине усы айтылған екеўи менен қоса есаплағанда, бул жуўаптың барлығы болып жети варианты бар. Бунда хийўалы қыздың аты Алмабийке екен десе, жигитлердиң атлары Мәтмурат, Бердақ, Әжинияз, Сейтнияз екен деген пикирлерди айтады. Айтылған жери Қоныират, Шоқтораңғылда, — дейди. Булар мениңше, еле де изерлеп анықлаўды талап етеди.

Адамның минине, минезине байланыслы айтылған юмор-сатиралық жуўаплар мынадай болып келеди! Аўзы қоян жырық бир молла бир қыздың үйине қыдырып барғанда қыз оған:

Моллалардан молла көрдим,
Моллалардың тыррықы,
Ақ жүзиңе жарасып тур,
Аўзыңыздың йыррықы, —

деп жуўап айтады. Сонда молла да қыздан жеңилип қалмаў ушын қыздың түр-түсине қарайды. Қараса қыздың мурны үлкен екен. Усы мурынды төмендегише жуўап етип айтып, қызды жеңип қояды:

Мурынлардан мурын көрдим,
Ҳәмме мурынлардан бурын,
Қасықтағы асқа тийер,
Аўзыңыздан бес күн бурын.
Он еки тисли зәңги қойып,
Минсем мурынның белине,
Көринеди Қоқан ҳәм Рум.

Бул жуўаптың екеўи де юморлық жуўап. Қыз молланың мини менен бирге оның өзин басқалардан жоқары санайтуғын менменлик минезин де қатты күлкиге алады. Молланың айтысы жүдә көркем образлы қурылған. Ол қыздың минин айтыўда гиперболаны шебер пайдалана билген. Мәселен, мурынның қасықтағы асқа аўзынан бес күн бурын тийиўи, мурынның белине он еки тисли зәңги қойып миниўи ҳәм мингенинде Қоқан менен Рум қаласының көриниўи адамды еркси күлиўге мәжбүрлеп жибереди.

Жуўап айтыўшылар бир-бирин жеңиў мақсетинде бир-бириниң қандай мини болмасын, тартынбай айта береди. Өйткени, олар ушын жеңилип қалмай, жеңип шығыў баслы мәселе болған. Минине байланыслы адамның исик қабақ сарылығына, денесиниң қаралығына, бетиниң бужыр, көзиниң соқырлығына т. б. айтылған юмор-сатиралық жуўаплар бар. Бул жуўаплар жүдә көркем қурылған. Бул жуўапларды оқығанында ҳәр бир жуўап айтыўшыға адамның көзине көринип турған мини ямаса қандай да бир зат тез шайырлығына салып жуўап айтыўда жәрдемши тайын материалдай болып табылғанлығы көринеди. Минине байланыслы айтылған жуўапларда, тек минин айтыў менен ғана шекленип қалынбай, ҳәр бир жуўап айтыўшының ҳәр қыйлы ишки сөзимлерн де билдириледи.

Отырыспада сол отырыспа болып атырған аўылдың қызларының екинши аўылдан келген жигитлерди жеңгенин, олардан жеңилмегенин тәўир көреди. Оларды жеңиў тилегин тилеп, солардың тәрепинде болады. Буған мысал, бир аўылға екинши бир аўылдан қыз айттырып, үш жигит қыдырып келеди. Аўылдың жигитлери буларды сыйлап отырыспа ислейди. Отырыспада қызлардың атақлы жуўабый Палбий деген қыз жеңгесин булар уры-бердиге алып жол бермейди. Буған аўыл жигитлери арланып, астыртын, билдирмей аўылдың жуўабый атанған Пердегүл деген келиншегин шақыртып алдырады. Пердегүл шамалы отырыўдан-ақ жигитлердиң тәсилине түсинеди. Олар жақсы айтылса да, жаман айтылса да, еситпеген-

дей болып, өзлеринше күлкиге алып жибере береди екен. Пердегүл дәрриў оларға мына жуўапты айтады:

Қула дүзге суў ашсаң,
Торы ала ғаздың төсине,
Тыңламасқа сөз айтсаң,
Қулағының сыртына.

Сонда жигитлер өзлерин жуўаптан билгирге санап, қызлар тәрепин кемситип былай, жуўап қайтарады:

Қус жибердик ғазға,
Аўып кетти қуўға,
Сөз билмеске сөз айтып,
Сөзимиз кетти-аў суўға.

Жигитлердиң бул жуўабына Пердегүл иркилип қалмайды. Жигитлердиң биреўи таз екен. Соннан пайдаланып, мына жуўапты айтыў арқалы жигитлерди женеди:

Қус жибердик қуўға,
Аўып кетти ғазға,
Бизиң аўылдың қызлары,
Сөзин зая етпейди,
Сизлердей гил тазға.

Бул жуўаптан кейин жигитлер қыз женгесине қайтарып жуўап айта алмайды. Сонда да, қыз женгеси жигитлерге аўылындағы Нияз жаманның қызы ержетти деп жигитлердиң бир неше ирет ҳәлек болып қатнап жүргенлигин юморлық жуўап етип айтады. Буннан бир тәрептиң екинши тәрепти қайтып сөйлей алмастай етип жениў ушын жуўаптың изин үзбей, изли-изинен дөндирип айта беретуғынлығын да көремиз. Бул жуўаплардың ҳәммеси юморлық жуўап. Бунда қыйналыў, наразылық, менменлик сезимлери, ҳәзил мәнисиндеги жай, женил күлки менен билдириледи.

Отырыспаға қызларын ертип барған бир қыз женгесиниң еки қызына орын жетиспей қалады. Сонда ол мурны үлкен жигитлердиң мурнын сылтаў етип жуўап айтып, қызларына орын алып береди:

Мурынлардан мурын көрдим,
Ҳәмме мурынлардан бурын көрдим,
Қырық тисли зәңги қойып,

Шықсаң мурынның үстине,
Көринеди ҳәм Бухара, ҳәм Рум.
Егер ол мурын қағыса қойса,
Оның қасынан ҳәм еки қызға орын.

Бул жуўап бурынғы айтылған жуўаптың бир қанша өзгертилген екинши варианты сыпатында көзге түседи. Бурынғы жуўаптың «он еки тисли зәңги қойып, минсең мурынның үстине» деген қатарлары, соңғы жуўапта «Қырық тисли зәңги қойып, Шықсаң мурынның үстине» болып өзгертиледи. Бурынғы жуўаптың еки қатары пүтинлей алып тасланып, оның орнынан «егер ол мурын қағыса ғойса, оның қасынан ҳәм еки қызға орын» деген еки қатарын өзинше жаңадан қосқан. Бул бизге жуўап айтыўшылардың иретли жеринде бурынғы тайын жуўаптың текстин өз шайырлығына салып, өзгертип, өзинше қосып толықтырыў арқалы айта беретуғынлығын көрсетеди.

Бир қуршаққы таз жигит шапан тигип отырған қызлардың үстине қыдырып барады. Қарап отырмай жуўап айтысып отырыў ушын: «қосшым, ийнеңизди берип алсаңыз, қолымыздағы тикенди алып жибересем қалай болар екен? — деп сорайды. Сонда қызлардың биреўи жигитке былай деп жуўап айтқан:

Гәп басы ийне болады,
Бермесе кейне гийне болады,
Әўеле сары қотыр болса,
Кейни кийме болады.

Буған таз жигит:

Ат жақсысы боз болады,
Ер жақсысы таз болады,
Таздың ең жаманында,
Сизлердей қызлардың,
Көтере алмайтуғын
Мың тиллалық назы болады.

Жуўапта қыз бенен жигиттиң жүйрик ойлы, қатты жуўабый екенлиги көринип тур. Қыз жигиттиң сораған ийнеси арқалы бирден оның басының таз екенлигин айтады. Басы таз жигит те улыўма тазларды шеннен тыс көтермелеп мақтаў арқалы өзин қызлардан жоқары санайды. Бул жерде таз жигитке бәрҳа өзин басқалардан жоқары санайтуғын менменлик сезим жоқ. Ол тек минеп айтқан қыздан женилип қалмаў ушын ғана өзин жоқары санап тур. Бул юморлық жуўаптың екеўи де жу-

дә көркем, шеңбер қурылған. Оқыған адамды қызықтырып өзине тартып турады.

Бир жигит бир қыз менен сөйлеспекши болып, бир төленің төрине барып отырады. Сөйлесиўге барған қыз бирден төленин төрине бармай, аўыз бетинде отырып қалады. Жигит қызды төрге жақынлар деп әри отырады, бери отырады. Сирә қыз жақынламайды. Буған шыдамаған жигит қызға былай деп жуўап айтады:

Жигирма бес жасым-ай,
Қайғысыз өскен басым-ай,
Қудаша бир жерде қатып отыра бергенше
Жақынлай көрсеңиз бойма қасыма-ай?!

Қыз бул жуўапты еситиўден жигиттиң өсинкиреген сақалын сылтаў етип, жигитке мына жуўапты қайтарады:

Жигирма бес жасың-ай,
Қайғысыз өскен басың-ай,
Куда бала, сақалыңыз көбирек өсип кетипти,
Жақынлай алмай отырман қасыңа-ай!

Бул жуўап айтысының болған орны бизге қарақалпақ халқының төмендеги үрп-әдети менен тәртибин анық еске салады. Бурын қызлар адамлардың көзинше иркилмей жигитлер менен сөйлесе алмайтуғын болған. Олар көбинше жеңгесиниң рухсаты менен адамға көринбей, билдирмей, жасырынып ғана сөйлесе алған. Егер бирден тартынбай, жигит пенен сөйлескен қызды уятсыз. ийбесиз, турмысқа шығыўға асығып жүрген деп, оның үстинен күлип сықақ еткен. Сонлықтан да қызлар түнде ямаса айырым қолайлы орынларда ғана сөйлескен.

Юмор-сатиралық айтыста жигитлер тәрепи болсын, қызлар тәрепи болсын, бир-бирин жеңиў мақсетинде дәстанлардағы батырлардың гүреске түсердеги бадабадындай бадабад урып, өзин сөзге жүйрик, айтысса жеңе беретуғындай етип көрсетеди. Бул айтысыўшы адамның айтысатуғын адамын қорқып, сескенип, уялып, қысынып, албырап, сөз таба алмай жеңиледи деп ойлағандағы пайдаланған усылы болыўы керек. Мысалы, Үмитхан деген атағы шыққан жуўабый қыз менен айтысыў ушын Әбдикерим деген жуўабый жигит қыздың үйине излеп барады. Жигит қыз менен аманлық-есенлик сорасып алғаннан кейин қызға:

Аўылымыз қарыңдасым сыбайлас,
Қурбы-қурдасларды шақыр ырзалас,

Әбдикерим қайқы келди үйиңе,
Жуўап билсең бизиң менен ҳал сорас? —

деп жуўап урады. Сонда қыз:

Шаўқымның әўлийеси базарда болады,
Тынышлықтың бәри мазарда болады,
Қайқыман деп онша шаўқым саласаң,
Сендей қайқылар ешек арбада да болады, —

деп жуўап қайтарады. Жигит усы дәсме-дәс айтысын даўам етип тағы: қыздың жанына тийгизип жуўап айтады. Ҳеш кимнен жеңилип көрмеген қыз жуўаптан жеңилип, Әбдикеримге басын қосады. Жуўап айтысында жеңилген қыз ямаса келиншек жеңген адамға ас берип, хызмет ислеп, шекпен, я шапан жаўып сарпайлап жиберетуғын болған. Бул халық арасында белгили дәстүрге айналған. Айырым ўақытларда қызлар өзлериниң айтқан серти бойынша жуўап айтысынан жеңген жигитке турмысқа шығады.

Өзиниң лақабын айтып мақтап көрсетиў қызлар тәрепинен де айтылатуғын болған. Бундай айтысларда биринши тәрепке екинши тәреп бирдей қайтарып, дәкки берип отырады.

Адамның ишип-жейтуғын аўқатына байланыслы айтылған юмор-сатиралық жуўаплар жүдә көп. Соның мына мысалларына тоқтап өтемиз: Бир жигит бир қыздың үйине қыдырып барғанда қыз жигиттиң алдына бир табақ қатықты нансыз қояды. Сонда жигит:

Қәде-қәўметти билмеген,
Қәйерде өскен жансыз,
Қайсы журттың дәстүри,
Қатықты қойдың нансыз?, —

деп жуўап урады. Жигиттиң бул жуўабына қыз:

Бу мәҳал назым мәҳәллер,
Қойдық қатықты нансыз.
Асқа шикәс келтирген,
Қайда өскен надансыз? —

деп жуўап қайтарып, жигитти жеңеди. Бул бир-бирине сай айтылған аўыр күлки мәнисиндеги сатиралық жуўап болып табылады. Буннан қарақалпақ халқының дәстүринде адамлардың алдына қатықты нансыз қоймайтуғынлығын, асқа үлкен

ҳүрмет пенен қарайтуғынлығын, жуўап айтысының қарақалпақ халқы арасында күшли дәстүр екенлигин анық биле аламыз.

Отырыспада жигитлердиң қант көпиринен ишип-жеп, дәмигип үйренип қалған бир кемпир, жыраў айтып, жигитлердиң отырыспасы болып атырғанда есик беттеги қызлардың шетине келип отыра салып, қарап отырмай: ҳаў, күйеў бала

Аўылыңыз аяқта,
Қант көпириңиз қаяқта? —

деп жуўап айтқан. Сонда жигит:

Аўылымыз өрде,
Қант көпир саған гөрде, —

деп кемпирди табаннан үнине суў қуйып, сөйлеттирмей жеңип таслайды. Бул жуўаптың биринши жай ҳәзил күлки менен берилген юмор болса, екиншиси өткир ашыўлы күлки менен берилген сатира.

Биз мынадай жумбақ жуўап формасындағы юморлық жуўаптың мысалында көре аламыз. Еки жигит қаўын қорып отырған қыздың қосына қаўын жеп қайтыў ушын қыдырып барады. Сонда қыз жигитлерди сынаў ушын атыздан еки қаўынды үзип алып келип, жигитлердиң алдына қояды да: «ким де-ким усы еки қаўынның дәмин билген адам жейди», — дейди. Сол ўақытта еки жигиттиң биреўи, аўа, қошшым:

Өзи қайырдың қаўыны болса,
Асты жер — татыйды,
Усти күн- — татыйды,
Мурты уў — татыйды,
Қ... пал — татыйды, —

деп дурыс шешип береди. Егер жигит бир сөз бенен қаўынның түрине қарай отырып, я мазалы, я мазасыз деп айтқанда утылып қалыўы мүмкин. Себеби, гейбир түри келген қаўынлар мазасыз болып шығады. Гейбир түри жаман деген қаўынлар мазалы болады. Сонлықтан да жигит жерине қарай қаўынның дәми туўралы объективный пикир айтып, қызды жуўаптан утқан. Бул жуўапта қыздың жигитлерди сынаў ушын айтқан сөзи бийкарға айтылып турған жоқ. Ол ең дәслеп жигитлер менен жуўап айтысып сынасыўды мақсет етеди. Бирақ, жигиттиң ойлы, тапқыр, жуўабыйлығы қыздың үниң шығармай иркип таслайды. Жигиттиң шамасын билген қыз қайтып сөз айта алмай, жигитлерге хызмет ислеў менен болады.

Адамның сөйлеген сөзи менен сөйлемеўине, берилген жуўапты шеше алмаўына байланыслы да, көп юмор-сатиралық жуўаплар айтылған. Мысалы, бир жигит қызлардың үстине қыдырып келгенде қызлардан уялып сөйлемей отыра береди. Қызлардың өзлери жигитти қозғастырып, бир-еки аўыз сөйлесип алады. Сонда қызлардың биреўи жигитке:

Тахтакөпир тақыр-түкир,
Жаман адамның бели бүкир,
Сөйлемеспекен деп едик,
Сөйлесип алдық, оған да шүкир, —

деп жуўап айтып, өз-ара күлиседи.

Уялғанынан сөйлемей отыратуғын буныңдай аўҳал қызларда да болады. Сонда жигитлер қызларды сөйлетиў ушын булар да оларға юмор-сатиралық жуўаплар айтқан. Жигитлердиң бул жуўапларында «Қызлардың сөзи жигитке дәри болар, сөз таппаған қызлардың баҳасы «Алтмыш ағары тары болар», деген қосық қатарларының қызлардың сөйлеп отырыўына күшли тәсир жасап турғанлығын көремиз. Бунда дым сөйлемейтуғын уялшақ, тартыншақ, ынжық адамларды сөйлетиўге ҳәрекет етсе, ал енди көбинесе айтысыўшы еки тәреп өзи менен сөз жарыстырып озыў ушын айтысып атырған адамның түрли ҳәрекетке ушырап сөйлемей жеңилиўин тилейди. Бундай жарысыўшы тәрептиң биреўи жуўапқа-жуўап қайтара алмай албыраса, екинши тәрепи сол моментten пайдаланып, жуўапты усти-үстине дөндирип, минбелетип, оны оннан бетер қысындырыўға ҳәрекет етеди. Мысалы, жуўаптан жеңилип қайтарып сөз айта алмаған жигитлерге қызлар тәрепи:

Қарағай ағаш қатты ағаш,
Қабығын алса тал болар.
Усындай қысыныспалы жерлерде
Сөз таба алмаған жигитлер,
Тили шықпай лал болар, —

деп жуўап урған. Бул сөз таба алмай отырған жигитлердиң үстине тағы үлкен жүк болып минеди.

Адамның жүрип-турыў ҳәм отырысына байланыслы айтылған мына юмор-сатиралық жуўапларға тоқтап өтиў де характерли. Өйткени, биз бул жуўап айтысларынан менмен, салақ, серсиз болмай, киши пейил, әдеп-икрамлы, пәмли болыў, бир биреўди сыйлаў, ҳүрметлеў сыяқлы күшли тәрбиялық әҳмийети бар идеяларды көре аламыз. Октябрь революциясынан бу

рыңғы қарақалпақ халқының дәстүринде қыз-жигитлердің отырып-турысы, жүриси өз-ара сынаспалы болған. Бир-бирінен кемшилик табылса дәрриў сол ўақытта жуўап айтысына илинген. Мәселен, бир жигиттиң жүриси бир қыз жеңгеси тәрепинен былайынша жуўап етиледи:

Тық-тыққа тумаў тийгендей,
Пышыққа пишен артқандай,
Арба жол өңкигендей,
Дигершик пенен мала басқандай,
Шымшыққа шиттер таққандай,
Қуда бала, аяқ басыўың қалай-алай?

Бул жуўап ҳәр бир адамның жақсы жүрип, жақсы отырып-турыўына үлкен тәрбиялық жәрдем етеди. Отырыспада бир-бирин аңлысып кишкентай да болса кемшилик таба алмай отырған қызлар сырттан аяғына патаслықларды басып үйге келген пәмсиз, салақ, серсиз жигитлерди өткир сатиралық жуўабы менен қатты сынға алып отыратуғын болған.

Қарақалпақ халқының бурыннан киятырған дәстүри бойынша ҳаял-қызлар ер адам келгенде орнынан турып, төсек салып, хызмет ислеўи керек. Егер адам келгенде орнынан турмаса ямаса созып отырған аяғын жыймаса, үлкен айыпқа санайтуғын болған. Усындай кемшиликлер ушырасқанда жигитлер қызларды кейўаны кемпирге, нашардың бийҳаясына тенеп, олардың қатты жанына тийеди.

Бурын қарақалпақ халқында қыз-жигитлер бир-бирин түрли жоллар менен сынаў ямаса бир нәрсени себеп етип жуўап айтысыў күшли әдет болған. Мысалы, бир қыз үйине қыдырып келген жигитлердиң чайды жаңа ишейин деп атырғанында оларды сынаў ушын билдирмей оттың қозына балықтың торсылдағын салып жибереди. Торсылдақ қатты сес пенен жарылып кетеди. Абайсыз отырған жигиттиң биреўи қорыққанынан шалқасына таслайды. Екиншисиниң де қатты қорыққанлығынан көзи аларып кетеди. Кейин еки жигит қызға қарап: «Бул не бәле, не болды?» — деп сорайды. Сол ўақытта қыз:

Аттан-аттың неси артық,
Өзи тарлан көк болса,
Торсылдақ пақыр не қылсын,
Жигиттиң жүреги жоқ болса, —

деп еки жигитти жуўаптан жеңип қояды.

Шылым шегиўге байланыслы айтылған мынадай юмор-сатиралық жуўабы бар: бир жигит жол жүрип киятырып, шы-

лым шеккиси келгенликтен бир үйге қайырылады. Сол үйде шөлкебай манатын салып жер шылым шегеди. Жигит кетейин деп атырғанда сол үйдиң қызы жигитке былай деп жуўап айтады:

Жолдан жолаўшы өтеди,
Шылым шегиўди нәше етеди,
Таяғыңның ушын ийт ғайзап жүргенде,
Шөлкебай манат салып шекпегенде нетеди?

Буған жигит ҳә дегенде не дерин билмей қалады. Жән-жағына қараса, керегениң басында гертпелеп жайып қойған бир шабақты көреди. Сол шабақты тез қыздың жаўабының уйқасына қарай мынадай жуўап етип қурады:

Жигит:

Жолдан жолаўшы өтеди,
Шылым шегиўди нәше етеди.
Керегениң басындағы жалғыз шабақты,
Бунша герте бермегенде нетеди? —

дейди. «Аўзы епли кисиге, арба өгиз де жуўап» дегендей, жигит бир гертпеленген шабақ арқалы жуўаптан жеңилмей, абыройлы болып қутылып кетеди.

Жуўап айтысында айтысыўшы еки тәреп ушын бир-бирин кемситип айтыў-жеңиўдиң қолайлы усылы болған. Кемситиў арқалы жеңиске ерискен юмор-сатиралық жуўаплар көплеп ушырасады.

Юмор-сатиралық жуўапта уят, турпайы айтыслары жүдә көп. Булардың өзин үлкен бир китап етип, академиялық баспада шығарыўға болар еди. Биз айтыстың традициясы, тәртиби бойынша айтыўға ҳәм баспаға толық жарайтуғын мына еки мысалын айтып өтемиз. Қуйын урыўындағы Арыўхан деген бир жуўабый қыз бенен айтысыў ушын жигитлер оның үйине излеп барады. Мақтаўлы қыз ҳайран қалғандай жигитлер чай ишип атырғанда абайсызда еситтилер-еситтилмес сес шығарып қойыпты. Буған қыз қатты қысылып арланады. Ол не де болса бул айыбымды жуўап айтыў менен аршый алмаспекенмен деген ой менен жигитлерге былай деп жуўап айтады:

Есиктиң алдынан түлки өтпегей,
Арқа беттен самал келип,
Түнликтиң төрт баўы бүлк етпегей,
Абайлы болып отырайын,

Тағы да биреўи келип қалып,
Мына жигитлерге күлки етпегей!

Буған жигитлердиң биреўи:

Аўа, қарындасым, ырас айтасаң,
Есиктиң алдынан түлки өтпегей,
Арқа беттен самал келип,
Түнликтиң төрт баўы бүлк етпегей,
Абайласаң абайла қарындасым,
Тағы биреўи келип қалып,
Биреўимиздиң мурнымызды
Жулып кетпегей, —

деп жуўап қайтарады. Илажсыздан жуўаптан жеңилген қыз жигитлерге хызмет ислеп, сыйлап, сарпайлап қайтарады.

Бир жуўабый жигит даңқы елге таралған Өтебийке деген қыз бенен айтысыў ушын оның турагуғын аўылын излеп кетеди. Өтебийкениң аўылына жақынлаған ўақта алдынан үлкен жап шығады. Жаптан өте алмай, турғанда аўылдан бир қыз суўға келеди. Сол ўақытта жигит қызға:

Аманбысаң жеңге,
Ана кеме менен,
Мени өткерип алсаң,
Мен саған берейин теңге, —

деп жуўап айтады.

Қ ы з:

Ҳәй жигит, жеңге емес өнге,
Бул жерде сизиң дарғаңыз жоқ,
Тоқсанның соңғы айында муз қатады,
Сонда к... қойып өте гой сеңге. —

деп жигиттиң жуўабына ылайықлы жуўап қайтарады. Жигит бул қыздың Өтебийке екенлигин еситип, айтыспай-ақ аўылына кетип қалады. Буннан жуўабый адамлардың топлымға я алысқа шабатуғын атлардай, ямаса гүреске түсетуғын палўанлардай ирети келгенде өзлерин услап тура алмайтуғынлығы, бирден ўақыя ямаса ҳәрекетке байланыслы көзи-басына қарамай, не болса да иркилмей айтып салатуғынлығы айқын көринип турады. Соның менен бирге жоқарыдағы жуўаптан жигиттиң қыз бенен жуўап айтысып, оны сынағысы келген ойын да байқаймыз.

Иретли жеринде жаслар менен жасы үлкен адамлар да жуўап айтыса беретуғын болған. Буған көплеп мысалларды келтириўге болады. Булардың юмор-сатиралық жуўапларында үлкен жастағылар өзлерин көтермелеп мақтап, қызларды кемситип көрсетеди. Қызлар болса бир мәҳәлден өткеннен кейин ямаса үлкенлердиң жаслар менен жарыса бермей қоя ғойса болатуғынлығын ескертеди.

Юмор-сатиралық айтысларда сол жәмийеттеги класслық теңсизликлер реаль сүўретленген. Ол бизге мына мысаллардың өзинен-ақ анық көринеди. Қыз:

Бағымызға,
Жаўын жаўса жуқпайды тайжағымызға,
Өмириңизше қой бағып қуда бала,
Не алдыңыз ҳақыңызға?

Ш о п а н:

Бағымызға,
Жаўын жаўса жуқпайды тайжағымызға,
Өмиримизше қой бағып,
Сендей бир тоқал алдық ҳақымызға т. б.

Бунда Октябрь революциясынан бурынғы аш-жалаңаш жарлы халықлардың байлардың малы менен қойларын бағып, аўыр азапта күн кеширетуғынлығы, олар өмиринше байлардың қойларын бақса да, мийнет ҳақысын ала алмайтуғынлығы, жарлылықтан өз сүйгенине қосыла алмай, әрманда жүретуғынлығы сыяқлы шопанлардың аянышлы турмысы көз алдында елеслейди. Соның менен бирге езиўши үстем класс ийелериниң әдилсизлиги, ҳаял-қызларға болған феодаллық көз қарасы көринип турады.

Динге байланыслы айтылған жумбақ жуўапларды тез иркилмей шешиў ушын ескише саўатлы болыўдың да үлкен пайдасы бар. Егер ескише саўатың болмаса динге байланыслы берилген жумбақ жуўаптың мәнисине түсинбегенликтен шеше алмай ап-аңсат жеңилип қалыўың мүмкин. Өйткени, бул жерде сениң қанша ақыллы, жүйрик, дилўар болғанының пайдасы болмай қалады. Сәл жерде абырайды қолдан берип қоясаң. Буған бир мысал, Қытай урыўында Мақсым қыз деген атақлы жуўабый қыз болып өткен. Ол айтысыў ушын излеп барған жигитлерге: «Қәне жигитлер, жол тартып шыға қойыпсыз, бизге «бамбуннен» хабар берин?» — деп сорайды екен. Сонда қалай болмасын, жеңип қайтамыз деген мақсет пенен келген атақлы жуўабый жигитлер қыздың жумбақ жуўабының мәни-

сине түсинбегенликтен не деп жуўап қайтарарын билмей, жеңилип қайта береди екен. Бул хабарды екинши бир аўылдың жуўабый жигити еситип, ол қыз бенен айтысыў ушын бир күни оның үйине барады. Қыз әдеттегидей жигиттен «бамбунен» хабар бериўин сорайды. Сонда жигит қызға:

Бийеқасым бам,
Бийеқасим бам,
Бийе кәпир бам,
Бам бийбам, —

деген юморлық жуўап пенен жуўап қайтарады да тағы былай дейди: «Мен Мақсым қыз, Мақсым қыз дегенге Шаркитапты, Наўайыны шыққан шығар десем, еле әптүйектен-ақ шыға алмай жүриппедиң?» — деп қызды жуўаптан жеңип таслайды. Бунда жигит белгили дәрежеде ескише саўаты болғанлықтан ҳәм қалай болмасын жеңиўде тәсил менен ҳийлеликти шебер пайдалана билгенликтен, жеңиўге ерисип отыр.

Улыўма алғанда, юмор-сатиралық жуўаплар жуўап айтысының басқа түрлерине қарағанда саны жағынан оғада көп. Бул биринширден, қарақалпақ халқының өз-ара ойын-күлки, ҳәзил айтысып, кеўиллерин көтериўге, екиншиден, сол ўақыттағы жәмийетлик теңсизликлер, айырым адамлардың жаман минезлери, басқа да ҳәр қыйлы жағдайлар менен ҳәрекетлерге байланыслы пайда болған жаман қылықлар өткир сатиралық тил менен әшкара етилип келингенлигин көрсетеди. Бунда айтысыўшы еки тәрептиң бир-бирин жеңиўдеги қолланатуғын тәсиллери көбирек, айқын сүўретленеди. Юмор-сатиралық жуўап адамларды ҳәр тәреплеме жетискен, әдепли етип тәрбиялаўда өзиниң күшли тәсир етиўшилиги менен үлкен жәмийетлик әҳмийетке ийе.

* * *

Сейтимурат деген адамның Гүлсәнем деген қызы болады. Қыздың мурны пушық, көзиниң биреўине ақ түскен, шырайы да сықылсызлаў екен. Бирақ, қыз ақыллы, жуўабый болады. Оны ҳешким жуўаптан жене алмайды.

Бул қыздың даңқын еситкен Мүйтен урыўының Сәмат тийресинен Пиреке деген жуўабый жигит қыз бенен жуўап айтысыў ушын, оның үйине песиннен төменирек түсе қыдырып барады.

Қыз жигитке төсек салып, сәлемлесип болғаннан кейин, оған шай берҥў ушын, отқа қуман қояды. Қуманды оттың тез тийетуғын жерине қоймай, алысқа қояды.

Бундағы қыздың мақсети, бир себеп таўып, жигитти сөйлеттириў арқалы, оның сөзине қарай сөз қуўып, жигит пенен жуўап айтысып отырыў еди.

Жигит сол отырыстан намазлигерге шекем отырады. Соған шекем екеўиниң арасында ҳеш сөз болмайды. Тек, я жигит, я қыз сөйлеп сөз баслар деп, екеўи бир-бирин аңлысып отыра береди.

Жигит қуры ўақытты өткере бермей, намазлигердиң ўақтын себеп етип, сң дәслеп өзи-ақ сөз баслағысы келеди. Ол сөзин былай деп баслайды:

— Қудаша! Қуманыңыз жылыды ма екен, әкелиң, дәрет алып, намаз оқыйын? — деп қызға қолын тутады.

Қыз индемей оттағы қуманды алып киятырғанда, жигит дизекийминиң балағын жоқары түрип, мынаған қуйып жибериң, ылас болып еди, — деп сыйрағын тутады. Жигиттиң де бундағы мәқсети, қызды сөйлеттирип, оның сөзине қарай, сөз қуўып, оның менен жуўап айтысыў еди.

Сонда қыз жигитке былай деп жуўап айтады

Бәрекелла! Сияғыңыз, —
Сияғыңызға ылайық
Питкен екен сыйрағыңыз!

Жигит қыздың бул жуўабын еситиўден, аяғын жыйнап алып, оған былай деп жуўап қайтарады:

Аўа, қудаша! Сыяғымыз,
Сияғымызға ылайық,
Питкен еди сыйрағымыз.
Мурныңызды қурт алыпты,
Көзиңизди жел қағыпты,
Енди, сизиң аман қалған қаяғыңыз?! —

деп, жигит қызды жуўаптан жеңип қойыпты.

* * *

Бир жигит жол жүрип киятырып шаршайды. Шылым шегип, азы-кем дем алыў ушын, жолындағы бир үйге қайрылады. Усы үйде шөлкебай манатын салып, жер шылым шегеди. Жигиттиң үсти жупынылаў, өзи де келбетсизлеў болса керек.

Усы үйдиң қызы жигитти бир жуўап айтып жеңип жиберейин деген ой менен оған былай деп жуўап айтады:

Жолдан жолаўшы өтеди,
Шылым шегиўди нәше етеди,

Таяғыңның ушын ийт қайзап жүргенде,
Шөлкебай манат салып шекпегенде нетеди?!

Жигит қыздың бул жуўабына не деп жуўап қайтарарын билмей ойланыңқырап турғанда, жигиттиң сол үйдиң керегесине гертпелеп қыстырып, жайып қойған шабаққа көзи түседи, дәрҳал шабақты жуўап етип, қызға былайынша жуўап қайтарады.

Жолдан жолаўшы өтеди,
Шылым шегиўди нәше етеди.
Керегениң басындағы жалғыз шабақты.
Бунша гертпелей бермегенде нетеди?!

Қыз жигиттиң қайтарған жуўабы ушын, оны аўқатландырып, сыйлап жибереди.

* * *

Бурынлары өзбек жигитлери Әмиўдәрьяның өринен кемели келип, дәрьяның аяғындағы қарақалпақ аўылларына бәрҳә саўдагершилик етип, қайтады екен. Олардың қайығы жағада турған ўақытта, қарақалпақ қызлары жағадан суў алыўға келгенде өзбек жигитлерине жуўап айтады. Сонда олар қызларға не деп жуўап қайтарарын билмей, қатты уялып қала берген. Өзбек жигитлери ҳәр келгенинде, усындай қысыныўшылыққа ушырап турған.

Ең соңында, олар күйгенинен өз ара ойласып, бир ой табады. Ол ойы: — «Бизлер не берсекте, бир жуўабый қарақалпақ жигитин таўып алайық, сол жигит, өзбекше кийинип, бизлер менен бирге турсын. Бизлерди жуўаптан жеңип, үйренип қалған қыз, өзиниң әдети бойынша, суў алыўға бир келер. Ол келгенинде тегин кете бермей, бизлерге, бурынғысыныша жуўап айтар. Сол ўақытта, қарақалпақ жигити өзбек жигити болып, жуўап айтып қызларды бизлерге жеңип берсин». — дейди. Бул пикирге ҳәммеси келисим береди.

Солай етип, бир келгенинде жуўабый қарақалпақ жигитин таўып алады. Оған барлық жағдайды айтып түсиндиреди. Қызлардың жуўап айтысынан жеңилип, қатты қысылып жүргенлигин айтады. Бизлерден не алсанда, бизге сол қызды жеңип, бер,» — деп жалынады. Қарақалпақ жигити, оларға келисим береди.

Саўдагершилик ушын келген өзбек жигитлери, баяғы әдети бойынша, кемесин жағаға қойып, саўда ислеп турғанда, жағадан суў алыўға үш қыз келеди.

Қарақалпақтың жуўабый қызлары тегин кете ме, оларға қызық, күлки керек, қарап кетпей жигитлерге мына жуўапты айтады:

Қыз:

Мен дәрья болсам, тасар едим,
Алатаўды айналып, асар едим.
Өзбек жигитлериниң қайығы,
Усы жерге тийип, бата қойса,
Бираз қызыққа батар едим.

Жигит:

Менде дәрья болсам, тасар едим,
Алатаўды айналып, асар едим,
Әттең, аяғым қырға тийе ғойса,
Үш қызды астыма алып, басар едим.

Қыз:

Мен дәрья болсам, тасар едим,
Алатаўды айналып, асар едим,
Сен ширкин, далаға шыға ғойсаң,
Өзинди саз балшықтан жасар едим!

Жигит:

Мен өзим дәрья болсам, тасар едим,
Алатаўды айналып, асар едим,
Әттең мени жасасаң, жасар едиң,
. . . . . келгенде сасар едиң?!

* * *

Бир аўылдағы Рейим ҳәм Нияз деген адамлардың (шымбайлы) қызлары ержетеди. Бул қызларды екинши бир аўылдың жигитлери айттырып, бир күни қыдырып келеди. Аўылда қыз-жигитлердиң үлкен отырыспасы болады. Қызларды аўылдың жуўабый бас жеңгеси Палбий басқарады. Солай да болса, жигитлер тәрепи, жуўабый, күшли екен. Қандай бир себеплер менен болса да, Палбий басқарған аўылдың қызларын, екинши аўылдың жигитлер тәрепи, сөзден баспалатып, пай бериңкиремейди.

Буған аўыл жигитлериниң ары келеди. Аўылында Пердегүл деген жуўабый қыз жеңгеси бар екен. Тез бир жигитти күйе-

ўлеп келген жигитлерге билдирмей, шақыртып алдырады. Ол күйеў жигитлер тәрепи менен жуўап айтысып пайын алады. Сондағы айтысқан еки тәрептиң жуўаплары

Пердегүл:

Қула дүзге суў ашсаң,
Торы ала ғаздың төсине,
Тыңламасқа сөз айтсаң,
Қулағының сыртына!

Жигит:

Қус жибердим ғазға,
Аўып кетти, қуўға,
Сөз билмеске сөз айтып,
Сөзимиз кетти-аў суўға!

Пердегүл:

Қус жибердим, қуўға,
Аўып кетти, ғазға.
Бизиң аўылдың қызлары,
Сөзди зая етпейди.
Сизлердей гил тазға!

Жигитлер тәрепи жуўаптан жеңилсе де, сөзин даўма етип, қоймайды. Ең соңында, Пердегүл жигитлерге мына жуўапты айтып, тағы тәмбисин береди:

Қаўын жаманы әлекке,
Зор береди пәлекке,
Нияз жаманның қызы ержетти деп,
Калдыныз-аў ҳәлекке?!

* * *

Бир жуўабый қыз жазда үйиниң еккен қаўынын қорып отырады. Усы қыз бенен жуўап айтысыў ушын ҳәм себеп пенен қаўын жеп қайтыў ушын, еки жуўабый жигит, бир күни қыздың қаўын қосына қыдырып барады. Жигитлер қыз бенен сәлемлеседи. Жайша қыдырып келгенлигин айтады.

Қыз қаўын атызынан еки қаўынды үзип алып келип, жигитлердиң алдына қояды. Бирақ, қыз еки қаўынды жигитлердиң алдына қойыўдан жең демейди. Ол: «Қәне, жигитлер! Кимде-ким, усы еки қаўынның дәмин билген адам жейди?» — деп шәрт етеди.

Бундағы қыздың мәқсети, жигитлерди сынаў ҳәм олар менен жуўап айтысып отырыў еди.

Қыздың бул шәртине еки жигиттиң биреўи, былай деп жуўап береди:

Аўа, қудаша!
Өзи қайырдың қаўыны болса,
Асты — жер татыйды,
Үсти — күн татыйды.
Мурты — уў татыйды.
. . . . . — пал татыйды.

Жигиттиң бул жуўабынан кейин, қыз оған қайтарып жуўап айталмай, жеңилгенлигин билдиреди.

* * *

Ертеде Найман урыўының жигитлери, бир қыздың үйине қайта-қайта, қыдырып келе береди. Қызды сүйгенликтен, айттырып келип жүргенлигинде билдирмейди.

Қыз жигитлердиң пәмсиз екенлигин аңғарады. Қуры қайта-қайта келе бергенлигинен күйген қыз жигитлерге былай деп жуўап айтып, олардан аман қутылады.

Есиктиң алды Наймандай.
Найманның жигитлери... дай.
Күнде-күнде келе береди,
Тап бизиң үйге бир нәрсе қойғандай!

* * *

Аманияз деген Серемурат бажбанның қызын сол аўылдағы бир жигит аламан деп айттырып жүреди. Бир күнлери қыз айттырып жүрген жигитин жаратпай, басқа бир тәўир көрген жигити менен қашып кетип қалады.

Қыздан пәнт жеген жигит қызды менде муқатып, оған пәнт берейин деген ойға келеди. Усы мәқсетте қыздың түскен жерине барып, оған ҳәртүрли сөзлер айтып, кемситеди. Жөнсиз қыздың ашыўына тийеди.

Ашыўланған қыз, мына бир аўыз жуўап пенен, керисинше, жигиттиң өзине пәнт береди.

Дәрьяның балығы ақ болады,
Көлдиң балығы көк болады.
Сениндей жөнсиз жиллилер,
Жүрип-жүрип, бир күни жоқ болады.

Жигит бул жуўапқа жуўап қайтара алмайды. Мине, усылайынша орынсыз ҳәрекет еткен жигит қайта қыздан өзи пәнт жеп қайтады.

* * *

Ертеректе Кегейли районында Өтебийке деген атақлы жуўабый қыз бар екен. Усы қыздың лақабын Қоңырат районындағы Мырзамырат деген бир жуўабый жигит еситеди. Ол адайы айтысыў ушын, қыздың үйин излеп келеди. Келсе, қыздың үйиниң алдында үлкен жап бар екен. Жигит жаптан өте алмай, ҳайран болып турса, жаптан суў алып кетиўге, бир қыз келеди. Жигит ол қыздың жуўабый Өтебийке екенлигинен қабары болмайды.

Жигит бер жақта турып, аржақтағы қызға: — «Жеңге! Мына жаптан қалай өтемиз?» — деп даўыслап бақырады.

Сонда қыз жигитке:

Абайлап қараңыз,
Жеңге емес, өңге!
Келеси жылы
Минип өтерсең сеңге!» —

деп жуўап айтып, оны жеңип қояды. Жигит соң сорастырып қыздың Өтебийке екенлигин еситеди.

* * *

Келеси жылы Мырзамырат Өтебийкениң үйине тағы қыдырып келеди. Сонда Өтебийке жигиттиң алдына палаў писирип қояды. Қыз палаўды көйлегиндеги илмешеги менен шаншып жеп отыра берипти. Қыздың қалай жеп отырғанлығын көрген жигит бул да, қалтасындағы шаққысын алып, бир гүриштн төрт бөлия, соның бир бөлегин шаншып жеп отыра берипти. Жигит қыздың бул ойлаған тәсилинде, оны утыпты.

Екинши де, қыз жигитке: «Мен сизге бир кесе сөк беремен. Сол сөкти сиз тисиңиз бенен қытырлатпай, жеп таўысып бересең?!» — дейди.

Жигит, яқшы деп келисим береди. Қыз бир кесе сөкти алып келген ўақытта, жигит тез ойланып, қытырлатпай жеўдиң жолын табады. Бунда жигит кеседеги сөктиң үстине ыссы қайнаған шайды қуйып жиберипти, сөкти қытырлатпай, жеп таўысады. Қыздың бул тәсилинде де оны утыпты.

Үшинши де, қыз жигитке былай деп шарт қояды: «Мен сизге қара қазанға қатырып писирген бир нан беремен. Усы нан-

ның қыр дөгерек шетин бузбай жеп, таўысасаң?» — Жигит буған да келисим береди.

Қыз нанды алып келип, жигиттиң алдына қояды.

Сонда жигит қалтасындағы өткир шаққысын шығарып алып, нанның ортасын айналдырып кесип алып жей береди. Көп узамай жигит нанды жеп таўысады. Қыз бул тәсили менен де, жигиттен утылып қалады.

Буннан кейин жигит қыздан «гезекти бизге бериң?» — деп сорап, оның алдына мынандай шарт қояды.

Қызда, гезеклик тәртипти мойынлап, жигитке келисим береди.

Жигит: «— Мен сизге бир кепшик кепеги менен аралас сөкти елеўишине салып беремен. Сиз елеўишиңизди қыймылдатпай, кепек пенен сөкти айырып бересиз?» — дейди.

Қыз жигиттиң бул шартын орынлай алмай. жеңилип қалады. Жигиттиң шартын орынлай алмаған қыз, жигитке турмысқа шығыўға келисим берип, оған өмирликке басын қосыпты.

* * *

Бир жигит дәрьяның аржағынан жол жүрип киятырып, бир аўылдың түсына келеди. Дәрьядан өтип, аўылға бармақшы болады. Бирақ, өз жағында қайық көринбейди. Бир ўақытта дәрьядан суў алыўға, бир қыз келеди. Қыздың бержағындағы қайықлардың биреўин минип алып, жигитти өткермейтуғынлығын билсе де, жигит қасақана «қарап қалғанша айтып қал», — дегендей қызға жуўап айтып, оның менен сөйлескиси келеди.

Жигит дәрьяның бержағында турып, қызға: — «Амансыз ба жеңге?» — дейди.

Қыз:

«Жеңгеңиз емес, өңге» — деп жуўап береди.

Жигит:

«Сол жақтағы кемени әкелип берсеңиз,
Биз, сизге берер едик теңге», — дейди.

Қыз:

«Бул жерде сизиң дарғаңыз жоқ,
. . . . . қойып өте бер сеңге», —

деп жуўаптан жеңип қояды. Қыздың бул жуўабынан кейин, жигит қызға қайтарып жуўап айта алмайды.

* * *

Қуйын урыўында аты Арыўхан деген бир жуўабый қыз болған екен. Әдеттегише, қыздың жуўабый деген лақабын еситкен жигитлер, қыз бенен жуўап айтысыў ушын, оның үйине адайы излеп келеди.

Жигитлер шай ишип отырғанда, гейде абырайсызлық деген сәл жерде, мақтаўлы қыз, олардың көзинше даўысын шығарып, жел шығарып қойыпты.

Сонда шаққан жуўабый қыз, еки бастан болар ис болып қалды. Оннан да неде болса, мына жуўапты айтайын деген ой менен былай дейди:

Есиктиң алдынан түлки өтпегей,
Арқа беттен самал келип,
Түнликтиң төрт баўы,
Бүлк етпегей,
Абайлы болып отырайын,
Тағы биреўи келип қалып,
Мына жигитлерге күлки етпегей?!

Қыздың бул жуўабын еситкен жигитлер де, аўа қарындасым, дурыс айтасыз!

Есиктиң алдынан түлки өтпегей,
Арқа беттен самал келип,
Түнликтиң төрт баўы,
Бүлк етпегей,
Абайласаң, абайла қарындасым,
Тағы биреўи келип қалып,
Биреўимиздиң мурнымызды,
Жулып кетпегей? —

деп жуўап қайтарады. Қыз жуўаптан жеңиледи. Жигитлерди жуўыптан жеңгени ушын, сыйлап, сарпайлап, үйлерине қайтарады.

* * *

Ертеде жол жүрип киятырған бир жигит аўқатланып, азыкем дем алыў ушын, жолындағы бир үйге қайрылады. Үйде бир қыз отыр екен. Ол тайын наны болмағанлықтан, жигиттиң алдына бир табақ қатықты қояды. Қыздың қатықты нансыз қойыўына байланыслы екеўиниң арасындағы айтылған жуўаплар:

Жигит:

Қәде қәўметти билмеген,
Қайерде өскен жансыз?
Қайсы журттың дәстүри,
Қойдың қатықты нансыз?!

Қыз:

Бу мәҳәл, назым мәҳәллер,
Қойдық қатықты нансыз,
Асқа шикас келтирген,
Қайда өскен надансыз?!

* * *

Әжимурат деген басы таз жигит, бир күни ең атақлы жуўабый кемпақалдың үйине барады. Оған «маған жуўап үйрет» — деп жалынады.

Сонда кемпақал Әжимуратқа, мына жуўапты айтқан:

Өзиң пошша торғайсаң,
Жол үстине қонасаң,
Әлҳәмдини билмейсең,
Қулпыўаллаға қол саласаң!
Өзиң бир аббазшайылық тазсаң,
Сен жуўапты не қыласаң?!

* * *

Ертеректе бир жуўабый жигит, қыз-келиншеклер менен жуўап айтысыў ушын, бәрҳә ел аралап, қыдырып, жүреди екен. Бир күни аўыл аралап киятырып, бир жуўабый қыздың үйине барады:

Күннің қатты ыссылығынан шөллеген жигит: «Қудаша! маған бир кесе айран бериң шөллеп киятырман», — деп қыздан сорайды.

Қыз дастүрханы менен бир табақ айранды алып келип, жигиттиң алдына қояды.

Жигиттиң айран сораған менен қатық береди ғой деген ойы болса керек. Жигит айранды көриўден былай деп жуўап айтады:

Ассалаўма әлейкум! Айран!
Келип қалдың қайдан?
Атлаў менен алысып,
Пискек пенен жарысып,

Айрылып қалыпсаң майдан!
Тек, ақлығың болмаса,
Артық емессең-аў
Бир шайнек шайдан!

Қызлар жигиттиң бул жуўабына жуўап қайтара алмайды. Өзиниң сораўы бойынша айран берип едик. Қатық-ақ бериўимиз керек екен, — деп ишинен пәнт жейди.

* * *

Бурынырақта Бесжаптың аяғында Имаматдийин деген жуўабый жигит болыпты. Ол жигит ағасы болып басшылық еткен жигитлер, отырыспада қызлардан жеңилмейди екен. Егер аўылының жигитлери Имаматдийинди отырыспаға жигит ағасы етип, ертип апармаса, бәрҳа қызлардан жуўап айтысыўда жеңилип қайта берген.

Имаматдийиннің аўылының бир жигити отырыспада бир қыздан жеңилип қалыпты. Ол қыздан жеңилип қалғанлығын Имаматдийинге келип айтқан. Сонда ол қыздың үйине барып, жуўап айтысып, жеңип қайтайық? — дейди.

Екеўи қыздың үйине барыў ушын, жолға шығады. Жолында қабақ арқалап, суўға баратырған бир қызды көреди. Қыз бенен азы-кем жолдас болады. Усы ўақытта қызды сөйлеттирип, сынаў мәқсетинде, Имаматдийин қасындағы инисине: — «Сеннен мына қыздың бөксесине минип баратырған суў қабақ артық», — дейди.

Имаматдийиннің бул сөзин еситкен қыз:

Сол жигитиңиз,
Суў қабақ болса,
Қолыма алсам,
Мойнына арқан салсам,
Аўылдан-аўылға,
Сүйретип барсам?! —

деп жуўап айтыпты. Имаматдийинде қайтарып жуўап айтқан. Бирақ, қызды жеңе алмаған.

Буннан кейин Имаматдийин иним: «Усы қыздың үйине барып қонайық. Қонып отырып, оның менен жуўап айтысайық ҳәм саған усы қызды айттырып алып берейин,» — дейди.

Қыздың үйине барып қонады. Оның менен жуўап айтысады. Бунда да, қызды жуўаптан жеңе алмайды. Қыз жуўабый қыз екен.

Қыз қонып айттырып отырған жигитлердиң ат жабыўын көрип, оларға былай деп жуўап айтады:

Оннан ба, қудам, буннан ба,
Жабыўың сениң тоннан ба?
Жабыўың жүдә қатқан екен,
Көйлек-кеншегиңизде соннан ба?!

* * *

Ертеде еки жигит тоғайдан арбалы отын алып киятырып, шаршағанлықтан, қатты шөллейди. Жолындағы бир үйге қайрылып, шай ишкиси келеди. Усы мәқсетте, бир үйге қайрылып, қатты шөллеп киятырғанын айтып, шай демлеп бериўин өтинеди.

Сол үйдиң өзи шаққан, жулынғыр, жуўабый, ақыллы болып көзге түсип киятырған бир қызы бар екен. Жигитлер де себеп шығар. Тап усы үйге дус болып қалады.

Қыз жигитлерге шай демлеп берип болғаннан кейин, бул жигитлерди, бир қызық қылайын деген ой менен қара үйдиң әтештанындағы жанып турған оттың қозына сазан балықтың бир торсылдағын салып жибереди. Отты көсеў менен көсеп отырғандай болып, билдирмей торсылдақты қатты қыздырады. Торсылдақ оттың ысыўы менен шардай болып исип, бирден мылтықтың атылғанындай болып «панқ» ете қалады.

Абайсыз шай ишип отырған жигитлердиң биреўи қорққанынан шалқасына түседи. Биреўи, селк ете қалады.

Жигитлердиң қорққанына байланыслы қыз, оларға былай деп жуўап айтады.

Аттан аттың неси артық,
Өзи тарлан көк болса,
Жигиттен жигиттиң неси артық,
Өзи жүрген шоқ болса,
Торсылдақ пақыр не қылсын,
Жигиттиң жүреги жоқ болса?!

Жигитлер қызға қайтарып жуўап айта алмай жеңилип қалыпты.

* * *

Бир жигит, бир аўылдың қызына үйленеди. Жигит сол аўылға ҳәм күйеў ҳәм жийен екен. Бир күни жигит үйленген қызының аўылына, өзиниң жоралары менен үш атлы болып қыдырып киятырғанында, сол аўылдың төрт-бес қыз-келиншеклери шелекли суў алып киятыр екен.

Күйеў ҳәм жийен жигиттиң аты шөллегенликтен, күшбермей, бир келиншектиң шелегине бара аўызын басып суўын ишип қояды. Ат баққы, тойда байраққа шаўып жүрген ат екен.

Сонда келиншек жигитке былай деп жуўап айтады:

Астыңа мингениң ҳарлан ба,
Бөктергениң мардан ба?!
Жийен боласаң ба, қәйни боласаң ба.
Бунша ма зорлығың не?

Жигит:

Жигит деген аққан дәрья болады.
Қыз деген жатқан бойра балады.
Бизиң менен сорассаң қудаша,
Ҳәм жийен, ҳәм күйеў болады, —

деп, келиншекке жуўап қайтарады. Буннан кейин, келиншек сөзин, даўам етип жигитке ҳешнәрсе айтпайды.

* * *

Кемпир:

Аўылымыз аяқта,
Қант көпириңиз қаяқта?

Жигит:

Аўылымыз өрде,
Қант көпир саған гөрде.

* * *

Ертеде бир қыз, үйине қыдырып келген адамларға қантты көп етип қойып шай береди екен. Қыздың усындай әдетин билетуғын бир жигит, қыздың үйине барғанында шай демлеп береди де, қант қоймайды.

Қыз бунда жигит пенен жуўап айтысыў мәқсетин ойласа керек: Усы ҳәрекетке байланыслы екеўиниң арасында мынандай жуўап айтылады:

Жигит:

Аўылымыз аяқта
Сонша жерден келип едик,
Лақабыңызды еситип,
Қант көпириңиз қаяқта?

Қыз:

Аўылымыз өрде
Сонша жерден сүмирейип,
Лақабымызды еситип келсеңиз,
Қант көпир саған гөрде.

* * *

Ертеде төрт-бес қыз бир үйде шапан тигип отыр екен. Булардың үстине, жуўап айтысыў ушын, бир басы таз жигит қыдырып барады. Ол қарап отырмай, жоқ жерден гәп таўып, қызлар менен жуўап айтысқысы келеди.

Усы мәқсетте, ҳәкери таз: «Қудашалар! Ийнеңизди берип алсаңыз, қолымыздағы тикенди алып жиберсек, қалай болар екен?» — деп сорайды.

Таздың не мәқсет пенен сорап турғанын түсинген бир қыз, оған былай деп жуўап айтады:

Гәп басы ийне болады,
Бермесе кейни гийне болады.
Әўеле сары қотыр болса,
Кейни «кийме» болады!

Таз жигит:

Ат жақсысы боз болады.
Ер жақсысы таз болады.
Таздың ең жаманында,
Сизлердей қызлардың
Көтере алмайтуғын
Мың тиллалық назы болады. —

деп жуўап қайтарып, қызларды жеңеди.

* * *

Қыз:

Гәптиң басы ийне болады,
Ийнениң кейини, гийне болады,
Басыңа сөк қотыр түссе,
Оның кейини «кийме» болады.
Торсылдақ ушеў болады.
Ушып биреў болады.
Оның кейни сораў болады.

Жигит:

Тазда қудайдың бендеси,
Саўда қудайдың бендеси,
Таз бенен саўды айырған,
Ол қудайдың шермендеси!

* * *

Бир отырыспаға ертип алып келген қыз жеңгесиниң еки бийкешине, жигитлердиң көплигинен орын жетиспей қалады. Сонда «жыламаған балаға емшек қайда?» — дегендей-ақ қызлардың жеңгеси сөзин таўын сөйлеп, жигитлерди өз-ара қағысытырыў арқалы еки қызына орын алып береди.

Қыз жеңгесиниң еки қызына орын алыўдағы айтқан жуўабы

Мурынлардан мурын көрдим,
Ҳәмме мурыннан бурын көрдим.
Қырқ тисли зәңги қойып,
Шықсаң ол мурынның үстине,
Көринеди ҳәм Бухара, ҳәм Рум.

Егер ол мурын қағыса ғойса,
Оның қасынан ҳәм еки қызға орын!

* * *

Ертеде бир хийўалы жуўабый қыз болған. Ол жуўап айтысынан барған адамды жеңип қоя береди екен. Бир жуўабый жигит, сол атақлы жуўабый хийўалы қызды жуўаптан жеңипти деген атаққа ерисиў мәқсетинде өзиниче бир хийле ойлап табады. Ол үстиндеги тери тонын аўдарып, терисине кийип алып, хийўалы қыздың үйине кирип барады.

Қызлар келген адамға қараса, әп-әший көринеди. Жуўабый — хийўалы қыз жигиттиң бир мәқсет пенен келгенлигин сезип, оған:

— Келиң, адам жабайысы?! — дейди.

Сонда жигит:

Аўа, қудашалар,
Келди адам жабайысы.
Келмей атырып ийттей қапқан,
Ийт екен буның дайысы?
Төрде отырған төрт қатынның,
Қайсысы екен, хийўалысы?! —

деп жуўап қайтарады. Отырған усы үш қатынның ишинде бир жас нәўше қыз отыр екен. Ол: «Ойбей аға, Менде қатынға есапланып кеттим бе?» — деп, шыр-пыр болыпты.

Сонда жигит: «Қуў ишинде жаста жанады, — деген сизде кеттиңиз», — дейди. Солай етип, жигит хийўалы қызды жуўаптан женипти.

* * *

Ертеде үш жигит басқа бир аўылға қыдырып барып қайтыўы ушын жолға шығады. Еки аўылдың арасы алысырақ, болғанлықтан, үш жигит жол жүрип, шаршайды ҳәм аш болады. Үшеўи аўылға жетиўден берги шетиндеги бир үйге кирип барады. Үйдеги қыз бенен сәлемлесип болғаннан кейин үш жигиттиң биреўи: «Қудаша! Бизлер жол жүрип, шаршап ҳәм аш болып киятырмыз. Мүмкин болса, бизлерге тары гөже писирип бериң?» — дейди.

Қыз тары гөже писиреди. Гөжени бир үлкен самарға қуйып, бир қасық салып, жигитлердиң алдына қояды.

Ең дәслеп жигитлердиң жасы үлкениреги қасықты биринши ирет қолына услап, гөжени уртлап алады. Писиўден суўытпай үлкен самарға қуйылған гөже ҳә дегенде суўый қоя ма? Ыссы гөже жигиттиң аўызын күйдирип жибереди. Жигит аўызының күйгенлигин билдирмей «Пай, заңғардың писирген асын-ай!» — деп екинши жорасына қасық атады.

Екинши жигитте ҳешнәрседен хабары жоқ, аш болғанлықтан, қасықты толтырыңқырап уртлап алады. Буның да аўызы куйип қалады. Бирақ, бул да аўызының күйгенлигин билдирмей «Пай, мына заңғардың аўызының тасын ай!», — деп үшинши жорасына қасық атады.

Үшинши жигит, алдыңғы екеўиниң аўызы күйгенлигин билмегенликтен, бул да қасықты толтырыңқырап уртлайды. Гөжеге аўызы күйеди. Гөжеге аўызының күйгенлигин билдирмеген алдыңғы ишкен екеўине ашыўланып, «пай, мына еки заңғардың маған ислеген қаслығын ай!» — деп қасықты табаққа қояды.

Аўызлары қатты күйгенликтен, тағы ишиўге бетлегиси келмей турған жигитлердиң үшеўи де қызға бежирейип қарайды.

Сонда қыз үш жигитке былай деп жуўап айтады:

Тары гөже писирип бер деген өзлерің,
Неге бежирейип қарайды көзлерің?!

Жигитлердиң үшеўи де қыздың бул жуўабына жуўап қайтара алмайды.

* * *

Жоқарыдағы жуўаптың вариантлары

Қыз:

Арғы жигиттиң бергиси,
Берги жигиттиң арғысы.
Жақсы болатуғын тазының
Мойнында болады қарғысы.

Жигит:

Арғы қыздың бергиси
Берги қыздың арғысы.
Төрде отырған төрт қатының
Қайсысы екен хийўалысы?!

Қыз:

Келиң адам жабайысы?!

Жигит:

Қум аўызыңа қудаша!
Биз адамның сыпайысы,
Сиз адамның түрпайысы,
Келмей атырып ийттей қапты
Ийт пекен оның дайысы.
Төрде отырған, төрт қатынның
Қайсысы екен хийўалысы?!

Қыз:

Хийўалы сәлем бермейди,
Есиктеги дийўанаға.
Келмей атырып гәп айтпақ,
Минәсип емес мийманға.

* * *

Ертеде бир қыз, қара үйде қозақ тоқып отыр екен. Қозақтың сартылды даўсы менен есиги түриўли турған үйге бир жигиттиң кирип келип, үйдиң төрине келип отырғанын сезбей қалады. Қыз найша жибин таўысқаннан кейин, мәкиге найша жибин салайын деп, төрге қараса, төрде бир жигиттиң қыдырып келип, отырғанын көреди. Жигитти көриўден оның менен сәлемлеседи.

Буннан кейин, ҳаў, жигит! Сиз қашаннан бери барсыз? — деп сорайды. Сонда жигит:

Саз бенен сазғапты ялған деменлер,
Гүледен өткерип алғанда барды.
Басқышын басып, атқышын атып,
Қақып енликшени урғанда барды, —

деп жуўап айтқан ўақта, қыз оған қайтарып, ҳешнәрсе айта алмайды. Жуўаптан жеңилген қыз, тез қозақтан шығып, отқа қуман қойып, жигитке хызмет ислей баслайды.

* * *

Уллы Октябрь революциясынан бурын қарақалпақ ҳаял-қызларының басында теңлик болмады. Шәрият заны деп, олардың еркин сөйлесиўине жол бермейди.

Мәселен, бир байдың баласы қалың малын берип, бир қызға үйленеди. Қыз түскен жериниң хызметине айналып жүрип, ертеңине енесинен: «— Ене, мен суўды шеңгил қабақ пенен шелектен алайын ба, я самардан алайын ба?» — деп сорайды.

Енеси келинине: «Ҳей ширкин! Келгениңе бир күн болмай атырып, тилиңиз шығып кетипти. Көргенсиз неге сөйлейсен?» — деп бақырады. Келини енесиниң бақырғанына жүдә қапаланады. Ол мен сөйлесем, буларға жақпайды екенмен деп түсинеди. Сол күннен баслап, сөйлемейди. Ҳәттеки, күйеўи менен де сестин шығарып сөйлеспейди. Арадан жети жыл өтеди.

Бир күни жигиттиң анасы — баласына: «— Ҳей, берекет таппағыр, бизге қайдағы бир сөйлемейтуғын гүнди әкелип, шаттың ғой», — деп бақырады.

Жигит анасының бул сөзине ашыўланады. Қой, мен анама сөйлейтуғын бир қыз алып бермесем болмас», — деген ойға келеди. Бир күни жигит малға жығып, бир қызды ҳаялының үстине алып келеди.

Сонда жигиттиң бурынғы ҳаялы күйеўине былай деп сөйлеп, жуўап айтыпты:

Келиншектиң келиўин бақ,
Келгеннен соң сөйлеўин бақ,
Түскенимизге жети жыл болды,
Сөйлегенимиз бүгин ақ!

Жигит: «Ҳаў, ҳаялым гүн, сақаў емес, сөйлейди екен ғой», — деп ҳайран қалады.

Ҳаялы усы ўақытқа шекем не себепли сөйлемей, гүн болып жүргенлигиниң себебин ерине айтып түсиндиреди.

Бул аўҳалды еситкен ери, сол ўақыттан баслап, екинши

алып келген қызын ҳәм оның затларын түйеден түсирместен, үйине қайтарып жибереди.

* * *

Қыз бенен жуўап айтысында жеңилген жигит, жеңилип қалғанлығына қатты арланады, ол бир күни өмиринше жуўаптан жеңилип көрмеген атақлы жуўабый ғаррының үйине барады. Ғаррыға барып, Ибайдилла ақсақалдың қызы Ымсыннан жуўап айтысында жеңилип қалғанлығын айтып, оннан:

— Ата, сол қыз бенен айтысып жеңип бер?! — деп жалынып сорайды.

Ғарры жигиттиң ықласын қыймайды. Ең болмағаннан соң, сол қыз бенен айтысыўға кетеди.

Бурын шаўып қалған тарлан қыздың үйине барыўдан қыздан шылым барма шырағым?» — деп сорайды. Бундағы оның мақсети қызды тез сөйлеттириў еди.

Қыз:

Алпыс жасар бабасаң,
Қапқа салып сабасаң!
Бул ҳалларға келгенде,
Шылым сорап, не қыласаң?! —

деп, ғаррыға жуўап айтады. Сонда ғарры:

Өзиң жап-жас нашарсаң,
Көп ҳәддиңнен асарсаң,
Жасың алпысқа келгенде,
Ақыл ҳуўышыңнан сасарсаң!

Усы айтыстың вариантлары:

Қыз:

Өзиң болсаң бабасаң,
Постынға салып сабасаң,
Бул жасларға келгенде,
Шылым шегип не қыласаң?!

Ғарры:

Өзиң жап-жас нашарсаң,
Көп ҳәддиңнен асарсаң.
Жасың алпысқа келгенде,
Етегиңди ашарсаң!

* * *

Жасы әдеўирлерге барған шәўжейли урыўының бир жигити бир жас қызды айттырып, оның үйине барады. Сонда қыз жигитти үлкенсинип, оған астарлы мәнисте былай деп жуўап айтқан:

Гөне болса да, сәўкелемизди кийейик.
Ғарры да болса шәўжейлиге тийейик!

* * *

Бурын Қыпшақ урыўында Пәлеке деген адамның бир жуўабый қызы болады. Сол заманда Жақсыбай деген адамның аўылында да, бир жуўабый жигит бар еди. Бир күни жигит қасына төрт-бес жигитти ертип алып, жуўабый қыздың үйине барады.

Жигитлер: қыздың үйине «әссалаўма әлейкум!» — деп кире берген ўақытта, қыз! — «Келиң, Жақсыбай аўылының шопанлары?!», — депти.

Сонда жуўабый жигит қызға мына жуўапларды айтып, оны жеңип, қойыпты.

Ҳаўлық па қудаша, ҳаўлық па?
Үйиңниң алды баўлық па?
Ақылыңнан сасып турсаң,
Үй ишлериң саўлық па?
Бузылды жаптың көпири,
Келди гәптиң нәўпири.
Аман-есен отырсыз ба,
Пәлекениң кемпири?!

* * *

Ертеде елиў хожалықтың басшысы Өтемурат елиўлик деген адам болады. Усы адамды бир күни Ибайдилла ақсақалдың қызы Ымсын жай көмекке шақырып келеди. Өтемурат елиўлик қызға баратуғын болып келисим береди. Ертеңине Өтемурат елиўлик бир жумысларға байланыслы көмекке бара алмай қалып қояды.

Жай көмектиң ертеңине Ымсын Өтемурат елиўликтиң үйине барып, оған мына жуўапты айтады:

Күн булт болды.
Айтқан гәплер умыт болды.
Жер соға болды.
Еккен салы қоға болды...

Жуўаптан жеңилген ҳәм астарлы сөздиң мәнисине түсинген Өтемурат елиўлик, оның ертеңине жети-сегиз адамды ертип алып барып, қыздың жайына көмек берип қайтады.

* * *

Ертеде бир қыз үйине қыдырып барған жигитлерге «не керек?» деп айтса, жигитлер бирден не дерин билмей, албырап қысылып қалады екен. Ҳәттеки, қысылғанынан қайтарып жуўапта айталмай, бир неше жигитлер қыздан пәнт жеп үйлерине қайтқан.

Бул хабарды еситкен бир жигит, бир күни сол қыз бенен жуўап айтысыў ушын, оның үйине үш-төрт жигит болып қыдырып барады. Сонда қыз өзиниң бурынғы әдети бойынша жигитлерге «не керек?» — деген сораўды береди. Қыздың бул сораўына жигитлердиң ишинен биреўи былай деп жуўап қайтарады:

Сәрҳаўыздың бойында,
Таза ашылған гүл керек?
Сәрби ағаштың шақасында,
Сейил етпеге бүлбил керек!
Бизиң дейин хош жигитке,
Сизиң дейин яр керек?!

Қыз жигитлердиң бул жуўабына жуўап қайтара алмайды. Жуўаптан жеңилгенлигин мойынлаған қыз, жигитлерди үйинде қондырып, ертеңине оларды сарпайлап қайтырыпты.

* * *

Нурназар деген бир есер соқ киси, ҳаялын орынсыз көп урып сабайды екен. Бир күни Нурназар ҳаялына: «Шабазым?! Сениң менен көп ўақ қослас болдым. Егер мен өле ғойсам сен мени қалай жоқлар едиң! Мен сени бир сынап көрейин? — дейди де, үстине ақ таўарды жамылып, үйдиң оң жапсарында өлген адамдай болып жатады.

Сонда ҳаялы үстине қара жамылып, ерине былай деп жоқлаў жуўап айтады:

Елден шыққан саяқтан,
Қутылдым ба деп едим, таяқтан
Жаңа қутылдым деген де,
Қыймылдап атыр бул ширкин!
Тап болдым тағы қаяқтан.
Бай-бай! Арысланым-ай!

Ҳаялының бул жоқлаўын еситкен Нурзанар «ҳа-ҳа! яқшы-яқшы» аўзыңның еби бар екен», — деп жатқан орнынан турыпты.

* * *

Бир жигит жол жүрип киятырып, шөллегенликтен, жолындағы бир үйге қайрылады. Үйде бир қыз отыр екен. Жигит онпан бир кесе қымыз сорайды. Қыз жигитке қымыз берейин деп атырғанда сестин шығарып жел шығарып алады. Жигит қызды уялтпаў ушын далаға шықпақшы болады. Сол ўақытта, ол қыз жигитти қымыз ишпей кетип қалатуғын болды деп ойлап, оған мынадай жуўап айтады:

Желге-жел қосылады.
Жийрен ат босанса, үйирине қосылады.
Бир шыңқылды шекеңнен өте қалдыма,
Қымыз ишпестей бола қалды ма?!

* * *

Бир жигиттиң бурын турмысы қурғын болса да, соң көп қыдырымпазлыққа берилип, мийнет ислемегенликтен, турмысы жүдә төменлеп кетипти. Ол турмысын тиклеп алыў ушын, дийканшылық етеди. Еккен егинлери де питик болып, жақсы зүрәәт ала баслайды. Усылай етип, жигиттиң турмысы кем-кем тиклениўге бет алады.

Жигит — жуўабый, мерекениң жигити екен. Ол аўылына жақын сыбайлас отырған екинши бир аўылдағы атағы шығып отырған жуўабый қыз бенен дусласып, жуўап айтыса алмай жүр екен. Сол қыз бенен айтысыўды әрман етип жүрген жигит, бир күни қыздың үйине қыдырып кетеди.

Жигит қыздың үйине барса, қыз жигитти бир жарлы ғой деп, менсинбейди. Оның менен сөйлеспей, үндемей отыра береди.

Бир ўақытта булардың үстине бир байдың баласы қыдырып келеди. Оған қыз орнынан ушып турып, хызмет ислей баслайды. Аўқат таярлап, жигиттиң алдына әкелип қояды.

Сонда байдың баласы қалтасынан шаққысын шығарып алып шаққысының ушы менен бир гүриштиң шаншып, самардың ерегине қояды. Кейин бир гүриштиң шаққысы менен аўзына салып жейди.

Буны көрип отырған жарлы жигит, өзин оннан пәс тасламай, бул да, қалтасындағы шаққысы менен бир гүриштиң шаншып алып, табақтың ернегине шығарып қояды. Кейин гүриш-

ти шаққысы менен төрт бөлип, бир бөлимин ийне менен шаншып алып жейди.

Қыз еки жигиттиң де алдына қойған аўқатты қалайынша жеп отырғанын көреди. Жуўабый қыз жуўапты екеўине тийдирип айтыўдың орнына, байдың баласына тыңлатып, жарлы жигитке былай деп жуўап айтады:

Қарақалпақ деген халық болады,
Қалаға барып шабақ алады,
Қайтып келип, отының басына дем салады,
Үсиләйтип жүрип, паңшылықты не қылады?!

Жигит:

Аўа, қудаша!
Қарақалпақ деген халық болады,
Қалаға барып шабақ алады.
Қайтып келип, отының басына дем салады.
Аспанның асты кең, ҳәрким билгенин қылады.
Сендей урғашы ... отыра бергенде неқылады.

Қыз жигиттиң жуўабына — жуўап қайтара алмай, жеңиледи. Соңында ол жигитти жарлы деп менсинбей, кемситкенлигине қатты пәнт жейди.

* * *

Ертеде Еримбет деген жигит бир қыздың үйине, қатар жигитлери менен қыдырып барады. Еримбет қыздың жеңгеси менен эри сөйлесип, бери сөйлесип, ҳеш келисе алмайды. Ең соңында жигит ашыўланып, кетпекши болады. Сонда қыз жеңгеси жигитлерге былай деп жуўап айтады:

Тары писер малынып,
Ата басы салынып,
Усы бийкешим саў турса,
Өзиң-ақ келерсең жалынып?!

Жигит:

Тары писер малынып,
Ата басы салынып.
Бийкешиң турмақ түўе не қылсада.
. . . . жалынып?!

деп, қатты ашыўлы сезимин билдиреди.

* * *

Ертеде Кемпақал деген жуўабый ҳаял, бир күни күйеўи менен урысып қалады. Күйеўи қатты ашыўланып, үйинен басқа жақларға кетемен деп шығады. Бул аўҳалды еситкен аўылдың жасы үлкен ақсақалы, оған жалынып, тәселле етеди.

Сонда Кемпақал ғаррыға былай депти:

Тарысы тур, атызында малынып,
Баласы жүр, жигит болып қағынып,
Көп болса, төрт-бес күн жүрер,
Өзи-ақ келеди ғой жалынып!

* * *

Қыз:

Жекке егер салыны,
Қыйралап қояр тарыны,
Өзи жуўап билмесе,
Сүйреп келер ғаррыны.

Қыз:

Сизиң ел балық алады,
Балығына қармақ салады,
Услаған балықларын жеп тойып алады,
Анаў есик бетте отырған
Сыпайыгершиликти не қылады.

Жигит:

Бизиң ел балық алады,
Балығына қармақ салады,
Услаған балықларын асып тойып алады,
Биреўдиң мейли алады,
Биреўдың мейли алмайды,
Ҳалыңды билмей бизлерге сөз айтқанша,
Сениңдей қыз тыныш отырғанда не қылады?!

Жигит:

Шағала көлдиң шалшығы,
Шашырайды балшығы,
Адамды ийтке теңгерген,
Қайсы аўылдың қаншығы?

Қыз:

Жақсы жигит сок жеп отырың
Тисиңизди қырт еткизбей?

Жигит:

Сөгиңиздиң кепеги бар,
Екшеп берин мәммеңизди сылт еткизбей!

* * *

Бурын бир аўылда атақлы жуўабый қыз болыпты. Бул қыз бенен айтысыў ушын барған жигитлер жеңилип қайта береди екен. Бир күни бир жарлы жигит сол жуўабый қыз бенен айтысып көриў ушын жораларына: «мени соған алып барың» — деп өтинипти.

Сонда жигиттиң жоралары! «Сен түўе Қылышбайдың аты да жалаңаш тур», — дегендей, сеннен мың есе дилўар, шайыр, шешен жигитлер де ол қыздан жеңилип қалған», — дейди.

Жарлы жигит, «айтыс» деген бул палўанлардың гүресиндей бир «дәс» болады. Сәл жерде жуўабый адамды да, сөзден иркип, таслайсаң. Жеңилгенде мениң нем кетипти. Көптиң бири боламан да. Оннан да шамамды бир сынап көре ғойайын», — деген ойға кетеди.

Усы мәқсетте, жарлы жигит жуўабый қыздың үйине барады. Қыздың қолынан шай ишеди. Жигит шайын ишип болғаннан кейин, қайтайын деп атырғанында қыз: «Не жумыс пенмыс пенен келип едиңиз?» — деп жигиттен жол болсын сорайды.

Жигит:

Шылым-пылым шегейин, — деп келип едим, —

деп жуўап береди.

Қыз жигитти тегин жибермей сөзден жеңип жибериў мақсетинде оннан «шылымыңыз — шылым, пылымыңыз не?» — деп сорайды. Қыздың бул сораўына не деп жуўап берерин билмей, жан-жағына қарап, ойланып турған ўақытта, жигиттиң көзи керегениң басында илдириўли турған «қабақ шылым» менен «ағаш шылымға түседи.

Жигит усы еки шылым арқалы қыздың сораўына былай деп жуўап береди: «Бизиң аўылда ағаш шылымды «шылым» дейди де қабақ шылымды «пылым» дейди. Солай етип, жигит қыздың дузағынан зорға дегенде аман қутылыпты.

* * *

Бурын бир жигит, бир қыздың үйине қыдырып барады. Қыз жигитке шай демлеп берип, хызмет иследи.

Дәстүр бойынша жигит ең бириншi ирет сөз баслап, қызды сөйлетип, сынап отырыўы керек.

Сонлықтан да, жигит қыздан урыў сорасып, сөз баслайды.

Жигит:

Қудаша! Не ел боласыз?

Қыз:

Қыпшақпыз ағa!

Жигит:

Қайсы қыпшақсыз?

Қыз:

Ябымыз.

Буннан кейин қыз жигиттен урыў сорасады.

Қыз:

Сиз, қайсы урыў боласыз, ағa?

Жигит:

Мениң урыўым Ажырық.

Қыз:

Аға ондайда урыў болама екен?

Жигит:

Ябы ажырық жемей, не жейди? Қудаша! —

деп жигит қызды сөзден иркипти.

* * *

Ертеде бир отырыспада, қызлар жигитлерден кетиўге жуўап сорапты. Сонда жигитлер:

Жалғаншы үш күн,
Тан атса, еки күн

Отырың қызлар
Ойнап күлейик?! —

деп тилек билдирипти.

Сонда қызлар:

Жалғаншы үш күн болса,
Таң атса, еки күни қалса,
Арада қонып жететуғын едик.
Бир күнлик өмиримиз қалыпты.
Жүриң онда кетейик қызлар? —

деп қызлар кетип қалыпты.

* * *

Ертеде қарақалпақтың қалмақ урыўынан Меҳтер қыз деген жуўабый қыз болған. Ол қыз далада бузаў бағып жүргенде, жол жүрип киятырған көп жигитлердиң алдына дус келип қалады. Қыз жигитлердиң алдын кесип өтпей, тәртип сақлап турғанда, жигитлер өте бериң? — деп урықсат етеди.

Сонда қыз:

Сыйыр, сыйыр-сыйырды,
Сыйыр мурнын жыйырды,
Өтпейик деп турып ек,
Қуда бала, буйырды, —

деп жуўап айтып жигитлердиң алдынан иркилмей өте берипти.

Буннан кейин жигитлер қыздан: «Қайсы урыўдан боласыз?» — деп сорайды.

Меҳтер қыз:

Урыўымызды сорасаң, қалмақ, — дейди,
Шешемизди сорасаң далбақ дейди,
Үйимизге барайық десек қоймайды,
Әкешешемиз мал бақ дейди, — деп жуўап.

берипти.

* * *

Сыдық шайыр аўылындағы аты шығып отырған жуўабый Перде деген қыз бенен айтысыў ушын, оның үйине барады. Барса қыз үйиниң төринде отыр екен. Сыдық қызға мына жуўапты айтып, жеңип кетеди:

Атақлы қыз Перде,
Отыра бермеңиз төрде,
Биреў бес сыйыр берсе,
Кете бер, шырағым ерде!

* * *

Балтабай деген жигит июль айының иши, бир неше күн жол жүрип, ҳарып-шаршап ҳәм шөллеп киятырғанда, жолдың бойында қабақ көтерип, суў алып киятырған Гүлзийба деген қызға ушырасады. Қыз жолаўшы жигиттиң алдын кесип өтпей ийбе сақлап турады. Сонда шөллеп киятырған Балтабай қыздан суў сораўға мәжбүр болып, былай дейди:

— Гөззалым! Шөлленкиреп киятырған жолаўшы едик, Шаңғылиңиз бенен, бир шаңғал суў берсеңиз, қалай болар екен?!

Қыз оған:

— Ҳаў, жақсы жигит! Сизиң тегиннен тегин суў сорағаныңыз айып емес пе? — деп жуўап қайтарады. Қыздың бул сөзди айтыўдағы мәқсети, — оның менен жуўап айтысыў еди.

Жигит:

— Суўыңыздың турарлық баҳасын айтсаңыз, ҳақысын берип ақ ишер едик тағы.

Қыз:

— Бул суўдың баҳасы тапқанға арзан, таппағанға қымбат, — дегендей, бул суў — бир аўыз оқымыслы жуўап айта билген жигитке бериледи. Егер буны айта билмесеңиз — мынаў өгиз арбаның еки дегершигиниң жүрген жолы. Усы жолдан айрылмай жүре берсеңиз, баратуғын жериңизге иркилмей тезирек жете аласыз, — дейди.

Қыздың усы сораўы бойынша екеўи, былайынша жуўап айтысады:

Жигит:

Мийирман бол суўыңнан,
Палдай көрип ишейин.
Қуўат енсин, шөл қансын,
Жол жүрмеген қусайын?

Қыз:

Аяғында жаман шарық,
Бағқа сейил етипсең.
Қолайға келген аў болса,
Мейил етип шығыпсаң?

Жигит:

Жаман шарқым бағыңа,
Илайық болса, қәйтерсең.
Сырты жаман ишинде,
Гәўҳар түрса қәйтерсең?

Қыз жуўаптан жеңилген түринде қабағын жерге қойып, шәңгил қабаққа қабақтан төрт үртламдай суў қуйып, жигитке усынып отырып, тағы мынадай жуўап айтады:

Суў берейин қолымнан,
Суў деп ишпең, пал деп иш!
Зергер билер, зер парқын,
Азда болса, көп деп иш?!

жигит суўды аз қуйып бергенлигин еске алып, бир үртлап, шәңгил қабақты қыздың өзине қайтарып берип атырғанда, — булда қызға былайынша жуўап қайтарады:

Жигит:

Шарап берип, қандырдың,
Шийрин яқлы шубаттай,
Маза берди аўызыма,
Суўға езген набаттай.

Сөзиңниң бәнтин билейин,
Мен сырымды ашайын,
Бизде мейлиң бар болса,
Дүнья малдан кешейин?! —

деп қыз шәңгилин суў қабағының ишине салып онбес, жигирма адымдай жол жүрип, кейиндеги жигитке қарап:

Есап емес, дүнья мал,
Шийрин жаннан кешпесең.
Жаның куйип жолымда,
Пидә болып өшпесең?! —

дейдиде, артына қарамастан, жолына раўана болып кете береди.

* * *

Бағман бағ көтереди,
Қаўыншы шартақ көтереди.

Шәўжейлиниң жигитлери,
Төрт лампасыйды алып,
Партақ көтереди.

Бийик пен деп, таўда жоқсаң,
Жантақпан деп, баўда жоқсаң,
Адамман деп, гәп айтасаң,
Тири болып, санда жоқсаң!

Сыртым ақ деп, лап урасаң,
Аўызы бүрмели қалтасаң,
Силтегенде кеспейтуғын,
Қайшыдан соққан балтасаң.

Шондық,
Шондықдикине қондық,
Қонақ асымызға бир шөже сойды,
Сорпа-суўлық ишип оңдық!

Қап көтерген «ҳәўип» дейди,
Мал суўғарған шәўип дейди.
Әкең сениң қалай өлди,
Шешең сениң тәўип дейди.

Тил дегениң сүйексиз,
Аўыз дегениң жийексиз.

Сынық сортлаш,
Қыйсық жанбас,
Бир мәҳәлден өтипсең,
Енди болмас?!

Жигит:

Жигиттиң нәшеси болады.
Алдында шәйнек кесеси болады.
Сизлердей ғарры қызлар,
Бизлердей жас жигиттиң шешеси болады.

Қайдан қайнаға жуўап аласаң ғой,
Бизиң менен жуўап айтыспаға баласаң ғой,
Бизиң менен жуўап айтысаман жеп жүргенде
Аяғымыздың астында қаласаң ғой!

Сиз бенен сөйлесиң, не қыламан,
Не болсамда, тең құрбым менен боламан

Жигит:

Астыңызда аяғыңыз,
Отырысыңыз баяғыңыз,
Амансызлар ма құдашалар?!

Қыз:

Астымызда аяғымыз,
Отырысымыз баяғымыз.
Бетаўзынды құрт жеп кеткен.
Сөйлеп отырған қаяғыңыз?!

Ат жиберсем, алдында ақсағы келеди,
Сөз айтсам сөзимнің жапсары келеди,

Сыйқың не, сыяқың не,
Сыйпәрде сенің не теңің?!

Жигит:

Ояғыңыз, буяғыңыз,
Астыңызға сыймайды,
Соза берген аяғыңыз!

Қыз:

Ояғымыз, буяғымыз,
Астымызға сыймайды,
Соза берген аяғымыз.
Мурныңызды ат басыпты,
Жүзиңизди шаң басыпты,

Бизден артық сизиң енди,
Шаң баспаған қаяғыңыз?

Жигит:

Гүл теремен саялап,
Насыбай атым аялап,
Жуўап билмеген жаманға,
Жуўап айттым заялап!

Қыз:

Шай темекили жигитке,
Жигит-желең үймелейди.
Шай-темекисиз жигитке,
Қара шыбын үймелейди.

Жигит:

Ғаўаша гүлдиң паясы,
Қызыл гүлдиң саясы.
Жигит келгенде аяғын жыймаған,
Ол да, нашардың бийҳаясы,

Жуўап деген, шарым-шарым,
Бағша етип, қазса қарым,
Бул жуўапты түсинбегенниң,
Еси пүтин, ақылы жарым.

* * *

Бир жуўап бар, қулаш жарым,
Дийўал етип, қазса қарым,
Ол жуўапты сорағанның
Еси пүтин ақылы жарым!

Гүл жүзиктиң қасына,
Гәўҳарды қойсаң тең болар.
Арғымақ аттың қасына,
Ешек байласаң зәң болар.
Бий пәмлиге сөз айтсаң,
Кейнине жетпей гүм болар.

* * *

Қулҳүў-қулҳуў, қулҳуў деп,
Қоралы қойды құрттың,
Бес намазға, бес дәрет,
Дамбалдың аўын шириттиң.
Енди, еки қулағынды услап,
Жулқынатуғын бәлеге ушырадың,
Малдан, бала-шағадан аўлақ,
Бассыңа болсын ширкин!

Қарағай ағаш, қатты ағаш,
Қабығын алса, тал болады.
Усындай қысыныспалы жерлерде,
Сөз таба алмаған жигитлер,
Тили шықпай лал болады.

Жаз кийгеним жалаң тон,
Қыс кийгеним постын.
Бир майдан тыныш отырайық,
Уаззаҳалама достым?!

Отырсың үйген балшықтай,
Жүргениң буўаз қаншықтай.
Адам ақ өлмейди екен,
Геўдесинен жан шықпай!

Қыз:

Аяғыңызға кийген етигиңиз кишкене екен,
Оны да өзиңизге ылайықлап, пишкен екен.
Көзиңиз соқыр, бетиңиз бужыр,
Қудайым изиңизге қунтыйып түскен екен!

Қыз:

Сары шымшық болайын дейсең,
Ҳәр шақаға қонайын дейсең.
Өзиң сақаллыдан келип,
Жолбарысқа шабайын дейсен

* * *

Жигит:

Сары шымшық болайыы дейсең,
Ҳәр шақаға қонайын дейсең
Өзиң байталдан келип,
Айғырға аўыз салайын дейсен.

* * *

Сары шымшық боламан дейсең,
Ҳәр шақаға қонаман дейсең,
Өзиң нашардан келип,
Еркекке қол саламан дейсең.

Гөне пахта бөз болмайды,
Бөз болса да, сөз болмайды.
Ғарры қатын қыз болмайды,
Қыз болса да наз болмайды.

Қыз:

Ҳа түйелер, түйелер
Дузың қайда түйелер
Соқыр түйеге жүк артсаң,
Көзине шыбын үйелер.

Жигит:

Ҳә, түйелер, түйелер,
Дузың қайда түйелер.
Қарақыз болса табым бар,
Көкирегимди күйелер!

Қыз:

Саўысқанның аласы,
Ағынан көп қарасы,
Адамзатқа сөз келтирген,
Қандай ақмақтың баласы?!

Аўызың урадай,
Мурның турадай,
Көзиң жалтырап тур,
Түнги жанған шырадай!

Бир жуўап бар, төрттен,
Бир жуўап бар, бестен,
Неге жуўап сорап отырмыз
Усы қусаған пестен!

Бир жуўап бар, сегизден,
Бир жуўап бар, тоғыздан,
Неге жуўап сорап отырсыз
Усы қусаған . . . . дан.

Кердериниң қызлары,
Гезеген келеди.
Түнде жүрген жигитлерди,
Көреген келеди.

Шағала көлдиң шалшығы,
Бетлерге урар балшығы.
Иси — дәрти жоқ адамға,
Ийттей қаўып сөйлеген,
Бул қаяқтың қаншығы?

Жигит:

Атта болады, тайыншақ,
Қызда болады, тулымшақ,
Тулымшағы жоқ қызларды,
Қатын дейди бизиң жақ!

Қыз:

Атта болар, тайыншақ,
Қызда болар, тулымшақ.
Жуўап билмейтуғын жигитлерди
Ладан дейди, бизиң жақ.

Жигит:

Ат мингенди айтпа,
Тай мингенди айт.
Шөгирменың артын кийгенде айт
Алдын ким болса сол кийе береди.

Жигит:

Сизде маңлайсыз
Бизде маңлайсыз.
Гә аңлайсыз,
Гә аңламайсыз.
Сизде, оқ тийген жаралы,
Биз ҳәм қатынсыз қаралы!

Қыз женгеси:

Хийўалының бәйгиси,
Ешектиң болар ҳәңгиси.
Қуда бала аўалай берме,
Тайып кетер зөңгиси?!

Келини:

Бизиң қаўын пәлекледи, қайнаға,
Сени қудай ҳәлекледи, қайнаға,
Бизиң салы қылтықлады, қайнаға,
Сени қудай мылтықлады қайнаға.

Тахтакөпир, тақыр-туқыр,
Жаман адамның бели бүкир,
Сөйлемес пекен деп едик,
Сөйлесип алдық, оғанда шүкир,

Тахта көпир, тақыр-туқир,
Кеўлимизге алдық гүпир.
Сөйлемес пекен деп едик.
Сөйлегениңизге мың қәтле шүкир.

Арқамызда Тахтакөпир,
Ат келеди тақыр-туқыр.
Сөйлемеймекен деп едик.
Сөйлегениңе көп шүкир.

Сексеўилдиң жапырағы сары болар,
Қыздиң сөзи жигитке дәри болар,
Сөз таппаған қызлардың баҳасы,
Алпыс ағары тары болар!

Жигит:

Қуўды қуў дейдилар.
Суўды суў дейдилер.
Сорасаң мениң атымды,
Муратбек қайқы дейдилер!

Қаўын жаманы әлекке,
Зор береди пәлекке.
Нияз жаманның қызы қыз болды деп,
Қала қалдыныз аў, ҳәлекке?

Тық-тыққа тумаў тийгендей,
Пышыққа пишен артқандай,
Шымшыққа шилтер таққандай,
Арба жол өңкигендей,
Дегершик пенен мала басқандай,
Қуда бала, аяқ басыўың қалай-қалай?!

Көринипсиз көзге,
Шығыпсыз жүзге,
Қырқ ағары шай,
Онсери темеки,
Инам етсеңиз бизге,
Жуўап үйретемиз сизге.

Көринипсиз көзге,
Шығыппыз жүзге,
Қырқ ағары шай,
Онсери темеки,
Инам етейик сизге,
Жуўап үйретиңиз бизге.

* * *

Сыдық қайқы Изим маңғыттың жуўабый қызы менен айтысыў ушын, оның үйине барады. Барса қыз алаша тоқып отыр екен.

Сыдық үйге кириўден тикке турып, қызға былай деп жуўап айтады:

Алдыңызда алаша,
Қылған исиңиз тамаша,
Сиз бар деген менен биз келдик,
Үстиңизге қудаша.

Сонда қыз:

Алдымызда алаша,
Қылған исимиз тамаша,
Сиз ҳәм турсыз зиңкийип,
Биз ҳәм отырмыз зиңкийип,
Отты не қылады ысырғанда еңкейип? —

деп жанып турған отын өзи ысырып жаға берипти. Өйткени, қыз тоқып отырған алашасына қызығып кетип, отын ўақтында ысырыўды умытқан екен. Сондағы қыздың не қылады, көрип турып, отты ысырып жибергенде деген, ойы болса керек.

Бираздан соң қыз жигит пенен жөн-жосақ сорасыпты. Сонда екеўи өз-ара мынадай деп жуўап айтысқан:

Сыдық

Бизди Гүлал жасаған жоқ, алла жасаған.
Ата-енемизде, әдиўлеп асыраған.
Сөзге жүйрик, тилге шешен болғанлықтан.
Бизди, халқымыз Сыдық қайқы деп атаған.

Қыз:

Кимди Гүлал жасайды?
Ҳәммени алла жасайды.
Кимди әдиўлеп асырамайды?
Көшеге таслайды.
Сыдық қайқы болсаң болыпсаңдағы
Арбаның астында да бар, қайқы!

* * *

Жигит:

Бизди құдай жасайды.
Ата-енем тәрбиялап асырайды.
Бизди өз аўылымызда,
Қулмурат қайқы деп атайды.

Қыз:

Ҳешкимди құдай жасамай, гүлал жасамайды,
Ата-енеси тәрбияламай, нйтке тасламайды.
Арбанын астында да, байлаўлы бир қайқы
ағаш бар,
Оны да адамлар қайқы деп атайды.

Төрде отырған Шәрияр,
Есиктеги Мәдияр.
Қапталдағы қапа сақал,
Бермесең жуўабыды қалтаңа сал!

Ақ түйениң қәтеби,
Артыўлы да тартыўлы,
Жигитлер жуўап бергенде,
Жаңа көрдик, шеше алмайтуғын,
Сизлердей бир мартыўды.

Қылық сизден болса,
Хызмет бизден.
Көрпе сизден болса,
Төсек бизден.

Астында атың жоқ, қамшы аласаң,
Қолыңда қусың жоқ, қыйқуў саласаң.
Берилген жуўапты шешип алалмай,
Тең құрбы-құрдаслар, қайда барасаң?

Қыз:

Бир жуўап бар, үштен,
Бир жуўап бар, төрттен.
Бир жуўап бар, бестен,
Қайсысын аласыз, күйеў бала?!

Жигит:

Бир жуўап болса, үштен,
Бир жуўап болса, төрттен.
Бир жуўап болса, бестен,
Бизлер жуўап алмай ақ кетемиз.
Сизлер қусаған пестен!

Бозға шығар, гөркара,
Жуўап билмейди, бир пара,
Берген жуўабым аз болса,
Буны да қосып арқала?!

Қыз:

Оқ қәдирин ким билер,
Ат қәдирин ким билер?
Аспандағы жулдыздың санын
Айтың қәне, ким билер?!

Жигит:

Оқ қәдирин атқан билер,
Ат қәдирин минген билер.
Аспандағы жулдыздың санын
Өзиндей шалқасына жатқан билер.

* * *

Қыз:

Бул көшелер, тар көшелер,
Сиздей жигитлер, зар көшелер.
Сизден бир саўал сорайын,
Аспанда жулдыз нешшелер?

Жигит:

Оқ қәдирин атқан билер,
Жай кәдирин тутқан билер.
Аспандағы жулдыздың санын,
Өзиндей жанбаслап жатқан билер.

Қыз:

Қыран бүркит ушады, аспан менен,
Әмиўдәрья төгилмейди, тасқан менен

Киси яры яр болмайды.
Қанша баўырына басқан менен

Айт айтлыники, той тонлыники,
Асылған қазан, пискен тамақ,
Биз усаған сорлыники.
Жақсы ат, жақсы қыз,
Өзиндей оңлыники.

Жорға — сайы менен,
Палаў — майы менен
Шылым — найы менен
Қатын — байы менен

Алаша пулға келе ме?
Ақ темеки тегин келеме?
Ғарры өлеме, жигит өлеме?
Өлмеймен деп кеўлине келеме?!

Бир ишсеңде май ишиң,
Жүрек ғанақ гилкилдер.
Бир минсеңде жорға мин,
Бүйрек ғанақ бүлкилдер.

Бир минсеңде жорға мин,
Бүлкилдесин бүйрегиң,
Бир шайнасаңда, май шайна,
Бүлкилдесин жүрегиң!

Атқа минген жигиттиң,
Тайға тақымы толмайды,
Жорға минген жигиттиң,
Қудай есинде болмайды.

Жүзиң тынық болса да,
Кеўлиң ылай екен!

Атай бермен, атымды атлықтырып,
Айран ишер боларма, қатық турып?!

Бир манат — бийе болмас,
Еки манат — түйе болмас,
Деңгенеден бос қалған
Қатынына ийе болмас.

Той баслап отыр дегенге тойлай келдик,
Қолымызға алтын сақа алып, ойнай келдик,
Бизлерде келмес едик, бул тойларға,
Бул дүньяның өтерин ойлай келдик.

Мәдийнадан атқан кесек,
Мәккесине түссе есап,
Киси ярынан яр бола ма,
Бес-алты күн әўесек.

Оқпанлы жерде ,өгиз өкирер,
Гуди қарымда, түйе бақырар.
Жигит дегенниң нәшеси болады.
Алдында шәйнек, кесеси болады.

Өзи тарлан буўрылдың,
Боз болғанын көргенмен,
Қырққа шыққан қатынның,
Қыз болғанын көргенмен!

Жуўап деген толып атыр,
Бир шети аққала да қонып атыр,
Көрмегенге көсе таң,
Көселерге сақал таң!

Арқадан турған даўылмысаң,
Азшы менен бир аўылмысаң?
Айтқан сөзге түсинбейтуғын
Шақмақлаған қаўынбысаң?!

Алдыңғы кеменің азнасы,
Сөз қуданың ғазнасы.
Сөйлей берің заманлас,
Кетти сөздің мазасы!

Асқанымыз қарын,
Жеп кетеңиз барын.
Жақсы ас ишемен десең,
Айналып келерсиз жарын?.

Қуда бала, уйықламай турып отыр,
Белине белбеўинди буўып отыр.
Өзиң бир исик қабақ шикили сары,
Саған кимниң ынтығы қурып отыр!

Артыўлы да, тартыўлы,
Сөз билмеймиз жартыўлы.
Көрмесекте таныймыз,
Сиз қусаған мартыўды!

Жигит деген, жипек болар,
Елей берсең, кепек болар.
Сөзге сөз қайтарып айталмаған,
Есиктеги гүрек болар.

Атаң минбеди, арғымақ,
Шешең минбеди, арғымақ,
Сениң ҳәддиңнен бе, қуда бала,
Үлкен жаптан ғарғымақ?!

Вариантлары

Қыз:

Әкең де жоқ, арғымақ,
Шешеңде жоқ, арғымақ.
Сениң ҳәддиңнен бе,
Бул жерден ғарғымақ.

Әкең де жоқ, арғымақ,
Шешең де жоқ, арғымақ
Саған қайдан тап болды,
Енли жерден ғарғымақ?!

Әткөншекке барғанның,
Бири тебеди, бири теппейди.
Қайтып келген қудашаның,
Аўызына күши жетпейди.

Қыз:

Бағымызға
Жаўын жаўса, жуқпайды тайжағымызға,
Өмириңизше қой бағып, қуда бала,
Не алдыңыз ҳақыңызға?

Жигит:

Бағымызға,
Жаўын жаўса, жуқпайды тайжағымызға,
Өмиримизше қой бағып қудаша,
Сендей бир қыз алдым ҳақымызға?!

Үйдиң көрки ший менен туўрылықты,
Шаңарақты көтерген, уўықлықты.
Арамыздан қыл өтпес, татыў едик,
Әллекимлер салды екен суўықлықты.

Елдиң сәни — жигит-қыз,
Көлдиң сәни — үйрек-ғаз.
Қыздың сәни — биз,
Отырыспаның сәни — сиз!

Қыз:

Әўеле ғаз аттында,
Қуў қалды ма?
Аттың да бала ғазды,
Туў қалды ма?

Өлди мамай қуўрады,
Ақшабақтың гүртигин,
Кетпен менен туўрады.

Сәҳәр жүрип, баў алардан арпаңнан,
Мәс келип жүриппен, сениң арқаңнан.

Шабағымыз
Шабақ жеген тояды тамағымыз.
Бир күн жемей шабақты жата ғойсақ,
Ертең исип шығады қабағымыз!

Сақый болып жүргениң қаўында екен,
Адам болып жүргениң аўылда екен.

Аяғы жаман, төрди былғайды.
Аўызы жаман елди былғайды,

Аяғында етигиң кишкене екен,
Өзиңе ылайықлап пишкен екен.

Гүлди үзсең, тийден үз,
Тийде нәрсе қалмасын?!
Ярды сүйсең, яқшыдан сүй,
Көкиректе әрман қалмасын.

Шекшек келеди, шел билен,
Зулпын тарайды, гүл билен,

Басқа ярға ўәде берип,
Бизди алдайсыз тил билен.

Ақыллы дана адамды тартса келеди қылбилән,
Ақылсыз жаман адамды тартса үзер жәнжел
билән.
. . . . . .
Айтыўышы ақыл болса, тыңлаўшы дана деген,

Айтпаса, ақыл болмайды.
Тыңламаса, дана болмайды.

Жуўап айтсаң, ашып айт,
Ший түбинен қашып айт,
Жуўсан жеген жылқыдай,
Жүрегиңди басып айт.

Бойың мыртық еди,
Ақылың да мыртық болмасын?!

Жигит:

Қәде қәўметти билмеген,
Қай жерде өскен жансыз?

Қыз:

Биймәҳәл ўақытта келипсиз,
Ишиң қатықты жансыз.

Жигит:

Бул үйдиң өзи жақсы үй екен дә
Бирақ, шаңарағы қыйсық екен!

Қыз:

Шаңарағы қыйсық болса да,
Түтини дүзиў шығады.

Жуўап мәжилис қурылғанда,
Шәйнек кесе жыйналғанда,
Заманласлар қатты ойда,
Берген жуўап қыйынырақ па?

Жигит болсаң сап жүрек,
Бизден саған сөз керек.

Берген жуўапты шеше алмасаң,
Отырыспа неге керек?!

Бир қыз бенен бир келиншектиң бәси бар,
Қызды жеңбей, келиншектиң неси бар.

Қарағай найза дәстимизге,
Ҳәўес болдық, сестиңизге,
Жуўап алалмастай жигитлерди,
Ким әкелди үстимизге?!

Ушқан қус неге пырылдайды,
Қанаты неге шырылдайды.
Мынаў отырған заманласлар,
Мәниссиз неге сыбырлайды.

Көлди мерген бүлдирер,
Жигитти намыс өлтирер.
Күлмейтуғын жигитлерди
Бул қызлардан ким күлдирер?

Сақал өзин сақ билер,
Шеңгел өзин бақ билер.
Ақмақ өзин ақыл билер.

Тапқан таўып сөйлейди.
Таппаған қаўып сөйлейди.

Мың қойды бир серке баслайды.
Шопансыз қой өрис таппайды.
Ҳәрким айтсам деп әрман етеди.
Бирақ, мерекеде бирин тапса, бирин таппайды.

Дүңкеўик деген қус болады,
Дүңкеўиктиң ҳаўазы жер жарады.
Пәрин жулып қарасаң,
Гөши ҳештеңе болмайды.

Ҳаплықпаңыз күлликши,
Үстиңде күллик шапаның,
Отырыспада таныймыз
Жигиттиң жақсы жаманын.
Бий улындай бопсы етесең,
Тилим-тилим болып шапаның.

Нәшебент:

Ыссы да мал бағасаң,
Табаныңнан от шығып,
Қарабарақтың саясына,
Жарғақ басынды тығып,
Бир уртлап көр шопаным,
Өмириңниң ишинде,
Бир шәйнек шайды иштиң бе,
Манлайыңнан тер ағып?!

Шопан:

Шай дегениң сән емес,
Шай аўырыўдың еми емес.
Шалап ишкен шопанлар,
Сендей тырыс нәшебенттен кем емес!

Аяғында тыштабаның,
Баққа сейил етесең,
Қисеңде бир пулың жоқ,
Қой гөшинен дәме етесең?

Жигит:

Мергени қурысын,
Мергенге ергени қурысын.
Семизин өзи алып,
Арығын бергени қурысын.
Бул қызларды қыз деп,
Изине ергени қурысын?

Күлсе жуўаптың қонғаны,
Күлмесе қудайдың урғаны.

* * *

Бурынлары бир қыдырымпаз жигит, бир қыздың үйине қыдырып барыпты. Қыз тары гөже писирип, әкесине толы табақ, шешесине толы табақ, өзине толы табақ, ал жигитке орта табақ гөже берипти. Сонда жигит қызға былай деп жуўап айтыпты:

Әкеңе бердиң толы табақ!
Шешеңе бердиң толы табақ.
Өзиң алдың толы табақ!
Маған бергениң орта табақ

Бизиң елге барғанда,
Жамбасыңа тийер таяқ.

Қ ы з:

Әкеме берсем толы табақ,
Дүнья малдың ийеси.
Шешеме берсем талы табақ,
Ғәзийнениң ийеси.
Өзим алсам толы табақ
Аспазшының қәдеси.
Саған берсем орта табақ,
Қыдырмайшының қәдеси! —

деп жуўап бергенде, жуўаптан жеңилген жигит уялғанынан тамағын ишпей кетип қалыпты.

д) Совет дәўириндеги жуўап айтысы

Совет ҳүкиметинин дәслепки жылларында Шымбай районының колхозларына биринши жаңадан трактор келе баслайды. Сонда Қалмурат деген колхозшы жигит, ең биринши болып, трактор айдаўды үйренеди.

Ол бир күни, трактор айдап болып, кеште үйиниң жанына әкелип қояды. Әдеўир ўақыттан кейин, ол үйинен далаға шыққа, қонсысының ержеткен қызы трактордан майды сорамай, қуйып алып кетип бараты екен. Қалмурат қызды уялтпай-ақ қойайын деп, бул сапары ҳешнәрсе демейди.

Бир күни аўылда үлкен отырыспа болады. Усы отырыспада трактордан сорамай май қуйып алған қыз, Қалмуратқа жуўап айтады. Сондағы екеўиниң айтысқан жуўаплары:

Қ ы з:

Есиктиң алды майда тал,
Майда талдан шыбық ал?
Жуўап деген бизде көп,
Заманласлар сайлап ал?

Ж и г и т:

Есиктиң алды майда тал.
Майда талдан шыбық ал
Қолайын тапсаң қарындас,
Бизиң үйдеги трактордан
Бир шийше май урлап ал?

Қыз өз айыбын өзи билетуғын болғанлықтан, қатты уялады. Оның жуўапқа жуўап қайтарғандай шамасы болса да, уялғаннан жигитке жуўап айта алмай жеңилип қалады.

Ж и г и т:

Қызбан ғой деп шалқаярсаң,
Сен де бир күи қартаярсаң.
Мийнет етпей ҳешбир жерде,
Тамақ болса, таптаярсаң.

Ж и г и т:

Ат жақсысы, яўмыты,
Қийим жақсысы, маўыты.
Бес жасаўыл, отызеки нөкер,
Бир милиция айдаўшысы?

Қ ы з:

Ат болса, жигиттиң салтанаты,
Қийим болса, жигиттиң абырайы.
Отызеки нөкер — отызеки тис,
Бес жасаўыл — бес саўсақ.
Ақыл табыўшы, кеўил сөйлеўши,
Тил — айдаўшы
Усы болар жуўабыңның мәниси.

Арбада жүгим артыўлы,
Белинен арқан тартыўлы,
Замана гөй болсам да,
Жуўап билмеймен жартыўлы.

Бу шайың шай болмайды, май салмасаң,
Бу гәпти неге айтып тайсаласаң,
Бу гөшиң тамақ болмас, көрип турман,
Үстине үйип - үйип, май салмасаң?

Колхоз болды Қәлли жағыс,
План орынланбай кетти намыс.
Жүз процент пахта берилди,
Алатуғын еди автобус ҳәм паныс.

Ж и г и т:

Кегейли жаптың көпири,
Келди сөздиң нәўпири,

Ағалап қашқан арақтан,
Қандай елдің кемпири?

Қыз:

Орта бойлы бойыңыз,
Шонтық екен ойыңыз
Алкаголик емеспіз,
Арағыңызды қойыңыз?

Түйеге жүк артыўлы,
Артыўлыға, тартыўлы,
Қоңыратлының қызымыз
Хат билмеймиз жартыўлы.

Пахта тердим етеклеп,
Тақыя тиктим пөпеклеп,
Жуўап билмейтуғын жигитти,
Ким әкелди жетеклеп?

Астынызда алашаңыз,
Ойын күлки тамашаңыз,
Бизден жуўап сорасаңыз
Аўыл бетке барасаңыз

Бир жуўап бар, жер қара,
Бир жуўап бар, гөр қара,
Жуўапларды билмесеңиз,
Гүлли жуўапты арқала?

Жигит:

Сизлер бийик, сизлер пәс,
Айтысайық дәсме-дәс?
Жанағы гәпке түсинбедик,
Қайтарып айт заманлас?

Қыз:

Гаўаша гүлдің паясы,
Екпе гүлдің саясы,
Айтқан гәпке түсинбеген
Бийҳасылдың баласы.

Қыз:

Ақ терек, терек болар ма,
Түбине сая бермесе?

Қызға жигит яр боларма,
Ярын излеп келмесе,?

Жигит:

Ақ терек, терек боларма,
Түбине сая бермесе?
Қызға ата-ана боларма,
Жағдайды жақсы билмесе,?

Қыз:

Ақ терек, терек боларма,
Түбине сая бермесе?
Жигит-жигит боларма,
Қыйынлықты жеңбесе?
Телпегинди маған бер,
Қолыннан ол келмесе,

Жигит:

Соны айтқан тилиннен сенин,
Жаным қурбан болсын менин,

Қәйниси менен келиншектиң айтысы (1931-ж.)

Қәйниси:

Женге, қайда баратырсан,
Токтап тур!
Бир аўыз сөзим бар.
Ағам үйде барма, жоқ па?

Жеңгеси

Ағаң үйде жоқ, қәйним.
Не сөз, айта бер?

Қәйниси:

Ағамның жоғында, келдим жасырынып,
Аман-есен отырсаң ба, женгежан,
Бир сөз айтыў ушын, турман бас урып,
Ендигисин өзиниз бил, женгежан!

Жеңгеси

Сөзиңниң мәнисин аңлып айта бер,
Меннен узағырақ, қашып айта бер,
Түсинбедим қәйним, аңлып айта бер,
Қәйним, қандай қыял менен келерсең?

Қәйниси:

Сениң ҳәсиретиңнен дийўана болдым,
Түсимде мен көрип, бийғәна болдым.
Сол ақшам сениң менен ойнадым, күлдим.
Демек, сөз қысқасы келдим, женгежан!

Жеңгеси

Жигитлик ҳәсери менен келип турыпсаң,
Ағаңның жоғында, мойның бурыпсаң,
Қандай қыял менен айтып, турыпсаң,
Иркпе, қәйним, жумысым бар, кетемен.

Келиншек пенен бийкешиниң айтысы

Келиншек:

Жүремен қуў далада тезек терип,
Сатылып қырқ туўарға азап көрип,
Ала қап жамбасымнан қалар емес,
Бул басым, теңлик жайын табар мекен?

Бийкеши:

Сатылған қырқ туўарға, жан женеше,
Силтейин жарық жолды, бери келши,
Изленип әдил жолды таўып алып,
Жүргенин бийкешиңниң, мине көрши.

Келиншек:

Бийкешжан қайғы азапта мен жүремен,
Қәйткенде жарық жолды мен көремен.
Күни-түни тыным таппай азап көрип,
Зар қағып, мал соңында көп жүремен.

Бийкеши:

Қаладан ел аралап, мен келейин,
Женеше аўҳалыңды еске алайын.

Усыдан тилимди алып жүре ғойсаң
Туўра жол жан әдилге апарайын.

Келиншек:

Сениң менен кетиў ушын белди буўдым,
Жүр бийкеш, басқалардың сөзин қойдым.

Екеўи

Жасасын, жолбасшымыз дана Ленин,
Әперген ҳаял-қыздың уллы еркин.
Қызлар, қалды қалың мал,
Жаслар түсин уғып ал.
Амангелди қос қатын,
Жасты аяған ғарры шал.
Еңбекши мийнеткеш, ҳаяллары
Бул ислерди есиңе ал.

Есиңе алып, қуры қойма,
Октябрьдиң тойына,
Ерлер менен бирге бар.

„Баҳадыр" дәстанынан. Тәжимбеттиң қудасы Толыбайға айтқан жуўабы:

Қыс қанша қатты келген менен,
Изинде жарасықлы жазы бар.
Көлдиң қопасы қанша қалың болса да,
Үйреги, қуўы, ғазы бар.
Қаршыға менен суңқарға,
Ййтелгини теңлеўге,
Қарғылы қайың тазы бар,
Қыз-жигиттиң отырыспасының,
Гедир — будырын тегислеўге,
Саўбети бар, сазы бар.
Сен байлығың менен баланды,
Маған қанша миннет қылсаң да,
«Қызы бардың назы бар» деген

ўақытта Толыбай маған наз қылып айтқан екен ғой деп күлип жибереди.

Азат тойға кетип баратырған төрт қыз, еки келиншекти көрип, қыз-келиншеклерге мына жўуапты айтады:

Сымбат бар да, сәнимиз жоқ,
Сән келтирер малымыз жоқ,
Бизлер бүлбүл гүлге ашық,
Қыздан аяр жанымыз жоқ.

Бизге керек бүлбүлсиз гүл,
Болар едик соған бүлбүл,
Қонып алып сайрар едик,
Байланбаса бул қызыл тил.

Қызлардың бас женгеси Шайдагүл былай деп жуўап қайтарады:

Дәртиң болса көрсетейин бир қызды,
Қызлардан айрықша бир қара көзди,
Қасыңдағы Арысланға минәсип,
Сыртқа жайып жибермениз бул сөзди.

Хош көрсең қос жигит жолдас боламыз,
Жолдас болсаң бирге тойға барамыз,
Қырмызыны сизлер барып көриңиз,
Мал не дәркар, сүйсе жүрек қаныңыз.

Бир жигит аты Халмурат, қыз женгеси Гүлзарға қарап былай деп жуўап береди:

Жуўап:

Жуўаптың жаманы кир болады,
Жақсысы дүр болады,
Тоғыз тақеллеси болады,
Он еки маҳрежи болады,
Бир жағы шашақлы болады,
Бир жағы моншақлы болды,
Тапқан қызлар жуўап алады,
Таппаған қызлар жигитлерге,
Бир өкшеден айналып,
Бир ақшам хызмет қылады, — деген

ўақта қыз женгеси Гүлзар жигитлерге қарап, былай деп жуўап береди:

Сөз билмеген жигитке,
Сөз өлшеўи жөн болады.
Саға бети булақ болады,

Аяқ бети жап болады,
Сөзди сапырып сөйлей берсең,
Отырыспада дәми жоқ болады.
«Бөдене болсын яғ болсын»,
Азғантай сөздиң мазасын,
Қәдирин билген жигитке көп болады,
Бизлер көрген мерекеде,
Жуўап көп шуў болып жүрмейди,
Бир аўыз ғана гәп болады, — деп

Гүлзар үйден шықты да жүре берди.

Адам — адамға дус болар,
Ағаш басына қус конар,
Хат жазысыў, хат алысыў,
Қыз-жигитке миясар.

2-бөлим

ШЕШЕНЛИК АЙТЫСЫ ҲАҚҚЫНДА

Шешенлик айтыс — қарақалпақ халқының ертеден киятырған ҳасыл мийрасы. Бул мийрасты халқымыз гейде «шешенлик айтыс» десе, гейде «шешенлик сөзлер» деп те атайды. Бирақ, буның тийкары — шешенлик айтыс деп түсиниледи. Өйткени, улыўма айтыс жанрының баслы белгиси болған терең ойлы — ақыллылық, тапқырлылық, сынаў сыяқлы т. б. белгилер шешенлик айтысында да (сөзлеринде де) бар. Бул жерде тағы да соны ескерте кетемиз, айтыста жеңиў-жеңилиў болмаса, айтыс болмайды деген бир тәреплеме қысқа түсиниктен аўлақ болыў керек. Айыстың ақыллылықты, тапқырлылықты билдириў сыяқлы т. б. айтыла туғын қәсийетлерин умытпағанымыз жөн болады.

Биз шешенлик айтысларын ҳәзирги қолда бар материалларға сүйене отырып, мазмунына қарай жумбақ айтысы, даў айтысы, сораў-жуўап айтысы, мысал айтысы, ҳәзил айтысы, юморсатиралық айтысы, ақыл-нәсият айтысы, атақ-абырай айтысы, арнаў айтысы, сын-баҳа бериў айтысы деп, он түрге бөлемиз.

а) **Жумбақ айтысы** — шешенлик жумбақ айтысы жуўап айтысындағы ҳәм шайырлар айтысындағы жумбақ айтысларындай ақыллылықты, тапқырлықты, билгир сөзге шеберлиликти билиў ушын, сынаў мақсетинде қолланылады. Мәселен, XVI әсирде жасаған Жийреншени халқымыз ақыллы, тапқыр, сөзге шешен адам сыпатында таныйды. Халықтың тилинде ол «Жийреншe шешен» деген жоқары атақ пенен айтылады. Бул атаққа ол әлбетте өзиниң ақыллылығы, тапқырлығы, сөзге шеберлиги менен ерисе алған.

Жийренше өзи жасап турған дәўирдеги халықты езиўши үстем класс ийелерине де танылған. Ол сөзин таўып айтып, ханлардан сарпайлар алып турған. Бир күни ханның бир ўәзири Жийреншениң хан алдындағы ерискен абырайын қызғанып,

оны күйлейди. Жийреншеден өзин жоқары көрсетпекши болады. Ўәзирдиң бул ҳәрекети бойынша хан оны сынап көриў ушын, мына жумбақты айтады:

«Мен бир күни шикарға шығып, бир кийик атып алдым. Атқан оғым кийиктиң оң қулағы менен артқы оң аяғына тийди. Маған усы оғымның қалайынша кийиктиң оң қулағы менен артқы оң аяғына тийгениниң себебин айтып бер?» — деп сорайды. Ўәзир бул жумбақты шеше алмай, ханның алдында күлки болады. Хан оның жумбақты шеше алмағалығы ушын өлим жазасына буйырғанында Жийренше ханнан өтиниш етип ҳәм жумбақты өзи шешип берип, ўәзирди өлимнен аман алып қалады. Сондағы Жийреншениң жумбақты шешиўи: «Атылған оқтың кийиктиң оң қулағы менен артқы оң аяғына тийиўиниң себеби, сиз кийиктиң артқы оң оягы менен оң қулағын қасып атырғанда атқансыз. Оқтың екеўине тийиў себеби соннан болған», — дейди.

Бул шешенлик сөзден, биринширен, Жийреншениң тапқырлығы билинсе, екиншиден, оның нағыз мәртлик образы көз алдында елеслеп турады. «Жаманлыққа — жаманлық ислеў, ҳәркимниң қолынан келеди. Жаманлыққа жақсылық ислеў, ер адамның қолынан келеди» деген халық нақылы дәрҳал еске түседи. Ўәзир өзине жаманлық ислесе де, бул оған ақыллылық пенен жақсылық ислеп, тағы да үлкен абырайға ериседи.

Толғаў түриндеги мына шешенлик жумбақта тәбият қубылысларынан; булт, жамғыр, суў, самал, от, жол, суў жәнликлеринен; балық, қурбақа, дәнлерден; мәш, қуўырмаш қуўырыў, үй буйымларынан; дигирман, ийне, жүзик халқымыздың миллий ылақ ойыны ҳәм жумбақ етилип, ҳәр тәреп өз-ара ақыл сынасады, ҳәзиллеседи.

Берилиўи:

— Ҳаўада шаршы додаланған,
Бул не болар, Хожамжан?
Жердиң жүзин суў алған,
Бул не болар Хожамжан?
Арқасында аўзы бар,
Бул не болар Хожамжан?
Ортасында дәни бар,
Бул не болар Хожамжан?
Суў ишинде жаны бар,
Бул не болар Хожамжан?

Шешилиўи:

— Ҳаўада шаршы додаланған,
Булт қаплады дегеним.
Жердиң жүзин суў алған,
Жамғыр жаўды дегеним.
Арқасында аўзы бар,
Тас дигирман дегеним.
Ортасында дәни бар,
Мөжеңеси дегеним.
Суў ишинде жаны бар,
Балық ойнар дегеним т. б.

* * *

Ертеде бир үйдиң келини жатқанында түс көреди. Түсин ертеңине енесине айтады. Енеси жорыйды.

Келини:

Енежан түсимде суўға түсиппен,
Алтын ерли боз ат мине түсиппен,
Басыма сары жыға шанша түсиппен,
Етек толы маржан шаша түсиппен.

Енеси:

Балам, суўға түскенлигиң ҳадаллығың болғай,
Алтын ерли боз ат мурадың болғай,
Басындағы сары жыға дәўлетиң болғай,
Етек толы маржан перзентиң болғай?

Бул жумбақ үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе. Өйткени, адам баласы күндизги ойлаған ойы менен қыялларын, тилеги менен әрманларын т. б. түсинде көреди. Усындай түслерди дәстүр бойынша халық жақсылыққа жорыйды. Жорыўшы адам түс көрген адамды моральлық жақтан руўхландырып жибереди. Түс көрген адам жорыўшының жорыған сөзлери бойынша сол айтқанларға ерисе алады екенмен деген кейин пенен өзинше ҳәрекет етеди. Мәселен, жоқарыдағы келининиң түсин енесиниң жорыўы, табыўы бизиң бул айтқан сөзлеримиздиң айқын дәлили болады. Бул жерде енесиниң ақыллы, тапқыр екенлиги көринип тур. Түсти ким болса, сол жорый бермейди. Бунда да жүдә ақыллылық пенен тапқырлық керек болады. Адамлар түсти ким болса, соған айта бермей, түсти жорый алатуғын адамға жорытады...

* * *

Хан иси еригип отырып, Жийреншени шақырып алып, — ғазнада дүнья болса таўсылып баратыр, көбейтиўдиң илажың таппайсаң ба? — депти.

Сонда Жийренше:

— Аўылда үш адам бар, биреўи көсе, екиншиси шашы ақ, үшиншиси шашы қара, сақалы ақ, усыларды шақыр, мен оларға сораў беремен, шешсе мың тиллә беремиз, шеше алмаса мың тилладан береди, солай етип ғазнаны толтырамыз, — депти.

Хан тәрепинен хабар берилгенен кейин үш киси келипти. Жолда көсе киси жолдасларына берилетуғын сораўларға жуўапты қалай қайтарыў кереклигин үйретипти.

Биринши адам ханға:

— Мениң сақалымның қара, шашымның ақ болыў себеби мен туўылған ўақытта басымда шашым бар екен, сақалым жигирма жасқа шыққаннан кейин пайда болады. Шашым сақалымнан 20 жас үлкен. Сол ушын сақалым қара, шашым ақ депти.

Екинши адам:

— Әй, тақсыр, мен жигит болып кемалға келгенде бир ат алдым ҳәм үйлендим. Алған атым жүрмейтуғын болып шықты. Ҳаялым қатты биймаза болды. Сонлықтан дүзде атымды жүргизе алмай, үйде ҳаялым менен оңыса алмай, ийегимди тислей-тислей тисим сақалымның тамырын қыйып кетти. Сол ушын сақалым ақ, шашым қара, — деп жуўап берипти.

Көсеге гезек келген екен, ол — бизге түк шықпағанының себеби мениң ата-анам қартайғанша перзентсиз болып екеўи бирден қудайдан бала тилепти. Әкем ул, анам қыз сораған. Екеўининде көз жасы қабыл болып мен туўылыппан., — деген. Хан сөзден жеңилип бул үшеўине де мың тилладан берипти.

Олар өз жөнине кеткеннен кейин Жийренше бир жақсы ат алып көсениң изинен жетипти. «Ҳәй, көсе, мениң бир сораўым бар, соны шешсең атымды аласаң, шеше алмасаң мың тилланы қайтып бересең», — депти. Көсе қайыл болыпты.

— Жердиң орайы қайсы жерде? — деп сорапты.

Сонда көсе жан-жағына қарап:

— Аспанның бәри жерге тийип тур, екеўимиздиң турған жеримиз жердиң орайы, — дейди. Жийренше жан-жағына қараса аспанның теп-тегис жерге тийип турғаны рас екен. Сөзден утылып Жийренше атты көсеге берипти.

* * *

Жийренше хан менен аңға шығып баратырып қала шетинде жап қазып атырған бир дыйханға ушырасыпты. Иси болмай

өтип кетип, кеште айланса бағанағы дийхан жапты еле қазып атыр екен. Хан ҳайран қалып:

— Япырмай, мына адамның инсапсызынай. Ҳәрбир адамға күнниң шығыўы менен күнниң батыўына ислеп тапқан мийнет хақы жетпей ме екен деп дийханның жанына барыпты. Сөйтип хан: — Сен неге күн батқанда ислей бересең, күни менен ислегениң жетпей ме? — депти.

Дийхан:

— Ҳәй, тақсыр, күни менен ислегеним жетпейди ғой. Күндеги табысымның төрттен бирин қарызыма беремен, төрттен бирин суўға таслайман, қалған бөлегин өзлеримиз жеймиз, — депти.

Хан буған түсинбей ҳайран қалыпты да үндемей жүре беripти.

— Марҳаматлы ханымыз, жанағы дийханның айтқанына түсиниңиз бе? — деп сорайды Жийренше. Хан өзиниң түсинбей қалғанын Жийреншеден жасыра алмай расын айтыпты.

Жийренше дийқанның сөзин ханға былайынша шешип беripти:

— Төрттен бирин қарызыма беремен дегени өзиниң ата-анасына бергени, төрттен бири суўға таслағаны ас дузына бергени. Қалған бөлеген өз балаларына бергени. Ҳәзир бизиң елде дуз қымбат, сол ушын адамлар күтә қыйналып отыр. — деп жуўап беripти.

Хан Жийренщениң тапқырлығына разы болып ғазнадан тағы мың тилланы Жийреншеге бергизипти.

* * *

Қарақалпақлар Жаңадәрьядан Хорезмге көшип келеринде сөйлесип рухсат алыўы ушын, Хийўаның ханы Мәдирейимге бир неше адамларын жибереди. Бул адамлар ханға барып: «Бизлерди өз пухараңыз етип алың», — деп сорайды. Сонда хан: «Мен сизлер менен сөйлеспеймен. Маған сизлердиң басшыңыз керек. Сизлерди көшкенде баслап жүретуғын, ақыл беретуғын басшылық ететуғын адам бар. Маған сол адам келсин, — деп келген адамларды қайтарып жибереди.

Ханға келген адамлар бул аўҳалды елиниң басшысы, ақыл берери Маманбийге айтады. Ол ўақытлары Маманбий қартайған адам еди. Солай да болса Маманбий атланып ханға кетипти. Маманбий ханның алдына барған ўақытта хан оған сизге мениң үш сораўым бар, — депти. Маманбий айт? — депти.

— Сөздиң анасы не? Суўдың анасы не? — Жолдың анасы не?

Маманбий турып: «Сөздиң анасы — қулақ. Суўдың анасы — булақ, жолдың анасы — туяқ» сизиң сораўыңыздың жуўабы усы болады, деп дурыс шешипти. Ханның сораўын шешип болғаннан кейин, ханымыз сизиң ханлығыңызға шегим бар, — депти. Хан: — «Не ушын себебин айтың? — деп сорапты. Сонда Маманбий: «Себеби, көзиңиз бенен көрмей, қулағыңыз бенен еситпей ақ жазықсыз жанларды дарға аса бересиз. Қулақ пенен көздиң арасы төрт ели ақ ғой тақсыр... депти.

Маманбийдиң жүдә ақыллы екенлигине түсинген хан аржағын айттырмай ақ: «мен түсиндим. Сизиң халқыңыз мениң пухарам болады. Сиз сол халықтың басшысы боласыз», деп сарпайлап қайтарады.

* * *

Бурын бир патшаның ержеткен қызы ақыллы адам таўып алып, оған турмысқа шығыў ушын, өзинен-өзи бир тәсилди ойлап таўыпты. Бунда ол атасына ели-халқын жыйнап үлкен той бергизипти. Тойда қыз жыйналған көпшиликке қарап: «Мениң бир жумбағым бар. Кимде-ким мениң усы жумбағымды дурыс шешсе, оның үлкен-кишисине, бай-барлылығына, басқа да қандай да бир минине қарамастан, соған басымды қосыўға келисим беремен, — депти.

Жыйналған көпшилик: «Қәне жумбағыңызды берің?» — дейди. Қыз: — он ийт, жыйырма қасқыр, отыз айыў, қырқ жолбарыс, елиў ноқта, алпыс ақта, жетпис тусаў, сексен — бул дүньяда жоқ, тоқсан торғай, жүз жумыртқа», — деп буның мәнислерин шешип бериўди сорайды Жыйналған көпшиликтиң ишинен ҳешким шеше алмайды

Бул ҳабарды бир қой баққан шопан еситип, жумбақты шешиў ушын, ханның қызына барады. Қыз жумбағын айтады. Бала жумбақты былай деп шешеди: «Он ийт дегениңиз — адам он жасында ийттей қабасаң.

Жигирма қасқыр дегениңиз — адам жыйырма жасында нени болса да қасқырдай қаўып түсесең. Отыз айыў дегениңиз — адам отызында айыўдай болып жүресең. Қырқ жолбарыс дегениңиз — адам қырқ жасында жолбарыстай айбатлы, қайтпас ер жүрек боласаң. Елиў ноқта дегениңиз — адам елиўде поқталанған асаўдай боласаң. Жигитшилик поқталанып, ғаррылыққа көшесең. Алпыс ақта дегениңиз — адам алпыс жасында мысалы ақтадай боласаң. Жетпис тусаў дегениңиз — адам узақ жерлерге жаяў бара алмай, тусаўланған аттай бо-

ласаң. Сексен — бул дүньяда жоқ дегениңиз — адам сексен жасында бул дүньяда болғанда да, болмағанда да бәри бирдей боласаң.
Тоқсан торғай дегениңиз — адам тоқсан жасында торғайдай сайраған, тек тили болмаса, ҳеш қыймылдар ҳалың болмайды. Ал, жүз-жумыртқадай домалап жата береди. Мәйек сәл жерде жерге түсип кетсе жарылатуғынындай адам да, тап сол тақлетте болады,» — дейди. Бала жумбақты дурыс шешкенликтен, қыз өзиниң шәрти бойынша, тазша балаға турмысқа шығыпты.

* * *

Ертеде бир шайыр қыз, урыста өлип кеткен жети ағасы менен алты инисин ҳәм қалған өзиниң хожалық ағзаларын жуметип: «Кимде-ким мениң усы жумбағымды дурыс шешсе, оны үлкен киши, бай-жарлы демей оған турмысқа шығаман», — деп халыққа хабарлайды. Қыздың жумбағын еки жылға шекем ҳешким шеше алмайды. Еки жылдан кейин еситкен бир байдың шопаны Бағлан таз, қыздың жумбағын дурыс шешип, айтылған шәрт бойынша қызға үйленеди. Сондағы қыз бенен жигиттиң жумбақ айтысы:

Қыз:

Желлеп кеткен жети атаң,
Буны табар, бармекен?
Ықлап кеткен алты атаң,
Буны табар, бармекен?
Қайрылып шөккен қара буўра,
Буны табар, бар мекен?
Баўыры сүтли сур инген,
Жез буйдалы нартайлақ,
Буны табар, бармекен?
Егиз қозым сүйексиз,
Буны табар, бармекен?
Палапан ғазым байлаўлы,
Буны табар, бармекен?

Бағлан таз:

Желлеп кеткен жети атаң,
Жети ағаң болмасын,
Ықлап кеткен алты атаң
Алты иниңиз болмасын.
Қайрылып шөккен қара буўра,
Ол атаңыз болмасын,

Баўыры сүтли боз инген,
Ол анаңыз болмасын,
Жез буйдалы қара тайлақ,
Ол сиңлиңиз болмасын.
Егиз қозы сүйексиз,
Еки емшегиң болмасын.
Палапан ғазың байлаўлы,
Еки көзиң болмасын.

* * *

Берилиўи:

Ҳаўада шаршы додаланған,
Бул не болар, Хожамжан?
Жердиң жүзин суў алған,
Бул не болар, Хожамжан?
Арқасында аўзы бар,
Бул не болар, Хожамжан?
Ортасында дәни бар,
Бул не болар, Хожамжан?
Суў ишинде жаны бар,
Бул не болар, Хожамжан?

Шешилиўи:

Ҳаўада шаршы доланған,
Бултқаплады дегеним,
Жердиң жүзин суў алған,
Жамғыр жаўды дегеним,
Арқасында аўзы бар,
Тас дигирман дегеним,
Ортасында дәни бар,
Мөжеңеси дегеним.
Суў ишинде жаны бар,
Балық ойнар дегеним.

Берилиўи:

Узақ жерден шаң шығады,
Ол не болар, Хожамжан?
Тақыр жерде тазы ойнасты,
Бул не болар, Хожамжан?
Алыс сайдан ийт үрер,
Ол не болар Хожамжан?

Шешилиўи:

Узақ жерден шаң шықса,
Ылақ ойын болмасын.
Тақыр жерде тазы ойын,
Қуўырмаш қуўырыў болмасын.
Алыс сайдан ийт үрсе,
Қурбақа сести болмасын.

Берилиўи:

Қамыс басы қалтырақ,
Бул не болар, Хожамжан?
Бақа көзи жалтырақ,
Бул не болар, Хожамжан?
Ишиндеги дәнеси,
Бул не болар Хожамжан?

Шешилиўи:

Қамыс басы қатлырақ,
Самал турар дегеним.
Бақа көзи жалтырақ,
Шырақ жанар дегеним.
Апалақта-жапалақ,
Ас писеди дегеним.
Ишиндеги дәнеси
Мәш писеди дегеним.

Берилиўи:

Узын-узын ҳақыя,
Бул не болар, Хожамжан?
Оннан узын ҳақыя,
Бул не болар, Хожамжан?
Тикен асты жылтырақ,
Бул не болар, Хожамжан?

Шешилиўи:

Узын-узын ҳақыя,
Жол дегеним емеспе?
Оннан узын ҳақыя,
Суў дегеним емеспе?
Тикен асты жалтырақ,
Ийне дегеним емеспе?

Берилиўи:

Жанлыдан жансыз туўады,
Қол аяғы жоқ беккем тутады,
Қалың қабырғасы жез билән қола,
Өзи гүмис қула,

Шешилиўи:

Жансыз жаратыпты,
Жанлы жутпаға,
Шайыр шығарыпты,
Гәптен утпаға,
Бул жигит дегеним,
Алтыннық басы.
Бул жумбақ дегеним,
Жүзиктин қасы.

* * *

Бир күни Хийўа ханы Сырымды шақыртып алып: — «Қазағым, сени билгим келди, қәне сөйлең?» — депти. Сонда Сырым: — Халық ийеси хан болады, Ханнан бурын сөйлемек, бийәдеплик болады, дәслеп сиз сөйлең? — депти. Олай болса Сырым сен сора, мен айтайын — депти хан.

Сырым: — Шын менен өтириктиң арасын билмей жүрмен?

Хан: — Екеўиниң арасы аспан менен жердей.

Сырым: — Сөзиңди өлшеўге келтире алмадым?..

Хан: — Қазағым, өзиң өлшеўге келтирип айта ғой!

Сырым: — Өтирик пенен шынның арасы сынық сүйем болады.

Сырым: — Ханым түсинбесең қулағың менен көзиңиздиң арасын өлшеп көриңиз. Көз бенен көрген ырас. Қулақ пенен еситкенниң ярымы өтирик болады. — депти.

Хан: — Елиниң жерин, салтын айт?

Сырым: — Жерим дала болады. Асыранды малымнан жабайы көп болады. Даламда соларды услап жеймиз.

Хан: — Кийикти қәйтип услайсаң?

Сырым: — Терең етип ор қазаман. Орға барлық кийиклерди үйирин айдайман. Кийиклер орға киреди. Кейин ордың аўызына барып, кийиклерди биримлеп услап ала беремен — депти.

Хан: — Мен кийик болсам, саған биримлеп услатып тураман ба? Тез услаттырмай қашып кетемен, — депти.

Сырым: — Онда мен қап, екенниң аўызын... дызағайлаўын — деп тумағымды шошайтып қаламан да деп жуўап берипти.

б) Сораў-жуўап айтысы — сораў-жуўап айтысында өмир тиришилигине байланыслы сораўлар берилип, буған дурыс жуўаплар талап етиледи.

Ертеде бир хан халқынан ақыллы адамды табыў мақсетинде «дүньяда не қатты?», «не жүйрик?», «не мазалы?» деген үш сораўды халқының ортасына таслайды. Бул сораўға халқынан жуўап бергендей ҳешким табылмапты. Бир күнлери бул сораўға жарлының Бийбиш деген қызы былай деп жуўап береди:

— Ханымыз, сиз «Дүньяда не қатты?» — депсиз.. Менин атам күнде арқалап отын тасыйды. Үйге келген ўақытта ийниндеги бир тырмысын жаздыра алмайды. Сонша мийнет ислеп, зорға өлмес аўқат күн кеширеди. Соған қарағанда, дүньяда жоқшылық қатты ма деймен. Екинши сораўында «Дүньяда не жүйрик?» — депсиз. Атам түнде тамаққа тойып алып: «ертең үш-төрт арқа отын әкелип таслайын», — дейди. Ал сол айтқаны болмай, бир арқа отынын зорға әкеледи. Соған қарағанда, дүньяда тил жүйрик шығар деймен. Үшинши сораўыңызда «Дүньяда не мазалы?» депсиз. Мени түнде атам менен анам ортасына алып жатады. Ал азанда оянып қарасам шетте жатқанымды көремен. Соған қарағанда, дүньяда бир-бирин сүйген ашықлық мазалы ма деймен», — дейди. Хан қыздың дурыс жуўап бергенлиги ушын оны мол сарпайлар менен сарпайлап аўылына қайтарады.

Бул сораў-жуўаптан ҳәрбир адам ҳадал мийнет ислеп, турмыстың көп санлы түрлерин бастан кешире бериўлери керек. Сонда ғана ол турмыстан үйрениў арқалы өзинде мол ақылды топлай алады деген идея аңланады.

Ертеде Хийўа ханының салғыртшыларынан азап-ақыретти көп көрген қарақалпақ ҳәм қазақ халықларының жарлылары, бир күни Күнхожа шайырға келип, ханның салғыртынан қутқарыў жөнинде өтиниш еткен. Халықтың бул өтинишин қанаатландырыў жөнинде гә шайыр, гә сөзге жүйрик шешен Күнхожа ханның алдына барып, былай деп арыз етеди:

— Аллияр, тақсыр ханымыз,
Алдыңа келди қарашаң,
Арызды қабыл алыңыз?
Бизиң елде Нурбай бар,
Нурбайдың жүрген жеринде,
Жылаў менен ўай-ўай бар.
Төлеген деген жорға бар,
Шоңмурын деген молла бар,
Атына жем салыўға,

Алтыннан қылған дорба бар.
Қели түби деп алады,
Қеўсеним деп алады,
Бермесең жәнжел салады,
Малдан зәкат, бастан питир,
Иретин таўып және алады.

Хан Күнхожаның таўып айтқан дәлилли, шешенлик сөзи ушын белгили бир мүддетке халықты салғырттан азат етипти. Шайырдың шешенлик сөзинде Хийўа ханы салғырт жыйнаўшыларының халыққа ислеген аяўсыз қысыўметлери, аянышлы турмыс кеширип атырған жарлы халықлардың сол салғырт жыйнаўшыларға болған ғәзепли кеги шебер сүўретлениўин таққан.

* * *

Ертеде бир адам отырыспада жолдасынан адам баласының турмыс-тиришилигинде «арсыз нешеў, ғайып нешеў, жетим нешеў болады?» — деп сорайды. Жолдасы: «Арсыз үшеў-үйқы арсыз, күлки арсыз, тамақ арсыз. Үш ғайып — дийдар ғайып, несийбе ғайып, әжел ғайып», — депти.

— Сағасы жоқ — көл жетим,
Басшысы жоқ — ел жетим.
Ағасы жоқ — ер жетим,
Тыңлаўшысыз — сөз жетим.
Жоқлаўшысыз — қыз жетим,
Жасы алпыстан өткенде,
Еки арыстың бири өлсе,
Бәринен де сол жетим, —

деп жуўап береди. Бунда еки шешен бир-бириниң ақылын сынасқан. Жийренше шешенниң жасаған заманында Мәден деген патшаның бас ўәзири Қасым бир күни Жийренше шешенге келип, сол өзи жасаған заманның аянышлы аўыр турмыс картинасын реаль баян етеди. Усы айтылғанлардың бир илажын несле деп оның менен ойласады, кеңеседи.

Сонда Жийренше шешен өзинше ақыл таўып оған: «Сен бизиң ханымыз Жәнибекти өзиниң ханың Мәденди және Мәденниң ең жақын көретуғын парашыл бийлериниң биреўин үйиңе қонаққа шақыр. Олар тамақты жеп болғаннан кейин меним мына қолына жазып берген хаттағы сөзлердиң мәнисин меннен сора», — дейди.

Мине, усы айтқан ақылды Қасым ўәзир орынлайды. Бийлердиң парахор екенлигин, олар парасы болмаса, жарлылардың

арзасын тыңламай туғынлығын т. б. айтады.

Буннан кейин Жийренше шешен, Қасым ўәзирдиң сөзине қарай онындай пара алатуғын ағаларыңыз:

Рахметалғыс орнына,
Ғарғысын алар халқының.
Елинен ғарғыс алғанның,
Өзи себепкер болады.
Ойран болыўына өзиниң, —

деп улыўма айтылған сөзлерге жуўмақ ислейди.

Бул еки шешениң өз-ара айтысы сол ўақыттағы халықты ҳәртәреплеме езиўшиликтиң себепкерлери болған ханлар менен парахор бийлерге, байларға қаратылып айтылған. Қасым ўәзир менен Жийренше шешеннің екеўи де қызыл тилдиң (сөздиң) күши менен халықлардың турмыс тиришилигин жақсылаўға, әдилликти болдырыўға ҳәрекет етеди.

Егер булар бирден жоқарыдағы шешенлик сөзлерин тиккелей ханның алдына барып айтқанда, ханларға жек көринишли болып, аяўсыз жаза алар еди. Сонлықтан да булар қалай болмасын кеўлиндеги күйиниш дәртин иркилмей толық көзине айтыўдың жолын ақыллылық пенен ойлап тапқан.

Еки шешенниң езиўши үстем класслар менен езилиўши жарлы классларға болған көзқарасы мына қосық қатарларында былай сүўре тленген:

Елдеги еңирегенлер менен,
Журттағы жылағанларды,
Аштан буратылғанлар менен,
Таяқтан сулатылғанларды,
Қорлықтан қан қақсағанлар менен
Зорлықтан қулағанларды,
Көретуғын көз болмады,
Сөйлейтуғын сөз болмады,
Парашыл бийлердиң тамырына,
Балта салар патша гез болмады, — т. б..

Шынында да, айтыстың дәстүри бойынша қайтпай, қорықпай, тайынбай сөз айтылады. Шешенлик айтыстың усы дәстүринен пайдалана отырып, ирети келгенде ханның ақылсыз, ойсыз, пәмсизлигин есине салады. Сөйлер сөзин билмеген хан өзине сөз келтиреди.

Хийўаның ханы бир күни қарақалпақтың бийлери болған Қабыл беглер бегини, Ораз аталықты, Әдил аталықты ҳәм Ережеп

тентекти алдына шақырып алып, олардан: «қарақалпақта қайсыңыз зорсызлар? — деп сорайды. Сонда Ережеп тентек ҳәммесинен бурын орнынан өрре турып: «Ханымыз мен айтайын», — дейди. Хан: «Қәне, айтың»деп урықсат етеди. Ережеп:

Хан қасында Қабыл зор,
Өгизликке Ораз зор,
Шешенликке Әдил зор,
Майлы шеңгелден өткен соң,
Бәринен де дәкең зор, —

деп ханның сораўына жуўап береди. Ережеп тентектиң булай деп айтыўының себеби Қабыл беглербеги ханның оң қапталында, Ораз аталық шеп қапталында, ал Әдил аталық болса ханның қақ маңлай алдында отырып алып, Ережеп тентектың сөзин өре бастырмайды екен. Ишинен күйинип жүрген Ережеп сөз келгенде сөзден қайтпай, усы сөзди айтқанда, қанша шешен болса да таўып айтылған бир аўыз сөзге қайтарып жуўап айта алмай, барлығы да жеңилип қалады.

Бундағы ханның мақсети, биринширден, олардың ақылылығы менен дилўар, шешен, сөзге жүйрик екенлигин сынап билмекши болса, екиншиден олардың елинде қайсысының абырайының күшли екенлигин аңламақшы болған.

* * *

Әжинияз қырға барып, қазақлардың ишинде жүргенинде, бир бүни Әжинияздың насыбай атқанын қазақлардың бир молласы көрип қойыпты. Сонда оған: «тақсыр, сизди ахун дейтуғын еди, Насыбай ҳарам ғой, не ушын аттыңыз»,? — деп сорапты. Буған Әжинияз насыбайдың ҳарам екенлигин жасырғысы келип, былай деп жуўап беripти.

— «Қулағуўзи бираббинасы», — деген атың бенделерим насты, — деген екен. «Иләҳинасы», — деген ийшанларда атын насты, — деген сөзи екен. «Ўәсиўасыл қаннасилләзий ўасуасини», — дегени қудайтала өзимди айтыўға гуманлыман деген сөз екен, «Писиурыннасы», — деген перилерде атың насты деген сөз екен, «мыналайнаты, оннасы», — деген мыңлаған жинлерде атсын насты деген сөз екен, — дейди де, қәне насыбайды ҳарам деген мәселени сизлер табың? — деп тура қалғанда, насыбайдың ҳарам екенлигине дәлийил таба алмаған қазақ молласы не дерин билме, жеңилип қалыпты.

* * *

Бердақ сөзге шешен, жүйрик, шайыр адам болған. Оның Жәмет, Палымбет деген туўысқанлары болады. Бир күни Жәмет деген ағасы «бий» болыў туўралы Бердаққа келип ойласады. Сонда ағасының сораўына иниси Бердақтың бирден суўырып қайтарған шешенлик сөзи:

Ғарғабай улы Жәметсең,
Боқ көтерген себетсең,
Халықта сонша қурыған екен,
Сенде бийликтен дәметсең?

* * *

Күнлердиң күнинде Мәден деген патшаның Қасым деген бас ўәзири әдайыдан излеп Жийреншеге келип қол алысып, аман-есенлик сорасып болғаннан кейин Жийреншеге:

Қорасы малға толы,
Қалтасы пулға толы,
Байлар озбаға қарады.
Ақырында бул зорлыққа,
Шыдай алмай бизлердиң де,
Етимиз түршигип, арқамыз қозды,
Өлгенлер жампайып гөрде болды,
Өлтиргенлер шалқайып төрде болды,
Жазықсызлар зар жыласып,
Жазықлылар пайызлы жерде болды,
Елдеги енирегенлер менен,
Журттағы жылағанларды,
Аштан буратылғанлар менен,
Таяқтан сулағанларды.
Қорлықтан қан қақсағанлар менен,
Зорлықтан қулағанлары.
Көретуғын көз болмады.
Сөйлейтуғын сөз болмады.
Парашыл бийлердиң тамырына,
Балта салар патша гез болмады.
Усылардың бир илажын,
Тезирек сизди етерме деп,
Сөйтип, бизиң кеўилдеги,
Мәқсетимизге жетерме деп,
Сиз арқалы елдеги,
Енирегенлердиң жумысы питерме –

деп келип турыппан, — дейди.

Жийренше Қасым ўәзирдиң бул сөзин еситип, есинен танып кете жазлап, басын шайқап тура қалды. Неде болса қайғыланып ғайыптаан келген жигит екен сең, деп Қасым ўәзирди изине ертип, үйине алып келип, бир ақшам қонақ етип сыйлады. Азанда Жийренше Қасымға қарап: — бизиң патша Жәнибекти, өзиңниң ханың Мәденди және Мәденниң ең жақын көретуғын парашыл бийлериниң биреўин қонаққа шақыр. Тамақ жеп болғаннан кейин сен меннен мына хатта жазылған сөзди сора», — деп жазылыўлы қағазды қолына берди.

Қасым ўәзир: «Әжеп болады аға, улыңның тойын көргейсең» деп Жәнибекти, Жийреншени, Мәден ханды және Мәденниң ең жақын көретуғын парашыл бийлериниң биреўи Мақсет мақсымды қонаққа шақырды. Қонақ асты жеп болғаннан кейин Қасым ўәзир өзин ортаға салып. «Хан ағалар мен мына шешен ағамнан бир сөз сорап, айтқан әңгимесинен үлги алғым келип тур, сизлер буны қалай көрер екенсизлер? — деди. Сол ўақытта Жәнибек хан менен Мәден хан екеўи бирден; «Бәрекелла иним, өсетуғын жигит гүрриңшил келеди, өспейтуғын жигит ырымшыл келеди» деген, өсерсең-өсерсең балам, бизлерде еситейик, сорасаң сорай ғой» — деди. Әне, сонда Қасым ўәзир баяғы Жийреншениң жазып берген қағазындағы саўалларды бирим-бирим сораўға киристи.

Биздеги гейбир ағайлар,
Толтырсан исиң питер деп,
Шертип, қояды алқымын.
Алқымына бир нәрсе,
Тыға қойсаң түсирер
Саясы менен салқынын.
Асатқандай аўзына,
Базарлығы болмаса,
Арзагөйде ҳал қыйын,
Өтириги қурысын,
Айтып бер аға дурысын,
Еситип, алып шалқыйып,
Қыйсық болып оныки
Дуўры болса меники
От болып бир шарпыйын.

Жийренше:

Арзын айтып барғанда
Толтырсаң питер исиң деп,
Ашып турған алқымын,

Онындай ағаларыңыз
Рахмет — алғыс орнына,
Ғарғысын алар халқының,
Елинен ғарғыс алғанның,
Өзи себепкер болады.
Ойран болыўына артының.
Билесең ғой өзинде,
Менің усы сөзимде
Қәте бар десең айт иним, — депти.

* * *

Жийренше баў егеди екен. Бир күни хан елде қандай сөз бар екен деп дийўана сыпатында, ел аралап киятырып Жийреншеге ушырасыпты. Хан Жийреншеден бир кесе анардың суўын сорапты. Жийренше бир кесе анар суўын әкелип берипти.

Хан ертеңине және келип Жийреншеден:

— Ҳәр танап баўына неше сомнан салық салса болар екен? — деп сорапты. Сонда Жийренше:

— Тақсыр, өзиңиз билесиз, — дей берипти. Хан сарайына қайтып келип Жийреншеге көп етип салық салыпты.

Ертеңине хан және келип Жийреншеден анар суўын сорапты. Жийренше ханның көп салық салғанын билип, баўынан кешигиңкирең шығып, жарты кесе анар суўын әкелип берипти.

Сол ўақытта хан:

— Сен не ушын бүгин кешигип келдиң ҳәм әкелген анар суўын азғой? — деп сорапты. Сонда Жийренше:

— Бурын еки анардан бир кесе суў алатуғын едим, ал бүгин жети-сегиз анар суўына кесе толмай қалды. Буның себеби, ҳәзир ханымыздан адалат кетти, соның ушын анар суўынан да берекет кетти, — деп жуўап берипти.

Хан сарайына келип, Жийреншеден салық алыўды қысқартып, ертеңине және анар суўын сорапты. Жийренше бул күни кесени толтырып әкелип берипти. Сонда хан:

— Не ушын бүгин кесеңиз толып келди? — деп сорапты. Сонда турып Жийренше:

— Кеше ханымыз салықты көп салып, адалатсыз болып еди, ал бүгин салықты қысқартып әдиллик жолына түсти, сол ушын анар суўына берекет кирип кесе толып, келди, — деп жуўап берипти.

Сол ўақытта хан сөзден утылғанын мойынлапты ҳәм екинши рет салық салмаўға ўәде етипти.

Жийренше қартайғанда хан оны ермек етиў ушын астына мың урса бир жортпайтуғын ат берип өзи менен бирге аңға

алып жүреди. Жолда ханның жалпылдақлары Жийреншеден биресе озып, биресе тең жүрип оны күлкиге ала береди.

Азмаздан кейин қатты жаўын жаўады. Хан өзиниң ҳәмелдарлары менен пана жер излеп шаўысып кетеди. Жийренше олар кеткенен кейин барлық кийимлерин шешип, ердиң астына басып жүре береди. Жаўын тынады. Жийреншениң үстиниң сонша нөсерден кейин қуп-қуры шыққанына танланған хан оның себебин сорайды.

Сонда Жийренше: — Әй тақсыр, маған берген атың ат емес, тулпар екен, жаўын жаўа баслағаннан булыттың үстине ушып шығып, жаўын тынғаннан кейин қайтып түсти, — деп жуўап берипти. Хан қатты өкиниптти.

Бир күнлери хан Жийренше менен аңға тағы шығады. Бул сапары хан биринши сапарғы Жийреншениң минген атын минеди.

Жүйрик атларға минген басқа адамлар озып кетип, ханның бир өзи кейнинде қалып, күнниң ыссысында шөлден өле жазлап, өз адамларына қосылып өлимнен аман қалыпты.

Соннан кейин ғана хан Жийреншеден жеңилгенин мойынлапты.

* * *

Жийреше бир күни баяғы көсе менен тағы ушырасыпты. Бул сапары Жийренше:

— Қудай берген деген не? Қудай бермеген деген не? — депти. Сонда көсе:

— Бул сораў күтә қыйын сораў екен, бизге бир ат пенен тон берсең, атты минип, тонды кийип бир айланып келип жуўап берейин, — депти.

Көсе атты минип, тонды кийип, бир айланып келип:

— Қудай берген деген биз атлы, тонлы болдық, қудай бермеген деген, сиз аттан, тоннан айрылдыңыз депти де жөнине кетипти, Жийренше бул сапары да женилгенин мойынлапты.

* * *

Султан Сүйин хан заманында Жийренше өзиниң шеберлиги менен ханнан ҳәр сапар мың тилла алып жүреди екен.

Бир күни қарежетти таўысқан Жийренше ханның алдына келсе, хан өзиниң жақсы көретуғын ҳаялы менен отыр екен.

Жийренше кирип келиўден иши пискен ханша ханға өзиниң таза балық жегиси келетуғынын айтады. Хан Жийреншени балық алып келиўге базарға жумсап жибереди. Жийренше базарға барып үш теңгеге бир таза сазан алып қайтып келеди. Хан Жийреншенин хызметине ырза болып мың тилла береди.

Жийренше кетиў менен ханға ҳаялы:

— Сениң ақылың қайда кетип қалған, үш тиллалық балық ушын мың тилла берип жибердиң. Бул исиң менен сен тез арада ғазнадан айырылып қалыўың мүмкин, — депти.

— Сонда не қыл дейсең? — деп патша ҳаялына қарапты.

— Ҳәзир Жийреншени қайтадан шақырт. Жанағы әкелген балығың урғашы ма ямаса еркек пе деп сора, еркек десе де, урғашы десе де тилланы қайтып ал, — депти.

Соның менен Жийренше қайта шақырылыпты.

— Жаңағы әкелген балығың урғашы ма ямаса еркек пе? — депти хан.

Жийренше:

— Мархаматлы ханым, мениң әкелген балығым урғашы да, еркек те емес, балықтың ақтасы еди, — депти.

Хан недерин билмей сөзден женилип тағы мың тилла берипти.

Жийренше шығыўдан ҳаялы тағы да:

— Әне, сениң аңқаўлығыңның себебинен мың тилладан айырылдың. Жаңа сен Жийреншеге мың тилла бергенде ол жерге түскен бир теңгени еңкейип алды. Еки мың теңге деген жоқтың аўызында, бардың қалтасында, соған қанаат қылмай түскен бир теңгеи еңкейип алды. Усындай сықмар адамға теңге бериўге болама? — депти. Жийреншени тағы да шақыртыпты.

— Мен саған еки мың тилла бердим, бул бардың қалтасында, жоқтың аўызында, солай бола тура мениң алдымда уялмай еңкейип, түскен тилланы алып жалаңқаялық қылғаның не? — депти.

— Ҳәй, тақсыр, дурыс, еки мың тилла аз пул емес, мениң бир тилланы алғаным рас, бирақ бунда мен қанаатсызлық етип алғаным жок. Түскен теңгеге қарасам, сизиң атаңыздың сүўрети ҳәм қолы бар екен, адамлардың аяғының астында қалмасын деп алғаным рас, Инанбасаң мине, көре ғой, — деп теңгени ханның алдына қояды. Хан көрсе расында да сондай екен.

Хан бул жерде де сөзден утылып, Жийреншеге мың тилла берипти.

Буннан кейин ол ҳаялының сөзине ермейтуғын болған екен.

* * *

Бурығы өткен заманда Жийренше шешениң ўақтында патшаның бир ағайини болыпты. Ол Жийреншениң ақыллық, шешенлик пенен патшадан алған дүньяларын қызғанады екен. Ол бир күни патшаға барып Жийреншеге берген ақшаңнан маған да бер депти. Олай болса депти патша, — мен сизге бир сөз айтаман, егерде соны шешсеңиз сизге де мың тилла беремен.

Өтирик пенен ырастың арасы қанша жер? Соны айтып бер, — деп сорапты. Ағайини әри ойланып, бери ойланып үйине қайтыпты. Үйине келипти де бирнеше күнге шекем таба алмай, ақыр соңында Жийреншеге барып сорапты.

Жийренше оған:

— Өтирик пенен ырастың арасы төртели, өйткени аўзың менен өтиригти сөйлейсең, ал сол өтирикти рас сөздей етип қулағың менен еситесең, — дейди. Буннан соң ағайини ертеңине азанда патшаның алдына барады. Барса патшаға азанғы сәлемди бериў ушын Жийренше келип отыр екен.

Патшаға Жийреншениң айтқанларын айтып береди. Буны патша биледи ҳәм билсе де оған мың тилла береди. Патша оған тағы бир сораў берипти.

— Бизлер Жийренше екеўимиз, — депти патша, — өз-ара сөйлесемиз, сен соны айтып бересең.

— Жақсы, болады, — депти ол Сөйтип қарап отырады. Бир ўақытлары патша басына қолын тийгизеди, ал Жийренше болса қолы менен тилин услапты. Сөйтип болып патша:

— Бизлер не сөйлестик? — деп сорапты.

— Ҳаў, сизлер ҳешнәрсе де сөйлескен жоқсызлар ғой. Тек биреўиниз қолыңыз бенен басыңызды, ал биреўиниз тилиңизди усладаңыз, — депти ағайини.

— Сен ҳешнәрсе билмейди екенсең. Бизлер жақсы сөйлестик. Мениң қолым менен басымды усылағаным: «бас не менен тутылады?» — деп сорадым. Ал Жийренше болса тилин корсетти, яғный адам ойланбай сөйлесе тилинен тутылады, деп жуўап қайтарды. Сен буннан былайда бундай ислерди ислеме, — деп ағайинин қуўып жиберипти. Ал Жийренше болса бул күни де патшадан мың тилла алып үйине қайтыпты.

* * *

Өмирбектиң балалық дәўири екен. Ол бир күни өзиниң жуўерисин шымшықтан қорып турса, бир жолаўшы түсынан өтип баратырып: «япырмай, мына жуўериниң басының аппағынай», — деп таңланыпты.

Сонда Өмирбек жолаўшыға қарап: «Буның жеген дәрисин жегенде, сениң де көзиң аппақ болар еди», — деп жуўап беripти. Жолаўшы не дерин билмей сөзден утылып қалыпты.

* * *

Өмирбек кишкентей бала ўақтында үйиниң алдында ойнап жүр екен. Сол ўақыта бир атлы жолаўшы шөллегенликтен суў

ишкиси келип, Өмирбектің үйіне қайрылады. Ол : «Балам, мен суў ишип алғанша мына атты услап тур», — дейди.

Сонда Өмирбек:

— Атыңыз тислемей ме? — деп оңнан сорайды.

Жолаўшы: — Жоқ, тислемейды, — деп жуўап береди.

Өмирбек: — Атыңыз теппей ме?

Жолаўшы: — Теппейди.

Өмирбек: — Атыңыз қашып кетпейме?

Жолаўшы: — Қашапйды.

Өмирбек: — Онда бул атты услап турыўдың не кереги бар? — деп ойынын даўам ете береди.

Жолаўшы Өмирбектің утымлы сөзине таң қалып, не дерин билмей иркилип қалады.

* * *

Өмирбектің қызы да әкесиндей сөзге шешен болыпты. Өмирбек қызынан үш мәртебе сөзден жеңилип қалады. Оның жеңилиўиниң бир мысалы мындай:

Бир күни Өмирбек өзиниң қызына бирқатар жумыслар бойынша қатты ашыўы келип: «Қызым, сен оңбайсаң, сирә оңбайсаң», — деп бақыра берипти. Сонда қызы: «Аға, оңбасақ қызыл шырайлы болып ақ жүремиз дә», — деп жуўап берген. Қызының бул сөзине Өмирбек не дерин билмей, үндемей қалады.

* * *

Өмирбек бир жақтан қыдырып киятырып, алды кеш болғанлықтан, бир үйге қоныпты. Бул үйде де бир ақсақаллы ғарры қонақ бар екен. Сораса келе, Өмирбек ол ғаррының молла екенин анықлап:

— Тақсыр, мениң түсинбей жүрген сораўыма жуўап бересиз бе? — депти.

— Айта бериңиз, жуўап беремен.

— Мен көп жерлерди аралайман. Адамлар: «бир жериң ылас болса жуўыў керек ямаса сүртиў керек, — дейди. Усы дурыс, па. Қалайша ҳалал болады?», — депти.

Сонда молла:

— Адамлар өтирик айтады, ол қәте түсиник. Егер бир жериң ылас болды ма, оны шорта кесип таслаў керек. Кеспесең ҳадал болмайды, тазаланбайды да, — деп жуўап берипти.

— Сиз усы түсинигиңиз бойынша оны ис жүзинде орынлап жүрсиз бе?

— Аўа, кесип таслап жүриппен, — деп шөгирмесин көтерипти.

— Буның қайағын кестиң тақсыр?

— Еки қулағын кесип тасладым, —деп силкип-силкип басына кийипти. Сол күни қонақ үй молла менен Өмирбекке жалғыз таўығын сөйған екен. Молла қаранғы да далаға шыққанда сойған таўықтың далаға таслаған ишегин басып, ишиндеги сүйықлары геўишине жуғыпти.

Оны көрген Өмирбек:

— Тақсыр жаңағы айтыўыңыз бойынша геўишиңизди кесип таслаңыз, — депти.

Геўишине қыйналған молла:

— Мен қәте айтқан екенмен, — еки қулағы болмаған соң шөгирмемди көрсетип едим. Енди, геўишиме ишим уўдай ашып, кесип таслағым келмей тур. Кессе емес, жуўса таза болады деген халықтың айтқаны дурыс екен, — депти де Молла Өмирбектен утылып, сол күни қонбастан кетип қалыпты.

* * *

Өмирбек бир күни жолдың бойында турған екен. Бир топар ханның жаўшылары келе берипти.

Олар Өмирбектің жанына келип, иркиледи де:

— Ябының жолы қайсы?, — деп сорайды.

— Аттан түсип келин, көрсетемен, — депти Өмирбек.

Жаўшылар аттан түсип, Өмирбектің жанына келипти.

Сонда Өмирбек жолдың ортасына келип талтайып турып:

— Мынаў арбаның дегершигиниң жолы, мынаў ябының жолы!, — деп көрсетипти.

— Шабың үйиң күйгирдиң баласын, — депти жаўшылар.

— Шаппасаңызда барасыз, жол жақын, — депти Өмирбек.

— Берип жиберің ақмақтың басына, — дегенде Өмирбек.

— Берсеңиз — беринг, қатарсын аларсыз, — депти.

Сөзден жеңиле берген жаўшылар не дерин билмей шаўып өте кетипти.

* * *

Өмирбекке бир жақсы көретуғын досты келип:

— Өмирбек, мен насыбайды қойдым, — депти.

Сонда Өмирбек, достына қарап:

— Не өзи достым, дастығыңның астына ма? — депти.

Буннан кейин досты сөзден утыла беретуғынлығын билип, оған ҳеш нәрсе деп айтпапты.

* * *

Өмирбек қалаға барып базарлап кешлетип үйине қайтады. Жол узақ болса керек. Үйине жете алмасын билген Өмирбек

жолда бир молланың үйине қоныўға иркилипти. Бул молла Өмирбек туўралы бурыннан көп гәп еситип жүреди екен. Ол Өмирбекке лаққылығынды қой десем қояр деген үмит менен:

— Өмирбек иним, усы ўақытқа шекем лаққы болғаның болмайма, жасың болса биразға барып қалды. Енди ҳәкисликти қойып дүзелсең болмайма? — депти.

Сонда Өмирбек:

— Ҳаў, тақсыр. Мен орақтай дүзиўмен ғой, — депти.

* * *

Бир күни Өмирбектиң танасы бир молланың танасын сүзип өлтирип қойыпты. Өмирбек ойланып-ойланып ең ақырында молланың алдына барыпты да:

— Тақсыр кеше сизиң танаңыз бизиң танаңы сүзип өлтирип қойыпты. Ол қалай болар екен. Қуранды қарап жибересиз бе? — деп өтинипти.

Молла қуранды ашып, әри отырып, бери отырып:

— Қуранның мына жеринде тана-танаңы сүзип өлтирсе, өлген танаңың ийесине қуны төленбесин деген раўият бар екен, — депти.

Өмирбек күтә рийза болған пишин менен, моллаға қарап:

— Онда тақсыр адам жиберип танаңыздың терисин ала қоярсыз, — деп жөнине кетипти.

Аң-таң болған молла не ислерин билмей отырып қалыпты.

* * *

Өмирбек жолдың бойында отырса бир-еки жолаўшы келе беріпти. Олар Өмирбекти көрип жол сорап:

— Жасы үлкен, мына жол қаяққа барады? — депти.

Сонда Өмирбек:

— Мен ҳәзир қырқ жасқа шықтым. Усы жыллар ишинде бул жолдың ҳеш жаққа барғанын көрген жоқпан. Усы жерде турады да қояды, — депти.

* * *

Өмирбек заманында бир лапкөй болып, ол Өмирбекти көриўге жүдә қуштар екен.

Бир күни базарда ол Өмирбек пенен ушырасып қалыпты да, ол Өмирбекке өзин шәкирт етип алыўды өтинипти.

Өмирбек:

— Ол жағын көре берермиз, бүгин екеўимиз базардан бирге аўылға қайтамыз, — депти.

Жолда киятырып Өмирбек лапкөйден әдеўир жерге озып кетипти.

— Базарда қандай қызықлы ўақыялар болды. Не арзан, не қымбат болды? — деп сорапты.

Сонда Өмирбек:

— Базардың ныркы өз турысында да, бирақ базардың қапталындағы көлге от тийип өртенип кетти, — деп жуўап қайтарыпты.

Ҳайран болған жолаўшылар не дерин билмей киятырса, алдынан тағы бир лапкөй шыға кетипти.

Олар лапкөйди көрип:

— Жаңағы бир адамнан базардың хабарын сорап едик. Ол бизлерге көлге от тийди дейме, әйтеўир болмаған өтирикти айтты, өзиниң дени саў ямаса жилли екенин айыра алмадық. Сиз базарда болған болсаңыз айтып бериң? — депти.

Сонда лапкөй:

— Көлге от тийгени ырас болса, ырас шығар. Бүгин базарға түскен балықлардың бәринің қалаш-қуйрығы күйип қалған екен, — депти.

Жолаўшылар инанарын-инанбасында билмей жөнине кетипти.

Өмирбек изинен жеткен лапкөйден жолаўшыларға берген жуўабын билип алыпты да, шәкирт етип алыўға келисим беріпти.

* * *

Бир күни Өмирбек бир үйге қонып аўыл адамлары менен сөйлесип отырғанда аўыл адамлары Өмирбектен оның аўылындағы аўҳаллардан сорай баслапты.

Сонда Өмирбек:

— Бизиң аўыл тутасы менен аспанға ушып кетти, — депти.

Аўыл адамлары ҳайран болып не дерин билмей тарқасыпты.

Ертеңине усы Өмирбек қонған үйге лапкөй де келип қоныпты.

Аўыл адамлары Өмирбектиң айтқан сөзин лапкөйге айтып, өзлериниң ҳайран болғанын билдирипти.

Сонда лапкөй:

— Оны ғой мен билмедим, бирақ сол Өмирбектиң аўылының тусынан өтип баратырсам, аспаннан кели-келсап түсип атыр екен, — депти.

* * *

Қарақалпақлардың үйинде қандайда болса аўқат писирилсе, қоңсы үйлерине берип жиберетурғын әдетлери бар ғой. «Бир

таўық сойып, бир аўылға жетпей қалды деген не сумлық», деген нақылдың да келип шығыўы усыннан болыўы итимал.

Өмирбек кишкене бала ўағында үйи бир таўық сойып, туўрама ислетипти де, табаққа туўрама салып, сорпа қуйып Өмирбектен қонсы үйге берип жиберипти.

Өмирбек үйден туўраманы алып шыға бергенде, есик алдына төгилген суўға тайып кетип, шалқортасына жығылыпты. Буны еситкен Өмирбектиң кемпири:

— Төктиң бе қыршын?! — деп бақырыпты.

Сонда Өмирбек:

— Яғ-аў апа, табағымды таба алмай жүриппен, — депти.

* * *

Өмирбектиң жарлы түсип жүрген күнлери екен. Бир күни жолдасы менен базарға баратырса, изинен Ережеп тентектиң киятырғанын көреди.

Өмирбек жолдасына, ҳәзир мен жатаман. Сен мениң үстиме шапанымды айқара жаўып таслап, бас ушымда жылап отыра бер. Ережеп тентек келер, бул ким деп сорар, сонда сен:

— Мениң достым, Өмирбек еди, усы жерге келгенде қуданың аманатын тапсырды. Соны не қыларымды билмей атырман, — деп айт деп жатыпты.

Ережеп жетип келип, бул ким деп сорағанда, Өмирбектиң жорасы бағанағы гәплердиң биреўин қалдырмай айтып берипти. Ережеп ол адамға мың тилла берипти де ҳәзирше усыңы менен жайғастырып отыра бер. Мен кеште айналып келемен, — деп базарға өте кетипти.

Оның қарасы шөккен соң Өмирбек турып, мың тилланы жолдасы екеўи бөлисип алып, буларда базарға кетипти. Өмирбек базарлап жүрип Ережеп тентекке ушырасып қалыпты. Ол:

— Ҳаў, Өмирбек жолдағы ҳәдийсене?! — деп сорапты.

Сонда Өмирбек:

— Қойсаңа Ережеп тентекликти, өлмей бересең бе сен теңгени, өлип зордан алдық қой мың теңге, — депти.

Ережеп сөзден утылып, өз жөнине кетипти.

* * *

Өмирбек қатар жигитлерин басқылап мазасын алып қоймайды екен, Ҳәтте, өлим түскен жерге барса да оларды күлдирип үлкен уятқа қалдырады екен.

Бир күни Өмирбек турған аўылда бир адам қазаланып, соған жигитлер барыўға ойласыпты. Оның ишинде Өмирбекте бар екен.

Жигитлер Өмирбектен тағы бир бәле болып жүрер деп, олар Өмирбекке бир ылақ бермекши болыпты.

Өмирбек болса, олар менен бирге өлим түскен жерге бармаўға, оларды күлдирип масқара етпеўге келисим берипти.

Жигитлер өли жатырған үйге даўыс шығарып, жаңа кирип барған ўақтында, изинен Өмирбекте «маған берген ылағың ургашыма еди ўай-ўай, еркек пе еди ўай-ўай», — деп жигитлердиң үстинне кирип барыпты.

Өмирбектиң сөзине шыдай алмай күлип жиберген жигитлер, уялғанынан далаға шығып кетип қалады.

* * *

Бир күни Өмирбек лаққы бир қызы бар үйге қонып отырса, бир жигиттиң кирип киятырғанын көрипти де, не қылар екен деп үндемей жата берипти.

Қонақ жақсылап шешинип етиклерин, шапанларын бас ушына қойып қыз бенен бираз сөйлесип жатқан соң уйықлап қалыпты. Өмирбекте орнынан турып, оның барлық жақсы кийимлерин, етиклерин алып, өзиниң жаман кийимлери менен етиклерин тап жигиттиң қойғанындай етип орнына қойыпты. Жигит таң атарда кийинип жөнеп кетипти. Оның барлық жақсы кийимлери Өмирбекке қалыпты. Азанда үй ийеси Өмирбектин жақсы кийимлерин көрип ҳайран қалып:

— Кеше кийимлериң жаман еди, бир күнде қалай жаңаландың? — деп сораса, Өмирбек оған:

— Бүгин түнде сениң күйеў балан менен кийим алмастырдық, —деп жуўап берипти.

* * *

Өмирбектин аўылынан биреў атын сатыўға базарға апарған екен. Аты арық, өзи қуршаңқы екен. Базар аралап жүрип, Өмирбек жолдасының қасына келеди. Жолдасы Өмирбекке: — «мына атты мақтап сатайық», — депти. Сонда Өмирбек: — «сатылмаса турсын мақтамайман, ана қар жаўған күни атыңа жети қоянды бастырып алғанда маған биреўинде берген жоқсаң», — депти. Сонда адамлар аты жүйрик қусайды деп сатып алыпты.

* * *

Өмирбек лаққы ел қыдырып шығыпты, бир таныс жезделсиниң үйине барыпты, барғаннан кейин оған жарма писирип берипти. Өмирбек жармадан бир уртлап қасықты жалай берипти. Сонда үй ийеси: — «қасықты жалама, мәкириў болады», — депти.

Өмирбек жарманы бир уртлап болып, қасықты далаға ылақтырып, «маған бөтен қасық әпер», — депти.

Үй ийеси дым үндемей сөзден утылып қала берипти.

* * *

Шәўлеге «дуўа кеткен» деген сөз барғой, ол табақта таў сылғанша суўымайтуғыны бар емеспе? Бир күни Өмирбек лақ-қы менен Досназар солақай Хийўаға келгенде бир жорасы шәўле писирип булардың алдына қойған екен. Аш болған Өмирбек аңламай асап жиберген ҳәм ыссы шәўле тамағына қоздай жабысып, көзинен пырт етип жас шығып кетипти. Буны көрген Досназар солақай: «Ҳаў, Өмирбек, неге жылап отырсаң?» — деп сорапты. «Дайымның кемпири аўрып қалып еди, сол әлле қәйтти. — деп есиме түсип жылап отырман», — депти. Ўай, ким аўырмайды жора, жүрими болса не қылар дейсең», — деп Досназар шәўлени асап жиберген екен ыссы шәўле өңешин өртеп жиберипти. Әллен ўақта өзине келген солақай көзининң жасын сүртип: «Өмирбек, дайыңның үй-иши қырылды ма деймен шамасы, — депти.

* * *

Хан қасында сөйледим,
Хан кеспеди тилимди ,
Ҳалық ишинде сөйледим,
Ҳалық таппады минимди.
Өз үйиме келген соң,
Ийтке берсин күнимди?!

* * *

Бир патша бир шешен адамды шақырып алып, оған үш саўал береди. Шешен патшаның сораўларына дурыс жуўап қайтарады. Екеўининң сораў — жуўаплары мынадай:

Хан: — Өли көппе, тири көппе?

Шешен: — Өли көп. Өйткени, мен уйықлапатырған адамлардың бәрин өли деп есаплайман.

Хан: — Қатын көппе, еркек көппе?

Шешен: — Қатын көп. Себеби, қатынның орынсыз сөзине ерип, кеткен еркекте қатынға есапланады.

Мәселен: «Қустың пәриңен жай салып берин?! — деген ҳаялыңыздың сөзине ерип, пәрден жай салып берген сизде қатынның қатарында есапланасыз тақсыр», — депти.

* * *

Ертеде бир хан болып, онын қырық ўәзири болған екен. Бир күни хан ўәзирлериң сынап көриў ушын, оларға төмендеги жумысларды буйырады: «Дүньядағы адамның, қустың, шөптиң жаманын таўып алып келиң?» — дейди.

Ханның ўәзирлери адамның жаманы деп, жети жасынан баслап, алпыс жасына шекем үйлеңбей, қой бағып жүрген бир ғаррыны, қустың жаманы деп атларын уркитип азап берген қырғаўылды, шөптиң жаманы деп, аяққа, қолға киретуғын ҳәм жақынласаң үсти кийимлериңди жыртатуғын шеңгелди ханның алдына алып барады. Хан үш сораўымның үшеўине де дурыс жуўап таппаған екенсизлер деп, ўәзирлерине бақырады. Сонда қырық ўәзирдиң биреўи бағана адамның жаманы деп алып киятырған ғарры ханның сораўына дурыс жуўап таппаған екенсизлер деп айтып еди. Соның айтқаны дурыс екен-аў, — деген сөзин хан еситип қояды.

Хан, ғаррыны алдына шақыртып алады. Оннан: «Дүньядағы адамның жаманы ким?» — деп сорайды. Сонда ғарры: «Дүньядағы адамның жаманы — күш күйеў болады», — деп жуўап береди.

Хан: «Дүньядағы шөптиң жаманы не?» — деп сорайды.

Ғарры: «Дүньядағы шөптиң жаманы қараөлең. Себеби, оның я жалыны, я қозы болмайды», — деп дурыс жуўап береди.

Хан ғаррының дурыс тапқанлығына таң қалып: «Сен буларды қайдан билдиң? — деп сорағанда оған ғарры: «Мен буларды сынап билемен» — деп жуўап береди. «Ондай болса, мен неше атамнан бери ханман?» — соны айтып бер деп сорайды хан. Ғарры: «Сиз тақсыр, тек, өзиңиз ғана хансыз, атаңыз хан болған емес» — деп жуўап береди. Хан буған қатты ашыўланады. Сонда ғарры: «Тақсыр, сиз ашыўланбаң?! Егер сиз маған инанбасаңыз анаңызды шақырып алып, анығын сораң?» — дейди. Хан анасын алдына шақырып алып, оннан анығын сорайды. Сонда ханның анасы: «Шырағым! Сениң атаң хан емес, бир ўәзир еди. Себеби, сениң алдыңдағы ханның тутымы жүдә қатты болды. Ол: «ҳаял алғанда ул туўмаса, өлтиремен», — деп шәртлесип алатуғын еди.

Бир күни хан мениң әкеме егер: «Сениң қызың ул туўмаса, өзиң менен қызыңды қоса ,өлтиремен», — деди. Бир күнлери мен жүкли болдым. Сол күннен баслап, бир ўәзирдиң ҳаялы да жүкли болды. Мен сол ўәзирдиң ҳаялына көп зат берип, оның менен келистим. Ол ул туўса маған, мен қыз туўсам оған алмастырып беретуғын болдық. Мен туўатуғын күни ханға: «Сен өмириңде ул баланың даўысын еситип көргениң жоқ еди.

Мен ул туўсам, сениң оның шырқырап жылаған даўысын еситип, жүрегиң жарылып кетер. Соның ушында, мен туўғаннан кейин, саған сүйиншиге адам жиберемиз. Сонда сен мен «туўған күни келерсең», — деп ханды алдадым. Хан таўға қус салыўға кетти. Ханның қус салыўға кеткен күни, мен қыз туўдым. Ал, ўәзирдиң ҳаялы ул туўды. Сонда ўәзирдин ҳаялы екеўимиз ҳийле қылып, сени ханға билдирмей алмастырдық, шырағым!» — деди.

Буниан кейин. хан ғаррыға қарап: — «Сен буны қайдан билдиң?» — деп сорады. Сонда ғарры: «Мениң еки қолымды байлап, ўәзирлериң сениң алдына алып келгенинде Сиз: «Ғаррының қолын шешип, оған жарма-жаўған бериң», — дедиңиз. Сизиң атаңыздың пухара екенлигин соннан билдим, — деп жуўап берди. Сол күннен баслап, хан ғаррыны қасына ўәзир етип алады.

Бир адамның өзи сулыў ҳәм ақыллы бир қызы бар екен. Ол қыз: «Кимде-ким мениң ақылымнан басым келсе, мен сол адамды жас демей, ғарры демей, ким болғанлығына қарамай, соған турмысқа шығаман», — деп шәрт етеди. Бул хабарды ғарры еситип, сол қыздың үйине барады. Қыз ғарры менен сәлемлеспестен оны көриўден оған бир табақтың ишине бир егеў, бир тас қайрақ, бир гәўҳар тасты салып береди.

Сонда ғарры қыздан: «Буның әсбабын бер?», — деп сорайды. Қыз ғаррыға: бир шөккиш, бир тас береди. Ғарры онаша бир жайға барып, гәўҳар тастың ортасын тең екиге бөледи. Егеўдиң тисиниң бәрин шөккишлеп жанырады. Тас қайрақты майдалап қайтадан қыздың қолына береди. Қыз: «Мен саған тийемен, мениң үш шәртимди орынладың», — дейди. Қыз әўел баста ақ усы ойды ойлаған еди.

Биринши шәрти бойынша тас қайрақты майдаласа, өзим өлгенше жолдас болар дегени еди. Екинши шәрти бойынша егеўдиң жүзин жапырса, ғарры келген жаўды сондай етип, жапыра алады дегени еди. Үшинши шәрти бойынша гәўҳар тасты ортасынан қақ айырып тең бөлсе, бул қыздың мениң ақылымды жеңгени деп мойынлағаны еди. Бул пикирлерди ғаррының жүйрик ақыллылық менен ойлап тапқанлығын есапқа алып, қыз оған турмысқа шығады.

Ханның бурынғы ўәзирлери ғаррының хан алдындағы тапқыр, ақыллы екенлигин күнлеп қызғанады. Ғаррыны өлтирип, жоқ етиў мәқсетинде ханға барып: «Тақсыр, ғаррының ҳаялы соныңдай сулыў, бул сизге миясар. Сиз ғаррыны өлтирип, оның ҳаялын алың?», — деп ханды бузыўға ҳәрекет етеди.

Хан ўәзирлериниң сөзине ерип, ғаррыны «барса келместеги гәўҳар тастан тас алып кел?!» деп жумсайды. Ғарры ханның

жаман нийет менен жумсап атырғанлығына түсинип жердин астынан жай салады. Сол жайда ҳаялы екеўи бола береди.

Бир күни ғаррының кеткен жағынан тири келмейди, өледи деп ойлаған хан, ғаррының ҳаялына келип, «аға өлсе жеңге қәйинсине мийрас» деген деп кеўлиниң бар екенлигин билдиреди.

Қатын ханнан үш айға мәўлет алады. Арадан еки ай өткеннен кейин, ғарры ханның алдына барып: «Тақсыр, мен усы арадан шыққаннан кейин алдымнан бир жолбарыс шығып, мени алмақшы болды. Мен үш айға мәўлет алдым. Енди, не қылсаңыз өзиңиз билиң? — дейди.

Хан ғаррының не айтып турғанына түсинип: «Енди сиз, бул арада турмай-ақ қойың. Мени мына қырық ўәзир азғырды», — деди де ғаррыға жуўап береди. Ғарры буннан кейин, көшип басқа бир ханның қараўына өтеди.

Бир күни хан қырық ўәзири менен қус салып жүргенде бир таўдың басында қой бағып жүрген ғаррыға жолығады. Хан шопан ғарры менен сәлемлесип болғаннан кейин, оннан:

«Усы таўдың басын қыраў шалғанына неше жыл болды?» — деп сорайды. Сонда ғарры: «Жигирма бес жылдай болды», — деп жуўап береди.

Хан: «Етегин қыраў шалғанына неше жыл болды?» — деп сорайды.

Ғарры: «Жигирма жылдай болды» — деп жуўап қайтарады.

Хан тағы: — «Мениң қырық қозым бар, соны пышақсыз баўызлап, қазансыз асып, писирип беретуғын адам бар ма?» — деп сорайды.

Сонда ғарры: «Сизиң қол астыныздан табылмас, басқа патшаның қараўынан табылар», — деди.

Хан үйине келип, алдына ўәзирлерин шақырып алып: — «Мен бағана шопан ғаррыға қандай саўалларды бердим. Сол саўалларымның мәниси менен жуўаплары не еди? Соны сизлер онбес күниң ишинде таўып бермесеңиз бәриңизди өлтиремен», — деп ескертеди. Қырық ўәзир сонша ойланып, ханның сораўларының мәнислерин айтып бере алмайтуғын болғанлықтан, ең соңында баяғы екинши патшалыққа өтип кеткен ақыллы ғаррыны табыў керек екенлиги жөниндеги жуўмаққа келеди.

Қырық ўәзир басқа бир патшаның қараўынан ақыллы ғаррыны табады. Ғаррыға ханның үш сораўды бергенлигин, егер усы үш сораўды дурыс шеше алмаса бәриниң өлим жазасына буйрылатуғынлығын айтып, оннан сораўлардың мәнислерин айтып бериўди сорап жалынады.

Сонда ғарры: — Хан буны қандай жерде айтты? — деп сорайды. Уәзирлер бул айтылған сораўлардың ең дәслеп қайсы жерде айтылғанын, неге байланыслы айтылғанын бәрин айтып түсиндиреди.

Буннан кейин, ғарры онда ханның бул сораўларына өзим жуўап беремен, — деп қырық ўәзирди тырдай жалаңаш етип, кийимлерин шешип, қолларын байлап, алдына салып айдап, ханның алдына алып барады. Хан менен сәлемлесип болғаннан кейин, «Тақсыр сизиң айтқан үш сораўыңызға мен жуўап беремен», — дейди. Хан ғаррыға руқсат етеди.

Сонда ғарры: «Тақсыр, Қаратаўдың басын қыраў шалғанына жигирма бес жыл болды дегени — мениң шашымның ағарғанына жигирма бес жыл болды дегени еди, Екинши, етеген қыраў шалғанына жигирма жыл болды дегени — сақалмуртымның ағарғанына жигирма жыл болды дегени еди. Үшиншн, сизиң қырық қозыңыздың пышақсыз сойылып, қазансыз писирилиўи — бул сизиң мына қырық ўәзириңиздиң тырдай жалаңаш, қолы байлаўлы келгени еди», — деп жуўап береди.

Ғаррының аса ақыллы, тапқыр шешен екенлигине таң қалған хан, өзинин орнына ғаррыны хан етип, өзи оның бас ўәзири болады.

Шешенлик даў айтысы

Қарақалпақстанда Совет власты орнамастан бурынғы ханлық дүзим ўақтында ҳәрқыйлы даў мәселелерин хан, қазы, төре, бий, болыс, ақсақал т. б. лар өзинше шешип келген. Булар даў айтысларын өзлериниң елди бийлеў ҳәм байлық топлап байыў жолларына айналдырған.

Бирақ, ең жақсы жери айтыстың дәстүри бойынша сөзин шебер, дәлилли таўып айтса, ямаса сөзден утса, не болса да даўласыўдағы тилек, сораў, өтинишлерин қанаатландыратуғын болған. Егер ким болмасын, таўып айтылған утымлы сөзге турмаса, халықтың талап еткен дәстүрин бузған ҳәм халықтың өзлери тәрепинен нәмәрт, пәс, ўәжге турмайтуғын адам деп есапланған.

Қарақалпақлар Түркистанда жасап турған ўақытларында жийи-жийи жаўгершиликлерге ушырап турады екен. Бир күни қарақалпақлар менен урысқан жаў душпанлар қолға түскен қарақалпақларды арқан менен мойынларынан бойлап, қойды қосақлап айдағандай етип, алдына салып айдап кеткен. Барғанша урып азаплаған. Булардың ишинде атақлы шайыр ҳәм

сөзге шешен жыраў Жийен де бар екен. Ол ханға барып, былай деп арыз етеди:

Ертеде өткен ер Ноғай,
Тақсыр хан сиздей болған жоқ.
Мусылманның балларын,
Қосақлап қойдай қырған жоқ.
Гүнасыз бенде жанлардың,
Обалына қалған жоқ.

Хан Жийеннің бул бир аўыз утымлы сөзи себепли, қолға түскен адамлардың барлығын босатып жибереди.

Ертеде қарақалпақлардың айырым уры̆ўлары арасында бийликке, жерге, суўға т. б. турмысының ҳәр қыйлы тараўлары бойынша өз-ара талас-тартыслары болып, бул жөнинде олар даўласып, ханға барып турған. Мәселен, Қоңырат уры̆ўының мәҳреми Есенгелди қартайғаннан кейин мәҳремлик пенен жерин өзиниң үлкен баласы Тилеўқабаққа береди. Сонда Қолдаўлы уры̆ўлары бирлесип, Хийўа ханының алпыс еки ҳәмелдарлары менен отыз еки мөҳирдарларына тоқсан өгиз пара берип, бийликти Айдосқа алып береди. Буған арланып, намысы келген Есенгелди даўласып ханға барады. Ол ханға: «Хан шырағым, мениң айтқан сөзиме нан шырағым! Әкең елтири тонның жағасы, мен жеңи едим. Әкениң әкеси, бабаңның бабасы Есенинақ пенен тең едим. Тоқсан өгиз парам жоқ алла қылса шарам жоқ», — деп арыз етеди.

Мине, бунда не деген ақыл-ойлылық, тапқырлық, сөзге шешен, жўйриклилик бар. Аз, саз сөз бенен жерине жеткерип, ханды тапжылттырмай жипсиз байлап отыр. Хан бул сөзди еситиўден Есенгелдиниң мәҳремлык пенен жерин өзине берин деп ҳәмелдарларына буйрық берген.

* * *

Ертеде қарақалпақлар арасындағы даў-жәнжел мәселелелерин Хийўа ханына барып шешиўде Турым бий жоқары танылған адам болады. Ол қандай бир даў мәселесин узаққа созбай, дәрҳал шешип, халықтың алғысына сазыўар болған. Әлбетте, даў мәселесин шешиў ушын қуры батырлықтың кереги жоқ. Тек бир батырлық пенен даў шешилмейди. Даў мәселесиниң тийкары сөзин таўып, шебер айта билиў керек. Сөз табыў ушын терең, жўйрик ақыл ой, сөзге шебер, дилўар, тапқырлылық болыўы керек. Бул болмаса басқа жоллар менен даўды шешиў мүмкин емес. Буның өзи халықтың сөзге үлкен әҳмийет берип қарайтуғынлығы сөзден өткир, сөзден қымбат ҳешнәрсе жоқ деп есаплайтуғынлығы сезилип турады.

Қоңырат уры̆ўы менен Қытай уры̆ўларының арасында үл-

кен урыс-тартыслар болып, даўласып, Хийўа ханына барғанында хан Қоңырат урыўының алты бийин қамаққа алады. Буны еситкен Турым бий Хийўа ханына барып былай дейди:

Сүриў-сүриў бөкенди,
Бөгелек қуўып майырар.
Сүйреңлеген қызыл тил,
Сүйгенинен айырар, —

деген тақсыр ханымыз. Сиз жалған сөзге ерип, жазықсыз Қоңыраттың бийлерин қамаққа алыпсыз. Ҳақыйқатында бул даўда Қытай урыўының бийлери гүналы. Маған Қоңырат урыўының бийлерин қамақтан босатып беринъ!» — деп талап етеди.

Хан Қоңырат урыўларының алты бийин қамақтан босатып, Қытай урыўының алты бийин дарға аспақшы болады, Қытай урыўының бийи Фазыл бий ханға келип, сонша өтиниш етсе де тыңланбайды. Бул хабарды еситкен Турымбий тез ханға келип, қытайлылардың алты бийининъ өлтирилмеўин де сорайды.

Сонда хан: «Мен сизиң алты бийиңизди босатпақшы болып, тилегиңизди қанаатландырып едим. Сиз не ушын тағы Қытай бийлериниң арасына түстиңиз?» — дейди. Буған сөзге шешен Турымбий: «Оң қолым, сол қолым, бәри де өз қолым. Қоңырат урыўы менен Қытай урыўы да өз қарақалпағым. Қоңырат бийлерине азатлық берген екенсиз, Қытай бийлерине де соны ислең. Егер оны ислемесеңиз, онда еки руўдың бийлериниң барлығын да бир эўлийеге көминъ?!» — деп жуўап қайтарады. Таўып айтылған бул сөзге хан не дерин билмей еки руўдың да барлық он еки бийин өлимнен азат етип қутқарып жибереди. Бул шешенлик айтыста Турым бийдиң тапқыр, дилўар шешенлигин ғана емес, оның улыўма қарақалпақ халқына болған гуманистлик сезими көринип тур.

Усы иретте хан Турым бийден: «Турым бий, қарақалпақтан келген бийлер, жөнине келип, жөнине кетеди. Ал сиз болсаңыз мудамы даўдың арасында жүресиз. Буның себеби не?» — деп сорайды. Сонда Турым бий: «Буның себеби, бизлер сениң атаңа қарақалпақтан он тоғыз бий болып келип едик. Меннен басқасының бәри атаңыздан түймели шекпен жамылды. Мен болсам атаңыздан даў жумысын сорап алдым. Мениң даў мәселесине көп аралаға беретуғынлығымның мәниси сол», — деп ханның бул сораўына да иркилместен жуўап береди.

Бир күни Турым бий Хийўа ханының дарын кесип, ханның пашшаплары менен ханға даўласып барғанында хан: «Қәне, не ушын дарды кестиң?» — деп сорайды. Сонда ол:

Мәдемин ханның тусында,
Турым бийдиң тусында,
Шийелген сөз шешилген екен,
Асылған дар кесилген екен, —

деген екеўимиздиң артымызда сөз ҳәм ат қалсын деп кестим тақсыр, — дейди. Хан Турым бийдиң бул шешенлик сөзи ушын да оның ислеген гүнасын кеширеди.

Бир жарлы жигит жойтылған атын таўып алып, үйине киятырғанында, оннан бир бай ағайини мениң атым деп, зорлық етип алып қалады. Жарлы жигит Турым бийге келип, атын алып бериўди өтинеди. Турым бий жигитти изине ертип барып байға:

Қарағайдан бийик ағаш жоқ,
Жапырағы талша жоқ.
Ағайын-туўған кимде жоқ,
Сыйласпасаң жатша жоқ.

Бир манат бийе болмайды, еки манат түйе болмайды. Биреўдиң малына көз салған, күнлердиң күнинде өзиниң малына ийе болмайды. Мына ниниңниң атын өзине қайтарып беринъ?! — дейди. Не деп жуўап қайтарарын билмей сөзден утылған бай инисиниң атын өзине қайтып береди ҳәм Турым бийге сарпай жаўып, сарпайлап қайтарады. Буннан Турым бийдиң «сөз жүйесин тапса, мал ийесин табады» дегендей, сөзге шешен тапқырлылығы ҳәм қандай бир болмасын даўлы мәселеге дурыс төрелик бере алатуғынлығы көринеди.

* * *

Ертеде Қыят ҳәм Ашамайлы урыўлары бәрҳа сыбайлас отырады екен. Бир жылы дийқаншылық ислегенде жаптың өринде отырған қыятлар ерте егип, егисин ерте писирип жыйнап алады. Ал енди Ашамайлы урыўы болса жаптың аяғында отырып, егисти ўақтында еге алмай, егиси көк қалып қояды. Халықтың усындай жағдайларына қарамай, Хийўа ханының салғыртшылары Ашамайлы менен Қыят урыўларынан теңдей салғырт жыйнап, Ашамайлы урыўын уў-шуў етеди.

Буған намысы келген Ашамайлы урыўының бийи Моллақораз ханның салғырт жыйнаўшы жалпылдақларын сабап-сабап, жыйнаған ақшаларын қолларынан тартып алып, халқына бөлистирип береди.

Бул қылмысы ушын оны хан шақыртып сорағанда: «Ҳаў, хан шырағым, мениң айтқан сөзиме нан шырағым! Қыят

урыўының балалары қамырдан боталақ қылып ойнайды. Аша майлы урыўының балалары нан деп жылайды. Усы да теңлик бола ма?» — деп халықтың аш-жалаңаш екенлигин, буныңдай аўҳалға себеп болған жағдайларды толық түсиндиреди. Моллақораздың дәлилли ҳәм орынлы шебер таўып айтылған сөзи ушын хан ашамайлыларды еки жылға шекем салғырттан азат етеди.

Халқымызда: «Сөзиңди таўып сөйле, сөзиңди таўып сөйлемесең аўзыңды жаўып сөйле» деген сөз бар. Шешен адамлар ҳәр бир адамның кәсибине, орнына басқа да улыўма жағдайларына т. б. қарап, сөзлерин таўып сөйлейди. Солай етип, қалай болмасын айтқан адамын ўәжге турғызады. Мәселен, Моллақораз Жантемир ийшанның қызы ерин жаратпай үйине ажырасып барып отырғанда, усы қызды қалыңлығына қосыў мақсетинде оның үйине барады. Қыздың әкеси Жантемир ийшанға: «Тақсыр, май айныса дуз салады, дуз айныса не салады. Сиз усыны ислегенде басқалар не қылмайды. Бузық ис уламадан басланады дегендей болмасын ақыры!» — деген ўақытта не дерин билмей, қызын ертип жибереди. Кеткеннен кейин Жантемир ийшан: «Қораз десе, нағыз қораз екен, қораз болғанда да нағыз жағы түскир тас кекил қораз екен», — деп Моллақораздың шешенлигине ҳайран қалған.

Ертеде Қыят ҳәм Ашамайлы урыўларының бийлеринен Өтепберген бий, Артық бий, Самурат бийлер ханға барып, арыз етип, елин «дәйек» төлемнен қутқарады. Сонда тилегин орынлаған ханға Өтепберген бий былай деп пәтия береди:

Алдыңнан дәрья буўмағай,
Кейиңнен душпан қуўмағай,
Саған жаманлық еткен адам
Бул дүньяда оңбағай?! —

деп ўақытша болса да оның кеўлин таўып, оннан бес жүз тилла сыйлық алады.

* * *

Маманбийдиң адамлары Маман бийге қараслы жерге бир жарлы жигитлердиң егин екенин көрип қояды. Булар Маман бийге барып урықсат алыўын ескертеди. Жарлы жигитлер сорастырып, Маман бийдиң үйи деп бир үйге барса, тары қуўырып атырған бир ҳаялдың отын жағып отырған бир адамды көреди. Ол адам «Маман бий ҳәзир барады. Сизлер мына үйге кирип отыра турың», — деп қапталындағы бир үйге силтейди. Кешикпей Маман бий кирип барып, Маман бий деген биз боламыз, — деген ўақытта жигитлер биринши көргенде оның менен қол алыспағанына қатты уялады. Жигитлердиң уялғанлығын сезген Маман бий: «Дуйым журттың Маманыман, Өз үйимниң жаманыман. Уялмай-ақ қойың, жумысларыңыз болса айтып отыра беринг балаларым?!» — дейди. Сонда жигитлердиң биреўи:

Маман аға,
Келипти сизге быйыл заман аға,
Бир азырақ жериңе егин ектик,
Оннан басқа жағы аман аға, —

дегенде, сөзди таўып айттыңлар, еге ғойың балаларым!» — деп ти. Бунда Маман бийдиң айтыстың шартын бузбаўға үлкен жуўап, ершилик пенен қарайтуғынлығы ҳәм жарлы халықларға болған қәўендерлиги көзге түседи.

* * *

Ертеде еки топар адамның арасында «Қуран уллы ма, нан уллы ма?» деген еки сөздиң үстинде үлкен тартыслар болады. Қуранды уллы деўшилер динди қуўатлаўшылар болса, нанды уллы деўшилер ҳақыйқатлықтың тәрепдарлары болады. Нанды уллы деўшилер практикада исенимли дәлиллеп көрсетиў арқалы пикирин тастыйықлайды.

Усы шешенлик айтыстың ең кейнинде сөзден утылған ийшанның үстинен былай деп күледи:

Садағаң кетейин ҳәзирет,
Ийшаным единг тоқлықта,
Бир күнги ашқа шыдамай,
Сәллең қалды боқлықта.

* * *

Қарақалпақлар Жаңа дәрьядан келгенде оның ишинде, елдиң батыры Орынбай деген батыр бар екен. Ол қарақалпақлар посқанда қазақлардың малларын урлап, алдына салып айдап, қуўып келе берген. Бул урланған малларын алыў ушын қуўалап, даўласыўға келген қазақларға қарақалпақлардың бийи Маман артығына өндирип берген. Ол заманда еки тәреп болып айтысатуғын болған. Егер айтыста қайсы тәреп сөзден жеңсе, жеңилген тәреп, жеңген тәрепке малларын төлейди екен. Урланған малларын алыўға келген қазақлардың шешени Қаратас Маман бий менен айтысқан. Сондағы екеўиниң айтысы мынадай:

Қаратас:

Маман бийге жасың нешеге келди? —
деп сорайды.

Маман:

— Жасым алпысқа келди, — деп жуўап береди.

Қаратас:

— Онда арсарысаң, — дейд

Маман:

— Алпысымда алперимен,
Жетписимде желперимен,
Сексенимде сэркардаман,
Тоқсанымда топқа
Торғай шалдырмайман.
Жүзге келгенимде
Алғанымның кеўлин қалдырмайман, —

деп жуўап қайтарады.

Қаратас:

— Алпысында арсарысаң,
Жетписке келгенде, жер тислерсең,
Сексенге келгенде, сегиз көзиңнен бүгилерсең.
Тоқсанға келгенде алғаныннан түнилерсең.
Жүзге келгенде, қара келмейди қасына
Бақ қонбайды басына, — деп сөзин нықлайды.

Сонда Маманның қасында отырған бир адам:

— Маман аға, сонша малды төлеймизбе, бир нәрсе айтағор — дейди.

Маман: — Биз аллаға неғылсақ жағамыз, адамға не ғылсақ жағамыз? — деп Қаратасқа саўал береди.

Қаратас:

— Аллаға жағамыз,
Бес ўақлы намаз бенен.
Адамға жағамыз
Қырқ қулаш, қара қазан менен, —

деп, саўалын урыс шешеди.

Қаратас:

— Орынбайы қурысын,
Қазаққа салды урысын.
Маман байғус неқылсын,
Айтып турды дурысын.

деп кеўлигиндеги ойын айтады. Қарақалпақлар қазақларды шаўып турған. Булар қазақларды шабыўын, гек Айдостың ўақтында қойған, — дейди.

* * *

Ертеде қарақалпақлардың жеринде жасап турмыс кеширип атырған қарақалпақ ҳәм қазақ халықларының жарлылары Хийўа ханының салғыртшыларынан көп азап ақыретлерди көреди. Олар бир күни Күнхожа шайырға келип оннан ханның салғыртынан қутқарыў жөнинде өтиниш етеди.

Күнхожа жарлы халықлардың өтинишин орынлаў ушын, ханға барып былай дейди:

Аллияр тақсыр, ханымыз,
Алдыңа келди қарашаң.
Арызды қабыл алыңыз?
Бизиң елде Нурбай бар,
Нурбайдың жүрген жеринде,
Жылаў менен ўай-ўай бар.
Төлеген деген жорға бар
Шоңмурын деген молла бар.
Атына жем салыўға
Алтыннан қылған дорба бар.
Қели түби деп алады,
Кеўсеним деп алады.
Бермесең жәнжел салады.
Малдан закат, бастан питир,
Иретин таўып және алады.

Хан Күнхожаның таўып айтқан шешенлик сөзи ушын, сол жыллы жарлыларды салықтан азат етипти.

* * *

Биз-биз едик, биз едик,
Бизде бир байдың қызы едик.
Жийдели байсын бойында,
Жийде терип жүр едик,

Бир жигит келди қасыма,
Гүрен атын үйреткен.
Қайыннан қуйрық сүйреткен,
Келгеннен ақ жек көрдим.
Айтқан сөзин шеп көрдим,
Айтқан сөзи жарамай,
Жүре бердим қарамай,
Бир билезигим бар еди,
Жеңгем менен тең еди.
Әдил патша сен болсаң,
Мынаў турған жигиттен,
Алып бер маған теңликти?!

* * *

Бир күни Өмирбек заманында қалың қар жаўыпты. Ҳәмме адам дәстүр бойынша сонарға жыпыпты. Өмирбек жасаған аўылдың бир бай адамы да атты зарттан-заберттен ертлеп сонарға шоқпарды алып шыққан.

Атлы бай аўылдан шыққаннан ақ бир қырғаўылды ушырып, изинен қуўа берипти. Қырғаўыл әбден шаршағаннан кейин, енди услайын деп жүргенде алдынан Өмирбек пиядалап шығып услап алыпты.

Өмирбек қырғаўылды сойып болған ўақытта бай жетип келип: «Қырғаўылды маған бер, себеби мен оны азаннан бери қуўып шаршатып жүриппен, деп даў салыпты. Көтерилген шаўқымға сонарға шығып жүрген адамлар жыйналыпта қалыпты.

Сонда Өмирбек: «Шөже ўақтынан бери сақласаң да қойсана аға», — депти. Жанағы бай гәптен жеңилип, жөнине кетипти

* * *

Өмирбек бир күни өзиниң бир достынан жүйрик атын сорап алып қыдырып кетипти. Жолда кетип баратырса бир байдың баласы менен ушырасады. Оның да аты бар екен. Өмирбек серлеп қараса жолдас болған жигиттиң басында жақсылып тигилген қалпағы бар екен.

Өмирбек усының қалпағын алып қаша қойсам, астымдағы атым ғой жүйрик, қутылып кетиўим мүмкин деген ой менен жолдас болған адамның қалпағын алып қашады.

Ол жигит әдеп ойын шығар деп қозғала қоймайды. Ең кейнинде Өмирбектиң қатты айдап алыслап баратырғанын көргеннен кейин кейнинен олда атты қойып жибереди. Оның аты Өмирбектиң атынан да жүйрик екен.

Анаў-мынаўына қаратпай Өмирбекти қуўсырады. Бир ўақытта Өмирбек артына қараса, жанағы атлының қуўсырып келип қалғанын көреди. Қанша қатты айдаған менен қутыла алмасын билген Өмирбек атын иркип, изинен жеткен жигитке қарап:

— Мә, достым қалпағың, ойын-ойын менен көп жерге асыппыз, — деп қалпағын қайтып беripти. Ол жигитте ойын болса, ойын шығар деп үндемепти.

* * *

Хожанасыратдийин күн сайын намазынан кейин: «Қудайым бир мың тилла берсең. Егер мың тилланы берсең пүтин бер, бири кемис я артық болса да алмайман», — деп тилек тилей беripти. Хожанасыратдийинниң бул тилегин өмиринде киси менен алысып берисиўди билмейтуғын бир сықмар бай қоңсысы еситипти. сықмар бай Хожанасыратдийинди сынап көриў мәқсетинде Хожанасиратдийинниң жайының төбесиндеги түтин шығатуғын тесиктен бири кем мың тилланы қалтаға салып, жайдың ишине таслап жибереди. Бул, ўақытта Хожанасыратдийин тилегин тилеп болып, намаз жайынан турайын деп атыр екен. Аспаннан түскен қалтаны тез ғана қолына алып, аўызын ашып, ишиндеги алтынды санай баслайды. Санап қараса бири кем мың тилла болып шығады. Хожанасыратдийин «қудайда есаптан алжасады екен, кемис бир тилланы ақша салған қалтаның таўарына жумсаған ғой», — деп ойлайды. Сол ўақытта өз кемпирин шақырып, бири кем мың тилланы арша сандыққа салып қойыўды буйырады. Хожанасыратдийинниң бунысын көрип сырттан бақлап турған алтынның ийеси сықмар бай қатты қорқады да жайдың ишине кирип келип:

— Хожеке, бул тилланы сизди сынап көриў үшын төбеде турып таслаған мен едим, тилеген тилегиңди қабыл етип, ҳаўадан тилла таслаған қудайың емес, — деп шыжа-пыжа болады. Сонда Хожанасыратдийин.

— Бул тилланы берген сен емес, қудайым. Егер сен беретуғын болсаң мениң менен бир неше жыдан бери қоңсысаң. Алтын түўе қара бақырды да бергениң жоқ. Тилеген тилегим қабыл болып, қудайымның шыны менен маған берген ақшасы деп турып алады. Не қыларын билмеген сықмар бай:

— Қазыға барайық, — деп кеңес береди.

Сонда Хожанасыратдийин:

— Жоқ, қазыға бармайман. Қазыға сен жақсы ғашырынды минип барасаң, мен болсам жаяў бараман. Қазы жаяў адамның арзасын тыңламайды, — дейди.

Сол ўақытта бай:

— Хожекке, сен мениң ғашырыма мин, мен жаяў -ақ барайын, дейди.

Сол ўақытта Хожанасыратдийин:

— Бармайман дедим, бармайман. Сен жаяў барған менен сениң үстинде таза тигилген шекпениң бар. Мениң болса таза шекпен түўе, жамаўсыз шапаным да жоқ, — деп қазыға бармайтуғынын қайталайды.

Сонда бай:

— Жақсы, үстиңе мениң таза шекпенимди кий, астыңа ғашырымды мин, әйтеўир қазыға барайық деп, — хожаға жалынады. Хожанасыратдийин астына байдың ғашырын минип, үстине байдың шекпенин кийеди де, сықмар бай менен қазыға барады. Қазы бай менен Хожанасыратдийинди қазаханаға киргизеди. Қазы дәслеп байдан не ушын қазыласып келгенин сорайды. Сонда бай:

— Ҳүрмегли тақсыр қазымыз, мына Хожанасыратдийин менен көп жылдан бери қоңсы едим. Ол ҳәр намазынан кейин қудайым мың тилла берегөр, берсең пүтин мың тилла бер, бири кемис болса алмайман, — деп тилек тилей берди. Арадан көп ўақыт өтти, бирақ қабыл болған тилеги, қудайымның берген мың тилласы болмады. Бир күни Хожанасыратдийинди сынап көриў ушын, бири кем мың тилланы қалтаға салып жайының төбесине миндим де ишине тасладым. Төбеден түскен ақшаны биринің кемисине қарамастан алып сандығына салды да, маған бермей отыр, — дей бергенде Хожанасыратдийин:

— Ҳәмириңе қуллық қазымыз. Усы сықмар бай келискен өтирикши адам екен. Мың тилла ғой, ҳәзир сол далада турған ғашыр да меники, үстимдеги шекпенде меники деп айтар деген ўақытта, сықмар бай:

— Аўа, аўа, минип келген ғашыры, кийип келген шекпени де меники, — деп отырған орнынан ушып ақ турыпты. Сол ўақытта қазы жалақор екен деп сықмар байды қуўып жиберипти. Хожанасыратдийин тилланы, шекпен менен ғашырды алып қала беріпти.

* * *

Қарақалпақлардың кенегес, манғыт урыўлары менен қытай, қыпшақ урыўлары Шымбайды мәкан етип жер болискен. Жер бөлискенде қытай, қыпшақлардың бийлерин баслап Ережеп тентек келипти. Жер бөлисиўге шек салар алдында кенегес, манғыт бийлери Хийўа ҳәмелдарларына тоқсан өгиз пара берген екен.

Ол ўақытта Шымбайдың батыс қыбласы егин егиўге қолайлы жақсы екен. Ал, Шымбайдың арқа тәрепи көлатлық, батпақшылық екен. Хийўа ҳәмелдарлары биринши шекти кенегес, манғыт бийлерине берип, «тут буны» — депти. Шекти алып, қараса, жонылған тут ағашынан исленген екен. Туттан исленген шек жақсы жерге түсипти. Ережеп те тек бул ҳийлени сезип, қалып, мен қайыл емеспен, — деп даў шығарыпты. Хийўа ҳәмелдарлары жақсы жерлерди кенегес, манғытларға бериўге ҳүким қылыпты.

Сонда Ережеп:

— Қудай қылса шарам жоқ,

Тоқсан өгиз парам жоқ, — депти. Аўылына келип:

— Мен кенегес, манғытты Күн симир қылып қайттым. Олар Шымбайға базарлағанда, күн алдынан шығады. Ал базардан қайтқанда түстен кейин олардың маңлайын күйдиреди, — депти, — дейди.

* * *

Ертеде зергершиликтен байыған бир бай, аўырып өлетуғынлығын билгеннен кейин, үш баласын шақырып алып, оларға былай деп ақыл нәсият айтады: «Балаларым! Мен сизлерди үйлендире алмадым. Бул аўырыўдан жақында өлип кетемен. Менин жыйнаған-мүлким, дүньяларым сизлерге дүнья болмайды. Мениң жыйнаған дүньяларымды мен өлгеннен кейин, үстиме шашып, өзлериң мийнет етип, дүнья табың. Мениң жердиң астына көмип қойған бир гүзе алтыным бар. Бул бир гүзе алтын үшеўиңниң маған қосқан мийнет хақыңыз. Соны жүдә тарыққанда үшеўиңиз тендей бөлип алып пайдаланарсыз», — дейди. Көп узамай бай өлип кетеди.

Үш жигит барлық дүнья малды әкесиниң өлимине жумсайды. Бир күни Сыншы деген ең киши баласы, әкеси айтқан бир гүзе алтынды урлап, басқа бир орынға көмеди. Бир жыл өткеннен кейин, үшеўи турмыстан тарығып, баяғы әкеси айтқан бир гүзе алтынды бөлисип алмақшы болып, қараса, бир гүзенин орны бар. Ал, алтын менен гүзе жоқ болып шығады. Үшеўи әрибери ойласып, бир-биринен сораса, урлағаны мойнына алмайды.

Ең соңында: «Ханға арыз қылайлық, хан урлап алған адамнан өндирип берер», — деген ойға келеди. Ханға кетип баратырып, үшеўи және бир ой табады. Булар: «Бизлер ханды сынап көрейик. Ханның урланған алтынды таўып бергендей ақылы барма, я жоқпа, соны билейлик?!» — деп бирден ханға бармай, ханның арзы етиў жайына қудайы қонақпыз деп кирип барады.

Хан: «Қоныќ болса, мийманханаға барыўлары керек еди, ал булар датқа жайға келди, үсти басы жупыны, булар неде болса, бир нәрсе жайлы келген адамлар шығар деп, олардан сезик-

леңеди. Хан ўәзирлерине буларды мийманханаға алып барып, аўқатларын берип күтиң. Не сөйлесе, не ислесе, соны азанда маған айтып бериң деп ўәзирлеринне тапсырады.

Ханның тапсырыўы бойынша қонақларды мийманханаға алып барып күтеди. Биринши рет шай береди. Кейин бир себет жүзим әкелип, алдына қояды. Байдың үлкен баласы Ақылшы жүзимди қолына услап турып: «Бул жүзимди жемейик», — деп ақыл табады. Байдың ортаншы баласы Ойшы: «Жүзимде шубҳа бар екен», — деп ой табады. Ең киши баласы Сыншы: «Бул жүзимди адамның қаны менен суўғарған екен», — деп сынайды. Солай етип, себетти үшеўи де қоллары менен ысырып қояды.

Буннан кейин бир қойдың гөшин писирип алып келеди. Ақылшы бир жилигин услап турып: «Бул гөшти жемейик» деп ақыл табады. Ойшы: «Шубҳа бар екен», — деп ой табады. Сыншы: «Бул қойдың атасы қой, анасы ийт екен»,— деп сын таўып, үшеўи де гөшти жемей қайтарады.

Қонақлар уйықлап азанда турғаннан кейин, — Ақылшы: — «Инилерим, бул ханға арыз айтпайық», — деп ақыл табады. Ойшы: «Айтпасақ айтпайық, хан әдил емес екен», — деп ой табады. Сыншы: «Усы елде бир ақыллы қыз бар дейди. Бизлер арзымызды соған айтайық!» — деп сын табады.

Ағайинли үш жигиттиң айтқан сөзлери менен ислеген ислерин, тыңлаўшы адам, ертеңине ханға айтып береди. Хан еситиўден буларды алдында шақырып алып: «Хош келипсиз қонақларым, менде жумысларыңыз барма еди?» — деп сорайды. Жигитлер: «Жумысымыз бар еди. Бирақ, оны сиз шешип бере алмайсыз. Елиңизде бир ақыллы қыз бар дейди. Биз жумысымызды соған айтамыз», — деп жуўап береди. Хан булардан: «Сизлер жүзимди, гөшти неге жемединлер?», — деп сорайды «Қонақлар: «Жүзим адамның қаны менен суўғарылған екен. Ал, бизге писирип алып келген қойыңыздың анасы ийит екен. Соннан кейин бизлер жемедик деп жуўап қайтарады.

Хан дәрҳал жүзимниң бағманы менен қойшы шопанды шақырып алады. Булардан анығын айтыўды талап етеди. Сонда бағманшы: «Тақсыр, булардың айтқаны ырас. Өйткени, жүзим пискен ўақта бағқа бир уры келди. Мен сол урыны атып өлтирип, жүзимниң түбине көмип едим. Жүзимниң адамның қаны менен суўғарылғанлығы сол», — дейди. Қойшы: «Бул қонақларға асып берген қой, анасынан туўылғанда, анасы туўыўдан өлип қалды. Сонда мен қозыны өлтирмей аман алып қалыў ушын, қозыны изиме ертип жүрген қаншығыма аўызландырып едим. Қойдың анасының ийт екенлиги соннан», — дейди.

Хан бул үш жигиттиң жүдә ақыллы, ойшыл, сыншыл екен-

лигине ҳайран қалады. Булардан барлық ислердиң анығын билип алған хан, қонақлардың кетиўине руқсат етеди.

Үш ағайинли жигит сорастырып ақыллы қыздың үйине барады. Оған:

— Биз үшеўимиз бир гүзе алтынға шерик едик, сол алтынды урлаттық. Биз үшеўимиз туўысқанбыз, сол үшын алтынымызға да, жанымызға да зыян келтирмей, алтынды урлаған адамнан өндирип берсеңиз, жақсы болар еди? — деп арыз етеди.

Ақыллы қыз булардың арызына айтыўдан ақ жақсы түсинедиде:

— Сизлерге мениң бир саўалым бар, сол саўалыма жуўап берсеңлер мен алтыныңызды зыянсыз туўып беремен, — дейди. Қыздың бул айтқанына жигитлер қайыл болады.

Буннан кейин, қыз сөзин тымсал менен былай баслайды:

— Өткен ўақытта бир бай болып, оның ақыллы, сулыў бир қызы болады. Сол байдың бир шопаны болып, оның да ақыллы сулыў бир баласы болады. Байдың қызы менен шопанның баласы қатар жаслы еди. Екеўи бир мектепте сабақлас болып оқып жүре береди.

Бай бир күни мектепти питирген қызын оқыўға жибермекши болып, шопанның баласын қойларын бақтырыўға алып қалыўды ойлайды. Сонда қыз әкесине барып: — «Мына баланы оқыўға жибермесең, менде оқыўға бармайман», — дейди. Бай илажсыздан баланың да оқыўға барыўына руқсат етеди.

Баланың ата-анасы: «азық, гарежет жеткерип бере алмаймыз», — деп баласын оқыўға жибергиси келмейди. Бул сөзди еситкен қыз: «азық-гарежет жағынан балаңызға өзим жәрдем беремен» — деп баланы өзи менен бирге, оқыўға алып кетеди. Булар оқыўға кирип, екеўи оқый береди. Бир күни қызда, бала да бир-бирине ашық екенлигин билдиреди. «Бирақ, — дейди бала қызға, — сен байдың қызысаң, ал, мен болсам шопанның баласыман. Екеўимиздиң муҳаббаттымызды сениң ата-анаң қабыл етпейди ғой».

Сонда қыз: «Сен маған ашықлығыңа исеним билдирсең, мен өмиримди сениң жолыңа бағышлайман», — дейди балаға. Бала:

— Олай болса, шәрт не боласын? — дейди. Сонда қыз: «Екеўимизде көкирегимиздиң арасына нан қойып, қушақласып, еки көкиректи бир қосайық деп шәрт етеди. Екеўи шәртти орынлайды.

Буннан кейин қыз: «Сениң денеңнен басқа денеге денем тийетуғын болса, мениң өмиримниң ақыры болсын! — деп ант етеди. Бала да: «Мениң өмиримде солай болсын!» — дем ант етип, екеўи оқып жүре береди.

Бай қызын қалың малға сатып байыў мақсетинде, оқыўдан

шақырып алдырады. Қызын көп мал бергени ушын, бир байдың баласына береди. Байдың баласы «күйеў қәдесине» келген ўақытта қыз оған былай дейди: — Екеўимиздиң әкемниң үйинде жатқанымыз болмас. Мени тез аўылына алып бар, ендиги жағын сол жақта көремиз». Жигит буған келисим берип, қызды елине алып барады. Елинде үлкен той береди. Той тарқағаннан кейин отаў үйге кирген қыз, жигитке өз басындағы ўақыялардың ҳәммесин айтады.

Қыз сөзиниң ақырында: — «Мен ҳәзир сенликпен. Бирақ, мениң пәлен деген жерде ашық жигитим бар. Сол жигитке қосылмасам, мен ҳәзир ақ өлип кетиўге қайылман. Сиз бир мәртебе ҳаялы кеткен деп атансаңызда, мениң сол жигитке болған ашықлығымды есапқа алып, мениң соған қосылыўыма жәрдем етиң?» — деп өтинип соранады.

Жигит ойланып: — «Қой, бул болмас. Мен еки ашықтың өмирин зая етпейин, қатыны кеткен жигит екен деп атанғанша, өз аўызымнан жуўап берип, малымнан кешкеним абзал,» — деп қызға руқсат етеди.

Қыздың ашық жигити мектепти питкергенен кейин елине келе алмай, басқа бир елге барып, хызмет ислеп жүр еди. Бир-биринің аўҳалынан қыз екеўи хат арқалы хабардар еди.

Қыз руқсат алыўдан өзиниң ашығы болған бурынғы жигитин излеп кетеди. Қыз қыя шөлде әбигер шегип, елсиз жерлерден кетип баратырса, алдында қурыўлы турған бир шатыр шығады. Шатырдың қасында жаў-жарағы ер басына илиўли, көп аттың байлаўлы турғанын көреди. Қыз неде болса барып суў ишип жан сақлайын деп шатырға кирип барады. Барса адамлардың кәбап, шай ишип, мәс болып отырғанын көреди. Қыз отырғанларға сәлем берип: «Мен шаршап, шөллеп ҳәм аш болып киятырған жолаўшыман. Маған шай-суў, нан берің?» деп сорайды.

Отырған жигитлер дәрҳал қызды отырғызып, алдына дастурхан менен шай әкелип қояды да өзлери сыртқа шығып кетеди. Қыз шайын ишип болып, далаға шықса, жигитлер бир төбениң басына шығып, үлкен мәсләҳәтте отырғанын көреди. Қыз жигитлерге барып: «Әй, жапанда жаннан безген батырлар, сизлер мениң өлмей, тири қалыўыма себепши болғаныңыз ушын рахмет. Мен жолаўшыман. «Жолаўшының қарызы жүрсе питеди» деген енди, маған руқсат етсеңиз?», — деп сорайды.

Сол ўақытта жигитлердиң басшысы: «Бизлер жапанда жүрген қырық қарақшымыз, жанынан безген ата бийзар урыларымыз. Усылардың басшысы: мен — атым Қайсар дегенмен. Бир адамның өлимин, бир шыбынның өлгениндей көрмеймиз. Бир уртлам суў ушын бир неше жанды жоқ өтип кете беремиз. Сен болсаң бизге ғайыптан келген ең қымбатлы олжасаң. Сонын

ушын, сени ким алыўы керек. Сол туўралы кеңесип отырмыз», — дейди.

Қыз: «Әй, жапан дүзди бийлеген қырық қасқырдың баслығы Қайсар аға! Мен сизлерге өз басымдағы аўҳалымды айтайын. Соннан соң мени не қылсаңызларда тайынман», — депти. Қайсар қыздың сөзин тыңлайды. Қыз бир шопанның баласына өлермен ашық екенлигин, өзин мал берип алған бир байдың баласының шопаннын баласына қосылыўға келисим берип, мал дүньясынан кешкенлигин, толық баян етип түсиндиреди. Шопанның баласының бул жөниндеги исенимли белгисин көрсетеди. Енди, мениң жас денемди, қыя шөлде қалдырсаңыз да, ямаса, ерлик етип, мениң кетиўиме руқсат етсеңизде өзлериңиз билерсизлер?!» — дейди.

Сонда қырық қарақшының баслығы Қайсар жигитлери менен ойласып келип, қызға руқсат етеди.

Жолаўшы қыз бир неше күн жол жүрип, ашық жигитин таўып алады. Жигит қыз ға басынан өткен ўақыялардың ҳәммесин айта келип, былай дейди: «Әй, көкирекке нан қойған, шәрт үстине жан қойған ашығым! Енди, сен мениң ата-анамды қарыздықор етип, маған қосылсаң да өзин бил, егер, өзиниң ашықлық шәртинди кешип, мал бериўшиге тийсең де өзиң бил?» — депти. Сонда байдың ақыллы қызы: «Егер солардың бәри де екеўнмиздиң ашықлығымыз ушын, мал-дүньялары менен олжаларынан, ҳақ кеўли менен кешкен болса, менде сениң ҳақ кеўлиң ушын, сизге қурбанман депти», — деп сөзин таўысқан ақыллы қыз үш жигитке қарап:

— Әй, арзагөй ақыллы даналар! Мениң сизлерге беремен деген саўалым усы. Бундағы қызға мал берип, сонша малынан кешкен бай баласы мәрт пе кептерге кепин пишип жүрип, сондай олжадан кешкен қырық қарақшы мәрт пе? Я болмаса, араға нан қойып, ант еткен шәрти бойынша, ашығын излеген қыз мәрт пе?», — деп сорайды.

Сонда арзагөйлердиң ең үлкени.

Ақылшы: «Бизиң таппай жүргенимиз дүнья ғой. Сол ушында, бар малын берип, алған ҳаялынан кешкен бай баласы мәрт», — дейди. Ортаншы иниси Ойшы: «Дүньяда ашықлық жүрекке дүнья жетпейди. Сол ушында, көкирекке нан қойып, ант еткен шәрти бойынша ашығын излеп келген қыз мәрт», — дейди. Гезек иниси Сыншыға келипти. Ол: «Өзлери гәззап уры болса, олар қырық жерден жыйнала отырып, аўызлары бир болса, сол ушында, аңсат қолына түскен олжадан кешкен қарақшылар мәрт», — дейди.

Сол ўақытта ақыллы қыз: «Уры табылды. Ҳақ-ҳақты мақтайды. Ашық-ашық жүректи мақтайды. Уры урыны мақтайды»,

— деген халқымыз. Алтынды алған сиз. Сиз тез алтынды мында алып келин?!» — деп Сыншыға буйрық береди. Сыншы: — Мақул тақсыр! — деп алтынды алып келип, қыздың алдына қояды.

— Мениң гүнамды көшириўиңизди сорайман. Себеби, мен алтынды алмақшы болып, еки ағамнан урлап алғаным жоқ. Бул алтында ашылмаған сыр, көрилмеген сын бар екен. Сол бар екен. Сол сыр менен сын ашылсын деп жасырған едим. Мине, бул сыр менен сын сиз деп жасырған едим. Мине, бул сыр менен сын сиз туўралы екен. Олда болса ашылды. Енди, сиз ҳүкимиңизди ете берин?», — деп бала қызға басын ийеди.

Қызда үшеўиниң алдында басын ийип: «Сизлердиң ақыл-ой сырларыңыз бенен мениң басым қәдирленди», — деп ғәзийнесинен еки гүзе алтынды алып келип, үш гүзе алтынды қатар қояды. «Мине, мынаў мениң сизлерге берген сыйлығым. Қәле үшеўин алың, қәле үштен бөлип алың, ояғын өзлериң билиң?» — дейди.

Сонда Ақылшы турып: «Мынаў бир гүзе алтын атамыздың ўәсият енписи» еди. Сол гүзе алтынды үшеўимиз бөлип алайық? Қалғанларын теңдей бөлип бериўге өзиң жәрдем етиң? — деп қызға өтиниш етеди.

Қыз үш гүзени үш жерге төгип, ҳәрқайсысын қылыш пенен еки шапты. Алтын үшке бөлинди. Солай етип, бөлинген алтынды үш гүзеге үштен санап көрсе, бир теңге аз, яки көп болмай, теңдей, мың тилладан бөлинипти. Мийманлар ҳәрқайсы бир гүзе алтынды алып, қыздың қатты данышпан ақыллылығына ырза болып, елине қайтыпты.

* * *

Ертеде Сырым деген уры, бир түйеши қазақтың бийесин урлап кеткен. Сонда түйеши қазақ Сырымның үйине барып, онын менен айтысқан. Сондағы екеўиниң айтысы.

Түйеши:

— Мениң атым Түйеши,
Келди сөздиң жүйеси.
Былтырғы алып кеткен,
Топыр шолақ байталдың,
Изинен қуўып келген,
Мен боламан ийеси.

Сырым:

— Сениң атың болса Түйеши,
Келсе сөздиң жүйеси.
Былтырғы алып кеткен байталдың,
Быйыл изинен қуўып келип жүрген болсаң,
Бетиңе сениң бес қазанның күйеси! — депти.

* * *

Бурын қарақалпақлардың қыят-ашамайлы урыўлары бир басыўда дийханшылық еткен. Булардың еккен егини жүдә питик болады.

Бир күни ханыны одамлары қыят-ашамайлының еккен егинлериниң питик екенлигин көрип, бул ҳаққында ханға барып, былай дейди: «Тақсыр ханымыз!, Быйыл қыят-ашамайлылар басыўға егин египти. Егини жүдә питик болған. Соларға дәйек (салғырт) жүргизсеңиз жақсы болар еди?» — дейди олар жағымпазланып.

Сол бойынша хан барып дәйек жыйнап қайтыў ушын Исламхожаны жибереди. Ол елге келип салық жынаўды жүргизе баслайды. Бул аўҳалды еки урыўдың бийлери еситеди. Булар буған арланады, намысы келеди. Халық Исламхожанын дәйек жыйнаўына қарсы болады.

Бир күни қыят урыўының бийи Өтепберген, ашамайлы урыўының бийлери Артық бий Самурат бийлер өз-ара кенесип, бул ҳаққында ханға барып арза етейик, — деген жуўмаққа келеди.

Ертенине үш бий ханға барып арза етиўге атланады. Ханның ең өтимли Мырзабаш деген ўәзири бар еди. Соның үйинде қонып, онтөрт күнге шекем үш бий ханға арза етеди. Бирақ, арзыларын хан питкермейди.

Ең соңында Мырзабаш ўәзир буларға былай деп кеңес береди: «Сизлер ханның алдына тағы бир ирет кирин. Бунда тақсыр ханымыз, бизлердиң еккен жеримиз, сизиң қанжығалы мөриңиз бенен қатым етилген жер еди. Сол жерге ким өнсери, ким ярым ағары туқым таслап егин егип еди. Халықтың аўызы жаңа көккө тийгенде ўақытта Исламхожаңыз дәйек жыйнаўға келди. Қысқасы, бул егистен Исламхожаға ҳешнәрсе төленбейди. Төленгендей орны, жағдайы жоқ», — деп айтың дейди.

Сол күнниң ертенине қарақалпақ бийлери; «Ер жигит ели ушын туўылып, ели ушын өледи», — деген бизлер не ушын қорқамыз. Тайсалмай айтайық деген пәт пенен ханның алдына үшеўинде кирип барады.

Барыўдан Өтепберген бий: «Тақсыр ханымыз, сизге айтар ең соңғы арзымыз бар?» — деп сорайды.

Хан: «Қәне айтың? — дейди.

Сонда Өтепберген бий: «Мырза баш ўәзирдиң айтың деген сөзин ханға толық айтып береди.

Хан булардың бул иретки нағыз таўып айтқан сөзине ҳайран болып, бул сөзди сизлерге ким үйретти? — деп үш мәртебеге.... шекем такрарлап сорайды. Булар бизлерге ҳешкимде үйреткен жоқ. Бул сөзди өзлеримиз айтып отырмыз деп, үйреткен адамды айтпайды.

Артық бий: «Тақсыр, сиз өнбеген даўларыңызды өндирип бериў — мениң мойнымда, — деп ўәде етип едиңиз ғой?» — дейди. Қәне, сизиң өнбеген даўларымызды өндирип бериўге жәрдем еткениңиз, өтирик сөз ханға жарасама?» — деп ашыўланады.

Самурат бий: «Бизиң халықларымыздан дәйек жыйнаўға жиберген хожаңыз егинди егерде бизлерден қоспулы деп бес жүз теңге де алып еди», — деди.

Булардан кейин, Өтепберген бий: «Таўдай ағасы бардың, тастай жүреги болады», — деген Самурат ағаның пәтин қайтармаң тақсыр? — деди.

Хан қарақалпақ бийлериниң сөзди ҳәр тәреплеме таўып айтқанлығын есапқа алып: «Өтепберген жан, тилеклериңиз орынланады», — дейди.

Сол ўақытта Өтепберген ханға былай деп пәтия береди.

— Алдыңнан дәрья буўмағай,
Кейиңнен душпан қуўмағай,
Саған жаманлық еткен адам,
Бул дүньяда оңбағай? —

Ертеңине ўәзирлер қайтайын деп атырғанда, бир ғарры бесжүз тилланы алып келип: «Мә, мына Исламхожаның «қоспулы» деп алған бесжүз тилласы. Усы тилланы ханымыз алсын деп жиберди, — дейди. Бирақ, жүз тилласын ҳажы, жүз тилласын ўәзирлер ушын өтесин, — деп атыр дейди.

* * *

Бир күни бир топар адамлар ортасында «қуран уллы ма, нан уллы ма» деген тартыс болыпты Биреў «қуран уллы, онда қудайдиң пайғамбардың сөзлери, ийман-намаз парызлары жазылған» десе, биреў лери» нан уллы, егер қуран оқымай жүре алсаң да, нан жемей жүре алмайсаң» деседи.

Усы тартыста нанды жақлаўшылардан биреўи ийшанға барып:

— Ассалаўма әлейкум, тақсыр, — деп саққа жүгинип қос қоллап қолынан алып, — тақсыр, биреў меннен «қуран уллы ма, нан уллы ма» деп сорап еди, мен нан уллы дедим, қалай айтаман?», — деди.

— Ўақ, улым, қәтелесипсиз ғой, қуран уллы ғой, садағаң кетейин қуранға не жетипти, — деп жыламсырып сақалын сыйпап қойыпты.

Жигит ашыўланып ийшан отырған мешиттиң өжиресине қулып урып кетип қалыпти. Жигит азанда кетип түсте қайтып келсе, мешиттиң аўзында турған адамларды көрип, ийшанға нанның қәдирин көрсетейин деп, — сол адамлар менен аўыз бириктирипти. Ийшан иште аштан ыңырсып түн жарпына шекем жатыпты.

— Тақсыр, ийшан, өзиңиз «ҳәр нәрсеге шыдаў керек» деп бизлерди урып, ашқа қамайтуғын едиңиз ғой, өзиңиз де бир шыдап көриң ақыры, — депти адамлар оған тәмбисин берип.

Ертеңине сәскеде жигитлер ийшан жатқан өжиреңиң пәтигине жарты нанды қойып:

— Мә, тақсыр, нан алып жеңиз! — деп кеткен болып сол жерде аңлып отырады. Аш болып отырған ийшан нанды көрген ўақытта күлип қоя берипти. Ийшан пәтиктеги нанды алайын деп әри бери секирип ала алмаған соң текшедеги қуранларды текшелеп үйип үстине шығыпты. Онда да бойы жетпей, жоқары умтыла бергенде, басындағы сәллеси даладағы боқлыққа түсип кетипти. Ийшан сәллесине қарамай нанды алып, үйиўли қуранлардың үстинен түсе бергенде, далада аңлып отырған жигитлер кирип келип:

— Ҳаў, буның не тақсыр, қуран уллы ма, ямаса нан уллы ма? — деп сорапты. Ийшан сақалын бир сийпапты да, көзин жумып, «биссимилла» деп нанды жей баслапты, Сонда сыртта турған жигитлер:

Садағаң кетейин ҳәзирет,
Ийшаным едиң тоқлықта,
Бир күнги ашқа шыдамай,
Сәллең қалды боқлықта, —

деп ийшанның сәллесин тартысып күлисе баслапты.

* * *

Қарақалпақлардың Хийўа ханына бағынышлы болып турған ўағы екен. Қарақалпақтың онтөрт бийи Хийўа ханының шақырығына кетип баратырып, жолда адасыпты. Олар бир қум-

ның етегинде қой бағып жүрген бир балаға гезлесипти ҳәм оннан жол сорапты:

— Жетер жерде ел жоқ. Бүгинше бизиң ылашыққа мийман болағойын, — депти бала.

Бийлер баланы дәлкек етип:

— Қонсақ не сойып бересең? — депти. Бала таяғына сүйенип турып:

— Тапсам биреўин, таппасам екеўин сойып беремен, — депти.

— Ҳаў мына баланың дени саў ма? — дейди бийлердиң биреўи. Тапсаң биреўин соясаң, ал таппасаң қалай екеўин соясаң? Ол қалай? Бала үндемепти. Сонда тағы биреўи турып мурнын гәрдийтип:

— Ылашығың тар, жайғаспаймыз! Бизлер он төрт адамбыз, — депти.

— Өзимниң кеўлим тарлық етпесе, ылашығым кең сарайдай, түсе бериңлер, — депти бала тақ, — етип,

— Қой, оңырақ бир жер табайық. Жүринлер! — депти бийлердиң биреўи зәңгиге ширенип. Атларын тепсинип ала жөнелипти.

— Бара бериң, қараңғы түскен соң «әттеген-ай» дегенниң үйине жетерсиз, сонда ҳәзлесерсиз, — деп бала таяғын услап қала беripти.

Бийлер бир неше саат жол жүреди. Атлары қара суў бола ды. Қызыл қыя қум, көзге ҳеш нәрсе көринбейди. Тастай қараңғыда жол таппай, «жөн алды қарабараққа соғып» жүре алмайды. Бийлердиң биреўи:

— Әй, әттегене-ай, бағанағы баланың үйине қонып-ақ кетиўимиз керек еди, — дейди. Буның, сөзин басқалары да мақуллап, «еле де сол балаға барып, ылашығында қонып, азанда жол сорайық. Ол бала «тегин бала емес, қумды гезген бала, бир нәрсе билер», — деп ҳәммеси атларын кейин бурып, түн жарпы аўғанда өлип-талып, атлары ақ көбик болып қайтып келеди. Бала аттың дүрсилдисинен шоршып оянып, сыртқа шықса, қайтып келген бийлерди көреди. Бала ләммим деместен, бийлердиң атларын жайғастыра береди.

Бала ҳәмме атлардың жабыўларын алып, ылашығының алдына төсейди. Бийлер чай ишип отырғанда, көп ўақыттан кейин бала бир өлген ылақты қушақлап бийлердиң алдына келип:

— Отағасылар, мен тапсам бериўин сояман дегенимде күлип едиңлер, еншиме тийген бир ғана туўшам бар еди, өзи де генже буўаз еди. Әне, басқа мал таппаған соң соны сойып едим, мынаў ишинен шыққан ылағы, — деп ешкисиниң жары гөшин асып жарысын кәбап ислеп беripти.

— Мына қойлар кимдики, өзиң кимниң баласысаң атың ким? — деп бийлер жабырласып сорай баслапты.

— Қойлардың бәри де пәленкес бийдики. Өзим «Қалбай көкжал» дегенниң баласыман. Әкем Хийўа ханынан ақ пышақ алған киси, барып турған өжет еди, — дейди бала. Бийлердиң биреўи:

— Ал әкең қайда?

— Оның өзи узақ әңгиме ғой, — депти бала. Сонда бийлер:

— Таң узақ, айта бер, иним, тыңлаймыз, — деп жабырласыпты.

— Яқшы онда, сизлер жалықпасаңыз, мен айтыўға еринбейин, — деп бала күнге күйген қара көзлерин бийик қумға бир қадап, әңгимеге кириспипти.

— Мениң ата журтым анаў теңизде, бир атаўда әкем балық услап, анам шыпта тоқып күнелтип отыратуғын еди. Әкем барып турған өжет еди.

Бир күни бийдикине Хийўа ханынан салық жыйнаўшы келипти, деген менен әкем жай-жағдайын айтайын деп аўыл балықшылары менен барса, ол заңғар сәлем берип қолын созған адамларға оң аяғын усыныпты. Барлық адамлар буның тутымына таңланса да, бир нәрсе деўге баталмай, усынған аяғына қолын тийгизип «сәлемлесип» кете беripти. Сәлемлесиў гезеги бизиң әкеме де келипти. Әкем барып «Қәне тақсыр қолыңызды бериң», — деп қолын созса, қол орнына пешехананы көтерип бир аяқ шығыпты. Өжет адамның буннан басқа енди қәйерде ашыўы келеди дейсең, қалтасынан шолақ шаққысын суўырып алып басбармақтан салып жиберипти де, олжаға түсирген бармағын қалтасына салып туўры үйге қайтыпты. Тынлап отырған бийлер: «ың.... ң... аўа» деп хошлап қойыпты. Бала әнгимесин айта беripти.

Соннан кейин ашыўына буўлыққан бий «Қалбай көкжалды байлаң» депти. Келген жасаўылларға бизиң ағам: «Сизлер мени байламаңлар, бийдиң алдына өзим бараман», — деп биреўиниң артына мингесип бийдиң алдына келипти.

«Бий аға, сиз қапа болман, маған бир ат бериң, мен өзим барып Хийўа ханы менен сөйлесип келемен», — дегенде бий ашыўланып: «Мә саған, Хийўа ханы! Ҳәм адам сойып, ҳәм ханнан жарлық алып қайтатуғын сен кимсең! Қәне, көп былшылдама, жазаңды беремен. Ҳаў жигитлер, байлаң мына атаңа нәлетти! Буның ханды бассынғандай не күши бар екен? — деп ғәзепленипти. Бирақ умтылған жигитлердиң бәрин жығып салып, ағам белдеўдеги бий менен мәтердиң қос атының бирин минип, бирин жетекке алып үйге келипти. Үйдиң сыртында турып: «Ҳә, шабазым, мен Хийўаға баратырман, бес айда келе алмасам,

дарға асылып өлгеним. Онда ас-абатымды берип, ишиндеги бала болса, атын Жалғызбай қоярсаң, қыз туўсаң өзиң бил», — деп атқа қамшыны басып тартып кетипти. Сонда усы қумларды басып өтипти, — деп бала қумның бийигиндеги шаншыўлы турған қуў сырықты көрсетипти. Бирақ бийлер сырыққа қараса да баланың сырына түсинбей, «ың... ң» десип тынлап отыра берипти. Бала сөзин даўам ете берипти:

— Әкем усы қумларды басып өтип, қос атты алма гезек минип, салқын менен жүрип отырыпты. Нешше күнлер жүрип ҳарып-талып Хийўаға жетипти. Оны хан сарайы алдында дәрўазабанлар күтип алып, сорай баслапты. Сонда әкем: «Қарақалпақтың бийимен, хан шақыртқан екен, соған келдим», — депти. Таңырқаған дәрўазабан: «Ҳаў қарақалпаққа бий болсаңда ханымыз қабыл етпейди, турайда!» — депти. Жолда қарақшыларға жолығып болған соң кийимлеримди, теңгелеримди берип зорға қутылып киятырман, жиберинлер, ишке кирип азырақ тынығайынн», — деп дәрўазабанларды алдап, зорға ишке кирипти.

Тар қапылы кең сарайлардан өтип, ханның алдына барып, сәлемин берипти.

— Тақсыр! Бизиң елге бир мәтериңизди жиберген екенсиз. Барып сәлем берсек, бәримиз бенен де пешеханада жатып аяғы менен сәлемлеседи. Барған адамға аяғын сүйдиреди, қолын бермейди. Соннан усынған аяғының бас бармағын кесип алып, жалғыз өзим келип отырман, тақсыр, — деп ханның алдына бас бармақты шығарып қойыпты.

Хан сол күнниң ертеңине қос атлы жасаўыл жиберип, баяғы тәкаббыр мәтерди қуўдырып алып, дарға астырыпты, Бизиң әкеме хан бийлик дәрежесин берип, сарпай жаўып елине қайтарыпты.

Халық бурынғы залым мәтердиң келмеске кеткенине қуўанып қалыпты. Бирақ арадан неше күн өткеннен кейин баяғы кекли мәтердиң ғәззаплары әкемди аңлып жатып өлтирип кетипти. Әне, соннан қалған Жазғызбай мен едим. Анаў жалғыз қәбир мениң әкемниң қәбири, — деп бала еңкилдеп жылап жиберипти.

— Балам, оннан соң бул жерге қалай келдиң, айта бер, — деп бийлер жабырласып қоймаған соң, бала солығын басып:

— Өлген хабарын еситип излеп, елден шығып кеттим. Келсем, гөшлерин ғарға-қузғын жеп, саўсаған сүйеклери қалыпты. Бәрин жыйнап сол төбеге көмип елиме кеттим. Елиме барғаннан соң, еки айдан кейин анам да өлди. Оны да жайғастырып, енди қайда кетеримди билмей өлген әкемниң қәбириниң басына келип жатсам түсимде әкем маған: «Оң тәрепиңе бир

күн жол жүр. Бир байға ушырайсаң, соған шопан болып, отлы жер таптым деп усы жерге қойларыңды айдап кел, сөйтте жата бер, балам», — деди. Айтқанындай байды таўып алып, шопан болдым, мынаў қой-ешкилер соныки, — деп бала сөзин аяқлапты.

Бийлер қула дүзде баланың жалғыз өзи өмир сүрип жүргенине, оның ақылына, даналығына ҳайран қалып, азанда ойласып, баланы бирге алып кетиўди мақул көреди. Солай етип, қойларын байға тапсыртып, баланы алып, бийлер Хийўаға жол тартады. Бала жолда кетип баратырып Хийўа ханының теңиз тартады. Бала жолда кетип баратырып Хийўа ханының теңиз бойында, Хийўадан узақта жасаўшы пухараларына «ябыңды киснетпе, алмаўыты байталым иш таслайды», — деп әжиўа қылатуғын сөзлери ядына түсип, Хийўа ханына бир пәнт берейин деп ойлады. Нешше күн жол жүрип Хийўаға жетеди.

Бала қаланың шетинде бир жерге бийлерди тоқтатып, бир мылтық, бир түйе, бир ешки әкелип бериўди сорайды. Бийлер ҳәммесин тайын етеди. Бала көше бойлап ийт көринсе атып өлтире береди. Бул хабар ханға жетип, хан баланы шақыртып алады. Буннан кейин бала түйеге минип, ешкини алдына өңгерип сарайға кирип барыпты. Ғәзепленген хан балаға:

— Қайдан келген баласаң, неге ийтлерди атып жүрсең? — депти:

Бала:

— Мен теңиз етегиндеги узақтағы пуқараңыздың биримен. Ийтлериңниң даўысынан бизлер тыныш уйықлай алмадық. Оннан кейин келип атып атырман. — депти. Хан ашыўланып:

— Ҳаў, ахмақ бала екенсең ғой, туў алыстағы сизиң елге Хийўаның ийтлериниң даўысы қалай жетеди? — деп баланы сөгипти:

— Тақсыр-аў, бизиң айғырлардың киснегени сизиң алмаўыты байталыңыздың қулағына жеткенде, ийтлериңиздиң даўысы бизлерге жетпей ме? — депти. Баланың мына сөзине тутылған хан не дерин билмей, төмен қарапты. Сонда ханның «ақыллы» ўәзири:

— Әй, бала, сен жеккемисең я жасы үлкениң бар ма? — депти. Бала түйени көрсетип:

— Мынаў мениң жасы үлкеним, — депти.

— Ҳаў, жасы үлкен дегенниң мәнисинде билмейтуғын бийшара екенсең-аў, алдыңда сақалы селкилдеген жасы үлкениң бар ма деп сорап отырман, — депти ўәзир.

— Ҳа, сақаллы жасы үлкенди сорайсыз ба? — деп ешкиниң сақалын услап турып, — Мине сақаллы жасы үлкенимиз, — депти, қасындағы шешен ўәзириниң де баладан жеңилип қалғанына хан ҳайран болыпты.

Хан қасына баланы шақырып алып:

— Бала, сен узақтан — теңиздің бойынан келген болсаң ким дегенниң баласысаң? Бунда неге келдиң? — деп сорапты.

— Тақсыр, әкем Қалбай көкжал деген, өз атым Жалғызбай. Меним сизден тилегим, усы ўақытқа шекем бизиң елди қорлап, адам қатарына қоспай келдиңиз. Жылда салықты да басып салып, халықты қыратуғын болдыңыз. Мине, сонша ғәзийнелериң толы алтынды халыққа жумсамай, қуры сақлап қойыпсыз, өзиңиз өлген соң соннан буйыратуғыны бир кепинлик шыт. Халқың аш-жалаңаш болып атырғанда, сизиң алтын сақлап отырғаныңыз адамшылыққа туўры келер ме, тақсыр? — депти.

Соннан кейин хан да, ханның ўәзирлери де бул баланың данышпанлығына, шешенлигине, мәртлигине, ҳайран қалыпты. Нешше күнлер ханның шешенлери менен айтысып, бәрин жеңипти. Бала бийлерин шақыртып алып, теңиз бойындағы еллерди Хийўа ханынан бир жылғы алым-салықтан қутқартып, халқы тоқ-ғурғын жасап, мурат-мақсетине жетипти.

в) Шешенлик мысал айтысы

Мысал (тымсал) айтысы — белгили шешен ҳәм аса ақыллы адамлардың айтысында гезлеседи. Бунда шешен адамлар өз ойын қысқа сөз бенен терең мәнини анлатады. Мәселен, Маман бий өз заманының жүдә ақыллы адамы болған. Оннан ақыл алыўды көпшилик адамлар әрман етеди екен.

Мәдиресе салдырып атырған бир байдың аўылына киятырған Маман бий еситиўден келмей, изине қайтып кеткенде, бий изинен барып, не ушын келмей кеткенлигиниң себебин сорайды. Сонда Маман қасындағы еки жолдасының ықтыярына қаратпай алып кеткенлигин айтқанда, бай буның мәнисине түсинбейди. Сизиң қасыңызда жолдасыңыз көринбейди ғой деп исенбеслик билдиреди.

Оған Маман: «Қасындағы «ғаррылық» пенен «жарлылық» деген еки жолдасының мәнислерин айтып түсиндиргенде, не дерин билмей, сөзден жеңилген бай үйине қайтып кетеди. Бунда Маман бий «Сөз тапқанға шарым жоқ» дегендей, жоқ жерден дәлилли сөз таўып, исинип, өкпелеп киятырған байдан биймәлел аман қутылған.

«Дийқанның шешенлик сөзлери» деген айтыста күнликшиликтен бир күнде алатуғын бир теңгең көп ғой деген патшаға дийқан: «Бир теңге дегениң төрт шайы болады. Соның бир шайысын қарызыма беремен, бир шайысын қарызға беремен, бир шайысын ҳаялымыз екеўимиз аўқат етемиз. Ал қалған бир

шайыны суўға таслаймыз. Соның менен төрт шайы орнын табады. Бир теңге көп болмайды тақсыр», — деп мысал менен жуўап қайтарады. Ақырында мысалдың мәнисин түсинбеген ханға дийқанның өзи айтып түсиндиреди. Солай етип, сол күнинен баслап хан халқына дузды мол етип жеткеретуғын болыпты.

Бул айтыста хан халықты әдил дурыс басқара алмайтуғын ақылы кем, пәмсиз қатырында сүўретленсе, дийқан халқы ушын хызмет ислейтуғын ақыллы адам қатарында сүўретленеди. Дийқан ханды сөзден утып, өзиниң ойын иске асырады. Усының өзинен-ақ биз сол дәўирдеги халықтың ойы менен әрман тилегин анық көре аламыз.

«Жарлының қызының шешенлик сөзлери» деген айтысты айырым адамлар ертекке киргизген. Буған биз келисим бере алмаймыз. Өйткени, бунда баслы мәселе айтыўшы тыңлаўшыға қыздың ақыллы, тапқыр, шешен екенлигин айтып түсиндирмекши. Соны түсиндириў ушын шешен айтыстың неге байланыслы келип шыққанлығы, қалай айтысып, қалай жеңиске ерискенлиги айтыўшы тәрепинен өзинше баян етиледи. Егер айтыўшы тек еки шешенниң сөзин тыңлаўшыға айтса, ол түсиниксиз ҳәм қызықсыз болып көринер еди.

Сонлықтан да шешенлик сөзлердиң ертектей баян етилетуғынлығына қарап, мынаў ертек екен деп екеўин шатастырмаў керек. Себеби бунда да айтыўшы тыңлаўшыға айтыстың шығыў тарийхынан баслап, өзинше шебер, қызық етип баянлап беретуғынлығын есапқа алмасақ мәселени жеңил, үстиртин түсинген болып табыламыз. Биз сөз етип отырған шешенлик айтыста бир бай баласын сынаў ушын мысал сөз айтқанда оған баласы түсинбейды. Қыз мәнисин айтып, балаға жәрдем етеди. Байдың хат арқалы айтқан мысал сөзиниң мәнисине де қыз жақсы түсинип, оны өлимнен аман алып қалады. Бунда жарлы қызының тапқыр, ақыллы, шешенлик образы баслы ҳәм гийкарғы мәселе болып көринип тур.

«Ақыллы ғаррының шешенлик сөзлери» деген айтыста ертек емес, шешенлик айтысқа киреди. Бул шешенлик айтыс үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе. Бунда: «биреўге гөр қазба өзин түсесең» дегендей, жазықсыз адамға жаманлық ислеген адамлардың өзлери утылысқа ушырап, ғаррының жеңиске ерискенлиги ҳаққындағы идея менен ўақыя тамам болады.

«Шешенниң хан менен мысал айтысы» деген айтыс сол дәўирдеги ханның аса кеткен жөнсиз зулымлығын көрсетиўде жүдә характерли. Бунда хан шикарға шығарда сонша жылдан бери кеселленип атырған қызын: «Кимде-ким өлди деп изимнен барып хабарласа, оны өлим жазасына буйыраман», — деп ес-

кертеди. Кейинсинше, қыз да әкеси шикарға кеткенде қайтыс болады. Халық не қыларын билмей, қатты қыйналады. Әри ойланып, бери ойланып, ең соңында атақлы шешен адамның жәрдеми менен өлимнен аман қутылыўға ериседи.

Мине, буннан шешен адамлардың өз ўақтыда халық ушын баҳалы жумысларды ислеп, жүдә әҳмийетли рольди атқарғанлығы ҳәм халық арасында өз ақылы, тапқырлылығы, сөзге шебер шешенлиги менен үлкен абырайға ерискен қәдирли адамлар екенлиги еске түседи.

Жарлының қызы Бийбиштиң шешенлик сөзлеринде қыз ҳаяллыққа алмақшы болған ханның қармағынан өзинин ақыллы шешенлиги менен аман қутылып, өз теңине қосылады.

Өмирбек лаққы өзининң мысал сөзлери арқалы сықмар, шығымсыз байға пәнт берип, оның үстинен жеңиске ерисип отырады.

Шешенлик айтыста сөз жарыстырыў ушын арнайы излеп келип те айтысатуғын болған. Мәселен, қазақлардың Киши жүзининң ханы Мырзағул Ийманов қарақалпақлардың бир жас қызынан жеңилип елине қайтып кетеди. Хан қыздан: «аўылыңызда қазан бар ма?», — деп сорайды. Сонда қыз: «Ел болған жерде қазан болады. Атам менен шешемниң, ағам менен жеңгемниң қазанлары бар. Олар күнде асып-түсирилип отыр. Ал енди өзимниң қазаным бар. Оны әкеңниң геллесин ассаң да берилмейди», — деп жуўап қайтарады. Бунда өткир, ашшы сатиралық тил бар. Бирден қыздың қатты соққысына ушыраған хан қарақалпақлардың басқа шешенлери менен ҳал сынасыўға қорқады. Буның өзи қарақалпақ халқының сөзге шебер, шешен адамлар екенлигинен дәрек береди.

* * *

Жийренше шешен қыз айттырмаға бир жақларға кетип баратырса, алдынан бир ғарры шығады. Жийренше ғарры менен жолдас болып баратырып оған:

— Отағасы, жолды қысқартайық — дейди.

«Бул қандай жилли, узақ жолда қысқара ма екен?» — дейди ғарры ишинен. Тағы бираз жүргеннен кейин Жийренше:

— Ағаш қазанға тамақ писирейик, отағасы? — дейди.

— Буның дени шынында да саў емес шығар, ағаш қазан да бола ма? — екен дейди ғарры.

Сөйтип баратырғанда жол бөлинип, Жийренше ғаррыдан айырылып, жөнине кетеди.

Жийренше кетип баратырса, үш қыз тезек терип арқалаўға таярланып атыр екен. Сол ўақытта бир пәс жаўын жаўады. Қызлардың ишинен еки қыз қабындағы буған арқанын шешип

алып, тезегининң астына кирип отырады. Олардың тезеги сүў болады. Бир қыз буўған қабын шешпей көйлегин шешип отынана жаўып отыра береди. Жаўын тынғаннан соң, тезегин арқалап кете береди.

Жийренше қыздың бул ҳийлесин көрип қызға: — Бул не қылғаның? — депти.

— Анаў қызлардың отыны суў болды, менің отыным қурғақ қалды, үйиме барғанша көйлегим де кеўип кетеди. Барып отынымды жақсам, үйим де жыллы болады — дейди. Жийренше сөзди басқа жаққа бурып:

— Егер сизиң аўылға қонақ барса, оны не менен сыйлайды? — деп сорайды. Сонда қыз:

— Тапқан биреўин сояды, таппаған екеўин сояды, — дейди. Қыз отынын арқалап үйине кетеди. Жийшенше артынан солүйге келип қонақ болады. Қыздың әкеси үйине келсе, бағанағы жолда көрген мылжың киси» үйине отыр екен. Ғарры қызын далаға шақырып алып, «бул адам мылжың киси, сөзининң дузы жоқ бағана жолда бирге жолдас болдым, маған: «узақ жолды қысқартайық, ағаш қазанға тамақ писирейик», — деп басымды қатырды дейди.

— Ата, түсинбепсен, бул күтә ақыллы адам екен, «узын жоляы қысқартайық» дегени: — Ғарры сөз айт, дегени, «ағаш қазанға тамақ писирейик» дегени от жағып, нан қыздырып жейик дегени, — дейди.

Сөйтип Жийреншени қонақ қылып қондырады. Бир буўаз ешкиси бар екен. Соны Жийреншеге сойып береди. Қыздың таппаған екеўин сояды дегени, таппаған киси қысырдың орнына буўаз малын сояды, дегени екен.

Жийренше бул қыз бизге мүнасип екен деп, оны айттырады. Әке-шешеси ҳешнәрсе демейди.

Қыз шашын сыйпайды. Жийренше сақалын сыйпайды. Буның мәниси: қыз шашым шелли мал бер дегенин, Жийренше сақалым шелли мал беремен дегенин билдиреди. Жийренше қызды сөз бенен женип алады. Қыздың аты-Қаракөз екен. Ҳаялы Жийреншеге барҳама ақыл берип туратуғын болады. Ҳаялының ақыллығынан Жийреншеник Жийренше аты шығады.

Қыз күтә сулыў да екен. Патша бул қызды Жийреншеге мүнәсип көрмей, өзи алмақшы болады, Жийреншени қайтып өлтиреринің есабын таппай, Жийреншени шақырыпы алып:

— Саған қырық қошқар беремен, соларды қырық күнде қозылатып бересен, егер қозылатпасаң өлтиремен, — дейди.

Жийренше қайтып үйине келеди де, буны ҳаялына айтады Ҳаялы буннан ҳеш қорықпа, бул өзи келген даўлет, патшаның

пирин келиге қамаймыз, қойдың күнде биреўин соя бер, — дейди.

Соннан патшаға барып, берген қойың үйине айдап келеди. Олардың келетуғынын билип, Жийреншениң ҳаялы қалған бир қошқарды да сойып, билегин сыбанып, билегине қанды жағып отыра береди. Патша келип:

— Жийренше, үйде бармысаң, бар болсаң далаға шық? — дейди. Сол ўақытта Жийреншениң қатыны қанға боялған билегин түрип далаға шығады.

— Жийренше қайда? — дейди хан.

— Жийренше ҳәзир жас босанып еди, — дейди. Патша буған таң қалып:

— Еркек адам да жас босана ма екен? — дейди. Сонда қатын:

— Төрелигиңизге қуллық тақсыр, еркек қойдың қозылағанын қайда көрип едиңиз? — дейди. Бул сөзден патша жеңилип, ғырра кейнине қайта береди. Сөйтип Жийреншениң ҳаялы шешенликти Жийреншеден де өтирипти дейди.

* * *

Хан ҳәмелдарлары Жийреншениң ханның ақылгөйи болып жүргенин қызғанып, оны орнынан түсирмекши болып Жийреншени ханға жаманлайды. Хан булардың сөзин мақул көрген менен оны қалай сарайдан қуўыўдың есабын таба алмайды.

Сонда ханның бир ақылгөйи әй тақсыр, ҳәзир Жийренше келеди, сол ўақытта оның отыратуғын орнына басқа биреўди отырғызып қойайық. Жийренше кирип келгенде ҳеш қайсымыз оған «келдиң бе, кеттиң бе» демейик, орынларымыздан турмайық. Жийренше күтә аршыл адам, бизлердиң исимизди көрген Жийренше сөз жоқ таслап кетип қалады, — депти.

Бул ақыл ҳәммеге мақул түсипти. Айтқанындай азмаздан кейин Жийренше келипти. Жийренше сарайға кирсе, өзинин күндеги отыратуғын жеринде басқа биреў отырыпты, хан ҳәм оның ҳәмелдарларының Жийренше менен иси болмағанын сезген Жийренше:

— Даргаҳинга келдим кирип,
Мениң орным андийип тур,
Уллылардың сарайында,
Есик бет ҳәм төр дийип тур,

— деп есикте отыра беripти.

Хан Жийреншеге қайыл болып, оны өзиниң орнына шығарып ҳүрмет менен сыйласық ислепти.

* * *

Жәнибек хан Жийреншениң ҳаялына ашық болыпты. Хан Жийреншени алысқа жумсап жибериўдиң есабын таппай ўәзирлери менен ойласыпты. Сонда бир ўәзир:

— Жийреншени узақ аўыллардың бирине салық жыйнаўға жиберің! — деп ақыл берипти. Хан ўәзирдиң айтқанындай Жийреншени елден салық жыйнап қайтыўға жиберипти. Жийренше кеткеннен кейин хан оның үйине қонаққа келеди.

Жийреншениң ҳаялы ханды сыйлап қонақ асы берипти. Жатар ўақта хан:

— Үйиңизге бир ақшам мийман боламыз, төсек салын, — депти.

Сол ўақытта Жийреншениң ҳаялы:

— Тақсыр, өткен ўақытта бир қасқыр бир малды аўара еткен екен, оның үстине бир аш жолбарыс келип, қасқырды қуўып салып, өликти жемекши болыпты, сол ўақытта жолбарыс өзинен-өзи:«Ҳаў мен болсам жолбарыспан, анаў болса, қасқыр, ал мен оның әўере еткенин жейин деп атырман, қой, бул болмас», — деп кетип қалған екен, — дейди.

Хан ҳаялдың сөзине түсинип, сөзден утылып үйине қайтып келипти. Ертеңине түнде Жийренше үйине келипти. Сонда ҳаялы:

— Сен бүгин үйде жатпа, өйткени сен ханның тапсырмасын орынламағаның ушын ол сени өлтиреди. Ханның тулпарының жанына барып жат. Ол сени көрип: «Не қылып жатырған адамсаң» деп сорар, сонда сен: «мен Жийреншемен, үйдиң алдын? барып едим, бир жолбарыстың үйге кирген изин көрдим, соннан қорқып үйге бара алмай, усы жерде жатырман» деп айтқайсаң, — дейди.

Жийренше ханның тулпарының жанына барып жатады. Таң алдында хан келип Жийреншеден: — Не қылып атырған адамсаң? — деп сорайды. Жийренше ҳаялының айтқанын айтады. Сонда хан:

— Ҳәй бадбақ, екинши бундай сөзди айтпа, бар ғазийнеден көтергениңше ал, — деп жуўап берипти. Сөйтип Жийренше базарлық пенен үйине келипти.

* * *

Ерназар алакөз бир күни үйине отын әкелиў ушын, отын жибин алып тоғайға кетипти. Усы ўақытта Хийўа ханы Мадемин қарақалпақлардан салық жыйнап әкелиўге еки жасаўылын Ерназар алакөзге жиберипти. Бул жасаўыллар жолда тоғайдың ишинде отын алып атырған Ерназар алакөзге жолығып, оннан Ерназар алакөздиң үйин сорапты.

Сол ўақытта Ерназар өзин танытпай, үйине силтеп жиберипти де, өзи олардың изин ала бир арқа отын арқалап үйине келипти. Ол үйине келгеннен кейин, қонақлары менен қайта көрисип, өзиниң Ерназар алакөз екенин таныстырыпты. Бирақ, ханнан келген еки жасаўыл: «Хан Ерназар! — деп көтермелей береди. Бул болса, ҳаялының отынын тасып жүр», — деп буған кеўиллери толмайды.

Жасаўыллар сол күни мийман болып, ертеңине Ерназарға ханның тапсырмасын айтып, қайтып кетеди. Жасаўыллар ханға барып: «Мақтап жүрген Ерназарың ҳаялының отынын тасып жүр. Оның қолынан салық жыйнаў келмейди», — деп жаманлапты. Хан бул сөзди еситип, қатты ашыўы келеди.

Бир күнлери Ерназар халықтан жыйналған салықты алып Хиўа ханына барыпты. Азанда ханның қабыллаўшысына келгенлигин билдирипти. Бирақ, хан баяғы жасаўыллардың айтқан сөзине ерип Ерназар менен бир ҳәптеге шекем сөйлеспепти.

Бир күни Ерназардың қатты ашыўы келип, ханның үстине кирип барыпты. Хан Ерназардың ашыў менен келгенин көрип:

— Ерназар қарақалпақ, салықты алып келдиң бе? — депти.

—Аўа, алып келдим, — деп жуўап беripти.

— Онда ертең аңға шығамыз, соған атынды таярла, — деп хан Ерназарға руқсат етипти.

Ертеңине Ерназар, хан ҳәм оның ҳәмелдарлары менен ан аўлаўға шыгады. Бир жерлерге барғанда алдыларынан бир кийик қашады. Булардың ҳәммеси изинен қуўады. Бирақ, ханның ҳәмелдарларының аты жолда қалып қояды. Ал, хан менен Ерназардың аты жүйриклик етип бираз жерге асып кетеди.

Кийикти услап алғаннан кейин хан Ерназарға:

— Мен отын әкелейин, сен от жағып кабап исле, — дейди.

Сонда Ерназар;

— Жоқ, тақсыр, сиз отыра беriң. Ҳәммесин өзим тайын етемен, — деп услаған кийигин сойып отыра береди.

Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин хан аш болып шыдамайды.

— Мен отын әкелемен, сен от жағып тезирек писир, — деп хан отын әкелип, кийиктиң гөшин кабап етип жейди. Сол ўақытта Ерназар алакөз:

— Тақсыр, биз ҳаялда, сиз еркексиз, — дейди. Хан буған түсинбейди. Ерназар бул сөзин және қайтадан ашық айтады.

— Тақсыр, «хожалық» деген мысал тап усындай болады, — дейди Ерназар.

Сол ўақытта хан еки жасаўылдың «Ерназар алакөз ҳаялының отынын әкеледи екен» деген сөзине ерип, Ерназар менен бир ҳәптеге шекем сөйлеспегени есине түсип, қатты уялады. Сөйтип,

ол Ерназардың ақылға жетик, зор адам екенлигин мойынлапты.

* * *

Бир күни Маманбий бир жаққа атланып кетип баратырып, бир аўылдың үстине дус келип қалады. Ол аўылда бир қурғын бай адам медиресе салдырып атыр екен.

Маманбий бул адамның аўылы екенлигин билиўден атының басын бурып, киятырған изине қарай қайтып кетип қалыпты.

Медиресени салдырып атырған адам, аўылына Маманбийдиң киятырғанын еситеди. Ол Маманбий келсе, бизиң үйге келер, ҳармасын айтар, оның ақылынан пайдаланып қаларман», — деп ойлайды.

Бай көп кешикпей Маманбийдиң изине қайтып кеткенлигин еситеди. Бай буған өзинен өзи ҳайран болып, әдеўир қапа болады. Маманбий ақыллы адам еди. Оның келмегени жақсы болмады. Мениң медиресе салдырғанымның оған жақпайтуғын себеби болды ма екен? Шынында, медресени салмай турып, онын менен ойласып алмаған екенмен!

Еледе болса, сол адамның изинен жетип сөйлесип қалайын, — деген ойға келеди.

Бай тез бир атқа минип алып, Маманбийдиң изинен қуўып кетеди. Көп узамай оның изинен жетеди. Бай Маманбий менен сәлемлеседи. Буннан кейин, оған: «Үйине барып, ҳармасын айтпағанлығына өкпелегенлигин айтады.

Сонда Маманбий байға былай дейди: — Мен сизиң үйге барып ҳармасын айтатуғын едим. Мениң еки жолдасым ықтыярыма қоймай, мени қайтарып алып кетти.

— Бай: «Тақсыр! Қасыңызда жолдасыныз көринбейди. Қәне жолдасыңыз?» — депти.

Маманбий: — Мениң қасымда сизге көринбейтуғын еки жолдасым бар, — деп жуўап береди.

Бай: — Биз көре алмасақ сол көринбейтуғын жолдасыңызды өзиниз ақ айтып беriң, — депти.

Маманбий: — Онда мен саған айтып берейин, сиз тыңлаң! Мениң жолдасымның биреўи — ғаррылық, екиншиси жарлылық, — дейди.

Бай «Тақсыр, бул сөзиниз жүдә дурыс. Бирақ, сизден дәме етип турған адам барма? Бизге сениң ҳешнәрсеңиз керек емес. Бизге, тек сизиң ақылыңыз ғана керек. Биз сизиң ақылыңыздан пайдалансақ болды. Бизге сизиң ақылыңыздан зор жәрдем жоқ», — депти.

Маманбий: — Жоқ, шырағым! Барайын деп, сондай талўас еттим. Сонда «Жарлылық» деген жолдасым: «Бардың-бардың,

бир өгиз алып барып, сойып медреседе қызмет ислеп-атырған адамларды бир тойдырғандай шаман болмаса, қурыдан-қуры сымпыйып барыўың әбес (жараспайды)», — деди.

Оны да тыңламай жүре берип едим. «Ғаррылық» деген жолдасым атымның жылаўын услап: — Қурыдан-қуры барғанының әлеми (айыбы) болмас еди. Өзиң жас болсаң, ғырпылдаған қарыўың болса, ҳармасын айтып болып, шешинип иске түсип кетсең, ҳарығанша көмек берип, журтқа үлги болсаң, жақсы болар еди. Ҳәзирги барғаныңның ислеп атырған адамлардың жумысына кесенти тийеди. Оннан басқа, оған келтиретуғын пайдаң жоқ, — деди.

— Мине, мениң еки жолдасымның сөзлери, маған үлкен қамшы болды. Мен жолдасларымның сөзлерин есапқа алып, сырттан пәтиямды бердим де, изиме қайта бердим. Сен мени жоқламай ақ қой. Ҳарымай мийнет ислеп, жумысыңды, питкериўге қарыў сала бер! — деп, Маманбий жолына түсип кете беripти.

Сөзинн таўып айткан Маманбийге байда ҳешнәрсе айта алмай үиине қайтып келипти.

* * *

Бурынғы өткен заманда жалғыз баласы бар бир бай болыпты. Бала әкесиниң «перзентим бар екен аў» дегендей кеўилин толтырмапты. Сонлықтан бай «мениң перзентим жоқ» деп ойлайды екен ҳәм ол баласының жартуўсызлығынан тўнилип, адам қатарына да санамайды екен. Бала жигирма жети жасына шыққанша үйленип, өз алдына турмыс қурыўдың жөнинде билмепти. Қулласы, әкесиниң берген ақылына, астарлы сөзлериниң мәнисине баласының қылғын иси, қайтарған жуўабы уғрас келмепти. Бир күни бай баласына бир пада қойды шопаны менен тапсырып:

— Усы қойларды базарға сатып пулын әкел, сатпай өзин әкел, — депти. Бала қойларды шопанға айдатып, қалаға баратуғын гүзар жол менен мойнына қурық түскендей болып қайғырып кете береди. — Алдын кешлетип, қалаға жақынлағанда тыныс алыў мақсети менен бир жарлы адамның үйине қонады. Ол үй байдың баласы менен қасындағы шопанға тапқаның асып берип жатқарады. Бирақ бала түнде уйықлай алмай ыңырсып, аўдарылып түсе береди. Өзинен-өзи сарсылып, аўыр гүрсинеди. Усы аўҳалды сезген жарлының қызы:

— Қонақ, сиз неге уйықламайсыз, неге қайғылана бересиз, бизиң қонақ асымызға кеўлиниз толмай атыр ма? — дейди.

— Жоқ, олай емес, қарындасым, уйқымның бөлинип атырған себеби, әкем маған бир пада қой берип «сатып пулын әкел, сатпай өзин әкел» деп еди. Соны не қыларымды билмей ҳайран болып атырман, — дейди бала.

— Қойың бурын қырқылмаған болса, ертен қырқып жүнин апар, ол өзи болады, сатып пулын апар — ол қойдың қуны болады, — дейди. қыз сәл сыңқылдап күлип қойып.

Бала азан менен қолына қырқлық алып, қойлардың шетинен жүнин қырқып, барлығын жыйнап үлкен бир ала қапқа салып аўзын буўады да, қойларды базарға апарып өткенине сатып келеди. Сөйтип, еки аўыз сөздиң мәнисин кеўилдегидей етип шешкенлигине мардыйып қайта береди. Үйине барғаннан кейин бай баласының сөзине инанбай, жанағы жарлы қызының аўылына жол тартады. Қыздың үйине келип, оған баласын үйлиндирмекши болып, айттырып ақырында дүнья малға жығып алып қайтады.

* * *

Бир күнлери бай атланып, малға қолайлы жайлаў излеп жүрген де көп қарақшыларға ушырасады. Қарақшылар байды тутып алып, өзин өлтирип, астындағы атын, үстиндеги кийимлерин тонап алмақшы болады. Сонда бай қарақшыларға:

— Мени сизлер өлтирип кийимлеримди ҳәм атымды, алған менен не болмақшысыз. Мениң төрт түлигим бар, соның бир түлигин алғанда ҳәзирги қолыңызға түсип турған затлардан он есе артық болады ҳәм бәриңизге де толық жетеди. Сизлер екеўиниз барып айдап алып қайтың, мен хат жазып берип жеберейин, — депти. Буған урылар да көнипти. Қарақшылар менен мақулласкәнынан кейин бай үйине мынадай деп хат жазыпты: «Қырқ қара нарды алдына салып, қырқ қызыл нарды кейнине салып, желмая менен тайлақты ортасына салып айдап қайтын. Олар алдыңызға түсип жүрмесе, есиктиң алдындағы еки байтеректиң биреўин түбинен шаўып жоқ етип, биреўин геллеклеп шырпып келиң, — деп, хатты еки атлының қолына тапсырыпты. Олар байдан жолдың силтеўин алып, кеш болғанда дийдилеген жерге де жетип, байдың жазған хатын келинине беripти. Баланың ҳаялы оқып көрип, бир қойды сойдырып, қуптан шамасында аўылдың жасы үлкен ҳәм жас жигитлерин шақыртып, қолларыңызға пышақ алып турың деп барлығында тамақландырыпты. Байдың келини аўқаттан соң атамның тарғып жазып жиберген хаты мынаў деп толайым адамға оқып көрсетипти. Хаттың мәнисине ҳешкимде түсинбепти. Оннан соң байдың келини бийәдеплик болмаса мен шешип берейин қайнағалар, курдаслар деп, хатты қайтадан оқыйды.

Атам бийшара мынаў қарақшылардың қолына түскен екен: «Қырқ қара нарды алдына салып дегени — аўылдың қырқ ба-

тырына жол баслатып, қырқ қызыл нарды кейнине салып дегени— қырқ жигитти кейине салып, желмая менен тайлақ дегени бизлер екеўимизди шақырып, есиктиң алдындағы еки байтеректиң биреўин қырқып, биреўин шырпып кел дегени, мынаў еки қарақшының бирин өлтирип, екиншисиниң қулақ мурнын кесип, алдыңызға салып, жолды көрсетип келер дегени екен» — дей бергенде, үйдеги жигитлер қашшан биреўин өлтирип, биреўиниң қулақ-мурнын кесип журдай етип қолын артына байлап турған екен.

Азанда шырпылған қарақшыны алдына салып қуўа-қуўа ҳәпзаматта бай турған жерге келсе, булардың дүбирин еситиўден ақ қарақшылар тоғайға сиңип, қашып кеткен екен. Сөйтип, байды өлим қурығынан ақыллы келини азат етипти. Буған дейин айтылып жүрген «алтын баслы ҳаялдан, бақа баслы еркек жақсы» деген нақыл бийкарға шығыпты, «Ақыллы арымайды, алтын ширимейди».

* * *

Бурынғы өткен заманда бир патша болыпты. Ол мудамы астарлы мәнисте сөйлейтуғын адам екен. Сонлықтанда, патшаның ўәзирлери оны: «Барып турған ҳәкис адам. Астарлы сөзлерине адам тү сине алмайды» — деп сыртынан сөз етеди екен. Күнлерден бир күн патша дүньядан қайтады. Орнына онеки жасар баласы патша болады. Бул да әкесиндей астарлы мәнисте сөйлейтуғын адам болып жетиседи.

Жас патшаның ақыл-нәсият айтып отыратуғын ақыллы ўәзири болады. Бул ўәзирдиң ақыллы екенлигин қызғанатуғын патшаның басқа ўәзирлери ақыллы ўәзирди сыртынан патшаға жаманлап, ўәзирликтен шығартып жибереди.

Ақыллы ўәзирдиң (ғаррының) бала-шағалары оба кеселинен өлип, турмысы қамбағалласады. Бир күни ғарры ўәзир ўақтындағы ўәзирлик таяғын қолына алып, патшадан жәрдем сораў ушын, оның алдына барады. Патша келген қамбағал ғаррыға қарап:

— Ғарры! — деди.

— Ғарры, ләббәй тақсыр, — деди.

Патша: — Ентелетипсең — тентелетипсең, ертелете алмадың ба?, — деп сорайды.

Ғарры: — Ентелетсем қәйтейин, тентелетсем қәйтейин, турдым жығылдым, турдым жығылдым, — дейди. Патша басын шайқап көп ойланып аяғандай болады.

Патша: — Ғарры, — дейди.

Ғарры: — Ләббай тақсыр, — деп даўыс береди.

Патша: — Аласа теректен қар жаўғалы күнде ме, ҳәптеде ме, айында ма, жылында ма?, — деп сорайды.

Ғарры: — Күнде де, ҳәптеде де айында да, жылында да жоқ, — деп жуўап береди. Патша тағы да басын шайқап аяғандай болып, әдеўир ойланып отырады.

Патша: — Ғарры! — деди.

Ғарры: — Ләббәй тақсыр, — деди.

Патша: — Алыс пенен жуўықпысаң, жақын менен жырақпысаң? — деп сорады.

Ғарры: — Алыс пенен жырақпан. Жақын менен жуўықпан, — дейди.

Патша астарлы сөзиниң мәнисине түсинип иркилмей жуўап қайтарғаны ушын, ғаррыға бир ләген алтың береди. Ғарры алтынды алып, патшадан руқсат сорап кетип баратыр еди. Сол ўақытта патша ғаррыға:

— Ағар-ағар — деди.

Ғарры: — «Тақсыр, бирақ.... Магар-магар — деп жуўап береди.

Патша менен ғаррының астарлы мәнистеги сөйлескен сөзлерин патшаның ўәзирлери тыңлап отырады. Ғарры кеткеннен кейин патша ўәзирлерине: —«Мен ғаррыға қандай сораўларды бердим, ғарры меним сораўларыма қалай жуўап берди. Усы екеўимиздиң астарлы мәнисли сөйлескен сөзлеримиздиң мәнислерин айтып бериң? Ойланыўға үш күн мәўлет беремен. Дурыс айтып берсеңлер жақсы ақыллы ўәзир болып аталасыз, егер айтып бере алмасаңыз сизлердиң тири болғаныңыздан өлгенлериңиз артық. Бәриңизди де дарға асып өлтиремен», — дейди.

Ўәзирлер ханның алдынан шығыўдан адамлардан, хан менен ғаррының сөйлескен сөзлериниң мәнислерин сорай баслайды. Ҳешким оның мәнисин айтып бере алмады. Берилген мәўлет күниниң еки күни өтип, бир күни қалады. Енди, не қыламыз? «Биреўге гөр қазба, өзиң түсесең», — деген, бизлер ғаррыға жаманлық ислеп едик. — Енди бизлердиң қазған гөримизге ол ол емес бизлерди сазыўар етти, — деп ўәзирлердиң барлығы әлбырай баслады.

Ең соңында ўәзирлер өзара ойласып: «Еле де болса сол ғаррының өзине барайық. Ҳәрқайсымыз бир ләгеннен алтын берейик. Бизлерди өлтирмей аман алып қалыўдың есабын сол ғаррының өзи табар», — деген жуўмаққа келеди. Алпыс ўәзир ғаррыға келип, ҳәрқайсысы бир ләгеннен алпыс ләген алтынды береди. «Бизлерди қалай етсең де өзиң есабын таўып, өлимнен аман алып қал», — деп жалынады.

Ақыллы ғарры: «Яқшы олай болса, сизлер мына алпыс ләген алтынды ҳәм мени патшаның алдына алып барың?» — деди.

Уәзирлер алып барды. Сол ўақытта патша ғаррыға қарап:
— Ғарры — деди.
Ғарры: — Ләббәй тақсыр, — деди.
Патша: — Мен сизге агар-агар деп едим ғой, — деди.
Ғарры: — Аўа, тақсыр! Менде сизге бирақ... «магар-магар» деп едим ғой, — деди.

Буннан кейин патша ғаррыдан сөзден жеңилгенлигин сезип, онда мына ўәзирлерге екеўимиздиң сөйлескен сөзлеримиздиң мәнислерин өзиң аң айтып бере ғой, — деп руқсат етеди.

Ғарры патша менен сөйлескен сөзлериниң мәнислерин былай деп айтып береди.

— Патшаның меннен: «ентелетипсең, тентелетипсең, ертелете алмадың ба?» — деп сорағаны, усынша жасқа келгенше үйленип, бала-шағалы бола алмадың ба, балаларың ержетпедиме? — деген сөзи еди. Сол ўақытта мен: «ентелетсем қәйтейин, тентелетсем қәйтейин, жүрдим жығылдым, турдым жығылдым» дедим. Буның мәниси мен ертеден аң үйленим едим, бала-шағалы болдым. Бирақ, бала-шағам өле берди, өле берди», — дегеним еди. Буннан кейин патша маған ҳаял алып бермекши болып: «Аласа теректен қар жаўғалы күнде ме, ҳәптеде ме, айында ма, жылында ма? — деп сорады. Оның бул сорағаны шашына ақ түскели «сениң шаман қалай?» — деген еди. Мен оған: «күнде де, ҳәптеде де, айында да, жылында да жоқпан», — дедим. Бул мениң шамам жоқ, сол айтқанларыңның биреўинеде шамам келмейди», — деген сөзим еди. «Патшаның:» Алпыс пенен жуўықпысаң жақын менен жыракпысаң?» — дегени көзиң алыстан көре алама, я жақыннан көре алама? — деген сораўы еди.

Мен алыс пенен жыракпан, жақын менен жуўықпан деп жуўап бердим. Бул мениң көзим алыстан көре алмайды. Жақын нан зорға көре алады», — деген жуўабым еди.

Патша мениң сораўларға түсинип дурыс жуўап бергенлигимди есапқа алып, маған өлгенше жатып жейтуғын бир ләген алтын берди. Мен алтынды алып шығып баратыр едим. Патша: маған «агар-агар» деди. Буның мәниси «сен усы сөзлерди биреўге айтсаң, өлим жазасын аласаң», — дегени еди. Мен оған: «тақсыр, бирақ...» «магар-магар» деп жуўап бердим. Бул айтқанымның мәниси: «Бирақ, кимде-ким маған өзимниң қунымды бере ғойса, соған бул сөзлерди айтаман», — деген сөзим еди.

Ғарры ўәзирлерге қарап: «Мине, сизлер маған алпыс ләген алтын бердиңлер, бул мениң қуным болып табылады. Соның ушында, сизлерге патша менен сөйлескен сөзимниң мәнислерин айтып отырман», — деди. Солай етип, ақыллы ғаррының ханды

сөзден утыўына байланыслы, алпыс ўәзир ханның өлимінен аман қалады.

* * *

Бир патшаның қызы узақ кеселленип үйинде жатыпты. Бир күни кеселленген қыздың әкеси анға шығып кетеринде былай дейди: «Кимде-ким қызымды өлди деп изимнен барса, сол адамды өлтиремен», — деп патша анға шығып кетипти. Қасқана, қызда патшаның анға шығып кеткенинде қаза таўыпты. Қызының өлгенлигин патшаға хабарландырмаса, бунда да гүналы хабарландырса бунда да гүналы. Адамлар неқыларын билмей ҳайран болып, үлкен ойға кетипти.

Ең соңында бир адам мынадай ақыл табады: Елден бир сөзге шешен, адам табайық. Сол адам қалай болмасын, жол таўып, ханға ҳабарлап, алып келиўине жәрдем етер, — депти. Солай етип, елден бир шешен адамды табады. Оны көп миннетдаршылық пенен патшаға барыўға көнликтиреди. Шешен қызының қаза тапқанын хабарлап, патшаны әкелиўге атланыпты. Сондағы шешен менен патшаның сораў — жуўап айтысы:

Шешен:

Сәрўи гүлдиң саясында,
Солды гүл нетпек керек?

Патша:

Сәрўи ден табыт жасап,
Гүлден кепин етпек керек.

Шешен:

Гүлден әзиз не нәрсе бар,
Ширисе нетпек керек?

Патша:

Сәрўини отқа жағып
Күлин оған сеппек керек.

г) Ойын-дәлкек, ҳәзил айтысы

Қарақалпақ халқы бурын көбинше дийқаншылық кәсиби менен шуғылланса, қоңсылас қазақ халқы көбинше мал шарўашылығы кәсиби менен шуғылланады. Сонлықтан да, еки халық бир-бирінде жоқ нәрселерди өз-ара алысып-берисип, дослық қатнасықта жасап келген.

Бир күни қарақалпақ халқының атақлы бийи Маманның үйине қазақ тамыры келип:

Бәрекелла Маманым,
Келисе берсин заманың,
Жаз болса жарқылдасын кетпенің,
Пите берсин сепкенің,
Минекей, саған әкеп жапқан шекпенім, —

деп сыйлыққа алып келген шекпенин Маманның үстине жабады. Сонда Маман бий де қазақ тамырын сыйлап, оған бир түйе дән береди. Маманның бир түйе дән бергенине кеўили питкен қазақ тамыры ойын-дәлкек, ҳәзил иретинде Маманға: «Қарақалпақ бизиң дийқанымыз, егинимизди егип береди», — дейди. Маман бий қазақ тамырына: «Қазақ бизиң тамырымыз, кийимимизди тигип береди», — деп жуўап қайтарады. Бул ойын-дәлкек, ҳәзиллесиўлер еки халық арасындағы қарым-қатнасықты күшейте беріўде баҳалы роль атқаратуғын, еки халықтың да бурыннан киятырған дәстүри.

Жоқарыдағы ойын-дәлкек, ҳәзил айтысының шамалы өзгешелеў екинши варианты Қыят урыўының бийи Өтепбергенниң сөзлеринде де ушырасады. Бунда қазақ халқының сөзге жүйрик бир шешени Өтепберген менен айтыста жеңилип, елине қайтады. Сонда биреў сынаў ушын: «Сизлер Өтепбергенди қалай баҳалайсыз», — деп сораганда, қазақ дослары: «Өтепбергенниң ерни қайрақ, аўызы пәки екен», — деп баҳа берген.

Демек, жуўап айтысларындай шешенлик айтысларында да биреў екинши биреўдиң сөзин иретли жерінде өзинше пайдаланып айтатуғын болған.

Өмирбек лаққы менен Досназар солақай екеўиниң ойын-дәлкек, ҳәзил айтысында бир-бирин жибериспейтуғын тапқырлылық пенен жүйрик ойлардың көриниси бар. Еки шешенниң сөзин оқығанында адамда ерксиз пайда болады.

Халық аўзында: «Сөз келгенде айтпасаң, өлгенде айтасаң ба? — деген нақыл бар. Дәстүринде шайыр ҳәм шешен адамлар сөзден ирети келгенде қарап қалмайды. Не де болса қайтпай айтып, ишиндеги дебдиўин шығарады. Мәселен, Сыдық шайыр өзиниң жорасы Турым жүзбасының үйине қонақ болып барғанда, Турым бий, қонағына асық жиликти берип, өзи тоқпақ жиликти алады.

Жорасының бул әдетин ерси көрген Сыдық жорасына былай дейди:

— Турым жүзбасы, Асық жиликти қонағына берип, тоқпақ жиликти өзиң услап, үйиңе қонақ қонып па еди бурын жүз басы?!.

Сөзден утылған Турым ертеңине Сыдықты сарпайлап қайтарады.

д) Шешенлик, юмор-сатиралық айтысы

«Қырық өтирик айтқан шопанның шешенлик сөзлери», «Ханды жеңген шешен», «Ханды жеңген бала» айтысларында хан ҳәм оның гелле кесер жәлладлары әшкара етиледи. Ханның ақылсызлығы күлкиге алынады. Езилиўши класс ўәкиллери үстем класс ўәкиллери үстинен жеңиске ерисип отырады.

Мәселен, «Қырық өтирик айтқан шопаннан хан «Сениң мурның неге пушық?» — деп сораған ўақытта ол: «Хан дегенде қырық кисинин ақылы болады дейтуғын еди. Тақсыр сизде бир кисиниң де ақылы жоқ екен. Соншама музды сындырып жүрген баста мурыннан не қалсын», — деп ханды сөзден жеңеди.

Екинши «Ханды жеңген шешен» деген айтыста хан шешеннен: «Сен неге қудайдың атын масқараладың?» — деп сорайды. Сонда шешен: «Менің атым қудай емес, Құдайберген еди. Мына адамларың «бергенин» айтуўға қаратпай, қудай деген ўағымда урып-сабап, сизиң алдыңызға әкелди», — деген ўақта хан не дерин билмей сөзден утылады.

Дабылдың шешенлик сөзлеринде өтирик сөйлеп, халықты алдаўшы еки жүзли суўпы моллаларға пәнт береди. Аўырған йитине, май түспеген гүбисине дуўа сораған ҳаялға: Ерте жат та, ерте тур. Бир пискекти артық ур, Сонда майың түседи», — деп дуўа жазып береди.

Шешенлик юмор-сатиралық айтыста жол таўып, дәлил таўып, тәсил таўып жеңген, утқан есап. Буған «жигиттиң қызкелиншеклерди жеңген тәсиллик сөзи», «Жигиттиң тәсиллик сөзи», «Урының тәсиллик сөзи» деген айтыслар мысал болады. Мәселен, қойды урлаўға келген бир уры услағанда, не сораса соған «әрийне» деп жуўап бере береди. Мал иесси: бул еси жарым жинли шығар», — деп босатып жибереди. Сонда қалай қутылдың? — деп сораған адамға уры: «Қойға келген уры едик, «әрийне» деп қутылдық», — дейди.

«Өлимнен аман қалған шешен» деген айтыста шешен адамлардың сөзден жеңилгенди үлкен ар билип қыйналатуғынлығы байқалады. «Шешен» деген атақ халқымыз тәрепинен бийкарға берилмейди. Танылған адамға ғана беріледи. Бул қымбатлы атаққа ерискен адамның буныңдай ҳүрметли дәрежеден түсип

қаламан ба деп қыйналыўы оның шешенлик айтысты шыннан сүйе туғынлығын, оған жан-тәни менен берилгенлигин аңлатады.

Мәселен, айтыста жеңилген шешен қатты аўырып, гүзет болып жатырғанында жеңген шешени келип, оннан былай деп кеўил сорайды: «Қалайсаң достым? Мен кеўлиңди сорап келдим ғой. Мени таныйсаң ба?» — деп қайта-қайта айта береди. Сонда ҳал үстинде жатқан шешен: «Мениң қатыным емесписең?» — дейди. Сөзден жеңилген шешен усы таныўың болса... деп ишинен сөгинип кетип қалады. Сол ўақыттан баслап наўқас шешен тәўир бола баслапты.

Өмирбек лаққы бир ийшанға суўпы болғанда, оның жалған, өтирик сөзлери қулағына жақпайды. Пиринен қалай болмасын, себебин таўып қутылыўдың мақсетинде болады. Бир күни пири менен бир жаққа бармақшы болып, жаптың паяпылынан өтерде пирин билқастан суўға мантықтырып, көрмес азабын береди. Бул азапға арланып қатты қәҳәри келген пири: «Сендей суўпының атасына мың нәлет, Маған ялғаншы суўпы керек емес» дегенде, Өмирбек те оған: «Ол дүньяда қыл көпир деген болады. Соннан аман алып өтиўге, себепши болар деп сизге суўпы болған едим. Ал сиз қыл көпир түўе, салманың паяпылынан да мени алып өте алмадыңыз. Маған да сиздей пирдин кереги жоқ!» — деп оннан ансат қутылады. Бунда ийшанның «о дүнья» деп халықты алдап, мийнетсиз халықтың арқасынан күн кеширетуғынлығы ашшы сатиралық тил менен әшкара етилген.

Жийренше шешен үстем класс ийелерин өлтире әшкаралаўда халықтың ақыллы, тапқыр данышпан ўәкили сыпатында сүўретленеди. Ол қаңбақ арқалы, байыўлы арқалы ханлардың ақылсызлығы менен зулымлығын ашықтан-ашық бетине айтып, олардың жанына тийеди. Ханлардың үстинен сықақ етип күледи. Шешенниң ашшы күлкисине шыдамаған хан: «Мен сондай залым болғаным ба?» — деп қызады. Жийренше шешенниң ханларға болған бул жеккөринишли көзқарасын, халықлардың ханларға болған жеккөринишли көзқарасы деп түсинемиз.

* * *

Хийўаның ханы кетип баратырғанда Хийўадан узақ емес жерге «Гөже» деген бир қышлаққа баратырып адасыпты. Сонда хан қасындағы жолдаслары менен бирге жолда турған баладан:

— Ҳа бала, Гөженин жолы қайсы? — деп аттың үстинде турып жекиринипти.

— Сонда бала:

— Гөженің жолы минекей, аға! — деп бармағы менен гегирдегин көрсетипти. Хан балаға не дерин билмей сөзден иркилип қалыпты.

* * *

Күнлерде бир күн батыр менен молла екеўи табақлас болып қалыпты. Табақ толы палаўды бөлисип жеўлери керек ғой. Бирақ, олай болмапты. Молла «бисмилла ҳиррахима нирраҳим» деп айтаман дегенше батыр қолын толтырып бир асаған екен, табақ орта түсипти. Қолын тағы табаққа сала бергенде, шыдай алмай:

— Биссмилла айтпадыңыз, жегениңиз дурыс емес, — депти молла.

Сонда батыр:

— Сиз бисмилласын кәмине келтирип отыра бериң, жеўин өзим жеп беремен, — депти.

Сөзден утылған молла аўқаттан бос қалыпты.

* * *

Бурынғы заманда патшалар зулым болған. Халыққа азап берип, қазы ийшанлар ийман айттырады екен. Бир күни бир адам жәлладлардың сораўына жуўап бере алмай қалыпты. Соннан кейин олар:

— Атыңды айт?! — деп сорапты.

— Атым қудай, — деп жуўап беripти. Патшаның адамлары жаңағы адамды «Сен қудайдың атын масқараладың», — деп урып, сабап, ханның алдына апарыпты.

— Сен неге қудайдың атын масқараладың? Сени өлим жазасына буйыраман. Айт расынды, — деп жекиринипти патша.

— Мениң атым «Қудай» емес, Қудайберген еди, мынаў адамларың» бергенин» айтыўға қаратпай «қудай» деген ўағымда урып, сабап сизиң алдыңызға әкелди, — депти ол. Патша сөзден жеңилип қалыпты. Жаңағы адам аман қутылып кетипти.

* * *

Ертеде бир хан 40 аўыз өтирик айтқан адамға, қызымды беремен депти. Сонда елден 40 өтирик айтқандай адам табылмапты. Бир күни бир шопан келип, «мен айтаман» депти.

— Тақсыр, бир қоян урып алып едим, ишинен бир ярым батпан май шықты. Етигиме жағып едим, биреўине жетип еди, биреўине жетпей қалды. Соннан етигим төбелесип атыр екен. Май жақпаған етигимди еки урдым, май жаққан етигимди бир мәрте урдым.

Азанда турсам, май жақпаған етигим қашып кетипти. Бир етигимди бир аяғыма суғып жүрип едим, жүре алмадым, еки аяғымды бир етикке суғып едим, ана таўдан бир басып, мына таўдан бир басып, бир садақаның үстинен шықтым. Қарасам

усы садақада тақ етигим табақ тартып жүр екен. Меннен қорыққанынан қос табақ, сасқанынан үш табақ, бир өзиме бес табақ әкелди. Бәрин ишип-жеп, тойып алып кеттим.

Бир байталым бар еди, сол байталым пошалап кеткен екен. Биик таўдың басына шығып қарасам көринбеди. Сәйтип турғанда, әңиримнен көзи жоқ бир ийне таўып алып, бир аўлақ жерге шаншып, үстине минип қарап турсам, байталым жети қардың аржағында жайылып жүр екен. Жақынлап барсам, бир дәрья шықты, қынымды минип пышағымды есип баратыр едим, батып кеттим. Пышағыма минип, қынымды ескек етип едим, өттим де кеттим. Барсам, бийем қулынлап қалған екен. Услап алып байталымды минип, қулынымды алдыма алып едим, байталым жата қалды. Қулынымды минип, байталымды алдыма алып, көлге келдим. Байталымды суўғарайын десем, муз қатып қалыпты, тептим-тептим ойылмады Соннан кейин басымды суўырып алып, кергидегимнен услап музды урып едим, көлдиң музы ойылады. Сонда хан: «Көл дегениң бир кишкене көлшик шығар — депти. «Көлшик болса көлшик шығар, тақсыр, бир жағынан ушқан қара қус аржағына қанаты талып зорға жететуғын еди», дейди. «Қара қус дегениң жапалақ шығар», — деди хан. «Жапалақ болса жапалақ шығар, тақсыр, бир үйге қанаты үзик болатуғын еди» дейди. «Үй дегениң жаппа шығар», — деди. «Жаппа болса, жаппа шығар, есигинен мөңиреген буғанның даўысы төрине тал-тал баратуғын еди» — деди.

Усыншама өтириктиң бәрин айттың, ал сениң мурның неге пушық?— дейди хан.

— Хан дегенде 40 жигиттиң ақылы болады дейтуғын еди, тақсыр, сизде бир кисиниң де ақылы жоқ екен. Соншама музды сындырып жүрген баста мурыннан не қалсын, — депти.

Соннан кейин сөзден жеңилген хан, қызын бериўге ырзашылығын берипти.

* * *

Аббаз шайырдың әкеси Дабылда шайыр ҳәм сөзге шешен адам болған. Ол саўатлы болғанлықтан, жас жигит ўақтында ийшанның анаў я мынаў хатларын жазатуғын хаткери болып та ислейди. Ийшан өзиниң жазатуғын хатын өзиниң атынан көпшилик жағдайда Дабылға жаздырады екен.

Мәселен, моллалар ол ўақытлары қырға шыққанда Сыр дәрьядан өтетуғын болған. Бир күни қырға шыққан молларды бул жақтағы ийшанның қойған, адамы (дарғасы) ақшасыз өткермеген. Ақша төлегиси келмеген сықмар молла сымақ суўпылар ийшанға келип: «Бизлерди дәрьяға қойған дарғаң ақшасыз өткермей атыр. Сол адамға ашқасыз өткер деп бир аўыз

хат жазып бериң, — дейди. Ийшан мениң атымнан Дабылжан жазады, соған айтың деп силтейди. Дабыл молларға былай деп хат жазып береди: «Суўпы бәдбақтан алың теңгени, берсе берсин бермесе өткере бериң өңгени».

Хатты алған моллалар ешейин ақшасыз өтетуғын болдық деп дарғаға барып хатты берсе: «Ақша берсин, егер бермесе, оларды өткермей, ақша берген басқа адамларды өткериң», — деп жазыпты деп оқып береди. Моллалар ҳайран болып, бир-бирине қарасады. Солай етип, суўпылар Дабылдан есинен шықпастай пәнт жейди.

* * *

Бир адам ийшанға: «мениң ийтим аўырды, дуўа бериң?» — деп күнде келип қоймайды. Дуўа ҳақы деп ет ҳәм елтири тери алып келеди. Бул адамға Дабыл:

Ийтиң, ийтиң ийтиңе,
Ийтиңниң боғы бетиңе,
Ийтке дуўа жоқ еди,
Дуўа бердим мен саған,
Елтири менен етиңе —

деп дуўа жазып береди. Ийеси дуўаны ийттиң мойнына тағып қояды. Әдеўир күнлерден кейин ийшан ийттиң мойнында тағылы дуўаны көреди. Ол ийтти услап алып, дуўаны оқып көрсе, жоқарыдағыша жазылған екен. Ийшан буны Дабылдың жазғанлығын биледи.

* * *

Бир ҳаял: «Гүбимнен май түспейди, дуўа бер?» — деп күнде келе береди. Ийшан дуўа жазып бериўди Дабылға силтейди. Дабыл ҳаялға:

Ерте жатта, ерте тур,
Бир пискекти артық ур.
Сонда майын түседи, — деп дуўа жазып береди.

* * *

Ертеде бир жигит гүна ислеп, ханның алдына алып барылады. Хан жигиттен:

— Қәне, сен бул гүналарыңды не ушын иследиң? — деп сорайды. Сонда жигит ханға:

— Үш ай тоқсан — буўра гүйи,
Сәўир салқын — жылқы гүйи,

Саратан, әсет — малдың гүйи,
Мийзан, қазан — қошқар гүйи,
Онбес қыздың — гүйи,
Жигирма бес — жигит гүйи.

Мениң «гүйим» келип иследим тақсыр, — деп жуўап береди. Жигиттиң таўып айтқан шешенлик сөзи ушын хан оның гүнасын кеширип қайтарып жибереди.

* * *

Бир күни шикардан қайтып киятырғанда алдынан бир қаңбақ домалап өте береди. Хан Жийреншеге қарап:

— Бар, ана қаңбақтан хабар алып кел, қай жаққа баратырған екен? — дейди.

— Жақсы, болады тақсыр! — деп қаңбақтың изинен ат қояды.

Бир ойпатлаў жерге келгенде қаңбақты қамшысының дәстеси менен бир майдан иркип турады да жибере берип, ханға қайтып келеди.

— Сорадың ба? Қайда барады екен? — дейди хана.

— Сорадым тақсыр. Мениң көшеримди-жел билсин, қонарымды — сай билсин. Сени жиберген ханың ақылсыз. Мени услаған сен де ақылсыз, — деди де қаңғып кетти! — дейди Жийренше.

* * *

Бурынғы өткен заманда,
Жәнибек хан болады,
Семиз бенен тазларға,
Салғырт салып алады.

Сонда да қалта толмады,
Толар заман болмады,
Отырған халқын постырып,
Қуры тамы қалады.

Әне, усы Жәнибек деген хан менен Жийренше шешен қус салып, шикардан қайтып киятырғанда, бир гөне тамда қонақлап отырған үш байўылыны көреди. Хан шешенге:

— Бар, анаў байўылылар не сөйлесип отырған екен? Билип кел! — дейди.

— Әжеп тақсыр! — деп Жийренше байыўлыларға жақынлап барып, қолындағы найзасына сүйенип турып-турып қайтып келеди.

— Тақсыр, сөйлестим, — дейди.

— Не сөйлесип атырған екен? — дейди хан.

— Байыўлылар бир-бирине қуда түсип, қалың мал айтысып атырған екен, — дейди шешен.

— Қалың малына не береди екен? Не сорап атырған екен? — дейди хан.

— Гил гөне тамларды береди екен. Биреўи қызының қалынына 300 гөне там сорап отырған екен. Екиншиси 300 емес 200 гөне там берейин дейди оған. Ортасындағы кәткудасы: «Сен қыйналма! Жәнибек хан саў болып, журт сорап туратуғын оолса, 300 емес, жақында бес жүз гөне там босап қалады, азсынбай қызыңды бере ғой» деп отырған екен! — дейди шешен.

Сонда хан оған қарап:

— Мен сондай залым болғаным ба? — дейди.

— Залым-залым емесиңди билмеймен. Байыўлылар соны айтысып отырған екен! — дейди.

Жәнибек хан сонда ғана өзиниң зулым болып, жөнсиз журт постырғанын есине алады.

* * *

Өмирбек лаққы жасаған заманда, қонақ қондырмайтуғын, қонса да онлап сыйламайтуғын, сықмар, шығымсыз бир бай болыпты Бир күни Өмирбек бир жолдасын ертип екеўи сол байдың үйине қыдырып барып, еки күн жатыпты. Байдың ҳаялы илажсыздан майды азмаз шажлап, көгерип кеткен, қатты нанлардан туўрап, нан сорпа писирип беріпти. Буған қанаатланбаған конақлары байға пәнт беріўдиң жолын қарастыра баслапты, керегениң басында турған қойдың төсине көзи түсипти. Екеўи сыртқы шығып, Өмирбек жолдасына:

— Үйге кирген соң екеўимиз бир нәрсени сылтаўлап урысайық, жәнжеллесип, төбелеске шек і барысайық. Бай екеўимизди арашалап, биреўимизди сыртқа алып шыққандай болса, қалғанымыз төсти еплеп жасырып алып шығайық! — депти. Бул жолдасына да мақул түсипти.

Булар үйге қайта келип отырған соң, сәл нәрседен ерегисип, жәнжел шығарып, жағаласқан ўақытта бай арашаға түсип, Өмирбекти сыртқа алып шығыпты. Иште қалған жолдасы төсти ҳәм жерине жайғастыра алмай жүрип, қатты сөйленип:

— Бул ақмақтың гәпи я қонышқа, я қалтаға сыймайды. не қыларсаң буны? — депти.Буған түсинген Өмирбек:

— Мойынын таўлап қойынға урып жиберер ме еди? Тым-тырыс болар едиң! — депти

Жолдасы солай ислеген екен, оңай ғана жай болыпты.

* * *

Жийренше менен Султан Сүйин патша жолдас болып киятыр екен, бир атыз буўдайдың тусынан өте бергенде, Султан Сүйин Жийреншеге:

— Мынаў көгерип киятырған бийдай пискен бе, писпеген бе? — дейди.

— Пискен, — дейди Жийренше.

Жолда бир өлини көтерип алып баратыр екен. Султан Сүйин Жийреншеге:

— Мынаў өли ме,тириме? — дейди.

— Тири, — деп жуўап береди Жийренше.

Үйге келгеннен кейин жолдағы сөзлердиң мәнисин сораса, Жийренше былай деп жуўап берипти:

— Көк буўдайды писти дегенимниң мәниси — ол буўдайды еккен гедей адам екен, қарызға буўдай алып ишип болған екен. Сонлықтан пискен екен дегеним. Өлген адамды тири дегеним, артында баласы киятыр екен, орнын басады дегеним, — дейди.

* * *

Өмирбек лаққы Досназар солақай менен дос екен. Бирақ, Өмирбек достының ата-анасы өлгенде де, қызлы болғанында да келе алмай, көп ўақытты өткерип келген екен. Досназардың келиншеги қатыбыламық писирип, олардың алдына қойыпты. Досназар солақай сумлық ойлап, тамақты бармағы менен сызып жиберип, азғана сары майды өзиниң алдына қарай ағызыпты. Буған түсинген Өмирбек:

— Бендешилик жора. Әкең өлгенде де келе алмадым. Тап сол күнлери ҳаялым туўып, қонақ басты болып, басым жүдә қатты. Бул бир! — деп бармағы менен бир сызған екен, май алдына қарай оңлап ақпапты. — Кемпириң өлгенде де келе алмадым. Алыстағы бир жорам үйлениў тойына шақырып, соған кеттим. Бул еки! — деп тағы бир сызыпты.

Досназар солақай оған:

— Зәлели жоқ жора. Бәри де жайғасып кетти. Бирақ, ең жақын адамым келмегеннен кейин табағың бир жағына қыйсайып кеткендей болады екен! — деп табақты өзиниң алдына қарай сәл қыйсайтып қозғап қойыпты. Өзиниң алдында май қалмай, ана жаққа ағып кеткенин көрген Өмирбек:

— Қызлы болғанында ат жибердиң жора. Оған рахмет! Бирақ, келе алмадым. Атланайын деп таярланып атырғанымда қар, боран, үргин үрип, болды бир былағай! — деп быламықты былғап-былғап жиберипти.

* * *

Өмирбек қартайғанда әбигерленип, балаларына оңлап тәрбия етпепти. Ол бир күни балаларын қасына жыйнап алып:

— Балаларым, мен қартайдым. Мүмкин, көп кешикпей өлип кетеремен. Меннен сизлерге ҳеш қандай да мийрас қалмай барады. Сизлердиң жас ўақтыңызда, ишкен-жегеннен тырнақлап аўыстырып жыйнаған бир гүзе алтынды усы өзим жатқан жерге көмип қойыппан. Оны мен өлгеннен кейин ашып алып, урыспай-таласпай, өзлериң пайдаңызға жумсарсызлар! — депти.

Буны еситкен балалары қуўанысып, әкесине жақсылап хызмет етип, күте баслапты, ал арадан көп ўақыт өтпей-ақ Өмирбек қайтыс болыпты, жақсылап жайғастырып, қонақларының изи саўыла келгенде, балалары түнлетип, әкеси кесел болып жатқан жерди қазыпты, гүзени ашып қараса, алтын емес, өгиздиң мүйизи екенин көрипти. Мүйиздиң ишинен бир бүкленген қағаз шығыпты. Оны оқыса:

Мениң атым — Өмирбек лаққы,
Атаның қалады балада ҳаққы,
Атасын қәдирлемеген баланың
Маңлайына өгиздиң шаққы — деп жазылған

екен. Сонда ғана балалары өзлериниң ислеген қәтелигин-әкесин тири гезинде оңлап сыйламағанлығын түсинипти.

* * *

Жарлының қызы Бийбиштиң ақыллы екенлигин билген ҳан қызды өзине ҳаялыққа алмақшы болады. Солай етип бир күни қыздың үйине жаўшыларын жибереди. Жаўшылар қызға барып: «Сизди патшаға айттырып келдик, қалың малына не берсин?» — депти. Сонда қыз: «Онбес орақ, жигирма бес кетпен, елиў ғарға, алпыс шымшық берсин. Ал үйиндеги жалғыз қозысын берсе берсин, бермесе өзи билсин. Ханыңа усыны айтып бар» — депти. Буны жаўшылар ханға айтып барады. Хан буның мәнисине түсинбей ҳайран болып, қаласындағы ақыллы Мәтеке деген кисини шақырып алады. Оннан қыздың айтқан сөзлериниң мәнисин сорайды.

Мәтеке қыздың сөзлериниң мәнисин төмендегише дурыс шешип, ханға айтып береди. Онбес орақ дегени — жигит онбесинде орақтай кескир болады. Жигирма бес кетпен дегени — жигит жигирма бесинде кетпендей кеседи, елиў ғарға дегени — елиўде адамның ғарғадай-ақ ҳалы болады. Алпыс шымшық дегени — алпыста сиздей ақылсыз ханның шымшықтай-ақ ҳалы болады. Үйиндеги жалғыз қозысын берсе берсин, бермесе

өзи билсин дегени — үйиндеги жалғыз баласына алсын, алмаса қойсын, — дегени депти. Сөзден утылған хан қызды баласына алып беріўге келисим береди. Қыз өзиниң ақыл менен табылған шешенлик сөзи арқалы ғарры ханнан қутылып, өзинин теңижас жигитке тийеди.

* * *

Султан Сүйин патша бир жақтан Жийренше менен қайтып киятырып, көпирдиң үстине мингенде:

— Дүньяда не мазалы? — депти. Оған Жийренше:

— Дүньяда мәйек мазалы, — деп жуўап қайтарыпты.

Сөз усының менен туўарылып, сөйлеспей тарқасыпты. Арадан бир жыл өткенде екеўи тағы жолдас болып, баяғы көпирдиң үстине мингенде патша:

— Неси менен мазалы? — деп сорапты.

— Дузы менен! — деп жуўап қайтарыпты Жийренше.

Патша оның илгир зейинлигине, терең ақыллылығына ҳайран қалыпты.

Хан бир күнлери Жийреншеден:

— Нешеўсиз? — деп сорайды, сонда Жийренше:

— Күндиз екеўмиз, түнде төртеўмиз, — дейди. Хан Жийреншениң бул сөзине түсинбей:

— Өзлериниз екеўсиз, түнде қалай төртеў боласыз? — деп сорайды. Сонда Жийренше турып:

— Мениң ҳаялымның бурынғы байы өлген. Мениң бурынғы ҳаялым өлген. Екеўимиз төсекке кирип жатқанда, ҳаялдың ядына бурынғы байы, мениң ядыма бурынғы ҳаялым түседи. Сонлықтан төртеў боламыз тақсыр, — дейди.

Бул сөзи ушын да Жийренше ханнан мың тилла алады.

* * *

Жийренше бир жақлардан хан менен киятырғанда көлдеги қамысларды көрип Жийренше:

— Мына қамыстың шөллеп турғанын-ай, — дейди. Хан Жийреншеге қараң:

— Түбинде ярым белинен суў тур, ол қалай шөллейди? — деп хан сөзин таўысқанша атлар шөллеп суўға урады Жийренше атын қаңтарып суўға жибереди. Ат суў ише алмайды. Суўға түседи де, турады. Ханның аты суў ишеди. Жийреншениң аты еле тур. Хан Жийреншеге:

— Атты неге суўға жибермединиз? — дейди.

Жийренше:

— Төменнен бәҳәр алып тур, тақсыр, — дейди.

Хан жолда баратырып:

— Неге қамыс шөллеп тур дединиз? — деп сорайды. Сонда Жийренше ханға:

— Быйыл ҳаўадан жаңбыр жаўған жоқ, жаңбыр қамыстың шыйқылдаўығына кететуғын еди. Сонлықтан шөллеп тур, — дейди. Атының аяғынан бәҳәр алыўын тымсал етип көрсетеди. Бул сөзинен де ханнан сыйлық алады.

* * *

Жийреншениң ҳаялына ким көрсе де қызығатуғын ай десе аўзы, күн десе көзи бар, бир сулыў болады. Хан Жийреншени өлтирип, сол ҳаялды алмақшы болады. Хан ақылгөйлерин шақырып алып, Жийреншени өлтириўдиң ҳәмелин сорайды. Қорандозлар пал ашып ханға:

— Тақсыр, жақында үш күн суўық болады. Сол күни Жийреншени мунардың басына қараўыл етип қойсаңыз болады, ол күни ким де болса суўыққа ушып өледи. Жийренше де өлер. Соннан соң ҳаялын сиз аларсыз, — дейди.

Бул ис ханға унайды. Бул ҳәдийсени Жийренше еситип, ҳаялына келип, жоқарыдағы аўҳалларды бирим-бирим баян етеди. Ҳаялы дәрриў шыбық тиймеген қозының терисинен басына, аяғына кийим тигип береди де, күйеўине:

— Бар, ханның буйрығын орынлап кел, — деп жибереди.

Қорандозлардың айтқанындай үш күн өткеннен соң қақаман суўық болады. Хан Жийреншени мунардың басына қараўыл болыўға буйырады. Жийренше барып турады. Қасындағы адамлары суўықтан ушып өледи. Жийренше үш күн қақаман суўықтан аман қалады.

Бул Жийреншениң аман қалыў күниниң жыллылығынан емес, буған сирә ҳәшқандай өлим жоқ. Сонлықтан дарға асып өлтириў керек деп Жийреншени дарға аспақшы болады. Жийренше бул аўҳалларды тағы ҳаялына айтып келеди. Ҳаялы Жийреншеге:

— Ханды үйге қонаққа шақыр. Бизикине қонақ болып барыңыз, оннан соң мени дарға асарсыз, деп айта ғой, — дейди.

Жийренше ханға келип:

— Мениң бир қасық қанымнан кешиниз, — дейди.

— Кештим, айтыңыз, — дейди хан.

— Бизикине бир ақшам мийман болып, оннан соң мени дарға ассаңыз екен, — дейди.

Ханға бул сөз унайды да, Жийреншеникине қонаққа барады. Келген қонақларды жақсылап күтип, тамақ асады. Асқан тамағы сирә тайын болмайды, күн батқанда асқан тамақ, таң атқанша писпейди, хан аш болады. Бирнеше жола тамақ болды ма екен, деп адам жибереди. Ақырына шыдай алмай ханның

өзи Жийреншениң ҳаялының тамақ асып отырған жерине келеди. Келсе қара үйдиң шаңарағына асып, жерге от жағып отырыпты екен. Жийреншениң ҳаялына:

— Усы қазан да писер ме, оттың ҳәўири аспандағы қазанға быйыллыққа жетер ме, — дейди. Жийреншениң ҳаялы:

— Мунардың басындағы Жийреншеге де күнниң ыссылығы жетер ме? — дейди.

Хан сөзден утылады да орнына кетеди. Жийреншениң ҳаялы шаңарақтағы қазанды алып, өзиниң сүтин саўып, палаў асып береди. Хан жеп отырып,

— Пай, мына палаўдың мазалысын-ай, — дейди. Сонда Жийреншениң ҳаялы турып:

— Сизди өз балам болсын деп палаўды өзимниң сүтиме писирип едим. Мазалы болып турғаны сол. Енди сиз де балам болдыңыз, — дейди.

Сөйтип, Жийреншени өлимнен, өзин ханға ҳаяллықтан қутқарып алады.

* * *

Биринши парыз — адамлар ҳеш нәрсеге ашыўланбаўы керек. Өйткени, ашыў — душпан, ақыл — дос.

Екиниши парыз-егер биреў саған жаманлық ислесе, сен оған жақсылық исле!

Үшиниши парыз — адамлар ҳешўақытта ант ишип шәртлеспеўи керек.

Төртиниши парыз — адамлар ҳешкиминиң нәзерин қайтармаўы керек.

Бесинши парыз — адам биреў менен жубайласқаннан кейин оған қыянет қылмаўы керек.

* * *

Халқтан-халық туўады.
Қырық жылдан ақылы кәмбыл адам туўады.
Мың жылқыдан тулпар туўады.
Мың қойдан гәўҳар туўады.

ж) Ақыл-нәсият айтысы

1810-жылы Хийўаның ханы Мәдирейим хан өзинде бағынбай, қарсылық көрсетип жүрген Айдостың Бегис Мыржық деген еки батыр инилерин өлтириў ушын түрли жоллар менен Айдос бийди алдайды. Аңқаў, гөдек Айдос ханның алдаў сөзине ерип, еки инисин өлтиреди. Усы тарийхый ўақыяға байланыслы мынадай шешенлик сөзлер дөреген.

Айдос бий еки инисиниң геллесин ханға алып баратырғанда Айдосқа дос бир шешен ғарры:

— Әй, Айдос, қарақалпақ,
Тай тоныңды кий де малыңды бақ.
Еки иниң-еки арысың еди,
Еки арысыңнан айырылып,
Сен хийўалы болып,
Хан болмаққа ҳәддиңе бақ, —

дейди. Ғаррының жүдә ақыллылық пенен айтылған шешенлик сөзинде терең мәни жатыр. Ғарры Айдостың келешектеги өмиринде алдын ала болжап, оның қандай болатуғынлығын ескертеди. Сонда да ақылсыз гөдек Айдос өзине дос шешен ғаррының бул ақыл — нәсият сөзин тыңламай, геллелерди ханға алып барады. Ақырында өзиниң Ырза, Төре деген еки баласының кешикпей өлип, тамам болыўына өзи себепши болады.

Қарақалпақ халқының өткен урыўлық, феодалық турмысында ҳәр бир урыўдың бийлери, соның менен бирге ел ишинен шыққан ақыллы, тапқыр, шешен адамлар өз урыўның мәпи, турмыс талабы, ар-намысы ушын т. б. өзлериниң өткир сөзлери арқалы хызмет ислеп келген. Олар өз урыўларының ҳәрқандай мәселелерин халықлық көзқарастан дурыс шешип отырған. Егер ҳәрбир урыўдың усындай адамлары болмаса, басқа урыўлардан айырым жағдайларда зорлық-зомбылықларда ушырайтуғын болған. Шешен адамлар халықтың я урыўдың басына аўырманлық жағдайлар түссе, бул туўралы ханға барып айтып, халқын я урыўын белгили бир мүддетке алым-салықлардан азат еткен.

Сонлықтан да, халық ҳәм урыўлар халықтың мәпи ушын хызмет ислейтуғын дилўар, шешен адамларының болыўын жақсы көрген. Мәселен, Ережеп тентек қартайып аўырып жатқанда аўыл бийлери: «Ережеп аға, сен өлсең бизиң ҳалымыз қалай болады?» — деп қыйналады. Сонда Ережеп: — Қыпшақтың Ережеби өлсе, басқалардың Ережеби де өледи. Мен дүньяға тулға бола алмайман. Мен өлгеннен кейин басқалардан ҳақыңызды ала алмасаңлар өле қалың!», — деп өзиниң ақыл-нәсиятын айтады.

* * *

Жийренше узақ жолдан аўылына қайтып киятырып арбасына жүзим тийеген жолаўшы менен жолдас болады. Олар азмаз жүргеннен кейин Жийренше аш болып, — жүзимниң бир сол-

қымын берсең бир ақыл айтар едим, — депти жолаўшы келисим берипти.

Жийренше жүзимди жеп болып:

— Ким менен жолдас болсаң да атын сора, — депти.

— Мен бул ақылды өзим де билемен ғой, — деп жолаўшы ренжипти.

Көп жүристен кейин Жийренше тағы: — бир ақыл айтайын, бир солқым жүзим бер? — деп жолаўшыдан сорайды. Ол қайыл болады. Жийренше жүзимди жеп болғаннан кейин.

— Бир жерге барсаң отыратуғын орнынды бил, — депти.

— Бул да ақыл ма, буны өзим де билетуғын едим ғой, — деп жолаўшы өкиниптн.

Бираз жүристен кейин Жийренше аш болып, тағы да бир солқым жүзим алып жеп бир ақыл айтады:

— Барлық ўақытта да сорамай берме, — депти.

— Усы да ақыл ма, — деп жолаўшы күтә жаман өкпелепти.

Буннан кейин Жийренше жөнине кетипти. Ал, жолаўшы болса азмаз жүргеннен кейин, жаман жерге келип арбасы шығалмай көмек керек болыпты. Жәрдемлесетуғын адам табылмаған соң қараса көринер-көринбес болып баратырған Жийреншенин кейнинен:

— Ҳәй, ҳәй жолаўшы! — деп бақыра берипти. Жийренше даўысты еситкен менен де артына қарамай кете берипти. Жолаўшы қан сорпа болып, өлдим-азарда зордан Жийреншенин изинен жетип, неге қайрылмағанын сораса:

— Көрдиң бе, мениң саған айтқан биринши ақылымның дуўры келиўин, сен мениң атымды сорамадың, мениң кейнимнен атымды айтып шықармаған соң даўысынды еситсем де, қайрылмадым, — депти. Екеўи арбаны зордан шығарып, Жийренше жолаўшыны зорлап үйине қондырыпты.

Үйине жаңа жайласып отыра бергенде Жийреншени хан шақырды деген хабаршы келеди. Жийренше үйде қонағым бар деп бармай қалады. Екинши рет жаңағы адам қонағы менен келсин деп тағы келеди. Солай етип Жийренше қонағы менен хан шақырығына барыпты. Барса хан үлкен зыяпат берип атыр екен.

Жийренше кирип барыўдан ханның оң дизесин басып отырыпты. Буны көрген жолаўшы да ханның сол дизесин басып отырыпты. Булардан кейин де көп адамлар келипти. Жийреншениң қонағы келген адамларға былай шық, былай шық пенен есикке шығып кетипти. Жийренше өз орнынан қозғалмапты. Жолаўшы табақ тартылғанда ханның киши ҳәмелдары менен табақлас болыпты. Гөшти туўрайтуғын ўақытта жолаўшы ҳешким сорамай-ақ пышағын шығарып туўрай берипти. Хан ҳәмелдары пышақты көрип шатақ шығарыпты. «Мен бурын усы пышақты жойтып едим, соны мине бүгин таўып отырман» депти ол. Хан даўды ертеңине шешиўге келисим берипти.

Жийренше үйине қайтып келгеннен кейин қонағына қарап:

— Мениң кейинги еки ақылымды да алмадың, сол ушын есикке шығып кетип, мине өз пышағыңнан да айырылайын деп отырсаң, — депти. Деген менен Жийренше қонағына ақыл үйретипти. Ертеңине хан жолаўшыны тынлапты.

Әй, тақсыр, мен кишкене ўақтымда әкем узақ елден саўдадан киятырып, жолда бир уры тәрепинен өлтирилген, сонда бизлер барып көргенимизде көкиректинде усы пышақ қадаўлы тур екен, соннан бери мен усы пышақты отырыспада болсын, адамлардың басы қосылған жерде болсын ҳешким сорамаса да шығараман, ким таныса сол мениң урым, бүгин мен урымды таптым ба деп отырман, мениң әкемниң қунын өндирип бер, тақсыр, — депти.

Хан ўәжге турып, ҳәмелдарынан қун өндирилип, пышағы өзине қайтарылып берилипти.

* * *

Бир ишанның еки баласы өз-ара урысады. Буларды көп күнлерге шекем ҳешким жарастыра алмайды.

Бул аўҳалды еситкен бир адам:

Шын пирдиң баласын,
Шайтан баслар боларма?
Бедеў аттың үйирин
Байтал баслар болар ма?
Сарымай айныса, дуз салады,
Хан айныса не салады.
Сизлер хан единиз,
Бул не қылып жүргениниз,
Турын, жарасың? —

дегенде, олар орынларынан турып, екеўи жылап көрисипти, — дейди.

Сын ҳәм баҳа бериў

Қарақалпақ халқының турмысында билгир, зейинли, сыншыл, ақыллы, шешен адамлар өзлериниң көрген-билгенлерине, турмыс-тәжирийбелерине т. б. жуўмақ ислеп, дурыс, әдил баҳа бере туғын болған. Мәселен, халық: «Жүдә сур — аўыр минезли болады. Жүдә ушқалақ-жеңил минезли, жинли болады. Жү-

дә сумлықлы-шайтан болады. Жүдә аққөкирек-ақмақ болады» — деп баҳа береди.

Жаңа түскен келиншекке қутлы болсын айтыўға келген жасы үлкен ғаррылар: «сыншы, тыңшы, айырғыш келди ме? Қутлы болсын?!» — дейди. Бунда ғарры: «Атадан алтаў туўсаң да, ўатаныңа жалғызсаң», — дегендей, келиншектиң көп узамай ерин алып, басқа шығатуғынлығын айтып отыр.

Жийренше шешен көшип кеткен үйдиң журтындағы отқа көселген көсеў таяққа қарап, сол үйдиң ериниң еки ҳаялының бар екенлигин көрмей-ақ айтады. Хан: — Буны қайдан билдиң?» — деп сораганда ол: «Көсеўдиң еки жағы да отқа көселипти. Күндес қатынлар екеўи урысып отырып, көсеўдиң ояғын да, буяғын да отқа көсей береди. Олар ашыў менен қалай көсеп отырғанын да сезбейди», — деп жуўап береди.

Халықтың айтыўы бойынша Ережеп тентек тесын ҳәм баҳа бергиш адам болған. Бир қатар адамлар үйине шақырып алып келип, өзлерин сынатқан. Ережеп: «Мына бала — адам болады» десе, сол бала соңғылығында жаман адам болмаған. «Мына ат байрақтан озып келеди!» — десе озып келген.

Ертедеги бир бийдиң сораўына Султан бийдиң «Перзенти көп адам-көкиректен қутырады. Бай адам-көзден қутырады. Бий адам тилден қутырады. Суў себепли даўласып Ораздың балалары зорлық қылды, инимниң өлиўине себеп сол болды», — деп жуўап бергенин сын ҳәм баҳа бериў айтысына жатқардық. Өйткени, шешен бай менен бийге, перзенти көп адамға реаль баҳа берген.

Бизиң советлик дәўиримизде дөреген мынадай шешенлик сөзлер бар: «Орыс болса өз ағам, дурыслығына жүреди. Өзбек болса жийеним, ойнап-сықлап күледи». Бул сөзлер ленинлик миллий сиясатқа тийкарланған бизиң Советлер Союзындағы туўысқан халықларымыздың дослық байланысына байланыслы дөреген. Бунда улыўма қарақалпақ халқының көзқарасы, түсиниги бар.

Бизиң халқымыз уллы рус халқын ҳақыйқатшыл, әдил халық деп баҳалайды.

Улыўма алғанда, шешенлик сөзлер қарақалпақ халқының бир неше әсирлер бойы бастан кеширип киятырған өмир турмысына байланыслы келип шыққан сөз жарысының айнасы сыпатында көзге түседи. Бунда ақыллылық пенен таўып айтылған өткир сөз биринши орында турады. Сөз арқалы, сөздиң күши арқалы халық ҳәрқандай аўыр-аўыр қыйыншылықлардан аман қутылады. Шешенлик сөзлерде халықтың өткендеги барлық турмыс картиналары ғана емес, ал сол халықлардың терең мәнидеги философиялық ой-қыяллары менен әрманлары өз сүўретлениўип тапқан. Әсирсе, езилиўши халық езиўши үстем классларды тапқыр, жүйрик ойлары менен ерксиз орынға, ўәжге турғызып, ўақытша болса да жеңилликлер алып турған.

Маманбий, Турымбий, Ережеп тентек т. б. бийлер қарақалпақ халқының атақлы шешен адамларынан есапланады. Буларда терең ақыл, жүйрик ой, тапқырлылық, дилўар, сөзге шеберлилик, тағы басқа буған қосымша ирети келгенде ким болса да қайтпай, қорқып тайсалмай айтатуғын батырлылық, сөз жарысында албырап саспайтуғын сабырлылық сыяқлы қәсийетлери бар. Мәселен, Маман бийдиң мына шешенлик сөзи де сол айтқан сөзимиздиң айқын дәлили болады:

Хан қасында сөйледим,
Хан кеспеди тилимди.
Халық ишинде сөйледим,
Халық таппады минимди.
Өз үйиме келген соң,
Ийтке берсин күнимди?!

Халыққа сөзи белгили шешен адамларды халқымыз сөз зергерлери деп те атайды. Шешенлик сөзлерде жуўап айтысындай бир шешенниң сөзин ирети келгенде екинши бир шешен айтып пайдаланатуғынлығы сезиледи. Мәселен, айырым информаторлар Маман бийдиң сөзин Өтепберген бий айтқан екен деп түсиник береди т. б.

Шешенлик сөзлер Уллы Октябрь революциясынан бурынғы қарақалпақ халқының турмысын, ондағы классық қар ама-қарсылықларды билиўде ҳәм ҳәзирги совет адамларын дәлилли, шебер сөйлеўге үйретиўде т. б. үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе.

* * *

Жүдә сур, аўыр минезли — аўырыў болады
Жүдә ушқалақ женил минезли-жинли болады
Жүдә сумлықлы — шайтан болады
Жүдә аққөкирек — ақмақ болады.
Уяты жоқ жигит —
Жүўенсиз аттай,
Уяты жоқ қыз —
Дузсыз астай.

* * *

Турмысты көп көрген бир ғарры келиншек түскен жерге келип, былай деп қутлы болсын айтыпты:

— Үй ишине сыншы келер,
Үй артына тыңшы келер
Ғаздай мәйнын қайырғанлар,
Ата-анадан айырғанлар келер.

Сыншы, тыңшы, айырғыш келди ме? Қутлы болсын! — депти.

* * *

Шешен адамлар сөзге үлкен баҳа берип қарайтуғын болған. Сөздиң сүйектең таяқтың еттен өтуғынлығына жақсы түсинген. Мәселен, бир шешен адамның сөзге болған көзқарасы, оның мына сөзинде былай бериледи:

Гүртилек адамнан,
Отырыспаға бармаған,
Гәпке қулақ салмаған,
Оннан өлген артық!



ТҮСИНИКЛЕР

I-бөлим

Биринши бөлимдеги турмыс-салт айтысларынан бәдик, ҳәўжар, жуўап айтыслары ӨзССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының илимий китапханасының қолжазбалар фондындағы мына атлары аталған жолдаслардың дала жазыўларынан жазып алынды:

1. 1934-ж. профессор А. А. Соколовтың басшылығындағы Шымбай, Тахтакөпир районларының территорияларында өткерилген илимий экспедицияның материаллары. Инв. № 1108

2. 1939-ж. Қ. Айымбетовтың дала жазыўы. Қоңырат районы. Инв. № 1090

3. 1939 ж. Қ. Айымбетовтың дала жазыўы. Инв. № 1108

4. 1939 ж. Х. Тәжимуратовтың дала жазыўы. Тахтакөпир районы. Инв. № 1077.

5. 1939 ж. О. Қожуровтың дала жазыўы. Инв. № 1090

6. 1939 ж. Х. Сейтовтың дала жазыўы. Тахтакөпир районы. Инв. № 1077

7. 1939 ж. Б. Ғайыповтың дала жазыўы. Инв. № 1077. гос. архив.

8. 1949 ж. С. К. Камаловтың дала жазыўы. Шымбай районы. Инв. № 4116. № 1. ҳәм 2 дәптерлер.

9. Сол китапханаңы китаплар фондындағы «Қарақалпақ поэзиясының Антологиясы» деген китабы ҚҚМБ. Нөкис — 1956 ж.

10. 1957 ж. Д. Каримовтың дала жазыўы. Қараөзек районы. Инв. № 37397.

11. 1957 ж. Қ. Мақсетовтың дала жазыўы. Шымбай районы. Инв. № 37397.

13. 1957 ж. А. Төреевтиң дала жазыўы. Қараөзек. районы. Инв. № 37502.

14. 1958 ж. Т. Әбдимуратовтың дала жазыўы. Инв. № 23417.

15. 1958 ж. Т. Бегжановтың дала жазыўы. Шымбай районы. Инв. № 54303.

16. 1959 ж. Н. Камаловтың дала жазыўы. Шымбай районы. Инв. № 34650.

17. 1960 ж. Т. Генжемуратовтың дала жазыўы. Тахтакөпир. районы. Инв. № 41534.

18. 1960 ж. А. Бекмуратованың дала жазыўы. Қоңырат районы. Инв. № 46271

19. 1960 ж. Ә. Жамаловтың дала жазыўы. Шымбай районы. Инв. № 34360.

20. 1960 ж. У. Х. Шалекеновтың дала жазыўы. Инв. № 46271

21. 1960 ж. Н. Камаловтың дала жазыўы. Шымбай районы. Инв. № 34658.

22. 1960 ж. Ж. Әбдикаримовтың дала жазыўы. Қоңырат районы. Инв. № 34659.

23. 1960 ж. Ж. Әбдикаримовтың дала жазыўы. Қоңырат районы. Инв. № 36806.

24. 1960 ж. Н. Камаловтың дала жазыўы. Қоңырат районы. Инв. № 37516.

25. 1961 ж. Б. Ҳәкимниязовтың дала жазыўы. Гөне үргениш қаласы. Инв. № 50409.

26. 1961 ж. А. Бекмуратованың дала жазыўы. Хожели районы. Инв. № 46269.
27. 1961 ж. И. Қосымбетовтың дала жазыўы. Мойнақ районы. Инв. № 35616.
28. 1962 ж. М. Низаматдийновтың дала жазыўы. Мойнақ районы. Инв. № 50410 № 1-2-3-тетрадлар.
29. 1962 ж. Г. Шамуратованың дала жазыўы. Инв. № 43228.
30. 1963 ж. М. Низаматдийновтың дала жазыўы. Хожели районы. Инв. № 50418.
31. 1963 ж. Т. Нийетуллаевтың дала жазыўы. Шоманай районы. Инв. № 50419.
32. 1963 ж. М. Низаматдийновтың дала жазыўы. Мойнақ районы. Инв. № 50414.
33. 1963 ж. Ы. Мәмбетназаровтың дала жазыўы. Мойнақ районы. Инв. № 50411.
34. 1964 ж. М. Низаматдийновтың дала жазыўы. Мойнақ районы. Инв. № 50419.
35. Сол библиотеканың газета-журналлар фондындағы А. Әбдимуратов. «Әмудәрья» журналының № 4 саны. 1967 ж. 93-бет.
36. 1967 ж. Н. Жапақовтың дала жазыўы. Инв. № 35212, № 1 китап.
37. «Қарақалпақ халқының дәстүр-салт фольклоры». Инв. № 1185.

II-бөлим

Екинши бөлимдеги шешенлик айтыслар ӨзССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының илимий китап-ханасының қолжазбалар фондындағы мына жолдаслардың дала жазыўларынан алынды.

1. 1938 ж. Қ. Айымбетов ҳәм О. Қожуровтың дала жазыўлары. Инв. № 1108.
2. 1956 ж. С. Камаловтың дала жазыўы. Р — 90 Инв. № 37398.
3. 1957 ж. У. Х. Шалекеновтың дала жазыўы. Инв. № 37397.
4. 1959 ж. С. Камаловтың дала жазыўы. Р — 101. Инв. № 43563.
5. 1959 ж. А. Төреевтың дала жазыўы. Р — 39, Инв. № 37341.
6. 1959 ж. И. Юсуповтың дала жазыўы. Инв. № 43562.
7. 1959 ж. Р. Қосбергенов, И. Қосымбетов, Ж. Үбиннязов, Б. Қазақбаева ҳәм А. Генжемуратовлардың дала жазыўлары. Р — 101. Инв. № 42563.
8. Қ. Айымбетов, А. Әбдиқалықов, С. Бекмуратов. «Әдебият хрестоматиясы» 9-кл. сабақлық 2 рет басылыўы. Қ. Қ. М. Б. Нөкис — 1966 ж.
9. «Қасым ўәзир менен Жийреншениң шешенлик сораў жуўап айтысы». «Совет Қарақалпақстаны» газетасының № 46 саны. 5 март 1977-жыл.
10. М. Низаматдийновтың 1962-жылдан баслап, усы ўақытқа шекемги жыйнаған дала жазыўлары.

МАЗМУНЫ

Алғы сөз 7

I-бөлим

Турмыс-салт айтыслары 15

II-бөлим

Шешенлик айтыслары 256

На каракалпакском языке

КАРАКАЛПАКСКИЙ ФОЛЬКЛОР

Многотомник

Том XI

Состязание

Первая книга

Издательство „Каракалпакстан"

Нукус — 1982

Редакторы *У. Пиржанов*
Худ. редакторы *К. Нажимов*
Тех. редакторы *З. Алламуратов*
Корректоры *Ш. Халмуратова*

ИБ 1469

Терүге берилген ўақыты 11/II—1982-жыл. Басыўға рухсат етилген ўақыты 26/XII—1982-жыл. Қағаз форматы 60×84¹/₁₆. Көлеми 21,75 баспа табақ. 18,37. есап басма табақ. Тиражы 10000. Заказ 1308. Баҳасы 1 м. 60т.
„Қарақалпақстан" баспасы. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

Самарқанд областлық баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша басқармасының М. В. Морозов атындағы типографияда терилди ҳәм басылды. Самарқанд қаласы, У. Турсунов көшеси, 82.